КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ МАРЬЯНЭ

КЪУЭНЫКЪУЕЙ АЛЬБЕРТ

ХЪУЭЖЭ ЖАННЭ

ГУГЪУЭТ ЗАРЕМЭ

БЭРБЭЧ АСЛЪЭНДЖЭРИЙ

КЪЭЗАН (ГЪЫДЭ) ФАТІИМЭТ

ЖАМБЭЧ РАБИЯ

ЩОМАХУЭ ЗАЛИНЭ

КІАРЭ АЛЬБИНЭ

КЪАНЫКЪУЭ АНФИСЭ

НАРТОКЪУЭ АНЖЕЛЭ

# КЪУДАМЭЩӀЭ

УСЭХЭР
РАССКАЗХЭР

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2009

УДК 821.352.3
ББК 84(2Р-Каба)
М 754

*Тхылъыр къыдэгъэкIыным хуэзыгъэхьэзырар*
*Хьэх Сэфарбийщ*

ISBN 978-5-7680-2232-7 © «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2009

## ТХЫЛЪЫР ЗЭХЭЗЫЛЪХЬАМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Мы гъэм илъэс 20 ирокъу тхэн щIэзыдзагъащIэхэм я «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэр. Абы къыщежьа куэд хэтщ нобэ ди лъэпкъ литературэм, зэфIэкI яIэу. Абыхэм ящыщ зыбжанэ ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьакIэщ.

Тхэным гу хуэзыщIа ныбжьыщIэу ноби «Шыхулъагъуэм» къекIуалIэр мащIэкъым. Абыхэм зи творчествэкIэ нэхъ къахэжэпхъыкIахэм щыщщ мы тхылъым зи тхыгъэ итхэр.

Иджы къыхыхьэхэм сыт щIэщыгъуэу къыхахьэрэ ди адыгэ лъэпкъ литературэм?

Псом япэрауэ, езы ныбжьыщIэхэм я нэщэнэ – щIалэгъуэ дахэм и нэщэнэ – яхолъагъуэ абыхэм я тхыгъэхэм. Иджырей щIэлэгъуалэр зытетыр нэгъуэщI дунейщ, абы къыхэкIкIи ахэр нэгъуэщI нэкIэ хоплъэ гъащIэм. А псор щынэрылъагъущ Гъыдэ-Къэзан ФатIимэт, Гугъуэт Заремэ, Хъуэжэ Жаннэ, Къуэныкъуей Альберт, КъуэщIысокъуэ Марьянэ сымэ я усэхэм.

Апхуэдэу зэманым и нэпкъыжьэ ятелъымкIэ укъагъэуIэбжь нобэрей ди щIалэгъуалэм я гурыгъу-гурыщIэр кууэ къыщыгъэлъэгъуа прозэ тхыгъэхэу Жамбэч Рабия, Къаныкъуэ Анфисэ, Нартокъуэ Анжелэ, Щомахуэ Залинэ, КIарэ Альбинэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэми.

Мы ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэм ди блэкIари ди нобэри щызэхэуухуэнащ, нэхъыбэу зытеухуари нэгъуэщI хэку щыпсэу адыгэхэрщ. Апхуэдэ тхыгъэ пхутедзэну щытакъым зы зэманкIэ узэIэбэкIыжмэ. Иджы апхуэдэ хуитыныгъэ диIэ хъуащи, ари дызыщыгуфIыкIыпхъэщ.

Дыщогугъ ныбжьыщIэкIэ мыкъулей ди къэбэрдей литературэм мы тхылъым зи тхыгъэ ихуахэр зы къудамэщIэу хэувэну.

*ХЬЭХ Сэфарбий,*
«Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и унафэщI.

# УСЭДХЭР

# КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ МАРЬЯНЭ



*КъуэщІысокъуэ Марьянэ Мухьэмэд и пхъум (1983, Къулъкъужын къу., Бахъсэн р-н) КъБКъУ-м филологиемкІэ и факультетым урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и къудамэр къиухащ, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи матхэ, и усэхэр «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм тетащ. Абы и тхыгъэхэр куэдым ягу ирохь..*

## *ИЛЪЭСЫЩIЭ*

ЩIымахуэщ. Къосыр хуэму уэс.
ЗыхэсщIэу хъуащ нэхъ щIыIэ.
БлэкIащ иджыри зы илъэс
КъэзмыщIэу сыздэщыIэр.
Сэ здакъым дыгъэ къызатар
Къэсщтэн. Ар зэзмыпэсу,
Сыхэтщ къэзмыщIэу мыл къутам,
МэткIуж гупсысэр уэсу.
Мы гъэм гухэлъ минищ схэщIащ,
Арщ пкъыр щIэхъуар нэхъ псынщIэ.
Уэрамым кIыхьу зишэщIащ,
Къызоджэ ИлъэсыщIэр!
Къызоплъыр псчэным хуэдэу псейр,
ПщIыпщI ешэкIам итхьэлэу.
СыхуеплъэкIыху псэр мэхъу нэпсей,
Къэсщтащ хъуэпсэныр хьэлу.
ТIэкIу езэшауэ къызбгъурысщ
Сабийхэм я Уэс Дадэр...
Здежьам нэсынухэр зырызщ,
ЩаIэт гъуэгу щхьэIум фадэр.
Сахуозэ куэдым. Куэди зблокI,
КъэзмыщIэу я цIэр, уеблэм
Сыдыхьэшхыни куэдрэ слъокI,
Зыкъысщыхъужу делэ.
Мы дунеишхуэм сыт щылей?
Сыт хуэдэри тозагъэ:
ТхьэмыщкIэ, тIэкIу нэхъ хуэкъулей,
Пащтыхь, абы и благъэ...
...Щимыгъэтауэ къосыр уэс.
Аргуэру хъуащ нэхъ щIыIэ.
Псэм сыздишэнур дэнэ нэс?
КIэухыр дэнэ щыIэ?
Уафэгур нитIым зэпаплъыхь.
Сэ селъэIуакIэщ мазэм:
«Зэманым сищIмэ лъэрымыхь,
Псэхэхым сыхуэгъазэ».

* * *

Щхьэгъубжэ абджым хуэму къытещащэу
Бжьыхьэ уэшх щIыIэр пхуэхъумэ уэршэрэгъу,
Зэтех уи нитIыр, зыми къыумыгъащIэ
ЗыкъыпхуищIауэ закъуэныгъэм гуэгъу.

Къэмыушыну къыпщымыхъу уи дыгъэр.
Насыпу плъытэр гъащIэм цIэуэ фIэщ.
Гухэлъу уиIэр пфIэзыдыгъуа жьыбгъэр
УвыIэжынущ, быдэу щIы уи фIэщ!

* * *

Жыгыщхьэм, жьы зэпепщэм иупцIэнауэ,
ХуещI мащIэу щхьэщэ бжьыхьэ къытеуам.
КъысфIощIыр сэри уафэр къысфIэнауэ,
Сыдэтщ си закъуэу сымыцIыху уэрам.

Си махуэкъым. Къысщыгъупщащи жьауэр,
СеуфэнщI уэшх щIыIэм. Пкъы къэплъар мэупщIыIу.
Си гукъэкIыжхэм сфIахэгъуэщэжауэ
Зы хьэлъэфI гуэр ирокIуэ си гущIыIу.

Щыгъын схуэхъуари нобэ сыту пIащIэ.
Уэшхыпсыр лъапэм хуэму зэбгретхъу.
СыкъэпIыщIами фIыуэ, сымыпIащIэ.
Къысхуейр сэ хэтми тIэкIурэ къыслърехъуэ...

* * *

Нэху сыкъекIащ пэш щIыIэр къабзэу,
ШхыIэным IэплIэ есшэкIауэ.
Къэнащ пэшыбжэр дамэдазэу,
Шэч сощI щIалэгъуэр сIэщIэкIауэ...

* * *

ЕбэкIауэ мазэ пцIанэ
Хэлъщ кIыфIыгъэ гупэм.
Розэ папщIэу хьэцыбанэ
ЩокIыр си бжэIупэм...

* * *

КъэпцIыхужа?
Хэтащ уи пщIыхь.
Удз гъэгъа дахэу ар илъащ уи Iэгум.
Ухъуа къыпщыхьуу и пащтыхь,
Нэпсейуэ иплъэрт нитIыр нэгум.

КъэпцIыхужа?
Тетащ уи гъуэгу,
ПIыгъащ абы уэ и Iэр быдэу,
КъыбжиIэм пэжыр зыпщIу дэгу,
НэгъуэщIым ар ептын умыдэу.

КъэпцIыхужа?
ГукъэкIыж щыгъэу
Махуэ ептахэр къэнэжащ.
ЗэхэпщIыкIа? НасыпкIэ гугъэу
Уи деж ныщхьэбэ къэкIуэжащ.

## *СЫКЪЭЗЫМЫЦIЫХУМ И ДЕЖ*

Уи мыгугъэ узмыцIыхуу,
СыкъыумыщIэми – узощIэ.
Жэщ мазэгъуэхэм, сыплъыхъуэу,
ГъащIэ пабжьэр зэIызощIэ.

Уи мыгугъэ сыщымыIэу.
Пэжщ умыщIэр сыздэщыIэр.
ЩIы уи фIэщ, мы бжьыхьэ щIыIэм
Дыгъэ бзийу бдызолъэ си Iэр.

* * *

Пхуэслъэгъуащ нюжэбэ пщIыхь, –
Сыту удахащэт!
Си псэр уи псэм щыщ къысщыхъут,
Зыхэплъхьэжмэ – ГъащIэт.

Нэр зэтесхри, дыгъэр жейрт,–
Зысплъыхьащ жейбащхъуэу.
Хъуауэ си псэр уэркIэ бей,
Гур зелъатэрт пцIащхъуэу...

## *БАЛИГЪЫГЪУЭ*

Сежьакъым куэдрэ. Къэсащ езыр.
Тетщ си бжэщхьэIу. МэпIыщIэ.
Ди гъунэгъу нанэм схуедз куэзыр.
Хэт хьэщIэр? – КъыхуэмыщIэ.

Сыхьэтым сеплъри, селъэIуащ
Зэманым къэувыIэну.
Ауэ си лъэIум ебэкъуащ...
КъызжеIэт, сыт сэ сщIэнур?

Дыгъуасэ бжэхэр зэхуэсщIат,
Къысщыхъури хъуауэ бжьыхьэ.
Сэрат ар хьэмэ сэрмырат–
Пщэдджыжь блэкIам тепыхьэр?

Нэр, итхьэщIащи нэпс щIэкIам,
Илъагъур щохъу гущIыхьэ.
Къигъэзэжынукъым блэкIам,
АлейкIи умылъыхъуэ...

* * *

ПхуэсIуэтэн слъэкIынкъым, бжьыхьэ,
Си гухэлъ гъэфIар.
Уэ умыхъут си псэщыхьэ,
Пхузу си хьэуар.

Пшагъуэ Iувыр уи дыжьыну
ЗыкъызыбошэкI,
ЖаIэ гъатхэр къэсыжыну –
Сэ семыпIэщIэкI.

Уафэ щIыIэм мы си гущIэм
Трипхъэнущ уэс.
СыпIыщIауэ сыкъыумыщIэм,
СыптекIуащ, илъэс!

* * *

Сыщхьэхыпэу, сыхуоплъэкI сыхьэтым.
СыхощтыкI. СобзыщIыр къэслъэгъуар.
– Срещхьыжкъым блыным фIэлъ сурэтым,
Сыту куэд зэманым сфIидыгъуар.

Сызыхуэзэ псори сщIыуэ къуэш,
Зэпысчащ гъуэгуанэ шууи, лъэсуи.
Сыт иджы? СыщIэсщ си закъуэу пэш,
ГъащIэм и щэху Iэджэм срагъусэу.

Дэнэ нэс ущыIэ, си ныбжьэгъу?
Дэнэ къыщызна щIалэгъуэ дахэр?
Хэт иджы хуэхъун си жьыгъэм гуэгъу,
ЗэпищIыкIыу сигу къыщыушахэр?

СщIам сищIыну закъуэныгъэм гъэр,
СыкъыщIэнэжынт сэ унэм хейуэ?
КъыкIэлъезджэу зы гъэм адрей гъэр,
Сахэплъэнт дахащэхэм нэпсейуэ.

Къэзгъуэтынт телъыджэу нэ фIыцIитI,
Сыхуимытми, къэздыгъунт къамыщIэу.
ЗысхуэщIынт, схуэгъэзэжам, щхьэхуит,
Куэди схьар зэманым сыхуэлIыщIэу.

Сыт иджы? – блын пцIанэм фIэлъщ сыхьэт,
МыдэкIэ – сурэт, – сэра си гугъэу.
КъызэупщIу щытмэ: «Ар хэт?»,
Си жэуапщ мыр: «Зэман кIуам и тыгъэщ».

## *СИ МАКЪ*

Дыхьэшх макъ. Дакъикъэ бжыгъэ.
Сабиигъуэ. Джэгу.
КърихьэкIыу гугъэр жьыбгъэ,
Къратхар уи Iэгу.
УIэбам узылъэIэсыр,
Уплъэу къэплъэгъуар,
ГущIэр мафIэ лыгъэу зысыр,
МащIэ къыпхэхъуар.
Гъатхэ уэшх. Гъэмахуэ дыгъэ.
Бжьыхьэ. Псы утхъуа.
Япэ уэс. Щхьэщыгу дамыгъэу
Мазэ из. Щхьэц тхъуа.
УзыщIэкъуу умыгъуэтыр,
Уеджэу къэмыплъар.
Гъэ блэкIам и саугъэту
МащIэу нэкIу зэлъар...

Псоми зэуэ уаIуплъэжмэ,
Мэхъу насып убгъуа.

* * *

КъэувыIащ езэшри сыхьэтыр.
Мазэ пцIанэм нитIыр сфIытоплъызэ.
КъысхуэмыщIэу си хъуэпсапIэм хэтыр,
СыхощтыкIыр мащIэу зэзэмызэ.

Къиублауэ, си псэр мэпIейтей.
Жэщ къэсыхукIэ къыщеущыхь уэгу бгъафэм.
Вагъуэ пщIыпщI къеупщIмэ: «Хэт урей?»,
Нащхьэ хуещI: «БжесIэнщ, дыкъыздэбгъафэм».

ДокIэрахъуэ хуэму щIы хъурейм
ГъащIэр, гугъэ нэпцIхэм хэкIуэдауэ.
Си насыпщ, зыгуэркIэ укъысхуеймт,
УкъызэрысщIэнур, жыIэт, дауэ?

* * *

НыкъуэзэлъыIухыу къэзгъэнащ си пэшыр.
Сыдэбзэхри гъатхэм, бжьыхьэр схуэхъуащ бий.
Псэм и макъыр ину гухэлъыщIэм хешыр.
СфIощIыр нышэдибэ сыхъужа сабий.

КъызблэкI псори нобэ гуапэу къысхуогуфIэ.
Дыгъэм IэплIэ хуищIу си псэм зрешэкI.
Хуейуэ щытмэ, гъатхэм цIыхухэр насыпыфIэ
ИщIыфынущ зэуэ, къытесхьэжкъым шэч.

Къытезнащи стIолым нэзмытхысу усэ,
Зэгуэр къэзгъуэтыжмэ, естыжынщ кIэух.
Гъатхэ дыгъэ, зэкIэ усэм уемыIусэ,–
ЗэсхъуэкIынущ Iэджэ, гъуэгум сытетыху.

* * *

Уэс щIагъуэ иджы темылъыж,
Зэхуэдгъэтхъуси, мыхъужын IэмыщIэ.
КъысхуигъэнакъымуеблэмгукъэкIыж
ЩIымахуэ кIуам. ЩыIауи къысхуэмыщIэ.

ИтIани си гур зоплъэкIыж,
Шэч ещI зыгуэр къыщыгъупщауэ.
СыдыхьэшхынислъэмыкIыж,
КъысфIощI си гъащIэм жьы щепщауэ.

Къысщохъу удзыщIэ къыхэкIар
Махуэ блэкIахэм и щIагъыбзэ.
Къысхуэнэжакъым уэр фIэкIа,
КъэкIуэну махуэ! Къызэубзэ.

# КЪУЭНЫКЪУЕЙ АЛЬБЕРТ



*Къуэныкъуей Альберт Хъусен и къуэм (1963, Къызбрун III къу., иджы Дыгулыбгъуей къу., Бахъсэн р-н) КъБКъУ-м физикэмкIэ и факультетыр къиухауэ, илъэс зыбжанэ лъандэрэ егъэджакIуэу мэлажьэ. И усэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ» газетым тетащ..*

* * *

Нэхутхьэхущ щIымахуэр, къабзэкIейщ...
Къегъафэ жьым уэс щабэр,
Къэрабэ хужькIэ щIыр есей,
УимыгъэIэту напIэр.

Къабзагъэр уэсым и Iыхьлыщ...
И напэр хужьщ щIымахуэм,
И жэщи махуи угъурлыщ,
Сабий гъэгуфIэщ нахуэу!

А сабиигъуэм и фэеплъ
Гъэм и зэман дахащэм,
Ухуеймэ, сыт хуэдизри еплъ –
ЗыщумыгъэнщI и фащэм!

* * *

ЩIолъэт зэманыр: зы дакъикъэм
Адрейр кIэлъопхъуэри – лъэрыхьщ!
ЛIэныгъэр зыпэщылъ мы си пкъыр
Акъыл уахътыншэм фIэгуэныхьщ.

ЦIыхупсэр сыт? ДжэдыкIэ пцIапцIэщ,
Зеиншэ пцIанэщ, псы шынакъщ...
А псэр ихъумэу къимыгъапцIэу
Мэплъыр акъылри – мэсакъ.

## *ЩIЫМАХУЭ ЖЭЩ*

Жьапщэм зеIэтри, пшэхэр къигъафэу,
Уафэгум зыщегъэткIий –
Къабзэу мэжабзэри уафэ шакъафэр,
Мыл джафэ гъуджэу мэдий.

И гур зэгъауэ жьыр мэбэяур,
ЗэлъыIуихащи дунейр,
Уэсым щобауэ зыхиIубауэ,
Зигъэхъеину хуэмей.

Уафэ мыл гъуджэм вагъуэ ирожэ,
Лъэрыжэ тетым нэхъей.
Уафэмрэ щIылъэмрэ щызэхыхьэжым
Нэс дэлъ гъуэгуанэр бжыгъуейщ...

* * *

Балигъ ущыхъукIэ, куэди къыбгуроIуэ...
Ухуеймэ, дэни уи лъэр щыгъэув –
ШейтIаным жиIэр уи тхьэкIумэм къоIуэ:
«Ем къыпэкIухь, къарум упэмыув...

Зыкъыумыгъэщ I ауан, дахагъэ жыпIэу,
Пэж къыбжьэдэкIмэ – ухэхуэнщ бэлыхь.
Армырми, уи гъащIэр напIэзыпIэщ,
ПцIыщ ахърэтыр, щыIэкъым гуэныхь!

Архъуанэм ихуэм уи Iэр хуумыший:
Уздыхилъафэм, сыт пщIэжын итIанэ?
Дахагъэм лейуэ зыри хуумыущий,
Зыкъыумыгъащ Iэ зыми уи гур пцIанэу.

Иджы ауанщ дахагъэр, дыхьэшхэнщ.
Ягъэпудами напэр – ныбэр лъапIэщ!
МыхъумыщIэу узыхуэзэм сыт епщIэн?
Дэтхэнэр нытепшэну щIакIуэ кIапэм?»

Я гугъэу я псэр фIейм къримыIэн,
ШейтIан губзыгъэм жиIэр куэдым къащтэ.
Ауэ сигу делэм щимыгъэт жиIэн:
«Гуэныхьщ тхьэрыкъуэ цIыкIухэр, фымыгъащтэ».

## *«ДОФIАКIУЭ»*

Е дызыхуейхэр догъэпэрыт,
Е къытхуэмейхэр пэрыт зэпытщ...
Дауэ щымытми, дымызеиншэ –
Ди япэ итхэр тхуреузыншэ!
Гур зыгъэфI защIэщ утыку къралъхьэр,
ЩымыIэу защIыр цIыхур зыхалъхьэ...
ЖытIэхукIэ шыпсэ лIыфIхэр ди пашэу,
Фашист щIэрыпсхэм лъыпсыр ягъажэ...

## *НАСЫП*

КIуэрт щIалэр, етIысэх имыIэу,
ЗытIэкIуи зиIэжьэн лъэмыкIыу,
Хуэнэхъуеиншэу, темыпыIэу,
Насыпым лъыхъуэрт зэпымычу.

Абы хуэпабгъэрт къигъуэтыну
Зримытыжу зэплъэкIыпIэ,
Ар Нэхущвагъуэу къэлыдыну
Хъурт гъуэгурыкIуэм и фIэщыпэ...

БлэкIащ апхуэдэурэ щIалэгъуэр, –
Здихьащи гугъэм и нэщыпхъуэр,
Зи балигъыгъуэр, зи хэплъэгъуэр
НэкъыфIэщI дахэм кIэлъымыпхъуэ,

КъимыгъэпцIэж зыгуэркIи и щхьэр,
Зэпешэчыж дунейм щылъэкIыр,
КъыгурыIуащ иджы нэхъыщхьэр,
Зэрегъэзахуэ махуэу блэкIыр...

Насыпкъэ – пщэдджыжьыпэм хуиту
ХьэуакIэ уи гум зигъэнщIыну?
Насыпкъэ – гукъыдэжыр къуиту
КъыщIэкI дыгъэщIэм зебгъэуну?

Насыпкъэ – уи сэбэп ебгъэкIыу
Хьэлэлу цIыхухэм уахэтыну,
Зы махуэ закъуи думыгъэкIыу
Iуэху щхьэпэ гуэр упэрытыну?

Зыплъыхь, къэувыIи, умыпIащIэ,
Къэлъагъу дунейр зэрыхъарзынэр.
Уэ уи насыпщ, къуатащи гъащIэ, –
Умыгъэутхъуэ мис а псынэр!

* * *

КъызжеIэ си псэм: умыдзыхэ,
Иджыри тIэкIу дыгъэкIуэтэж,
Узытет гъуэгум ныдэбдзыхыу
КъэбгъэщIа псор умыкъутэж.

Уигъэшынэжу ткIий уи нобэр
БлэкIа уи пщIыхьхэм хыхьэжынщ.
Угужьея? Къэхьыжи тобэ,
Уи хьэлъэр уи плIэ иплъхьэжынщ...

Укъэмыланджэ, хэлъхьи лIыгъэ,
Гурыгъухэр гущIэм щыгъэсыж,
Зэгъэпэщыжи фIэщхъуныгъэр
Уи дуней Iыхьэр нэгъэсыж.

# ХЪУЭЖЭ ЖАННЭ



Хъуэжэ Жаннэ Хьэсэн и пхъур (1989, Къызбрун III къу., иджы Дыгулыбгъуей къу., Бахъсэн р-н) КъБКъУ-м филологиемкІэ и факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и къудамэм щоджэ, и усэхэр «Баксанский вестник», «Советская молодежь» газетхэм къытрадзащ.

* * *

Сентябрь мазэр къызэрысу,
Дунейми зэуэ зихъуэжащ.
Бжьыхьэм, зэщIикъуэри къылъысыр,
ДыщэпскIэ псори щIигъэнащ.

ЩIыуэпсым зэуэ гур пIэпехыр,
Телъыджэщ нэм къыфIэнэ псор.
Мэ гуакIуэ жыгыу хъуам къапехыр,
Дунейр щIэращIэурэ мэпсэур.

ДэмыкIыу куэд къэсынущ щIыIэр,
Ди щIым аргуэру зихъуэжынщ.
Зэманым дэнкIи носыр и Iэр,
Ауэ абыи десэжынщ.

Гъэм и зэману хъуар дахащэщ.
Хэбдзыну ахэм зы хэмыт.
Ауэ сэ бжьыхьэр нэхъ си щIасэщ,
Абы пэсщIын дунейм темыт.

Гъэр блокIри къосыр гъэ етIуанэр,
Аргуэру бжьыхьэм къегъэзэж.
Сэ згъэIу уэрэдым и макъамэр
ШэщIауэ изогъэблэгъэж.

Апхуэдэу макIуэри илъэсхэр,
Гъэ къэскIэ бжьыхьэм сыIуощIэж.
ЗысшыIэу, быдэу згъэпщкIуу нэпсыр
КъыщIитхъми гум, изогъэжьэж.

* * *

Къожэх аргуэру уэшх щIыIэжьыр,
Уафэр пшэ фIыцIэхэм яуфэбгъу.
Полъэлъыр жыгым тхьэмпэ гъуэжьыр,
Йожьэжыр хуабэр зищIыу кIэбгъу.

Дэнэ лъэныкъуэкIи жьы къехур,
Зэпхидзу уи пкъым щIыIэ гуэр.
Бжьыхьэ уэтIпсытIми гур пегъэхур,
Егъэнэщхъей плъэмыкIыу псэр.

СфIощI дуней псом зиущэхуауэ,
Зыгуэрым зыхуигъэхьэзыр,
Iэуэлъэуэным гу щихуауэ,
Ипшыныжауэ и тезыр.

Псэ зыIут псори даущыншэщ,
Къысщохъур зыри мыбэуэж.
Хъуауэ си гъащIэри IэфIыншэ,
Iэпкълъэпкъым псэр имызэгъэж.

Дунеймрэ сэрэ дызэрощIэ,
СыщыгъкIэ ари уэшхкIэ магъ.
Дыгъэм сыгуфIэурэ сыIуощIэ,
ЗыхэсщIэм абы и хуабагъ.

Ауэ сэ уэшхыр сфIэмыфIыххэ,
Абы Iеищэу сегъэзэш.
Уеблэмэ уэшх сэмызэгъыххэ,
Къарууэ сиIэр абы сфIешх.

ЩIохъуэпсыр псэр сыт щыгъуи хуабэм,
МафIэм и гуащIэр сэ къысхуэтщ.
АрщхьэкIэ, мащIэщи гъущапIэр,
Уэшх щIыIэм пщIыхьми сыщыхэтщ.

Зэми жьы щIыIэр гум щызопщэ,
Си лъынтхуэ къэс абы пэщIэтщ.
Ар сымыгъэхъумэ псэм и тепщэ,
ИгъащIэ псокIэ сыщхьэхуитщ.

* * *

Дэнэ лъэныкъуэкIэ сымыплъэм,
Уи теплъэр слъагъуу сэ къысфIощI.
Уэращ сыт щыгъуи си гум илъыр,
Сызыхуэзэшри уэращ.

Уэрат щIэщыгъуэ гъащIэр зыщIыр,
Сызыгъэбауэри уэрат.
Иджы здэсхьынур щхьэр сымыщIэ,
Къыпэплъэр си псэм сщIам арат.

Хэт и гугъэнт ди лъагъуныгъэр,
КIуэдыжу, пшахъуэм щыщ хъужын.
Сигу махэм къытебдза уIэгъэр
ЩIэх дыдэ, дауи, мыкIыжын.

Уэ уузыншэу сщIэ къудеймэ,
НэгъуэщI насып сэ сыхуэмей.
Си лъагъуныгъэм зыщыбдзейми,
Уэращ, къутами, си гур зейр.

* * *

Щхьэхьу солъыхъуэ си насыпым,
Псэр зы дакъикъэкIи мыпсэху.
Си упщIэ псоми я жэуапыр
Къысхуэмыгъуэту сфIощыр нэху.

МэбампIэ гур,темыпыIэжу,
Насып лъэужьыр схуэмыубыд.
КъысхукъуэкIамэ ,къуэмыхьэжу,
Щхьэ ар схуэмыщIрэ Iэрыубыд?

ИтIани, хэзмыхыжу гугъэ,
Сыпоплъэ, къэзмыгъанэ слъэкI.
ЩIыху куэд хэкIыжми гъащIэ тыгъэм,
Си деж щимыIэ абы блэкI.

* * *

Псы уэру нэпсым псэр ебгъэтхьэлащи,
Ар ещхьщ щIы щхьэфэ псы зыщIэзыфам.
ЩIыIэпсу уи гум нэпсыр ищтыхьащи,
Ухуэдэу сфIощI пшэ зыкъыщIэзыуфам.

КъипкIуту щхьэ умыгъэрэ, – утыншынти, –
Нэпс гуащIэм уи гур зэ пегъэлъэсыкI.
Зимыхъуми, хуиту зэ убэуэжынти, –
АрщхьэкIэ, угъкIи, гуауэр гум имыкI.

* * *

ЩIыху лъагъуныгъэм и IэфIагъыр,
Щызмыгъуэтыжым, зыхэсщIащ.
НыбжьэгъукIэ зэджэм и лъапIагъыр,
ЩызимыIэжым, сэ къэсщIащ.

Жыгхэм гъэгъар щыпылъэлъыжым
Гъатхэм и нэхур зыхэсщIащ.
Си гухэлъ IэфIхэр сIэщIэкIыжри,
Дуней гугъуехьым сыIууащ.

Зы махуэм адрейр и ужь итмэ,
КъызощIэ, гъащIэр мыужьыха.
Насыпым уасэу гуауэ щIэстми,
Дэнэ щысщIэн Тхьэм схуиухар.

* * *

Вагъуэ цIухэм нэр теплъызэу,
ЖэщкIэ уафэм сыдоплъей.
Гъэхэр макIуэ сыпхуэмызэу,
Арщи, си гур мэхъу нэщхъей.

Уи сурэтыр щIэтщ си нэгум,
БлэкIыу хъуар уэра къысфIощI.
Сыпхуэзэну сщIам, си гъуэгури
СкIунт нэхъ псынщIэу, сщIынт нэхъ кIэщI.

Лъагъуныгъэм сес щысхьыншэу,
Ар бжесIэну сэ слъэмыкI.
Лъагъуныгъэм сес мафIэншэу,
Гъэхэр кIуэми, сигу уимыкI.

Гугъэм си гур иутIыпщыжкъым,
Махуэ къэс сыножьэ сэ.
Сшэча псор сщигъэгъупщэжу
СыпIущIэнщ дэпщэщми зэ!

* * *

ПщэдджыжькIэ напIэр зэтесхамэ,
Унащхьэм хуэму сыдоплъей.
Сигу дыдэри схуэхъуауэ хамэ,
Слъагъу псоми сэ защызодзей.

Уэращ мы си псэр зыхуэзэшыр,
Си гухэлъ IэфIу хъуар зэпхар.
УсщIыгъукъыми, сеукIыр зэшым,
Нэщхъейщ мы сигу къыдэпхьэхар.

Яхуэмышэчу бжьыхьэ щIыIэр,
Удз гъэгъа цIыкIухэр мэгъуэлэж.
Нэса нэхъей е фIыцIэм и Iэр,
Ди лъагъуныгъэр мэлъэлъэж.

Хуабагъэ тIэкIу къысхуэтщ зыхэсщIэу,
Абы фIэкIа зы сыхуэмейт.
Сыт щыгъуи сэ къысщохъу сыпIыщIэу,
Зы жэщи IэфIу сымыжей…

# ГУГЪУЭТ ЗАРЕМЭ



*Гугъуэт Заремэ Хьэбас и пхъур (1988, Каменномост къу., Дзэлыкъуэ р-н) КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэм щоджэ. И усэхэр «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм тетащ.*

* * *

КъыщымыкIуэми щIымахуэр,
Си гур мылу щтащ.
Сымылъагъуу нобэ махуэр,
Жэщым сыIущIащ.

КIыфIщ, жэщ щIыIэм сыхокIуадэ,
Жьыбгъэр къысхуогубжь.
ПщIыхьым сызыхишэ хадэм
Сыщоплъ гъащIэ ныбжь.

* * *

Жьэдызошэ хьэуа къабзэ,
СегъэгуфIэ уэгу ит бзум.
Къэзублауэ гъащIэ хабзэу,
ЩылъэтэжкIэ соплъ кърум.

Удзхэр губгъуэм щоуфафэ,
Хьэндырабгъуэ тесщ гъэгъам.
Псыежэх, мэзышхуэ, тафэ, –
МащIэ уигу хэзыгъэхъуэн...

* * *

Уэсым дунейр зыпеплъыхьри,
Щабэу, хуэму йотIысэх.
Мазэр сакъыурэ къоплъыхыр,
КъыткIэлъоплъ, зэман иIэху.

Жэщым и чэзур къэсамэ,
ЕгъэпщкIуф дуней утхъуар.
Абы, вагъуэу сыщытамэ,
Къэсхутэнт и щэхуу хъуар.

* * *

Бжьыхьэ мэзыр пIейтей хъуащи,
Пшэм зэпходэIукI.
Тхьэмпэр щIылъэм щыубгъуащи,
Сакъыу сыпхрокI.

Мэзым хуэму жэщ къытохъуэ,
Жыгхэр гъын хьэзырщ.
Псэ зыхэт зыгуэр гур лъохъуэ,
Ауэ мэзыр щымщ.

* * *

Нэщхъейуэ сыдоплъейри уафэм,
ТэлайкIэ си гум содэIуэж.
СыщIэтщ сэ гъащIэм и унафэм,
Абы гугъуехьыр щыгъунэжщ.

Еущыгури куэдрэ си гур гъащIэм,
Хьэпшып лей гуэру хыфIедзэж.
ИужькIэ ар къысхуогумащIэ,
Сигъафэу къызодэхэщIэж.

* * *

Гъатхэм зыхуегъафIэ жыг къудамэм,
Гъэгъам и мэ IэфIыр щIым щегуэш.
Тес тхьэрыкъуэм еутхыпщI и дамэр, –
КъудамэщIэм щхьэщегъэкI и зэш.

Тхьэмпэ цIынэр игъэпскIащ уэшхыпсым,
ТкIуэпсхэр жыг къудамэм къытенащ.
Ауэрэ мэбагъуэ дыгъэ къуэпсыр,
Жыгым и плIэм хуиту къыдэпсащ.

Ауэ, зэт, къыщыщIыр сыт къудамэм?
Псыр и щIыфэм хуэму жыгым ирижащ.
Зи сэм и жанагъ къэзыщIэ гъуамэм
КъудамэщIэр жыгым пигъэжащ.

Мес, къохуэх, къохуэх къудамэр жыгым,
Къехыурэ жыг щIагъым щIэхуэжащ.
Техуэри къудамэр мывэм, тхытхыу,
Гъэгъа цыкIуу пытыр пыщэщащ...

* * *

Плъагъурэ жыгхэр зэрыгъагъэр!
Щхьэ итIани унэщхъей?
Гъатхэ дыгъэм и хуабагъэр
ЗыхыумыщIэу уопIейтей.

Сыт щIымахуэр щIумыутIыпщыр?
Абы уи псэр хъунщ еса.
ДаIуэт, бзур уэращ щIэушэр,
И макъамэр уи гъусэнщ.

Гуауэр жьыбгъэм хэутIыпщхьи,
Жьы кIэрахъуэм ар здихьынщ.
Зэ гупсэхуу гъащIэм Iуплъи,
Дуней дахэр уигу дыхьэнщ.

* * *

Магъ дунейр, ткIуэпс щIыIэхэр къыстоткIуэ,
Псыхьэлыгъуэри ирожэ щIым.
Уафэми пшэ фIыцIэхэр щызокIуэ,
Махуэ псыфыр къытогъуалъхьэ гум.

Уэшхым щегъэтыж, къыкъуокIыж дыгъэр,
Удз гъэгъахэми зыкъаIэтыж...
Сыту фIы уеплъыну уафэ бзыгъэм,
Нэщхъеягъуэм укъыщиутIыпщыж...

## *САБИИГЪУЭМ*

ЩыщIызоупскIэ сигу-хъыринэм
Си сабиигъуэ сIэщIэкIар.
Хузохьыр си псэм, си гум, си нэм
СымыщIэу тIэкIуи щызгъэкIар.

Сыхуейтэкъым абы сыкъинэу,
Нэхъ гъащIэ куум сыхэкIыжыну.
Иджы къыхуокIыр абы си нэ.
Сыт сщIэнур? Сигу къэзгъэкIыжынущ...

* * *

Насыпыр сщIыгъут, си гъусэ хуэдэт,
АрщхьэкIэ, сыщыIэбэм, кIуэдыжащ.
Макъ щабэ гуэр зэхэсхт, къызэджэт,
ИтIани, сыщыхуэкIуэм, бзэхыжащ.

И Iэпэр сIыгът, зэхэсхт и псалъэ,
И макъыр пшагъуэм хэзэрыхьыжащ.
Си гуапэу сыщIэдэIури и пшыналъэм,
Абы пагагъыу хэлъыр къэсщIэжащ.

## *АЖЭГЪУЭМЭ*

Къизмычу соплъ удз дахэм,
Дызолъэ зэм абы си Iэгур.
Апхуэдэу лъэдий махэм
ЕгъафIэ джабэ нэкIур.

Гъэгъамэ щхъуантIэ цIыкIухэр,
Гъатхэпэм и нэщэнэщ.
ЦIыхугур зыгъэгуфIэм
Зэреджэр ажэгъуэмэщ.

ГукъэкI ищIащ удз гуакIуэм
Пежьэну гуапэу гъатхэм.
ЗгъэщIагъуэу и дахагъэр,
ХегъэщI сигу зэрымахэм.

## *ПЩIЭРЭ?*

ПщIэрэ, уафэм сыдэкIуейуэ
Вагъуэм щэху зэрыжесIар?
Фагъуэ хъуарэ ар нэщхъейуэ
ЖысIэм къызэредэIуар?

ПщIэрэ, си гур ину къеуэу,
Мазэми сыщIелъэIуар?
Си гупсысэр сущыкъуейуэ
Уафэм сэ щIыщызгъэIуар?

ПщIэрэ, уэ сызэхыумыхыу
Жэщми сызэрепсэлъар?
Уэгум ситу сыкъеплъыхыу,
Махуэм сызэрыпэплъар?

* * *

Дунейр сфIэцIыкIущ,
КуэдыIуэ мэхъур пцIыр,
ИIэжыр зымащIэ тэкIущ
Пхыхуным щIыр.

Ауэ солъагъу:
ЩызокIуэ пэжи щIым.
Абы и щIагъ
ЩIэкIуэдэжынкъэ пцIыр...

* * *

Бжьыхьэ, сыту унэщхъей,
Узэшыгъуэщ, ещхьщ ужейм.
Зэхызох: «Къэхъей, къэхъей!»
Сыхыбошэ уи пщIыхь Iейм.

СощIэ, тхьэмпэхэр уи нэпсщ,
Пхуэмыубыду пIэщIощэщ.
Укъызоджэ махуэ къэс,
Сыт спыпхынур, си гур нэщIщ.

Хуэму къоуэ сигу, сыноплъ,
Уэ сыпщIыгъуущ иджы, сынощхьщ.
Сэри гъащIэм сызэпхоплъ,
Гъуджэм сиплъэми – укъощ.

* * *

Мэлъатэ бзур, зеIэтыр лъагэу,
Уафэгур ейщ езым и закъуэ.
Ар дэни носыр, носыр пIащIэу,
ЕгъэнщI илъагъухэмкIэ и гъащIэр.

Зэпеч губгъуэшхуи, бгыи, хыи,
Зеплъыхь, жьы къабзэм ходжэгухь.
Къыщохутэж щыхуейм ар щIыми,
И дамэ лъэщхэм жыжьи яхь.

Уэрэд бзэ IэфIкIэ ирехьэжьэ,
ЗыIущIэхэм кIэлъоплъ ар гуфIэу.
ШэщIауэ дамэр гъащIэм пожьэ...
А зыр солъагъур насыпыфIэу!

* * *

СолъэIу гъэмахуэм мыпIэщIэну,
АрщхьэкIэ бжьыхьэр къысщыхьащ.
Пщэдей сэ дыгъэм сеIусэнут,
Ар нобэ, нобэ къухьэжащ.

Гъужащ аргуэру, сыкIэлъыджэу,
Ди хадэм ита удз гъэгъар.
Си нитIым жьыбгъэр къыщIопыджэ,
Сыт жьыбгъэм къысхуимыгъэгъуар?

Сихьауэ хадэм къыщыскIухькIэ,
Си лъэгум тхьэмпэ щоуэршэр.
Сэ жэщыр къысхуоупсэ пщIыхькIэ,
А зым догуфIэ иджы псэр.

## *ЗЫКЪЭЩIЭЖ*

«Сыт иджы къэсхьынур сэ нэмыскIэ?» –
Ар къыпIурылъэлъри, уежьэжащ.
Уи псэр тыншыжауэ, уигу къэмыскIэу,
УкъеплъэкIри, бжэр здыхуэпщIыжащ.

Сыт уи напэм епщIэжар, тхьэмыщкIэ?
Щхьэ захуагъэр бжэм дебгъэпIытIа?
Уи щхьэ Iуэху фIэкIа уемыгупсыскIэ,
ФIы къэпхьыну хэт къыпхуиIуэта?

Къуэлъщ бжэкъуагъым напэр, къуэбдзэжауэ,
Зэ къызэплъэкIыжи, къэгъэзэж.
Бэлыхь мин ухэтщ, зыхэбдзэжауэ,
Ягъэ кIынкъым, кхъыIэ, зыкъэщIэж.

## *ГУМ И ЛЪАХЭ*

КъыщыпкIухьмэ гум и лъахэм,
УIущIэнщ телъыджэ куэд.
Уджэрэзу, уеплъу ахэм
Ухэмыт, къэгъазэ, кIуэт!

Щыплъагъунущ гъатхэ жыги,
Псынэпс щIыIи щыпIухуэнщ.
КъыкъуэкIынщ уэр папщIэ дыгъи,
Пшэхэм щабэу уахэхуэнщ.

КIуэ, къэтIатэ гум и щэхухэр,
ЗыкъэIэт, зыплъыхь... зыплъыхь...
ЯхэткIухь гурыщIэ нэхухэм,
Псалъэ Iэфхэр гум тешыхь.

КъэплъагъункIэ хъунщ нэпс къабзэ,
УмыпIащIэ, умылъэщI.
Гум и лъахэм, зэрыхабзэу,
Нэпси щэхуурэ къегъэщI.

## *МАМЭ*

Зэхэсхат уэрэдым щIэлъ макъамэр,
СфIэфIу седэIуат гъэмахуэ бзум.
Ауэ уи макъ щабэр сщIымыгъуамэ,
Сыхэмыхьэфынут гъащIэ куум.

Дыщэ мазэм сыкIэлъоплъ, жэщ хъуамэ,
СрогуфIэ вагъуэр зэрыцIум.
Сигу мэгъагъэ, угуфIамэ, мамэ,
Псалъэ къызжепIам къызет къару.

* * *

Къызэуати зыкъишэщIри гъащIэр,
И IэфIыгъэ куэд кIуэдат дунейм.
Ауэ къысхуэна си гухэлъ мащIэм
Къахэнат иджыри сызыхуейр.

Си гум илъ IэфIыгъэр икIуэсыкIыми,
ЩыщIэзупскIэрт сэ абы зы фIыгъуэ.
ГъащIэм и псы уэр зэгуэр сикIами,
Сыкъинат иджы и куэщIым гугъэм.

Дыгъэ къуэпсхэр уафэм къизгъуэтэжри,
Къуалэбзухэр къездджэжащ, сыпIащIэу.
ГъащIэ щыгъупщэхым сыкъищIэжри,
Къызбгъэдыхьэжащ, къысхуэгумащIэу...

## *АДЫГЭБЗЭ*

Сынопсэлъэнщ си гущIэм къисха бзэкIэ,
Уэри а бзэмкIэ псалъэ къыспэдзыж.
Сыкъэувынущ, ар сIурылъу, лъэкIэ,
Ар си анэбзэщ, си бзэ мыкIуэдыжщ.

Сынопсэлъэнущ псом нэхъ дахэ бзэкIэ,
ЗгъэтIыгъуэу псалъэ си гум щызгъэпщкIунщ.
Ар псом нэхъ лъапIэщ, псом нэхъыщхьэщ сэркIэ,
Гъэмахуэ гъуэгу гъэгъар абы икIунщ.

Си псалъэхэр бзэ дахэкIэ сшэщIынщи,
Щхьэгъубжэр Iузыхахэм зэхахынщ.
А псалъэхэр си дамэу си фIэщ сщIынщи,
ЗысIэту щытмэ, бзухэм сIэпахынщ...

# БЭРБЭЧ АСЛЪЭНДЖЭРИЙ



*Бэрбэч Аслъэнджэрий Вячеслав и къуэр (1990, Старэ Лэскэн, иджы Анзорей къу., Лэскэн р-н) КъБКъУ-м и «Нанотехнологиер электроникэм» и къудамэм щоджэ. Бэрбэчым и усэхэр республикэм къыщыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ мызэ-мытIэу къытрадзащ.*

## *ЛАНЭ*

Махуэ гуэрым си шыпхъу цIыкIур
Къезджэжыну сыщIэкIащ.
Дыгъэр зи нэхэм щыджэгуу
ЦIыкIу-цIыкIу куэдым сахыхьащ...

КIуащ илъэсхэр. Махуэ гуэрым
Сэ макъ щэху къыскIэлъыджащ.
Къаджэр пщащэ дыгъэ нэгуу,
Псэр зыпэплъэу къыщIэкIащ.

Соплъ сэ, соплъ а хъыджэбз дахэм –
КъысхуэщIэжкъым щыслъэгъуар.
КъысхущIоплъыр. Мэдыхьэшхыр.
Сеплъ фIэкI, псалъэ щIызмыгъуа.

Лей мэхъужыр псалъэу щыIэр.
Пщащэр хэтми къызощIэж.
Къэсшэжыну си шыпхъу цIыкIур
СыщыкIуам нэс ар къикIащ...

## *МЭЗЫМ*

Лъагъуэ цIыкIум щIалэр тету
Жыгей мэз Iувыжьым пхокI.
Ешащ. И щхьэр хуэмыIэту,
ЗдэкIуэм и гум Iэджэ къокI:

«Сэ гъуэгу кIыхьым сыщогувэ,
Анэм Iейуэ сыхуозэш.
Абы схуещIыр псыхьэлывэ,
СхуигъэвэнкIи мэхъур джэш.

Мэгузавэ, сощIэ, анэр,
Дауи, сэ къысщIогупсыс.
Зыш сиIам, теслъхьэнти уанэр,
Зисчынт. Иджы, сыт, сылъэсщ!»

* * *

Хъуащ жэщ, сыхоплъэ сэ кIыфIыгъэм,
ГукIи псэкIи куэдым согупсыс:
Сыту пIэрэ мо сабийр зылъыхъуэр? –
Дэпщеяуэ жыгыр егъэсыс.

Сыт зыхуейр? Зэрану пIэрэ? Джэгурэ?
Е тенауэ гъуэгыу арагъэнщ.
Сыгупсысэу сыщытыжри тIэкIурэ,
Зисчащ – сабийм къыщыщIар къэсщIэнщ.

Къызитащ жэуап, зыхуэзгъэзати:
Жыгым пысу вагъуэхэр слъэгъуат...
Пызгъэхун си гугъэу згъэсысати...
ЗаIэтыжри уафэм лъэтэжащ!

## *ЛАЦЭ*

МыувыIэу уэшхыр къошхыр.
Фочыр сIыгъщи, ягу зэрошхыр,
Дыхэтщ зауэм, зауэ ин...
Си шэр сухмэ, даукIынщ!

Си гъусахэм сэ ныбжьэгъуу
Зыкъэмынэм псэр щанащ.
Лацэ закъуэщ – ди гъунэгъур –
ЯмыукIыу къысхуэнар!

Ар мэгъуэг зэщIэкIэзызэу,
МыувыIэххэ... Сыт жесIэн?
ЗыхэтщIакъым гъащIэр щызу,
Уаси ди псэм имыIэн!

Дыкъелатэм, Лацэ дахэр
Тезгъэсынти дыщэ шэнт...
Дэ ди гъуэгу текIатэм бийхэр,
Ар нысащIэу сэ къэсшэнт!

Ауэ къадз лагъым къэуэжхэр,
Си жьэм ятIэ мэхъу жьэдэз,
Бийри къоуэ, щIемыгъуэжмэ,
Мэхъу фочышэр си пкъым хэз.

Си лъэр щIощIэри соджалэ,
Лаци сэ сымылъагъуж…
Унэм щIэс си анэ КIулэ
Къысщогугъыр, ар сощIэж…

Абдеж дыди сыкъоушыр,
Зызоплъыхьри – пIэкум сисщ.
Ди гъунэгъум я хьэпшырыр
Къызобзейри къызбгъэдэсщ!

# КЪЭЗАН (ГЪЫДЭ) ФАТIИМЭТ



*Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэт Заур и пхъур (1986, Къызбрун II къу., иджы Ислъэмей къу., Бахъсэн р-н), КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэр къиухауэ, магистратурэм щоджэ.*

*Абы и усэхэр ди республикэм къыщыдэкI журналхэмрэ газетхэмрэ мызэ-мытIэу къытехуащ. Ауэ ФатIимэт нэхъыбэу зыхуэтхэр сабийхэрщ. Сабий усэхэр зэрыт абы и япэ тхылъ цIыкIур, «Вагъуэ-щIэ» зыфIищар, 2001 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.*

## *БЖЬЫХЬЭ ЖЭЩ*

Сыщысщ, сыдоплъыр щхьэгъубжэм,
Бжьыхьэ жэщым сегъэзэш.
Мазэ ныкъуэм къидз бзий фагъуэм
Си гухэлъхэр къегъэуш.

Гугъэ нэпцІхэр пэж сщыхъуауэ,
Уэгум лъагъуэ щыхызош.
Уи пщІыхь дахэм сыхэпшауэ,
Псэр зыхуей уэрэд хыбош.

Дунеягъэр шыпсэ хъуащи,
Удз гъужахэр къогъэгъэж.
Жьынду макъыр зэхызохри,
Бжьыхьэ жэщым сыкъокIуэж.

## *МАКIУЭ ГЪАЩIЭР*

МакIуэ гъащIэр, укIэлъыIэбэурэ,
Нэсакъым, жыпIэурэ – блэкIау къыщIокI.
Мазэ ныкъуэм гухэлъхэр жепIэурэ,
Изыбзэ хъуауэ, нэкIуплъу къыкъуокI.

МакIуэ гъащIэр, укIэлъыIэбэурэ,
Нэсакъым, жыпIэурэ – блэкIау къыщIокI.
Гъэмахуэ жэщым укIэлъыплъурэ,
Дунейр фагъуэу, бжьыхьэкIэу нэху къокI.

МакIуэ гъащIэр, укIэлъыIэбэурэ,
Нэсакъым жыпIэурэ – блэкIау къыщIокI.
Зэманыр гушыIэ къыпфIэщIурэ,
Жылэ хэпсари гъужауэ къыхокI.

МакIуэ гъащIэр, укIэлъыIэбэурэ,
Нэсакъым, жыпIэурэ – блэкIау къыщIокI.
Пщэдей махуэм пэкIуэн уи гугъэурэ,
Гу щумыхуэурэ дакъикъэхэр блокI.

## *ХАМЭ ЩIЫПIЭМ*

Зэман куэдкIэ узбгынэну
ГъащIэм сэ къызжимыIат.
Хуиту зэ сыпIуплъэжыну
Си нэпс пщтырым имыдат.

ХэкIыпIэншэу сыкъэнащи,
Сосэж хабзэ сысымейм.
Хамэ щIыпIэм сыкъинащи,
НэпцI сфIэщI къуршхэм Iуплъэгъуейщ.

СыщIэпсэур къызгурыIуэнти,
Лъахэ, уэ сызыхэпщIам,
Жьыбгъэр фIыуэ сэ слъагъунти,
Си гум щыщIэр къуигъэщIам.

Сщигъэгъупщэу хэт сэ пэжыр
ФIы сигу никъуэр къысхуищIын,
Адыгэбзэр сIэщIэхужым,
Хэт ар къызигъэщIэжын?

Мащэр IэгукIэ къэстIыжынти,
ХамэщI сыщыщIамылъхьам,
ПцIащхъуэу уэгум сихьэжынти,
«Къэуш» псалъэр зэхэсхам!

* * *

Къреху зыщIыпIэкIэ жьы щIыIэ,
Уи цIэр жиIэу псэр мэкIий.
СIэщIихауэ хуабэу сиIэр,
Си Iэпкълъэпкъыр егъэдий.

Жэщ лъэхъуэщым сисщ и куэщIым,
Мазэр псэлъэгъу къысхуэхъуащ.
Къиплъэфыну хъунт сигу лъащIэм –
Бзийхэм щысхьри, щIегъуэжащ.

## *САБИИГЪУЭМ КЪЫЩЫНА ГУРЫЩIЭХЭР*

Гъэмахуэ жэщ.
Мазэм къидз бзий фагъуэ.
ЩымыIэу пэсщI,
Нанэ и куэщI щабэ.

Жьынду джэ макъ,
Дадэ жиIэж псысэ,
ПкIауэ лъэ макъ,
Псэм щыгъагъэ усэ.

Бахъсэныпс уэр,
Къуэм къыдих жьы къабзэ,
Тутей жыг кIыр,
Тхьэмпэ жьым дэхуарзэ…

Гъэмахуэ жэщщ.
Мазэм къедз бзий фагъуэ.
ЩымыIэт пэсщI
Нанэ и куэщI щабэм.

ХигъэщIу гур,
Бахъсэныпс мэхъущIэ.
Гъужащ тутейр,
КъысфIощI сыкъимыщIэ.

СыщIэсщ тутейм,
Зыри зыхэзмыщIэ.
Зэманыр гъейщ,
Стрихащ гурыщIэр…

# РАССКАЗЭР

# ЖАМБЭЧ РАБИЯ



*Жамбэч Рабия Хьэсен и пхъум (1983, Алътуд къу., Прохладнэ р-н) КъБКъУ-м филологиемкІэ и факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и къудамэр къиухащ, Алътуд курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щрегъаджэ, прози уси етх.*

## *ДЗЫГЪУЭ ЦIЫКIУ*

Зэгуэрым ди унэм дзыгъуэ цIыкIу щIищIат. Къыздикlар дэнэ щыпщIэн, ауэ псэхугъуэ лъэпкъ къыдимыту къыдэдыгъуэрт. Здынэмыс щыIэтэкъым – зэм тебэм щхьэпрыпщу, зэми шыуаным къипкIыжу уIууэнт. Ауэ щыхъукIи, фIэщщIыгъуейт унагъуэм исхэр абы щымыIэж апэсым дыпищIу. Армырамэ, щхьэ мыукIытэрэт е мышынэрэт? Дзыгъуэтеуэм лы шыуа иплъхьэу абыкIэ уещакIуэу щIэбдзэмэ, кърикIуэм ущIэмыупщIэ. Фэмрэ теплъэмрэ хуэхейуэ Алыхьым къигъэщIа гъуамэ шырым, уи щхьэм мыгъуагъэ хууигъэхьыжу, укъигъапцIэрт. НэщыпхъуэкIэ ягъэкIуэсам хуэдэу, лыр лъэныкъуэ иригъэзырти, езыр бгъуэтмэ, къащтэ. НыбэкIыхь хъужауэ, къыщыхутэрт щыгъынхэмрэ хьэпшыпхэмрэ здэщыIэм. Лы шыугъэм дигъакIуэрт цыхэкIхэмрэ фэм къыхэщIыкIахэмрэ. ЗдынэмысрэфIэмыIэфIрэ къэгъуэтыгъуейт а псэущхьэ хьилэшым. Уэрэдыжьыр кърришу щызэхэпхкIэ, кIэ зэрептын Iэмэпсымэ къэплъыхъуэу, езым ухуэпсалъэу щIыбодзэ. Узэрызэхихыххэрауи, макъ псыгъуэ икIамкIэ иришэжьа уэрэдым печыж. БукIын дэнэ къыщына, ар гукъэкI зэрыпщIыххам ухущIригъэгъуэжу, укъигъащтэу утыку къолъадэри, щIыр зэгуэхуу я кум дэхуам ярейуи мэбзэхыж.

Iэмал зэхуэмыдэхэм ухуэкIуэурэ, урехулIэ унэ кIуэцIым гын щыбгъэтIылъыну. Ар тхылъымпIэ напэм тебгуэшэнщи, жэщым угъуэлъыжынщ, нэху укъекIмэ, унэм къебгъэрыкIуа дзыгъуэ емышыж цIыкIур и гущIыIур дэгъэзеяуэ зыщIыпIэ ущыIущIэн пфIэщIрэ уи гур абы ирибгъэфIу. Пщэдджыжьым дзыгъуэ хьэдэр унэм зэрыщIэпхынум, къэгъазэ имыIэу абы кIэ зеригъуэтам шэч къытумыхьэжу, къэплъыхъуэу щIыбодзэ. Илъкъым утыкуми, щыIэкъым хьэжыгъэми, дэлъкъым шкафми. КъэIужыркъым и макъ лъэпкъи. Сыту фIыт! КъыпфIощI ар а пщIам икIуэдыкIауи, уогуфIэ, мыдэ зы шынагъуэшхуэ гуэрым уи псэр къыIэщIэкIам хуэдэу. Гупсэхугъуэ уогъуэтыж. Унагъуэм щызэрахьэ шхынхэри, къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэри, щатIагъэ щыгъынхэри – псори къабзэщ. Ауэ щыхъукIи, щIыIэ-щIыIэу уи гур тоIэбэ дзыгъуэ цIыкIум и хьэдэм зыри зэрытемыплъам, увыIэпIэ хуэхъуар зыми зэримыщIэм, абы уримыпIейтейуи къанэркъым.

Апхуэдэу блокI зы махуэ, махуитI, махуищ. Аргуэру дзыгъуэ макъыр къоIуж, адэкIэ-мыдэкIэ къыкъуэжкъуэлъэдэжу уолъагъу.

Зыри зэбгъэтIылъэкI, зыми утеплъэкъукI щымыхъуну

зэманым къегъэзэж. Щхьэ зэрымыхуэнум пкъыри дэкIуэу изыукIэ дзыгъуэ цIыкIум и бзаджагъэм хигъэхъуауэ, Iуэхум нэхъ Iэзэ хэхъухьауэ къыкъуожыж. Пещэж фIыуэ зыхуэIэкIуэлъакIуэ и лэжьыгъэм.

ЕгъэкIуасэ, къанэ щымыIэу, игъуэтыр. Унагъуэм исхэм дзыгъуэм и гъэкIуэдыным Iэмал гуэр къыхуэгъуэтын Iуэхум я гугъэр хахыж. Ауэ... Ауэ щыIэщ иджыри зы хэкIыпIэ. Щхьэ яIэщIэхункIэ хъуат ар псоми?

Джэдуужьыр!.. Мис абы иритынщ а дзыгъуэ угъурсыз цIыкIум кIэмужыр. Си Iуэхущ, а хьэрэм шырым и лъапсэм абы псы иримыгъэжыхьыжмэ, игъащIэ лъандэрэ ишха псори къыIуримыгъэхужмэ!

Джэдуужьыр унэм щIадзэ. ЗэрыщIадзэххэуи, и лэжьыгъэм и ужь йохьэ. ЙоплъакIуэ. ЙощакIуэ. Къеубыд! Псори зэхэсу кърелъафэ утыкум, мис мыращ сэ сыкъызыхуалъхуар, жыхуиIэу. Джэдуужьым щIэгурымыхьу ирегъэмэрэкIуэх дзыгъуэ цIыкIур. ФIыуэ зэIуробзаежри, бжэмкIэ еунэтI. Фи Iуэху зэфIэкIамэ, сэри щхьэхуит сыфщIыж, жиIэ нэхъей, бжэр къыхуIуахыну мэлъаIуэ. ХъунщIакIуэ шырыр я нэкIэ ялъагъуу къызэраубыдам, хуэфащэри зэрыращIам щыгуфIыкIрэ ар зи фIыщIэми Iэ далъэурэ, щабэ дыдэу бжэр хуIуагъэжри, къыщIагъэкIыж...

Сыту фIыт, дзыгъуэ хьэл къэзыщтауэ нобэ къытхэт языныкъуэ цIыхухэм джэду хьэл зиIэ гуэр зырыз яжьэхэдзамэ!

## *НЭЩIЭБЖЬЭ*

Мырзэбэчт быным я нэхъыщIэр. Арат адэжь лъапсэр къызыхуэнар.И щхьэгъусэ Лузэрэ абырэ зы къуэрэ зыпхъурэ яIэт. Я щIалэ Аслъэнбэч бын нэхъыжьт. Къуажэм нэхъ хуэщIауэ, хэIэтыкIауэ зы унагъуэ дэсмэ, мыхэр етIуанэт. Мырзэбэч ахъырзэман гуэрт. Абы и унагъуэр хуэныкъуэ щымыIэу игъэпсэурт, хуэмыщIахэм, бын куэд зиIэхэм, жьыкIэфэкIэхэм защIигъакъуэрт, гузавэу къекIуалIэ зэримыгъэщIэхъуным и ужь итт. Къызыхихынрэ псапэ зыхитыкIынрэ иIэми и закъуэртэкъым. Сэ схузэфIокI, жиIэу зимыIэм нэмыплъ ириту, хьэмэрэ былымаблэу зэи плъагъунутэкъым. ЗэрыжаIэу, и Iэгу и Iэнэу дунейм тетт. Псапэу ищIар пщIыкIэ, тIощIкIэ гъэбэгъуауэ Алыхьым къритыжырт езыми.

Ауэ, сыт хуэдиз мылъку бгъэдэлъми, и унагъуэр хэIэтыкIауэ, зэпэщу имыгъэпсэуми, псори IэфI къыщы-

зымыщI зы гукъеуэ гъэтIылъа иIэт абы. Къыхуэзыхьыр и къуэ Аслъэнбэчт. Махуэ къэс нэхъ къэтIэта, нэхъ убгъуа хъурт адэм и гукъеуэр.

Аслъэнбэч школым щыщIэса илъэсхэм щIалэ Iэдэбу, адрейхэм щапхъэ трахыу, и адэм хуэфэщэжщ, жригъэIэу щытащ. Школ нэужьым ар щIагъэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ факультетым. Езым и нэ къыхуикIыу къыхихат юрист IэщIагъэм хуеджэну.

Ипэ зэманхэм щытхъу иIэу, «фIырэ» «фIы дыдэкIэ» еджэу екIуэкIащ. ЕтIуанэ курсым нэсауэ, къызыхэкIари къыщIэхъуари ямыщIэу, Аслъэнбэч и адэ-анэм къахуэкIуэжащ, сыкъыщIадзыжащ, жиIэри.

Лузэрэ Мырзэбэчрэ ар гущIыхьэ ящыхъуащ. ПцIы хэмылъу, адэ-анэм гу лъатат иужьрей зэманым я къуэм и дуней тетыкIэм зэрызихъуэжам, куэдкIэ нэхъ гу щIыIэ зэрыхъуам. ЩIалэм и анэм сом лей гуэрхэр щIэхщIэхыурэ IэщIигъэкIырт. Лузи ахъшэр абы иритырт, зытригъэкIуадэр имыщIэми, щэхуу, и щхьэгъусэм щибзыщIурэ. ЩIалэщ, ныбжьэгъу щиIэкIэ, гуп щыхыхьэкIэ, адэм иритыр къемэщIэкIыу къыщIэкIынщ, жиIэрт. Хуейтэкъым и щIалэ закъуэр зыхэтым яхэмыгъуэщэну. Арат анэм псори зытрищIыхьыр.

Аслъэнбэч и Iуэхум и пэжыпIэр зэхигъэкIыну адэр еджапIэм къыщыкIуам къыжраIар зэхиха нэхърэ, занщIэу яхьрэ къэзылъхуахэм бгъуралъхьэжамэ, нэхъ къищтэнт.

–Уи къуэм, ефауэ къакIуэурэ, и напэр зытрехыж. Дэ абы депсэлъащ, зэманкIи делIэлIащ, ауэ зэпигъэуакъым. КъедэIуакъым ди жыIи. Фэри абы фыщыгъуазэу щытын хуейщ, дапщэрэ ныфхуэтIуэхуа?! Иджы, сыт, псори зэфIэкIащ. Абы къэгъазэ иIэнукъым мы еджапIэм.

Аращ Мырзэбэч жэуапу къыпихар еджапIэм и унафэщIым.

Дауи, апхуэдэ псалъэхэм адэр гупсысэ куум хадзащ, и жейр фIагъэкIуэдащ, и гъащIэм щIэлъ IэфI псори щIашу хуежьащ.

ЗэлIзэфызым я щхьэм яхуигъэзагъэркъым я къуэм и дуней тетыкIэ хъуар.

Къайгъэншэу, зэгурыIуэу зэдекIуэкI зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку псалъэмакъ къыдэхъуэу хуожьэ. Аслъэнбэч унагъуэм къыщемыкIуэлIэжыр нэхъыбэу, къыщыкIуэж зэзэмызэми ефауэ и ныбжьэгъухэм кърalъэфэлIэжу аращ.

Илъэс тIощIым зымащIэкIэ фIэкIа щхьэдэмыха щIалэм и гъащIэр и IэкIэ зэрызэпиудыжыр зылъагъу

адэ-анэм ар яфIэгуэныхь щыхъуи къыхокI, хузэгуэпу хьэлъкъ гъэбыдакIэ унэм щыщIаубыдэри нэхъыбэщ. Ауэ фадэм щхьэхуимыт ищIа щIалэм адэ-анэм къазэрыIэщIэкIын Iэмал зэхуэмыдэхэр къегъуэтри, и ныбжьэгъухэм яхохьэж.

Мырзэбэч, щIы зытеувэр имылъагъуж хъуами ярейуэ, уэрамым щрикIуэкIэ, сэлам къезыххэм зэрарихыжын хуейр къыгурымыIуэжу къэнащ. И къуэм хуиухуа лъапсэ дэгъуэр, хузэтрилъхьа мылъкур ситу ищIыжын иджы? Дауэ къригъэгъэзэжыну илъэсым щIигъуауэ къемыкIуалIэ щIалэм? Сыт хуэдэ ущие дахэхэр къэна абы жримыIэу? Сыт хуэдэ губжьыра иджыри тримыкъутар? Аслъэнбэч къалэм щагъэкIуам пэщIэщIэгъу къыхуэхъуахэм, гъуэгум я нэхъ пхэнжым тезыгъэувахэм я адэ-анэхэри хэту пIэрэ мыпхуэдэ бэлыхь? Хьэмэрэ ахэр, къэзылъхуахэри езыхэм хуэдэу, псори зэщхьу ара? Гупсысэ мыуххэр щызэблокI Мырзэбэч и щхьэм.

* * *

Махуэ гуэрым Аслъэнбэч и фэм имытыжу, и щыгъыныр зэрызэфIэтхъамкIэ зыгуэрым зэрефыщIэуар, хьарзынэуи къызэрыхукъуалъхьар нэрылъагъуу, къыдыхьэжащ. Унэм къыщIыхьэжауэ, и анэм жреIэ:

– Мамэ, нысэ ухуей, къыпхуэсшэнущ.

Ар зэхэзыха анэм занщIэу и фэр покI, и лъэр щIохури, йотIысэх.

– Сыт, на, жыпIэр? Ар дауэ? Уэ уи къэшэгъуэ сытми?

– Аращ, мамэ, сэри жысIэр. Ар дыдэрщ, – и псалъэхэр хузэпыщэркъым Аслъэнбэч. – Ауэ ... Ауэ апхуэдэу фIэкIа идэнукъым абы и дэлъхум. Мис, жылэр къысщIэплъу, сиубэрэжьащ.

– Солъагъу мыгъуэри ар, си щIалэ. Хэт узыубэрэжьари и шыпхъури?

СщIэркъым, сщIэ-жыр-къым, – Аслъэнбэч лъы зытелъэда и нитIыр занщIэу фIызэхуокIуэри, ауэ щыт гъуэлъыпIэм йоукIурие. Анэм, и гур ехуэхауэ, гъуэлъыпIэ кIапэм щотIысэх.

А дакъикъэм абы и гум къэкIа гупсысэхэр псалъэкIэ зэрыжиIэфын мы дунейм теттэкъым. Хуейтэкъым щхьэфэцым зезыгъэIэт напэтехыгъэр и къуэ закъуэм дилъэгъуауэ и фIэщ ищIыну.

Ярэби, хэтхэ я хъыджэбз насыпыншэу пIэрэ щIалэм игъэунэхъуар? Iэмал имыIэу зэхэгъэкIыпхъэщ Iуэхум и пэжыпIэр. Дауэ къыщыхъуну а псор Мырзэбэч? СыткIэ

къэттхьэщIыжыну ди напэр?! – гукIэ зэригъэзахуэ мыхъуу, макъкIэ къеIущэщ а псалъэхэр Лузэ, дунеи ахърэти щыIэу зымыщIэжу жей и къуэм хуеплъэкIыурэ.

Лузэ зэримыгугъауэ тыншу зэфIэкIащ я щIалэм къыIэщIэщIа Iуэху мыщхьэмыпэр и щхьэгъусэм къыгуригъэIуэныр.

Мырзэбэч япэщIыкIэ и щхьэм епхъуэжащ. ИтIанэ, хуэмурэ зыкъищIэжри, Iуэхум и пэжыпIэм щIэупщIэу хуежьащ.

– Дауэ? Хэтхэ я бзылъхугъэ? Дэнэ къиIукI хъыбар?

– Тхьэ, сэри абы хэсщIыкIыр мащIэ дыдэм. ФIыуэ къаубэрэжьауэ, и нэкIум хужьыгъэу зы IэпапIэ имыIэжу къэкIуэжащ. Зи гъуса хъыджэбзым и дэлъхурауэ жеIэ.

– Сыту напэтехыгъуэшхуэ!.. Лъэпкъ напэм къемызэгъыр щхьэ ди натIэ ухъут! Алыхьым и нэлатыр сыткIэ къыттеухуэт?! – къепсэлъ зи щхьэр къыфIэхуауэ гупсысэм зэщIиIулIа Мырзэбэч.ТэлайкIэ щыму, хэплъэу щыса лIым, Лузэ къекIуа и нэпсыр щилъагъум, щхьэгъусэм гущIэгъу хэлъу жреIэ:

–Хъунукъым... Хъунукъым лIыгъэ зыхэдмылъхьэу, а бзылъхугъэ цIыкIур, хэту щытми, ди лъапсэм къидмышэу. ХъункIи Iэмал лъэпкъ иIэкъым. КъегъэIуатэ, Лузэ, щIалэм псори. Уэращ ар зыхузэфIэкIынур. Сэ згъуэтынукъым апхуэдэ псалъэхэр...

Лузэ и щхьэр хуэмурэ ещI, «хъунщ» къригъэкIыу. Абы хэту, япхъу цIыкIур, Ланэ, къыщIэлъэдэжащ. Нэщхъейуэ щыс адэ-анэр щилъагъум, езыми и нэгур зэхэуащ. Адэм и щхьэр къиIэтри, хъыджэбз цIыкIур зыбгъэдишащ. Лани зы упщIэм адрейр кIэлъигъэпIащIэу щIоупщIэ:

– Папэ, уэ Аслъэн плъэгъуа? Хэт абы къеуар? Аслъэн, си шыпхъу цIыкIу, жиIэурэ, сигъафIэу щытати... Иджы сэ абы кIэнфет къысхуищэхужыркъым. Сыт къыщыщIар?

– Умыгузавэ, Аслъэни хъужынщ. КIэнфет Iэджи къыпхуищэхунущ иджыри. Абы уэ фIыщэу укъелъагъу, тIасэ, – адэ гумащIэм и пхъум и щхьэм Iэ делъэ. «Пэжкъэ», жыхуиIэу, и щхьэгъусэм хуеплъэкIыурэ, Мырзэбэч хъыджэбз цIыкIур трегъэуж.

* * *

Игъуэта фэбжьхэр къеныкъуэкъуу, махуищкIэ къэмыхъейуэ хэлъащ Аслъэнбэч, и анэмрэ Ланэ цIыкIурэ шхын хущIахьэурэ ягъашхэу.

– Зымахуэрей Iуэхум и пэжыпIэр къызжумыIэу хъунукъым, – нэхъыфI къэхъужа и къуэм зыхуегъазэ анэм. – Уи адэр, щIы зытеувэр имылъагъужу, мэгузавэ. Ар уи нэгу къиплъэфынукъым, Аслъэн. И щхьэм хуехьыж уи мыгъуагъэ псори. Къыхуэгъуэтыркъым къыбжиIэн псалъэхэр. Уи Iуэхур гукIэ зэрегъэзахуэ, псэкIэ егъэв. Жей жыхуаIэр иIэжкъым. Уэращ и гупсысапIэр.

Аслъэнбэч и нитIым къафIекIуэ нэпсыр анэм иримыгъэлъагъуу IэкIэ щIилъэщIыкIырт, и нэхэм сэкъат ягъуэтауэ щхьэусыгъуэ нэпцIхэр ищIурэ. Ауэ анэгу нэхъ къэгъэпцIэгъуей щыIэ?! И кIэтIий кIапэ къыпыкIам и гум щыщIэр анэм псэкIэ зыхищIэрт.

– Мамэ, – зэхэпх къудейуэ къыдрешей щIалэм. – ЕмыкIу фэсщIащ ди адэмрэ уэрэ. Сыкъуаншэщ сыт илъэныкъуэкIи. Зыми сыхуэмыныкъуэу сыфпIащ. Иджы, мис, си гуныкъуэгъуэм фихьу фызогъэпсэу. СощIэ, сыхуэфащэкъым си адэми. Си сабиигъуэм дадэ сызыщIипIыкIа дахагъэ псори схузэхэлъхьакъым. Си IэкIэ скъутэжа гъащIэм къыщысхуэгъэсэбэпакъым. Сыщхьэхуимытщ, мамэ. СищIащ щхьэхуимыт фадэм. Мамэ, – сабий быдзафэр анэм зэрыхуэгумащIэм хуэдэу, зэрекъузылIэ Аслъэнбэч и анэм. – Сыпсэуфынукъым сэ фэрыншэу. Сыт мыгъуэр сщIэн, солIэ! СегъалIэ абы и IэфIагъым. Фызабэпхъуу жаIэ абы тезгъэунэхъуар. СщIэжыркъым, зыри сщIэжыркъым.

– Хэтхэ щыщ, Аслъэн? Къуажэм дэс? – Лузэ и къуэм кърегъэIуатэ псори, псалъэ зырызурэ.

– Къуажэм щыщщ. И адэр щхьэщымытыжу… И цIэр Хьэужанщ. Лъэпкъым хъыбар къаригъэщIэнущ и дэлъхум. Ди адэм гурыгъаIуэ.

* * *

Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, унагъуэр и ужь ихьащ Аслъэнбэчрэ Хьэужанрэ я хьэгъуэлIыгъуэм. ЗэрыжаIэу, къызэхуэсащ благъи, гъунэгъуи, жэрэгъуи. Зыхуэныкъуэ щымыIэу екIуэкIащ хьэгъуэлIыгъуэр.

НысащIэ цIыкIур къызэрымыкIуэу цIыху зэтепIауэ, Iэдэбу къыщIэкIащ. Абы гъэсэныгъэ куу игъуэтат. И гур иудауэ, зыхуэныкъуэр нэхъыбэу ирихьэкIат и сабиигъуэр. Иджы къызэрыхьа унагъуэм зэгурыIуэныгъэрэ насыпрэ къаахуихьауэ къалъытэрт.

Адэм и псалъэ IэфI зэи зэхэзымыха бзылъхугъэм пщIэ лей кIэлъызэрихьэрт и тхьэмадэм, япэ дыдэу папэкIэ зэджам. Езы Мырзэбэчи куэду хуэгуапэт нысащIэ

цIыкIум. Ланэрэ абырэ сыткIи зэхуигъадэрт, зым адрейр пищIт. Дамэ къытекIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым Мырзэбэч – къилъэтыхь щIыкIэут зэрызекIуэр. Зэнысэзэгуащэри зэанэзэпхъум хуэдэт. Я акъыл зэтехуат.

«ЦIыхубз нэхъ тхьэмыщкIэ дэнэ къипхын?!» – Лузэ и псалъэхэм куэдрэ къыхигъэхьэрт ар, Хьэужанрэ абырэ я закъуэу зыгуэрым щытепсэлъыхькIэ. АбыкIэ кърigъажьэу жиIэну зыхуейр гурыIуэгъуэт,ауэ зэи абы къыфIигъэкIыртэкъым. Апхуэдэхэм деж Хьэужан дэпым хуэдэу къызэщIэплъэрт, нэрылъагъууи и фэм зихъуэжырт. Лузи абы гу лъимытэу къанэртэкъым. Ауэ хъунутэкъым псэхугъуэ къезымыт гупсысэр и нысэм иримыIуэтылIэу. ЗэхуаIэтэкъым абыхэм зы щэхуи. А «зы закъуэр» я зэхуаку дэлъын щIыхуейр лIот?!

– Мыдэ къэтIысыт, Хьэужан. КъедаIуэт сэ ныбжесIэнум.

НысащIэр шэнт лъахъшэм щэху дыдэу щотIысэх.

– Зэи, си хъыджэбз цIыкIу, уигу къыхыумыгъэщтыкI икIи уримыгузавэ сэ зыгуэркIэ узгъэкъуэншэн пфIэщIу. Къуаншэ арэфыр фызабэпхъур тегушхуэгъуафIэ зыщIа ди щIалэращ. Зыщыгъэгъупщэ абы теухуауэ нэмыплъ пхудиIэну, уи гум къэкIынкIэ хъуну гурыщхъуэхэм языхэзри. Умыгузавэ, Аслъэни къигъэзэжынщ. ЦIыху сэфэтым кърашэжынщ ари дохутырхэм. Сытри щIитыфынущ Мырзэбэч, и щIалэ закъуэр къела хъуну ищIэмэ. Зы мазэкIэ хущхъуэ ирахьэлIэн хуейуэ жаIэ. Уэ ущыгъуазэщ илъэс етIуанэ хъуауэ щIалэм дызыхигъэт гуныкъуэгъуэм. Ауэ сыт мыгъуэр тщIэнт, къытхуигъэзакъым фIыкIи IейкIи. Иджы, мис, Алыхьым и фIыщIэкIэ, ар езыр хуейщ зыубыда уз шынагъуэм къыIэщIэкIыну. Тхьэм жиIэмэ, къехъулIэнщ абыи ар. Дэри зэрытлъэкIкIэ дыдэIэпыкъунщ,– тэлайкIэ щыму щыса нэужь, Лузэ и нысэм и щхьэм гуапэу Iэ делъэ. – Иджыри бжызоIэ, тIасэ, си унагъуэ укъыщихьа махуэм щыщIэдзауэ, узибынщ.

– Упсэу, мамэ. ИкъукIэ гупсэхугъуэ сыбгъэгъуэтащ. Сэри сыхуейтэкъым... уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи... сыхуейтэкъым фызабэпхъу и хьэлу, плъагъурэ ищIар, хуэубыдын и гугъати и анэм, къысхужаIэну. Сыхуейтэкъым. Сыхуеякъым мы дунейм сытетыжыну сэ абы и ужькIэ. Сыту сыхьэт мыгъуэ сиухуэт!..

Мамэ, къысхуэгъэгъу, уи напэр тесхащ.

Хьэужан, лъэгуажьэмыщхьэу мэтIысри, адэкIэ жеIэ:

– Мамэ дыщэ, Тхьэм щхьэкIэ къысхуэгъэгъу!

* * *

Аслъэнбэч мазэм нэблагъэкIэ къыщеIэза сымаджэщым хъужауэ, псори щыгуфIыкIыу къыщIашыжащ. IэщIыб ищIащ зытеунахъуэ пэта щхъухь бзаджэр. ФIы илъэныкъуэкIэ зихъуэжащ и дуней тетыкIэм. КуэдкIэ нэхъ гу пцIанэ, нэжэгужэ хъуащ. И щхьэгъусэ цIыкIум и Iэдэбагъэмрэ и щэныфIагъэмрэ зи гуапэ Аслъэнбэч и гум щигъафIэрт Алыхьыр къызэрыхуэупса бзылъхугъэр. Лъагъуныгъэ куу я зэхуаку дэлъу зэрымышами, абыхэм я псэр занщIэу зэкIэрыпщIат. ЗэпэIэщIэ хъуамэ, зэхуэныкъуэт.

Иджы Аслъэнбэч къалэм щыIэщ, лэжьапIэ Iутщ. Пщэдджыжь къэс ар и щхьэгъусэм гуапэу ирегъажьэ, узыншэу къыхуихьыжыну Тхьэшхуэм елъэIуурэ.

– ТIэкIу лъэпэрэпами, и чэзууэ къигъэзэжащ щIалэм, – къыжраIэрт Лузэ и гъунэгъухэм. Я благъэхэми я гуапэт Аслъэнбэч гъуэгу пэж зэрытеувэжар.

* * *

Аслъэнбэч зэ дахащэу зыкъехуапэ, дыхумэм пщIантIэ псор ищтауэ зыкъызэщехуэпыкIри, и лэжьэгъу гуэр къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъуну машинэкIэ къыдокI. УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу къекIуу зыкъэзыхуэпа щIалэр щыгуфIыкIыжу пщIантIэм дагъэкIащ унагъуэм ис псоми. ПщIэнтэкъым, мыдэ зы жыжьапIэ гуэрым илъэс бжыгъэкIэ къэтыну ирагъажьэ фIэкIа, я Iэ-я лъэхэр ящIыжу кIэлъыкIуатэхэрт.

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтауэ, Мырзэбэч къызэщыуащ, пщIыхьэпIэ мыфэмыц гуэрхэм я зэранкIэ. Уэздыгъэр пигъэнэну щыIэбэм ирихьэлIэу, и цIэр жиIэу зыгуэр къаджэу зэхихащ. Жэщ ныкъуэм къаджэм хъыбарыфI къихь хабзэкъым. Сыт мыгъуэу пIэрэ къэхъуар, жиIэурэ, Мырзэбэч куэбжитI зэхуакум къыдэува щIалэм бгъэдыхьащ.

– Къеблагъэ, щIалэ, сытым укъытхуихьа?

Мырзэбэч занщIэу къицIыхужащ и къуэм и ныбжьэгъур.

– Аслъэн, Аслъэнбэч – къыхудэшейртэкъым къыIухьа щIалэм.

– ЛIо къэхъуар? Дэнэ Аслъэнбэч здэщыIэр? Щхьэ жумыIэрэ?! – Мырзэбэч и лъэр щIэхуу, зэкIэлъегъэпIащIэ и упщIэхэр.

– Фи щIалэр псым итхьэлащ. Зыми къыхуегъэлакъым. ТIэкIу еIубауэ хыхьэри, и лъакъуэхэр хуэшым зэщIиубыдащ...

* * *

Щхьэфэцым зезыгъэIэт зэщIэгъуагэмрэ гум зыдэзыгъазэ гуIэ макъымрэ къызыдэIукI пщIантIэм и куэбжэр зэIуахащ. Абы дыхьащ Аслъэнбэч и хьэдэр къызэрашэжа машинэр.

Гъэмахуэ жэщ даущыншэм къихьа гуIэгъуэ гущIэгъуншэм къыхэIукI анэ гъыбзэм жей IэфIым хыхьэжа къуажэр къигъэушыжащ. Мырзэбэч и лъакъуитIри иубыдащи, щысыф къудейщ. ГузэвакIуэ къыхуэкIуахэм зыкърагъэзыхыурэ, и Iэр къаубыд. Езыр йогупсыс: «ЛIэныгъэр Iэмал зимыIэщ, ауэ сыту насыпышхуэ быным адэ-анэр щIалъхьэжыныр. Абы щыгъуэм ар гузэвэгъуэ къудейуэ аращ. НобэкIэ сэ къыстепсыхам узэреджэнур гуIэгъуэщ!»

## *БДЗЭЖЬЕЯЩЭ*

Бжьыхьэ мазэт. Дунейр уфауэ, уэшх мащIи къызэпхидзу нэху къекIат. Си дэлъху нэхъыжьым жиIэу сэ куэдрэ зэхэсхырт апхуэдэ пщэдджыжьхэм бдзэжьеящэ укIуэну зэрынэхъыфIыр. Арати, зэман щIауэ си нэ къызыхуикI си хъуэпсапIэм IэкIэ сытеIэбэну мурад сощI сэ а махуэм. Зыми зыкъезмыгъащIэу, лъапэпцIийуэ унэм сыкъыщIокI, бжьыхьэ блэкIа лъандэрэ мыхъеяуэ пкIэунэм илъ къунтхыр къызохьэх, хадэм сохьэри, хьэмбылу къызотI. УнэмкIэ къызогъэзэж, щIыIэ къызэмыуэкIын хуэдэу зызохуапэри, гъуэгуанэ ситоувэ. Сытеувар Iуэхут, сызэрыкIуэну гъуэгур фIыуэ сцIыхуркъым, сыгъуэщэнкIэ сошынэ, итIани къэзгъэзэжыну сигу къэзгъэкIыркъым.

Пщэдджыжь уэсэпсым сыхэту сыздэкIуэм, зыхызощIэ си лъакъуэр псыф зэрыхъуар, фIыуи щIыIэм сызэрисар. Ауэ зыри къысфIэмыIуэхуу фэ зытызогъауэ. Пэжу, гъуэгум сыздытетым, зэзэмызэ щIыIэ-щIыIэу сигу къокI: «СыздэкIуар ящIэркъым, ар къысхуадэну?» Уеблэмэ сыщыхущIегъуэжи къэхъурт сытегушхуэу си закъуэу сыкъызэрежьам, ауэ а гупсысэхэр псынщIэ дыдэу сIэщIэхужырт. Си ныбжьым хуумыгъэфэщэн гъуэгут сэ а махуэм зэпысчыр.

Нэпкъым сытету сыздэкIуэм, сэ къызолъагъу къуакIэм щежэх псы гъуабжэ хуэм цIыкIур. Си нитIыр къыщихуауэ къуэм сыдолъадэ, къунтхыр зэфIызощIэри, дунейм гуфIэгъуэу тетыр а дакъикъэм къызэуэлIа къысфIэщIу, псым хызодзэ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, абы фIэлъ пхъэмыфыр занщIэу щIелъафэ. Къарууэ сиIэр зы сощIри, сыгуфIэу сыкъокъу, ауэ дэнэт, зы хьэлъэ бэлыхь гуэрым фIэнащ. ИкIи къыфIэкIыркъым, зыфIэнари къысхуэгъэхъейркъым. СщIэнур сыт? ПщIэнтIэпсыр къызэкIуауэ щIилъафэ къунтхым сыздыкIэлъыIэбэм, си щIыбымкIэ зыгуэр къызэIунщIами ярейуэ, си лъакъуэ лъэныкъуэр ятIэ цIанлъэм щIоцIэфтри, псым сыходжэразэ. Си макъ къызэрихькIэ сокIий: «Мамэ, уэ мамэ мыгъуэ, ма-а-мэ!»

Мылым хуэдэу си пкъым зыхищIэ псы щIыIэм зэуэ сегъэдий, нэпкъым сыкъыдэкIуеижыну сыт хуэдизкIэ сыпымылъами, зи, къызэхъулIэркъым. КIиинымрэ гъынымрэ си макъыр ирахащи, къикIыжиIарэ?! «Емынэ мыгъуэм щхьэ сызэрихуат? Мы псы щIыIэжьым нобэ сыхэлIыхьу, бдзэжьей Iусу сыкIуэдыжыну ара?» Си щхьэм фIэкIа псым къыхэмыщыжрэ слъагъужи схузэфIэкIыжи щымыIэу, си пIэм сидиихьауэ, Iэуэлъауэ къызэхызох.

– Уэ цIыкIура зи макъ зэхэсхар? – жиIэу, зы лIыжь нэпкъыщхьэм къытеуващ.

ЖысIэнуми сыхунэмысу, лIыжьым и лъакъуэхэр щIэмыцIэнтхъун хуэдэу нэпкъым къытет жыг лъэдакъэм пэщIигъакъуэри, си IитIыр иубыдащ. Арати, сыкъыхелъэфыж, сундэрэщхъуарэ мы екIуэкIхэри сыти схузэхэмыхыжу. ЛIыжьым псалъэ лей къыхимыгъэкIыу, кIагуэ дыта щыгъыр зыщихщ, къызишэкIри, жыг лъэдакъэм сытригъэтIысхьащ.

Си Iэпкълъэпкъым мылу къыкIэрыпщIэ щыгъын псыфым слъэмыкIыу си дзэхэр зэтрагъауэ, си лъакъуитIыр пыдиикIащи, зыри зыхащIэжыркъым.

– Сытщ жыпIа-тIэ, хъыджэбз цIыкIум мыбдеж щыпщIэр? Щхьэ мыбы укъэкIуа уи закъуэу? – лIыжьым и упщIэхэр зэкIэлъегъэпIащIэ. Ауэ абыхэм жэуап зарестын къару сэ а дакъикъэм къысхуэгъуэтыркъым. Дакъикъэ бжыгъэкIэ зыри жызмыIэу сыщыса нэужь, ар езыр къызэрызэпсэлъари сщыгъупщэжа щIыкIэу, хуэм дыдэурэ къыдэсшейри, си пащхьэм къис лIыжь лъагъугъуафIэм сеупщIащ:

– Уэ ухэт? Дэни укъикIа?

Асыхьэтым лIыжьым и щхьэр къиIэтри, си напэм

гуапэу Iэ къыдилъащ, апхуэдэ упщIэхэм я жэуап къыщыслъыхъуэн хуейр уи дежт, жыхуиIэ щIыкIэу.

Сэ си цIэр Мухьэрбэчщ, бдзэжьей ещэныр сфIэфIщ. Аращ мы щIыпIэхэм нышэдибэ сыкъыщыхутэнми щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Ауэ мыбдеж дыдэм сыкъэзышар уэ цIыкIум уи кIий макъ зэхэсхарщ.

– Сэри сфIэфIщ бдзэжьей къэзубыдын, сфIэфIейщ, ауэ зэикI си дэлъхум сыкъыздишэн идэртэкъым. Уэ ухъыджэбз цIыкIущ, абы щыпщIэн щыIэкъым, жиIэрт. Абы къыхэкIкIэ, мис, нышэдибэ...

Си макъ кIэзызым гу лъызыта лIыжьым сыкъигъэувыIащ:

– Куэдщ, гурыIуэгъуэщ псори. НтIэ уэ мыбы укъызэрыкIуам уи адэ-анэм зыри хамыщIыкIыу ара? Дауи, абыхэми ар къыпхуадэну къыщIэкIынукъым.

– Сэ зыми ямыщIэу сыкъыдэкIащ нышэдибэ жьыуэ. Ауэ сэ иджы гъуэгур къысхуэцIыхужынукъым.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, мыдэ уи лъакъуэ цIыкIухэм щIыIэIейр зэ яхэкIмэ, къэдгъуэтыжынкъэ гъуэгури, уахуэсшэжынкъэ уи адэ-анэми.

– Сэ Iейуэ ахэр къызэшхыдэнущ.

– Абы щхьэкIи уигу умыгъэныкъуэу, мыдэ сэ къызжеIэт, хэтхэ уащыщ, уи адэм и цIэр сыт?

Сэ занщIэу лIыжьым жесIащ си адэм и цIэмрэ ди унэцIэмрэ.

– Уи адэри фIы дыдэу соцIыху, тIасэ, уигу цIыкIури умыгъэгузавэ, сэ зыри къыбжезгъэIэнкъым, – жиIэурэ, лIыжьым си гур фIы къысхуищIырт, уеблэмэ а псалъэхэм си Iэпкълъэпкъ псом хуабагъэ къыхалъхьэжырт.

Псори зэхэту къэплъытэжмэ, дакъикъэ тIощIым нэсми арат а лIыжьымрэ сэрэ нэIуасэ дызэрызэхуэхъурэ, ауэ а зэман мащIэм сэ зыхэсщIат ар икъукIэ зэрыцIыхуфIыр, занщIэуи си гур кIэрыпщIат. Си щхьэр къыдэсхьейуэрэ, лIыжьым и нэгу зэлъыIухам, угъурлыфэм сыщиплъэкIэ, си нэгу къыщIэувэр зыт: зэи сымылъэгъуа си адэшхуэр псэууэ сиIэжатэмэ, мыбы и ныбжьынут иджы, шэч хэмылъуи, мыпхуэдэ гу щабагъэрэ псэ къабзэрэ иIэнут абыи. Сэ абыхэм сегупсысу, езы лIыжьым и IэгушхуитIым си Iэ ундэрэбжьахэр икIуэдыхьауэ схуигъэхуэбэжу дакъикъэ зыбгъупщIкIэ дыщысащ. ИтIанэ сэ абы зыхузогъазэ:

– Мухьэрбэч, накIуэ, кхъыIэ, сышэж!

– Ахьейми усшэжын, си хъыджэбз цIыкIу, накIуэ, дежьэжынщ. Уи лъакъуэ цIыкIухэмкIэ утеувэфыну, хьэмэрэ?..

– Сытеувэфынщ, тIэкIу къэхуэбэжащ, – жысIэри, Аслъэнбэч дадэ къыздэIэпыкъуурэ, зыкъэсIэтыжащ.

ЗыкъыщытIэтыжым, сэ гу лъыстащ дыздэщыса жыгым и къуагъым къуэт пэгун цIыкIум. Абы ит псым бдзэжьей псэуитI хэст.

– Мухьэрбэч, мор уэра зи пэгуныр, бдзэжьейхэри къэзыубыдар уэра?

– Къэзыубыдар сэращ, ауэ абы хэситIыр зейр уэращ, – жиIащ лIыжьым.

Ар щызэхэсхым, нобэ сызыхэта бэлыхь псори зэуэ сщыгъупщэжри, гуфIэгъуэшхуэм сызэщIищтащ!

– Упсэу, дадэ, – жызоIэ.

ЛIыжьым и Iэ лъэныкъуэмкIэ си Iэр иубыдащ, адреймкIэ бдзэжьейхэр зэрыс пэгуныр къиищтащ. Джэду гъэпскIам и теплъэр сиIэу ди унэм ухуэзышэж гъуэгум дытету дыкъыздэкIуэжым, соплъэри, си дэлъхур къытхуэкIуэу къызолъагъу.

Сэ а дакъикъэм си гур къилъэтыным хуэдэу сыкъэхъуат. Си дэлъхум и нэгум кърих губжьымрэ гузавэмрэ сагъэшынат.Ауэ си Iэхэр быдэ дыдэу зыIыгъ лIыжьым сыкъыхудоплъей, абы и гуфIэкIэм сыкъыкъуогушхукIри, жызоIэ:

– Умыгузавэ, зыри къысщыщIакъым. Мы дадэм сыкъригъэлащ, псым сримыгъэтхьэлэу.

Сэ си дэлъхум жесIэжащ си Iуэхур къызэрекIуэкIа псор. Езым, жиIэнумрэ ищIэнумрэ къыгурымыIуэу, зэм сэ къызэплъырт, зэми зи кIагуэр сщыгъ, щIыIэм игъэундэрэщхъуа лIыжьым хуеплъэкIырт.

– Мис, дадэ къызитащ езым къиубыдахэр, накIуэ, мамэ едгъэгъэжьэнщи, Мухьэрбэч ди гъусэу тшхынщ, – жысIэри, бдзэжьей зэрысIыгъ си Iэ лъэныкъуэр си дэлъхум хуэсшиящ.

Зы Iуэху бэлыхьым пэщIэувэу ар ехъулIэныгъэкIэ зэфIэзыгъэкIа лIыхъужьым хуэдэу, си дэлъхумрэ Мухьэрбэч дадэрэ я зэхуакум сыдэту гъуэгу дыкъытеувэжащ. Си гъуситIым гу зылъезмыгъэтэн мурад сиIэ пэтми, си ерыщагъэр сфIытекIуэурэ, лIыжьым къызита бдзэжьейхэмкIэ сеплъэкIырт, апщIондэхуи си гур хэхъуэ мыхъумэ, бэлыхьу нобэ сшэча къомыр зыуи къысщыхъужыртэкъым.

Сэ абы и ужькIэ зэи бдзэжьеящэ сыкIуэжакъым, ауэ бдзэжьей сфIэфIщ. Сшхыхуи, а махуэм къыстехъуахэр сигу къокIыж. А псом ныпым хуэдэу ящхьэщытщ Мухьэрбэч дадэ и нэкIу тхъуэплъ угъурлышхуэр.

## *ДИ ГЪУНЭГЪУМ Я ЖЭМЫЖЬЫР*

Ди гъунэгъум я жэмыр икъукIэ Iэщ угъурсыз гуэрт. Арат абы хьэблэм дэс псоми хужаIэр. Ауэ Iэщыр зей унагъуэм ягу пыкIыртэкъым ар нэгъуэщIкIэ яхъуэжыну. Апхуэдэу ехьэжьауэ щхьэусыгъуэшхуэ Iеи иIэтэкъым щIамыхъуэжым, езыр хуабжьу зэрыгъэшыфIэр мыхъумэ. Пщыхьэщхьэ къэс жэмым зыгуэр пежьэн, ар къахужын хуейт. НэгъуэщIу пщIымэ, къуажэр къызэхэпкIухьыну арат – къыщыщIимыдз щыIэтэкъым. Унэгуу щымыт жэмыжьыр дэни къыщыплъыхъуэ хъунут – бензин игъэхъуапIэм тетуи, тыкуэн бжэIупэм Iутуи, еджапIэ пщIантIэм дэтуи...

И лъэ зытемыувэ щIы кIапэ къигъанэртэкъым. Зэран зэрыхъум къыдэкIуэу, а щхьэхуэфIым дэни къыщилъыхъуэрт ишхын. ДэнэкIэ щыIэми езым и Iыхьэ хэлъу фIэкIа пщIэнтэкъым. Iэщым нэхъыщхьэу хэлъын хуей хьэлми – буунми – хуэхейт. Зэхэпхынутэкъым зы макъ къыжьэдэIукIыу. ЩIэчэ имыIэу жьэгъуашхэрт – хущIыхьэртэкъым.

Зэрыугъурсызырат, лъэпощхьэпоуэ, къуабэбжьабэу зримыхьэлIэрэ имыгъэврэ щыIэтэкъым, уз хуэлъэт. Зэ и лъакъуэм гъущI Iунэ къыхэуарэ ещIэкъуауэу, зэми и бжьакъуэр фIэлъэфарэ лъыпсыр къыпыжу къэкIуэжынт. Сытым хуэдиз бэлыхь дашэчрэт унагъуэм исхэм зи гуэныхь къалъысынкIэ шынэ Iэщым! БэIутIэIумрэ гуныкъуэгъуэмрэ зэи укъабгынэнутэкъым апхуэдэ Iэщ IумпIей уи Iуэм иту. Езым дунейр къыIэщIэужэгъуарэ къэзыгъэщIам хуэмыарэзыуэ, зыхэт хъушэм запыIуидзрэ зей унагъуэми защидзейуэ ихьырт. ПщIэнтэкъым мы дуней псом хьэлъэу щагъэхъейр и фэ дэкIыу, бэлыхьрэ гугъуехьу щIы щхьэфэм щызекIуэр и натIэу фIэкIа.

ХуэнэхъуеиншэущыттэкъымдунеймкъытриутIыпщхьэ и щIэблэхэми. Жэм лъакъуэ шкIэ иукIынкIи зэрыхъунур нэрылъагъу ищIат абы иужьрейуэ щылъхуам. Ебзейурэ, игъэгъущыным и пIэкIэ, шкIащIэ цIыкIур лъакъуэкIэ къыIуидзащ. Жэмыжьым куэдрэ едэхэщIа, еубза пэтми, гурыIуакъым. Щымыхъум, шкIэ цIыкIур хуабапIэм яхьри ягъэгъущащ. И щхьэм и закъуэт абы фIыуэ илъагъур. Езым хуэдэ щымыIэу къыфIэщIыжырт. Псоми зыгуэр фIашхыу фIэкIа пщIэнтэкъым, ар зыкIэ пэбжьауэрти. Уафэгум ит дыгъэм и нурым щыщ кIапэ къэмысым хуэдэт, абы и нэгум дэнэ къыщына, зытеувэ щIым.

Апхуэдэу гурымыкъыу, мэз джэд хьэл хэлъу щытми, сыткIэми, зыгуэркIэ къыдихьэхырт, къигъэпцIэ-

фырт унагъуэм исхэр псори. Вындыпэ иIыгъми ярейт. Пэжщ, дапщэрэ тебга, техъущIыхьа, уеблэмэ удын ирагъэхьа апхуэдэ хьэл мыхъумыщIэ къомым языхэз нэхъ мыхъуми зыхинын я гугъэу. Ауэ зыри къикIакъым – къыдалъхуа хьэлу къыщIэкIащ псори. Зэман дэкIауэ унагъуэм хъыбар къаIэрыхьащ а псор ар къэзылъхуауэ щыта и анэм къыхуигъэна хьэлу. Ар зэрызэхахыу, абы и шкIащIэ цIыкIум унафэ тращIыххьын щIадзащ. Псори зэдэарэзыуэ къытеувыIащ жэм IэщынкIэ абы ущыгугъ зэрымыхъунум, атIэ и ныбжь нэсмэ, яукIыу, ящэну. Псэууэ зыми урихуэупсэ хъунутэкъым апхуэдэм. Ауэ езы жэмыжьым иращIэнурат къахуэмыщIэр. Гупсысэр куэдымкIэ яIуэнтIащ, къэрагъэкIэрэхъуэкIащ, икIэмикIэжым увыIэжащ. ПсэкIэ зыхащIэу къыщIэкIынт жэмыжь тхьэмыщкIэр и хьэл мыхъумыщIэм зэрытекIуэдэжынур.

Аращ къэхъуари. Бензин игъэхъуапIэм пIащIэу телъадэ машинэр къыжьэхэуэри, и пIэ къикIакъым. Машинэм исам гузавэу сэ къриха щхьэкIэ, жэмыжьым и Iуэхур зэфIэкIат.

Щхьэж и къэкIухьыпIэ и кIуэдыжыыпIэщ, жи. Ярэби, мы Iэщым и щхьэм кърикIуам дерс хахамэ, сыту фIыт, язынықъуэ цIыху щхьэрыутIыпщ-щхьэзыфIэфIхэми!

## *СЫХЬЭТЫМ ЗЭМАНЫР ПЕБЖЫКI*

Щымщ дуней псор. Бадзэ щыдымкъым ихъуреягъкIэ. Нэщхъеифэщ щхъуантIагъэкIэ гъэнщIа жыгхэри щхъуэкIэплъыкIэу зэщIэгъэгъа удз къомри. Нэбэнэушэм хэтым хуэдэщ уафэгум къеплъыых дыгъэри. Хуабагъэу къыпкърыкIыр щIы щхьэфэм къэмысым ярейщ. Бзуубзэ макъри къиIуэжыркъым тхьэкIумэм. Псоми зыдащI хуэдэщ зи нэщIащэхэр щIэуэжауэ гъуэлъыпIэм къыхэплъ хъыджэбз тхьэмыщкIэм. Блыным фIэдза сыхьэтырщ а Динэ плъапIэу иIэр. Дэни нэс, зыри къызыщымыгъупщэ ажал IэубыдыпIэншэр сытым щыгъуэу пIэрэ хъыджэбзым и пэшым къыщIыхьэу, чэзуи марди зымыщIэ а хьэщIэ жагъуэм Динэ гъусэ ищIу щежьэжынур? Мазэм нэблэгъащ ерыскъыкIэ узэджэ хъун хъыджэбзым и джий зэремыхыжрэ. И фэр пыкI-пыхьэу екIуэкI зэпытми, ар зыщIэлъ пэшым зыри щIэмыхьэмэ, нэхъ къещтэ. И жагъуэщ щIэупщIакIуэ къыхуэкIуэIауэ. Уеблэмэ абы къигъэщIа илъэс тIощIрэ зым ади, шыпхъуи, дэлъхуи, ныбжьэгъуи – сыти хуэхъуу къыдекIуэкIа, чэнджэ-

щэгъу нэсу къыбгъэдэта и анэ закъуэр къыщхьэщыту илъагъуну хуейкъым. И псэ хэкIыгъуэр зыми къамыщIэмэ, къытемыгуIэIауэ екIуэкIмэ, нэхъ къещтэ. Зэпыу имыIэу и нитIым къащIэж нэпс къытелъадэм исащи, нэкIущхьитIыр къыпхуэщIэжынкъым Динэ ейхэрауэ. Езыри фэмрэ къупщхьэмрэ къахуэнащ. Лъынтхуэхэм къайхьэлъэкIыпэу щызекIуэ лъыр уолъагъу.

Зы мыгъуагъи зы гуIэгъуэ Iеи щыIэкъым, сынокIуэ, жиIэу, абыкIэ хъыбар къуигъащIэу. Ауэ, зыми зыкIи емыщхьу, езым и хьэл хэха иIэжщ мы ди Динэ тхьэмыщкIэр мыпхуэдэу зышха уз мыгъуэжьым. Абы, ихъу-илъу щымыту, хуэму, щабэу, уэим пщIыни ущIэгузэвэнышхуи хэмылъ хуэдэу зыкъригъащIэу щIидзащ пасэу. Илъэс и пэкIэ гу лъатащ хъыджэбзым гукъыдэжышхуэ имыIэж,ерыскъыри моуэ нэхъ щымыкIуэж хуэдэу хъуауэ. Ауэрэ еджэнми и гур хэмыхьэж, дунейми иджы и нэ къыхуимыкIыжыщэ хуэдэу гу лъатащ. А псор зылъагъу и анэми гузавэ къиищтащ. Зэман дэкIри, и анэ тхьэмыщкIэм и мызакъуэу, нэгъуэщIхэми гу къылъатэ хъуащ. Зыхуахьынур ящIэртэкъым ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм Динэ и зыхъуэжыкIэр. Ахэр есат Динэ сытым дежи махуэщIэм гъащIэщIэм хуэдэу пежьэу, Iэщхьэлъащхьэ дэхьеякIэ сыт хуэдэ Iуэхуми пэрыхьэу. Иджы къагурыIуэртэкъым пщащэр нэрылъагъуу зыгъэужьыхыр. Япэхэм ар тепсэлъыхьырейт зыхуеджэ IэщIагъэм фIылъагъуныгъэшхуэ зэрыхуиIэм, хъуэпсапIэ зэхуэмыдэхэр гъащIэм зэрыщиIэм. ФIэщхъуныгъэшхуэ хэлъуи а хъуэпсапIэхэм хуишэщIырт и дамэхэр. Зыхуеджэри IэщIагъэм я нэхъ дахэрт – дохутырырт. Дохутырт и анэри. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ абы и нэ къыхуикIырт и анэм и IэщIагъэр езыми зригъэгъуэтыну. Псэ хьэлэл, гу къабзэ, цIыхугъэ куу, гущIэгъу мыкIуэщI – а псор зыдилъагъу и анэм и лъагъуэм ирикIуэным щIэхъуэпсырт.

Зи дуней тетыкIэм зихъуэжа, гъащIэм пшагъуафэ езыплъын щIэзыдза Динэ и щытыкIэм Марят гужьеяуэ кIэлъыплъырт. Арат, а зы закъуэрт, анэм гугъапIэу гъащIэм къыщыхуэнар. Динэ дунейм къытехьат сабий зеиншэу. Абы и адэ-анэм унагъуэ зэраухуэрэ мазитху фIэкIа мыхъуауэ, и адэр машинэ фэбжькIэ дунейм ехыжат. Марят и япэри и яужь сабийри Динэт. И пщIыхьэпIэ къыхигъэхуэнтэкъыми абы нэгъуэщI иIэнуи. ХузэфIэкIынутэкъым ар. Мы дуней псом абы фIыщэу щилъэгъуар зы цIыхухъу закъуэт, зи гъащIи сыти – псори зытриухуар арат. Абы дигъуэта хъыджэбз цIыкIур мылъхуадэ щIыIэм сыту къыщIимыгъэтаджэрэт, зэхэ-

зедзэну къимыгъэхъурэт! НысащIэ тхьэмыщкIэм и щхьэгъусэр щыIэщIэкIам къыщыхъурт дуней псор теплъаджэу, фIэигъуэт езыри абы кIэлъыкIуэжыну. Ауэ дунейм къытехьэну сабийм егупсысурэ, зыкъыIэщIиудащ, къыпхрыкIащ зэман хьэлъэм – зэгуэр псори я пIэ изыгъэувэжым.

Иджы къызыхэхутар нэхъ шынагъуэжи, нэхъ Iеижи къыIэщIэлъагъуэр, и нэгу щIэт зэпыту зыгъэпсэур! Сыту Iувыщэ цIыхуфэр, армыхъуамэ, дауи къела анэр и хъыджэбз закъуэм пкърыт узыфэр шынагъуэм и шынагъуэжыр ару къыщищIам – лышх бзаджэр къеуэлIауэ къыщахутам?! ЩIыIэ-щIыIэу анэм и гум къыщыкIи къэхъурт, зи цIэ ирамыIуэ а узыфэ Iейра мыгъуэу пIэрэ, жиIэу. Ауэ а гурыщхъуэ бзаджэр зэуэ зыщхьэщихужырт. И кIуэцIыкIыщIэм зыкъыдигъазэрт, апхуэдэ гукъэкI щищIкIэ. ХузэфIэкIамэ, анэм ар и гу лъащIэм щыщIитIэжынт, къэгъазэ имыIэу. Ауэ псэхугъуэ къримыту зиукъэбзырт, зы Iэмали хуимыгъуэту зыфIишэщIырт а гупсысэ IэубыдыпIэншэм. Ефи ешхи имыIэжу, чэф пэлъытэу, и жей фIэкIуэдауэ щхьэщыст дуней зытетым нэплъэгъуэу щиIэ закъуэм. Езым и псэр щIитын жыхуэпIэр ауэ къызэрыгуэкI Iуэхут иджыпсту анэм дежкIэ. КъеплъэкI имыIэу хыхьэфынт мафIэлыгъейм, псы щIэншэм.

Зыщхьэщыс ныбжьыщIэм щыIуплъэкIэ, зэм-зэмкIэри игу къокI абы и узыфэр езым къыпкърыкIауэ, хуэмысакъауэ дунейм къыщытемыхьэм. Анэгум къыщимылъэтыхь щIыналъэ къанэрэ, зыдэмыущыхь къуэладжэ щыIэ?! Динэ и хъуэпсапIэу щыта гупсысэхэм анэр зыщIаубыдэрейщ: «ЕджапIэр къэзухмэ, сыхуейкъым зы махуи пщIэншэу згъэкIуэдыну. А зы махуэри уасэншэщ зи псэм уз къеIэ сымаджэм дежкIэ. Сыхуейщ дохутыру седжэу цIыху нэхъыбэм сэбэп сахуэхъуну. Уэ укъэзгъанэу, мамэ, си фIэщ хъуркъым зэи сыдэкIуэфыну. Дауэ уи закъуэу укъэзгъанэу... Сэ зэи сыхуэбгъэныкъуакъым уи хуабагъэ. Уэращ псори къызэзытар. Уэ зы закъуэрщ».

Анэмрэ пхъумрэ мычэму яку къыдэхъуэ апхуэдэ псалъэмакъым Марят зыщыгуфIыкIыни зыгъэпIейтеи хилъагъуэрт. Анэр иримыгузавэу къанэртэкъым Динэ зэи дэмыкIуэну, унагъуэ иIэну езым щхьэкIэ къэнэнкIэ хъуну зэрыжиIэм. Хэт къыщIэмыупщIэми, къемыпсалъэми зыри зытригъэхьэртэкъым. Езым и щыпкъагъэм, и Iэдэбагъэм дихьэх дэтхэнэри IуигъэкIуэтырт. ГущыкI яхуиIэм хуэдэт дунейм цIыхухъуу тетым. Аргуэрыжьти, анэрт удын хьэлъэ зытехуэр. ГъэщIэгъуэныракъэ, и щхьэм хуихьыжырт мыгъуагъэу и пхъум

дилъагъур – фызабэм и кIэ къуагъым къуапIыкIам, адэ жыхуаIэм и IэфIагъ зымылъэгъуам ар дыдэр и щхьэ кърикIуэжыну пIэрэ? Хьэмэрэ сэ къызимыгъащIэу лъагъуныгъэ бзыщIа и гум щиIыгъыу ара? Апхуэдэ гупсысэхэм Iэджэрэ хэджэрэзыхьащ анэпсэр. Ауэ иджы сыт абыхэми къарыкIыжыр?!

Сымаджэ хъуам ухуэщхьэпэныр, узыфэ зэхуэмыдэхэм цIыху Iэпкълъэпкъыр пэIэщIэ хуэпщIыныр, цIыхупсэр шынагъуэ щхьэхуэхэм къебгъэутIыпщурэ, гъащIэм къыхэпшэжыныр – а псор зыхузэфIэкIым сыт хуэдэ щытхъури хъуэхъури хуэфащэкъэ! Абы илъэныкъуэкIэ Динэ и анэм хуагъэIуа хъуэхъу къомым языхэзыр нобэкIэ къыхуэщхьэпамэ, и хъыджэбз закъуэр фIыцIагъэ бзаджэм къыхэша хъунымкIэ дэIэпыкъуэгъуу къыщIэувэжамэ, аратэкъэ! Ауэ ди щхьэщыгу итым и гулъытэм ухэмыхуамэ, адрей псори щхьэгъэпцIэжкъэ.

Марят щхьэщысщ и хъыджэбз закъуэм – гъащIэм и IэфIи и дыджи зыхэзымыщIам. Сыхьэт увыIам хуэдэу къиж и нитIырщ гу зылъыптэу Динэ и Iэпкълъэпкъ псом къыхэнэжар. Абыхэми я нурыр ужьыхащ, хъуаскIэбэу гъэнщIауэ зэгуэр щыта нитIыр ахэрауэ пщIэжынкъым. Хэти щыгъуазэ Динэ и нэвагъуэхэр зэрымыблэжрэ нобэ махуэ плIыщI зэрырикъум, игъащIэ псокIэ къызэрабгынам?!

Хъыджэбзым и иужьрей нэпсхэр ужьых нэкIущхьэм щхьэхынэ–щхьэхынэу къытолъадэ. Анэ тхьэмыщкIэр нэмэзлыкъым тесщ, гъэмахуэ дыгъэм унащхьэм зыкъуегъапщкIуэ, удз гъэгъахэм щхьэгъубжэ лъабжьэм зыщаудыгъу. А къэхъу псом Iуэху лъэпкъ хузимыIэ блын сыхьэтым зэманыр пебжыкI…

## *УНАГЪУЭ ДАХЭ*

Гъэмахуэ дыгъэр гуапэу къодэхащIэ и нэIэ тету и лъабжьэм щиIыгъ псоми. Зэхуэдэу ятопсэ псыми, мэзми, тафэми, цIыхухэми, абыхэм къегъэщIылIахэми. ЯхуэгумащIэщ, яхуэнэхъуеиншэщ. ЕщIэ – езыращ псэуэ япытыр. Аращ апхуэдизу ил ящIэуз зэпыту щIекIуэкIри. ЩIым IэфIыгъэу, гуапагъэу, дахагъэу бгъэдэлъ псори абы и фIыщIэщ.

Дыгъэмрэ щIымрэ яку дэлъ хуабагъэр, дахагъэр, IэфIыгъэр мыкIуэщIщ, хъуэпсэгъуэщ. ГуащIэIуэу тепсарэ ятехьэлъауэ къыщыхъужамэ, тIуми я ныбжьэгъу нэс уэшхыр напIэзыпIэм къосри, занщIэу щIым еубзэу, егуэпэкIыу щIедзэ. Лыгъей мафIэу зэщIэна и лъыр егъэ-

упщIыIуж, и уIэгъэ псори егъэкIыж, нэплъэжыгъуэ ирегъэгъуэтыжри, и гъуэгу тоувэж. ЩIыр а и ныбжьэгъум пэIэщIэу куэдрэ псэуфынукъым – къызэгуэчыни и гущIэ лъапсэр, къызэпычыни лъынтхуэу хэлъыр, къытеункIыфIэни и дуней псор. Ар щыщIыгъум и хьэмтетыгъуэщ, и гуфIэгъуэшхуэщ – и гум жьы дехуж, и псэр къощIэрэщIэж.

Дыгъэмрэ щIымрэ куэдкIэ ещхьщ фIылъагъуныгъэм псэгъу зэхуищIахэм. Уэшхыр а тIум фIыкIэ къахуэупсэ ныбжьэгъуфIу фIэкIа пщIэнкъым. Къахуэгуапэщ, я зэхуаку къыдэхъуэ псом папщIэ гуфIэ нэпс щIигъэкIыу, яхуэхъуахъуэу къадокIуэкI.

ЩIылъэ-анэмрэ абы къыщIэхъуэ щIэблэмрэ къатеубгъуауэ, нурыбэкIэ къахуэупсэу къащхьэщытщ. Абы и бзий IэфIым зыхэзыгъэпскIыхь и щIэблэри зэи IейкIэ тепсэлъыхьыркъым. Дапщэщи и жыIэм щIэтщ, и щхьэр лъагэу щIилъагъужын защIэу и гъащIэр ирагъэхь. И унагъуэ хъуэпсэгъуэм щытеплъэкъукIыр зэзэмызэххэщ, ари Iэмалыншагъэм къыхэкIыущ. Абы щыгъуэми хъумакIуэ нэс къахуегъанэ – зэм дыщафэу зыщехуэпыкI, зэми нэр телыдыкIыу хужьыгъэкIэ щIегъанэ. Хэт апхуэдиз дахагъэкIэ упсыхьауэ уи жагъуэ къэзыщIыфынур, пхуэмыфащэ къозыпэсынур!? Зыми ирикуфынукъым.

И бынунэм щапэIэщIэми и щIыб къахуигъэзащэркъым абыхэм – къакIэлъыплъ, къахукъуэплъ зэпытщ. КъарегъащIэ жыжьэ зэрыIумыкIар, ауэ езым ищхьэжкIэ щызекIуэ хабзэр зыубзыхум и IэмыщIэ зэрилъым папщIэ, пIалъэкIэ къэтын хуейуэ зэрыщытыр. Сыт ищIэн? ЩIэмытыну хуиткъым апхуэдэ унафэм.

Мылъку, фIыгъуэ къизыхьэу зекIуэ къикIыжам гуапэу, я гум къэкIауэ, и макъ, и теплъэ хуэлIауэ къезыгъэблэгъэж унагъуэм йогъэщхь, щIылъэмрэ абы тетхэмрэ гъатхэ дыгъэм пежьэу щыплъагъукIэ. Хъуэпсэгъуэу, унэм щымыщ къихьам хуэдэу, хьэщIагъэ кIэлъызэрахьэу ирагъэблэгъэж.

ЩIэщыгъуэу, IэфIу яIэ псори хузэблах, зыщамыгъэнщIу яхузэфIэкI псомкIи йогуэпэкI, ягъафIэ. Езыри ятеубгъуагъэххэщи, я гуфIэгъуэ псори ину ядеIэт, дрехьей, кърехьэх.

ЗэдобжьыфIэ, зэдощIэращIэ, зэдогъагъэ, зэдопщIыпщI зы хъужа унагъуэшхуэр. Зэнэзэпсэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу, уахътыншэрэ берычэтыбэу зэдопсэу.

## *УПІАЩІЭМЭ, УОГУВЭ*

Пщэдджыжьым зэрежьам куэдкIэ елъытауэ къыщIэкIынщ махуэри зэрепхьэкIынур. СыпIащIэу автобус къэувыIэпIэм сыкъыхуэкIуа щхьэкIэ, сызэрытIысхьэну машинэм дакъикъэ тIощIым нэблагъэкIэ сызэпигъэплъэжащ. Сызыпэплъар езыр сыт хуэдэ жыIэт – цIыху пщыкIущ нэхъыбэ зэрымытIысхьэн хуейуэ ягъэува мардэм апхуэдиз дыдэкIэ щIрагъэгъуарэ лъакъуэ гъэувыпIэ щумыгъуэту.

АтIэми,симытIысхьэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Хъунутэкъым сыздежьам си лъэр нэзмыхусу. Илъэсым нэблэгъауэ сызыпэплъэ Iуэхугъуэшхуэм и натIэ хъунур зэлъыта тхылъымпIэ кIапэхэр зыгуэрым лъэзгъэIэсын хуейт. Сытми, си лъакъуэм япэ си щхьэр здисшия машинэм зызогъэзагъэ.

СыздитIысхьам, нэхъ пэжыр жыпIэмэ – сыздиувар, хэт нэщхъкIэ къызопэбжьауэ, хэти сэ субыда увыпIэр яфIэкуэдрэ, сызэIурагъэлъэдэну къызжьэхоплъыхь. Сэри, зыгуэрым си зэран езгъэкIауэ къысфIэщIыжащи, си щхьэр езгухауэ зызопIытI, зызохуз.

ТIысыпIэ зыгъуэтахэм нэхърэ зэфIэунтIыIуарэ къэгъэшыжауэ щытхэр куэдкIэ дынэхъыбэт. Гъэмахуэ дыгъэри, абы нэхъей, жьэражьэрти, ди нэкIущхьэхэм псыхьэлыгъуэр арижэрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, жьы дэхупIэу иIэр тIысыпIитI иубыдрэ жыпIэу IутIысхьа цIыхубз тхъуэплъышхуэм сэ ситIысхьэн ипэ игъэгъэбыдакIэт, и тэмакъым гъэмахуэ шылэм щIыIэ еуэкIыу щиубыдыкIыу фIитхъыну Тхьэ щиIуэжри.

Мыдрейхэм абы жиIа «тIэкIум» иращIэкIа псалъэмакъышхуэм псори ди щхьэ щIыб дыдигъэдзэжауэ дыкIуэрт. Езым къыфIэIуэхуххэртэкъым ихъуреягъкIэ щекIуэкIыр, пщIэнтэкъым зыгуэркIэ и Iуэху хэлъуи,ауэ дыхьэшхын си Iуэху мыгъуэт сэ. Вакъэ зэв ирагъэувэу дуней псор зи щIыб къралъхьэжа нэхъей, тхышэ сыхъужауэ зы лIышхуэ гуэрым и щIыб сыдэбэмпIыхьырт. «Щхьэ мыгъуэ сыкъихьат мыбы!» – жысIэу, аркъудейри сигу къэзгъэкIыну си Iуэхужтэкъым апхуэдиз бэлыхь щыстелъ дакъикъэм: си тхылъымпIэ напэхэр зыIэрыхьапхъэм и чэзум лъэзмыгъэIэсмэ, сыкъэсыжауэ убж хъунут. Мыбы иджыпсту къыщекIуэкIхэри щызгъэвхэри зыми щыщтэкъым, абы кърикIуэнум елъытауэ. Хьэуэ, сэ езым си щхьэкIэ си Iуэху зэблэункIэ зэрыхъунури аратэкъым мы екIуэкI псор сщызыгъэгъупщэр. АтIэ си псалъэ сепцIыжауэ, ар дыдэмкIи нэгъуэщIхэм си зэран екIыжауэ къыщIидзынкIэ хъунути арат. Абы нэхъ Iей

сыт щыIэ – уэ уи зэранкIэ нэгъуэщIым и хъуэпсапIэр къемыхъулIэну. Сэ езым зыпэсщI щыIэкъым пэжыгъэр. Си хамэ дыдэу щытми, гулъытэншэу къысхуэгъанэркъым жиIа псалъэм тебгъуэтэж цIыхур. Iейщ, фIыщ, жысIэу языхэзми схутеубыдэркъым а сщIэр, ауэ куэдрэ гугъу сыдохь ныбжьэгъугъэм къызэщIезгъэубыдэ мыхьэнэм и зэщIэкъуэжыным. Ар сохьри цIыхугъэм япэ изогъэувэ. Уеблэмэ мы дунеижьыр къызэтемыщахэу зэтезыIыгъэу ялъытэ лъагъуныгъэми япэ сфIощ. Дахагъэу, гуапагъэу, пэжыгъэу, нэхугъэу, гулъытэу цIыхум къыбгъэдэкI псори абы кIэрыспхэну сыпылъщ. Абы лей къытумыгъэхьэ, хуэпэж, уемыгуауи, еплъыт къарурэ зэфIэкIыу къыпкърыкIым, гушхуагъэрэ фIэщхъуныгъэкIэ узэрипсыхьым! УкъытриIэтыкIрэ дамэ къыптригъакIэу, уафэгум ухуриджэу уимыгъэпсэумэ, си Iуэхущ!

Километр щэ ныкъуэм щIигъу гъуэгуанэр, сытми, къызэднэкIри, Налшык дыкъэсащ. Зы цIыху закъуи зыщIыпIэ деж щимыкIыу автобусжьеижь цIыкIум дигуауэ ди псэр къэтлъэфэсащ. Зы нэхъ мыхъуми гъуэгум щикIамэ, ари хъарзынэтэкъэ?! Ауэ хъарзынэкIэ узэджэ хъужыну щIагъуэ къытхэмытыжу дыкъэсауэ дыкъикIын хуейщи, хэт хъеижыркъым, хэти и бгыр а къызэрышауэ къэнащи, тхьэусыхафэр игъэшурэ, и щхьэр кърех. ЖыпIэнурамэ, щысаи, щытаи – зыри тыншу къикIакъым машинэм. Уеблэмэ зы цIыхубз гуэрым уасэ ныкъуэм фIэкIа имытыну къиIэта псалъэмакъыр куэдым даIыгъ щыхъум, уаситI хуэзэми, зэ мыр къэзбгынэмэ, нэгъуэщI сыхуэмейуэ, си щхьэр къахэсхащ.

СыздэкIуэн хуейм екIуалIэ машинэ сежьэу сыщыт хъунутэкъыми, такси ситIысхьащ. Апхуэдабзэуи псынщIэу унэм сынэсыжын хуейт. СыгувэнкIэ Iэмал имыIэу, Iуэху пIащIэгъуэ къыщыспэплъэрт сыкъыздикIамкIи.

Дакъикъэ плIыщIым нэблагъэкIэ къуажэм сыкъызэрикIа машинэм щыстелъа бэлыхь псори тIэкIу сIэщIэхужауэ, сист таксим, адыгэ макъамэ щабэм седаIуэрэ мащIэу егъэжэха щхьэгъубжэм къыдиху жьы къабзэр си гум къегуэпэкIыу. ЗэкIэ тыншыгъуэт, жэнэтт. Хэт игъащIэм жаIэуи яIуатэуи зэхиха жыхьэнмэмрэ жэнэтымрэ я зэхуаку дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа дэмылъу?!Сыхьэт иримыкъу ипэкIэ жыхьэнмэ мафIэм щыщ хъуаскIэхэр къызаутIыпщым хуэдэу, гузэвэгъуэм сиукIамэ, иджыпсту жэнэтбзухэм я макъ си тхьэкIумэм къиIуэ хуэдэщ, я пшыналъэм си псэр хэджэрэзауэ къысфIощI...

Зэманыр щыдахэм улъэщIыхьэркъым. НапIэдэхьеигъуэу фIэкIа къысщымыхъуу сыкъэсащ сыздэкIуэм.

ЗанщIэуи куэду зэтет унэшхуэм хуэзунэтIащ, зи бэлыхь сиукI тхылъымпIэ напэхэр сIэщIэлъу.

СыщымыпIащIэхэм етхуанэ къатым зыуи къысщымыхъуу, лъэсу сыдэкIуейрт. Ауэ нобэ си лъакъуэхэм яхэта хуэш зэкIэлъыпытхэм а сызэрыпIащIэр яхэслъхьэжри, лифтыр къезышалIэ «щIыIу» цIыкIум си Iэпэр хуэсшиящ. ЗэрылъэIэсыххэуи, сэр фIэкIа Iуэху имыIэми ярейуэ, бжэр къызэIукIри, сыдрихьеящ. СызыщIыхьэну пэшым и бжэм сытеуIуэну зыщызгъэхьэзырым, псалъэмакъ зэхуэмыдэхэр къызэхэсхащ. Си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэрат. Ахэри сэ схуэдэу тхэным, литературэм дихьэхырт. Зи макъхэм фIыуэ сыщыгъуазэ гупыр зыщIэс пэшым и бжэм сытемыуIуэу Iуспхъуэтри, сэлам гуапэкIэ сахыхьащ.

ТIыс, жаIэу къысхуагъэкIуэта шэнтыр, хуабжьу сызэрыпIащIэр сигу къэзыгъэкIыжар, IузгъэкIуэтыжащ.

– Хьэуэ, сопIащIэ, псынщIэIейуэ сымыкIуэжу хъунукъым, – жысIэурэ тхылъымпIэхэр ди литературэ хасэм и унафэщIым и пащхьэм ислъхьащ.

–УмыпIащIэу дэ тлъагъун, ди щхьэщыгу итым илъэгъуакъым, – жеIэ абы – Iэжьэкъур иумыч мы гъэмахуэ гущIыIум, моуэ зэ етIысэх.

Сэ ахэр зэхэзмых зысщIу блэзгъэкIын си гугъами, къызэхъулIакъым. СщIэрт икIи сыхуэхьэзырт апхуэдэ гуэрхэм. Ауэ ахэр сытым щыщыт, си Iуэху лъэпкъ хэмылъу нобэ си тхьэкIумэм игъэвахэм елъытауэ. Апхуэдэу жызыIэм си жагъуэ къызэримыщIыфынури сыкъызэрыгурыIуэнури сщIэрт. Зэтэкъым, тIэутэкъым ар чэнджэщэгъуфIу къызэрыскъуэувар, си мурадкIэ, си IуэхукIэ сэбэп къызэрысхуэхъуар. Си закъуэтэкъым абы и сэбэп зригъэкIыр, атIэ езыр зи унафэщI ди литературэ хасэм къекIуалIэ дэтхэнэми я хъуэпсапIэ куэдыр нэрылъагъу къащищIт. Куэдым куэдкIэ сэбэп яхуэхъурт. Абы щыгъуэми, фIыщIэ леи гулъытэ хэхаи мылъыхъуэу.

– АIей, нобэ сопIащIэ. Пэж дыдэу, зы сыхьэт хуэдэкIэ унэм сыкъыщымыхутэжу хъунукъым, – къедаIуэ щымыIэ къысфIэщIми, си псалъэхэр къызопхъ.

– «Алыхьым жиIэмэ» жыIэ, нэгъуэщI мыхъуми, – и нитIым къыщIэгуфIыкIрэ, жыпIэу, къысхудоплъей зи пащхьэм ситыр.

– А жыхуэпIэм ущIэкIыжакIэу щытын хуеящ уэ, – къыподыхьэшхыкI, гуфIэу, дыхьэшхыу, гушыIэу дунейм тетын хуейуэ къигъэщIа къыпфIэщI Аминэ.

– Сэ мыгъуэ Iэджи вжесIэжынут, Iэджи сфIызэтрихьат, ауэ нобэкъым, сопIащIэ, – къыпызощэ сыкъызэрыщIыхьэрэ згъэкIэрахъуэ псалъэм.

– Мыпхуэдиз «сопIащIэм» пыкIи, уи гъуэгу хэгъэщI. КIуэ, бэрэжьей дызыхуэкIуэ нэгъуэщI Iуэху пкIэрымыщIауэ укъызэрыкIуэным иджыпсту щыщIэдзауэ и ужь ит, – къэгубжьагъэфэр зыкIи зэмыкIу унафэщIым зыкъысхуегъазэ.

Сытми, тIэкIурэ зызоIэжьэжри, гупкъутэ сохъу: нобэ хасэм и зэхуэсыгъуэтэкъым, ауэ дызэрихьэлIауэ арати, зы гуп дыкъызэрыщIохыж. Лъэсу девгъэхыж, жиIэу Аминэ къыхилъхьа псалъэхэр IэщIэзуду, лифтым сыкъоджэ. Бжэр щызэIукIым, унэтIакIуэм зэрихабзэу, хъыджэбз цIыкIухэр япэ дрегъэщ. Абы хэту зы лIыжьрэ зы щIалэрэ гъусэ зыкъытхуащIыну къыIуохьэ. Зэадэзэкъуэу къыщIэкIынт, зэщхьт.

Ди унафэщIым езым нэхърэ куэдкIэ нэхъыжьу къилъыта лIыжьыр ди ужь къэрегъэувэ. Бжэм зыщызэхуищIыж дыдэм тщыщ хъыджэбз нащхъуэ цIыкIур мапхъуэ, лифтыр къигъэувыIэу ди пашэри къригъэхьэну. Ауэ, сыхьэт мыгъуэм уIууэнумэ, куэдрэт, мыхъейуэ, икIи зэIумыкIыу гъущIыбжитIыр зэIуоуэжри, мэдыкъ. Ухуеймэ, лъакъуэкIэ еуэ, ухуеймэ, щхьэкIэ еуэ, дэ, етхуанэмрэ еплIанэ къатымрэ я зэхуаку къыщыувыIащи, зыщIыпIэ нагъэсу ирагъэувыкIын хьэпшыпым хуэдэу, дымыхъейуэ дитщ.

А дакъикъэм сэ сыдыхьэшхынрэ сыгъынрэ нэхъ текIуэр щысхузэхэмыгъэкIым, тIуми зыри къызэрысхуамыщIэфынум тезубыдащ. Си гъусэхэри къысхуэгузавэу гу зылъызагъатэ, ауэ си щытыкIэ хъуар тIэкIуи зэрыдыхьэшхэныр яхущIэхъумэркъым. Гъусэ къытхуэхъуа лIыжьри, «мы сыкъызыхэхуа мыгъуэр сыт» жыхуиIэу, къыдэмыпсалъэу, и щхьэр ехьэхауэ зытIэкIурэ щытащ. Дэ дригъэжьэжа и гугъэу зи Iуэху и ужь ихьэжа ди унафэщIым жып телефонкIэ хъыбар идогъащIэ. Дэ абы сыт хуэдэ щытыкIэми дыкъришыжу десат. И щхьэр хилъхьа папщIэ, апхуэдэ утыку Iэзэвлъэзэв зэи дыкъринэнутэкъым. Лифтыр зыгъэлажьэхэм, зи IэмыщIэ илъхэм я лъыхъуакIуэ йожьэ, пIалъэ къыхимыгъэкIыу. АрщхьэкIэ шэджагъуашхэм и чэзути, зыри игъуэтыртэкъым.

ЛIыжьым, къригъэтIэтIэхыу зыкъомрэ щытами, дэнэ укIуэн жыхуиIэм хуэдэт и Iуэхур – ди уэрэдым къемыжьууэ хъунутэкъым. Метр зэбгъузэнатIэм куэдкIэ щIимыгъу увыпIэр зэдэдугуэшт, дауэ щымытми. ЛIыжьми хъыджэбзхэм къыддэдыхьэшхыу щIедзэ.Тхьэм ещIэ къызыхихар, сытми, зэгуэрым бэзэрым къыщищэхуа жэрумэм пхъэупсахуэ къызэрыдэщэщам и хъыбарыр къытхуиIуэтэжри, хуабжьу ди гукъыдэжым хигъэ-

хъуащ. Абы хэту, си жып телефоныр къоуэ. Сеплъмэ, дыкъезыгъэжьэжарат.

– Дауэ фыхъурэ, ей? НэкIуэнущ, хуит фащIыжынущ мыгувэу, – си гъусэхэм я зэщIэвэ макъым тыншу зэхызимыгъэх псалъэхэм: «Хъунщ, упсэу!» – япызодзыж.

Дауи, иджыпсту абы и Iуэхур куэдкIэ нэхъ гугъут, дыдейм нэхърэ. Дэ дапщэщ хуит дыхъужынуми зыкъомкIэ зэлъытар арат. Езым и Iуэху къигъэнауэ ди бэлыхь иукIырт.

ЛIыжьым и гъуса щIалэри къикIукI-никIукIыу тлъагъурт залэ зыдэхуэну къэна дамэдазэмкIэ. Адэри, и щхьэр имыгъеижу дуней хуитым тет и къуэм зэпымыууэ тегузэвыхьырт. ПщIэнтэкъым и Iэпэр иубыду зыгуэрым Iуишыну фIэкIа. Уафэм дэплъей хуэдэ, Iэдакъэжьауэ ищIурэ, дамэдазэмкIэ дэплъырт. Щыту къызэрилъагъууи, игу зэгъэжауэ, и увыпIэр зэригъэгъуэтыжырт.

– Уэздыгъэ щыблэрэ абы, нэгъуэщI мыхъуми? – къызэхыдох бысымым и макъ.

– Араи гурыфIыгъуэу къытхуэнэжар, – щыжысIэм: «Феджэ-тIэ мыбы, фымызэшу», – жеIэри, зы псалъэ дэркIэ гурыIуэгъуэу зэрымыт балъкъэр газетыр бжэ дзакIэм къыдешиикI. ГушыIэкIэ дытригъэу и гугъэжу арат. Дэ дыщыгъуазэт абы и хьэлым.

Сыхьэтыр зэрыхъуам мычэму щIэупщIэрт лIыжьыр. Ари сэ схуэдэу пIащIэу арагъэнт. Ауэ сытыт упIащIэкIи умыпIащIэкIи?! Бгым джэдыкIэкIэ еуэ, жыхуиIэм хуэкIуат Iуэхур.

ЩытынкIи, псэлъэнкIи, дыхьэшхынкIи дрикъужауэщ лифтым и лэжьакIуэхэм ящыщ гуэр къыщысар. Ди псэр зэрыбэмпIыхь зэвыпIэм дыкъызэрыщыхутамкIэ къуаншагъэр ди щхьэм къыфIилъхьэжу псалъэрт ар. ПщIэнтэкъым лIыгъэкIэ ягъэIэзэу фIэкIа! А игъэзащIэр абы и пщэ къыдэхуэ Iуэхуу зэрыщытым шэч къытрыдигъэхьэжат, ухуеймэ. Сыту илъагъу мыхъурэт абыи и лэжьыгъэр! Ауэ абы мыарэзыуэ жиIэ псалъэхэр хуит къэхъужахэм иджыпсту ди гум дихужа жьым зэрихьэрти, ди тхьэкIумэхэмкIэ блих-къыблихыжу аркъудейт. КъызэрытфIэIуэхури мащIэ дыдэут.

Сэ сыкIуэртэкъым – сыущырт, упIащIэмэ, уогувэ адыгэ псалъэжьыр си щхьэм щыкIэрахъуэу.

# ЩОМАХУЭ ЗАЛИНЭ



Щомахуэ Залинэ Хьэзрэт и пхъур (1988, Курп Ипщэ къу., иджы Инарыкъуей къу., Тэрч р-н) КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щоджэ.

Абы и рассказхэм, таурыхъхэм ди тхылъеджэхэр щыгъуазэщ, Шэшэн республикэм къыщыдэкI «Вайнах» журналми, абыхэм щыщ зыбжанэ къытрадзащ. Щомахуэр 2008 гъэм Налшык щекIуэкIа УФ-м и Ипщэ щIыналъэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэIущIэм хэтащ.

## *НЭХУНЭ*

Сэ сынэфщ, сынэф дыдэщ, си нитIми ялъагъуркъым. СызэрыцIыкIу лъандэрэ сыщIохъуэпс дуней нэхум, ауэ кIыфIыгъэщ си махуэри си жэщри. Нэф сызэрыхъуари сэракъым зи ягъэр, апхуэдэу сыкъалъхуащ. Ныбэ силъу си адэм мамэ удын иридзар арауэ жаIэ къызыхэкIар. Си анэм игу ебгъамэ, сэ мыгъуэ сытыт си лажьэр!.. Абы и ужькIэ езы си адэри, уз бзаджэм зэщIиIулIэри, куэдрэ псэужакъым.

«Хуэфэщэпсщ, и бынымрэ и щхьэгъусэмрэ яриха лейр къыхуэгъуакъым», – жаIэ зи Iуэху хэмылъыххэхэми. Сэращ ар абыхэм щIыжаIэр, яфIэгуэныхь сыхъуу арагъэнщ. Ауэ абыхэм ящIэркъым сэ папэ гъащIэ къызэрызита къудейм щхьэкIэ мы къызищIар зэрыхуэзгъэгъуар.

ГъэщIэгъуэнщ нэфым и дунейр. ФщIэрэ, сэ нэкIэкъым сызэрыплъэр, гурэ псэкIэщ икIи зи нэ къаплъэхэм нэхърэ мынэхъыкIэу слъагъуу къысфIощI. Абыхэм я нэм къыIуидзэм къигъапцIэу, а зэплъым хэлъ куэд ямылъагъуу къэнэнкIэ мэхъу. Дэтхэнэ унагъуэ къалэнри схуощIэ. Уни пщIантIи сыщоIэбэ. Сэху естащ ди гуэщым, сепэмым, IэкIэ сеIусэм, сыздынэсар къасщIэурэ. Мамэ фIэфIкъым сызэрылажьэр, хуейкъым гугъу сехьыну. ЛъэкIамэ, зы лэжьыгъэ кIапэ сигъэщIэнтэкъым, ауэ, лэжьакIуэ зэрыкIуэу, хуит сохъу. СощIэж япэ дыдэу зыгуэрхэр сщIауэ къыщыдэзгъэхьэжам мамэ и нэм нэпс ткIуэпсышхуэ къызэрыщIэжар. Ар къэзмыщIа и гугъагъэнщ езым, ауэ сэ зыхэсщIащ.

СхулъэкIарэ мы си нитIыр къаплъэтэмэ, хьэкъущыкъу къутэным хуэдэу, Iэгум уису укъесхьэкIынт, мамэ, ауэ... Зы жэщ пIэ кIуэцI сигъуалъхьэркъым, си нэхэр къаплъэу нэху сыкъекIыну сыщымыгугъыу. АрщхьэкIэ си гугъапIэ-хъуэпсапIэ IэфIхэр екъутэж си жэщри си махуэри зэхуэдэ зыщI ух зимыIэ кIыфIыгъэм. Къысхуохуэ зэман-зэманкIэрэ си щхьэ мыгъуагъэ щыхуэсхыж, сыпсэуну сыхуэмеижу сыкъыщыхъу. Ауэ унагъуэм абыхэм сэ сыкърагъэл. Ар зэрыхъур цIыхуитIщ – си анэмрэ си дэлъхумрэ. ЦIыхум хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыфIхэр Алыхьым къыхищыпыкIри къаритащ а тIум. Си мамэ и цIэр Дисэщ, и цIэм ещхьыркъабзэу, езыри щабэщ – Алыхьми цIыхуми илъэгъуакъым абы зыгуэрым и жагъуэ ищIауэ. Си дэлъху Анзор и гугъу сщIыуэ къезгъажьэмэ, нэху щыху сыпсэлъэфынущ. Гуапагъэрэ IэфIыгъэу, лъагъуныгъэу хузиIэр мыухыжщ. Ар сэ нэхърэ нэхъыжьщ. СыщыцIыкIум, сылъэтэнущ, жысIэу

щыхупIэм сыщхьэщыувэурэ, Iэджэрэ сыкъиубыдыжащ. ГъащIэм и лъэныкъуэ куэдми сахуигъэсащ сэ абы. Аращ еджэкIэ сэзыгъэщIар. Хьэрфхэр, пхъэбгъум къысхухибзыкIри, сигъэцIыхуащ. ИтIанэ IэпэджэдыкIэкIэ сыкъеджэф хъуащ. Сыту гугъу сехьа сэ абы къуажэ еджапIэр къиухыу Налшык кIуа нэужь. ИтIанэ, ар сэ къызэпхауэ щыт зэрымыхъунур, езыми и гъащIэ зэриIэжыр, псэун зэрыхуейр къызгурыIуэри, и гугъу сщIыжакъым. Ауэ жэщкIэрэ сыбжу сыщыст къыщыкIуэжын хуей махуэр. Езы Анзор сэ зэи сызыщигъэгъупщэртэкъым. Абы, еджэным зыкъыдигъахуэурэ, зыкъызигъэлIалIэрт. IэпэкIэ сызэджэн тхылъ мызэ-мытIэу къысхуищэхуащ.

Сызэгуоп, Анзор дэс, жаIэурэ хъыджэбзыжь цIыкIухэр къыщыпсалъэкIэ. Дэ апхуэдэ диIэкъым, яжызоIэри, телефоныр тызодзэж. Абыхэм хуэдэ къыпыж-ныпыжхэм щхьэкIэ си дэлъхур схуэгъэкIуэдынукъым. Ауэ цIыху дыщэ ар! Сэ схуэдэуи псэлъэрейкъым, егупсысауэ, жиIэр зэхуэгъэкIуауэ, акъыл хэлъущ зэрыпсалъэр...

Гъуджэ сиплъэфу щытамэ, махуэм жэщ хъуху сыкIэрытынт, сызэплъыжу, зызгъэкIэрахъуэу. Сэ си гъуджэр си Iэпэхэращ. СызэрыцIыкIурэ згъэкI си щхьэцыр кIыхьышхуэщ, си набдзэ псыгъуэм нэм зыкъыдегъэш, си нэбжьыцыр Iувщ, нэгъуджэ фIыцIэ зыIуслъхьа нэужь, къысIухужурэ, сызэгуигъэпу. Сэ сысурэтыщIу щытамэ, ауэ Iэзэу сщIыжынт си сурэтыр! Си пэр цIыкIущ, Iупэр баринэщ, сыт щыгъуи Iэпкълъэпкъым иувэ щыгъын сщыгъщ...

Си гупсысэр къызэпиудащ телефон къэзууам.

– СынодаIуэ.

– Уэ сыт щыгъуи сэ укъызодаIуэ, си шыпхъушхуэ.

– Уа, Анзор, уэра ар?

– НтIэ, дауэ фыщыт, фыхъарзынэ?

– Дыхъарзынэщ, уэ узэрытщIымыгъум нэхъ дагъуэ диIэкъым.

– Умыгузавэ, сынокIуэж.

– Сыт щыгъуэ?

– Нобэ, ауэ сытым дежми сщIэркъым.

– Дэ дытемыпыIэжу уэ дыппэплъэнущ, мис а уэ уфIэфI шхыныгъуэхэри дыпщэфIынщ.

– Хъунщ-тIэ, иIэ, фIыкIэ.

– ФIыкIэ.

СыпIащIэу телефоныр тызолъхьэжри, унэм сыкъыщIож, мамэ мазитI хъуауэ къыдэмыхьэжа и къуэр къызэрыкIуэжым щхьэкIэ згъэгуфIэну.

– Мамэ, мамэ, – сокIий сэ сызэрифIэщкIэ.

Тхьэм ещIэ и гугъар, къащтэщ, куэбжэпэм зыдэуэр-

шэру щыт гъунэгъур къигъанэри, мамэ къыдэлъэдэжащ.

– Мамэ, Анзор, къокIуэж, къэкIуэжыну жиIащ нобэ, иджыпсту къэпсалъэри!

– Сыту фIыт, Iей, сыту фIыт!

– Мамэ, иIэ, псынщIэу дыгъэпщафIи, сэ автобус къэувыIэпIэм сыщыпежьэнущ.

Зи бын пажэр къэкIуэжыну зэхэзыха анэр, дауи, гуфIащ, гурэ псэкIэ нэхъ къэщIэлэжауи къысщыхъуащ. Дзапэ уэрэд жиIэу, зыми сэ сримыгъэIусэу, фIэфIыпсу, гуапагъэрэ IэфIагъэрэ, лъагъуныгъэ хилъхьэу мэпщафIэ ар.

Шхыныр хьэзыр щыхъум, сэ ди гъунэгъу, си ныбжьэгъу Марян дежкIэ секIуэкIащ. ЗэрыцIыкIурэ Марян игу Анзор ирихьт, ауэ сэ къызэрысхущытым хуэдэу, дэлъху хущытыкIэу хущыт фIэкIа, абы лъагъуныгъэ Iуэху зэрихуэртэкъым.

Зэгъусэу Анзор дыпегъажьэ, щыжысIэм, занщIэу арэзы хъуащ. ТIэкIу зызмыгъэщIэращIэу дауэ хъун, жиIэри зыгуэрхэр и напэм щихуэу, сыхьэткIэ дигъэгуващ.

– Сэ мыпхуэдизу зысщIу, уэ уи щхьэцыр еухуэнэха къудейуэ, ар мыхъун Iуэхущ, – жиIэри си щхьэцышхуэр къиутIыпщщ аби, лъэныкъуэкIэ ехьэкIауэ схуищIащ, апхуэдэу нэхъ дахэу жиIэри. Автобус къэувыIэпIэр тпэжыжьэти, дыпIащIэу докIуэ Марян сэрэ, ди Iэблэр зэрыIыгъыу, дыгъэ гуащIэм ди щхьэр къигъэвауэ. Си гъусэм, и жьэр имыгъэувыIэу, зыгуэрхэр жеIэ, ауэ сэ абы щыщу псалъитIым ещанэращ зэхэсхыр.

Согупсыс: Анзор телефонкIэ зыри жиIакъым, дауэ хъуа, и лэжьапIэщIэм хэзэгъауэ пIэрэ?

Ауэрэ, дыздэкIуэми дынэсащ. ПасэIуэщи, докIукIдыкъокIукIри дытетщ.

– Фи махуэ фIыуэ, – къоIу тпэмыжыжьэу макъ гуэр.

Сызыпэплъэм и макъыр зэрыармырар къызгурыIуэри, сызэплъэкIыххакъым.

– НэхъыфIыжу! – пIащIэу иретыж абы Марян и жэуапыр.

– Сыт, хъыджэбз дахэхэ, хэт фызэжьэр? ЗыщIыпIэ фыкIуэнумэ, сэ фысшэнщ.

– Хьэуэ, дыхуейкъым, упсэу, зыгуэрым дежьэу аращ, – жеIэ аргуэру Марян.

– Дауэ фыщытхэ? – щIалэ ерыщыр машинэм къокI. – А фызыпэплъэм зэгъусэу дыпэвгъаплъэ, сэри фызгъэзэшынкъым. Си цIэр Алимщ.

Зэрызэгуэудыгъуэ ар! Марян ди цIэхэр жриIэну хунэсащ.

– Сыт, мы уи гъусэр мыпсалъэу ара?

– Мыхьэнэ зимыIэхэм щхьэкIэ сыпсалъэркъым, – жызоIэ, сызэгуэпауэ.

– Сыту убзаджэ!

– Иджырей зэманым нэгъуэщIу хъунукъым.

– Сыт зэманым и лажьэр?

– ЦIыхухэр щхьэхуещэIей хъуащи, умыбзаджэмэ, ухэкIуэдэнущ.

– Уей, уэ зи дахагъыр, пэжуи, умыбзаджэу мыхъуну, уазэрыхуэгуфIэу, урахьэжьэнкIэ тIэу еплъынукъым.

ЗанщIэу плъыжьыбзэ сыкъэхъури, сыкъыIукIуэтащ. ЩIалэр тIэкIурэ Марян бгъэдэтыжри, IукIыжащ.

– Хъунщ-тIэ, хъыджэбз дахэхэр фызгъэукIытэнкъым. Иджыри дызэхуэзэну сыщогугъ, фIыкIэ, – жиIащ щежьэжым.

Махуэ, махуитI дэкIауэ, шэджагъуэ хуабэм си пэшым сыщIэсу, телефоныр къозу, къытызохри:

– Уи махуэр фIыуэ, – къоIукI адэ жыжьэу сымыцIыху макъ.

– Уи Iуэху фIы ирикIуэ!

– Данэ, уэра ар?

– Сэращ, уэ езыр ухэт?

– Куэд щIауэ сыпщыгъупщэжауэ къыщIэкIынщ, ауэ сэ сы-Алимщ. Автобус къэувыIэпIэм уи ныбжьэгъу Марян уи гъусэу фыщытетам нывбгъэдыхьа щIалэр сэрат.

– Усщыгъупщэжакъым. Дэнэ ди телефоныр къыздипхар?

– Сыхуейти, къэзгъуэтащ. Лъыхъуэм сыт щыгъуи къегъуэт. Данэ, сэ уэ усщыгъупщакъым, си гум укъинэжащ, псом хуэмыдэу, уи плIэм дэлъа щхьэцыгъуэшхуэр.

– НтIэ, къыпызупщIынщи, ныпхуезгъэхьынщ.

– Хьэуэ, сыхуейкъым, щхьэцыр зыгъэдахэр зытетыращ.

– Абы щыгъуэ, ухэкIыжащ щхьэцми зытетми.

– Iахъ, ар сыту уи гурэ уи щхьэрэ зэтелъу упсалъэ хуэдэрэ? А жыпIэхэмкIэ, уей, сэ сымыарэзы!

– Сэ сыарэзыщ, затоми, – жызоIэри, телефоныр псынщIэу согъэтIылъыж.

«Ухэт уэ, узыхуейри сыт, сыкъэбгъапцIэу ара хьэмэрэ пэжу уигу срихьа, сызэрынэфыр пщIэрэ, хьэмэ укъыздэджэгуу ара?» Си щхьэм гупсысэ Iэджэ щызожэ, ауэ зыри къысхуэубыдыркъым. Пщэдджыжьым, мамэ лэжьапIэ кIуэну куэбжэр щыIуихым, розэ Iэрамэшхуэ бжыхьым дегъэубыдауэ къилъэгъуащ.

– Мэ, мыр псым хэгъэувэ, зыгуэрым къыщыгъупщагъэнщ, къигъэзэжмэ, етыж, – жиIэри, езыр дэкIащ.

Удз Iэрамэр псым хэзгъэувэну къыщысщтэм, тхылъымпIэ кIапэ къыкIуэцIыхуащ. Ар зыхуатхар, удз дахэхэр зейр къэсщIэну, Марян къасшэри къезгъэджащ. ТхылъымпIэ напэм итт: «Данэ, мы удз гъэгъахэр дауэ къыпщыхъурэ? Абыхэм я мэ гуакIуэм епэмыт. Уигу ирихьрэ, си фIэщ хъуркъым ахэр игу иримыхьыну мы дунейм зы цIыхубз тету. Мис абыхэм я мэр зэрыгуакIуэм хуэдэу, сэри гуакIуэ сыпщыхъуху уи ужь ситынурэ, итIанэ щхьэгъусэ усщIынущ. Зэ Iуплъэгъуэм фIыуэ услъэгъуащ, си гум усхуихужыркъым. ФIыкIэ дызэхузэ. Алим!»

Сэ плъыжь сыкъэхъуащ, жысIынури сымыщIэу. ИтIанэ розэхэм сепэмри, сыкъэуIэбжьащ.

– Уа, Марян, мыбыхэм нэхъ мэ лей къакIэрех, нэхъ IэфI си гугъэщ.

– Ар зищIысыр пщIэрэ, Данэ?– мэдыхьэшх.

– Сыт?

– Лъагъуныгъэм и мэщ, Алим хууиIэ хъуа лъагъуныгъэм и мэ.

– Сыт лъагъуныгъэ, пцIыщ ар!

ЖиIар си жагъуэ сщIауэ фэ зытезгъэауэри, Марян згъэкIуэжауэ, сэ сопэм «лъагъуныгъэм и мэм», зыщызмыгъэнщIу. Сытуи гуакIуащэ икIи IэфIыщэ ар, схулъэкIамэ, сепэмынт игъащIэ псокIэ а епэрымэ гуакIуэм. Ауэ, адрей цIыхухэм сазэрыхуэмыдэм си гум къыщызэтеуткIэпщIыкIыу хуежьа гугъэ IэфIхэр хуабжьу сфIызэтрекъутэж. Махуэ псом телефоныр къеуэми, сыбгъэдыхьакъым, сышынэрт ар Алиму къыщIэкIынкIэ, абы си гур нэхъри кIэрыпщIэнкIэ. Сыхуейт Iуэхур здынэсам, нэхъ куу мыхъуу, къыщызгъэувыIэну. А сщIэм сыхуейтэкъым, гум ар идэртэкъым. Ауэ акъылыр къызэдаIуэртэкъым, Алим нэхъ щIэхыу зэрыIузгъэкIуэтыным и ужь итт. А тIур – гумрэ щхьэмрэ – зэгурымыIуэ, зэдауэ хъуа иужь, я зэхуакум цIыхур щыдэкIуадэр нэхъыбэщ. Си гупсысэхэр тIэкIу нэхъ сщхьэщыкIа си гугъэт нэхущым сыкъыщыушам, сыщыуат. Мамэ, аргуэру удз гъэгъар къыщIихьэщ, мыр хэт зейр, жиIэри, къызэупщIати, сымыщIэу жесIащ. Сэ Марян тхылъымпIэ напэм итым къызогъаджэ.

«Данэ, сыпщыгъупща? Сыпщыгъупщамэ, мы удз гъэгъахэм епэм. Ахэр уи Iэпкълъэпкъым, лъым хыхьэу, арыншауэ умыбэуэфу хъумэ, итIанэ фIыуэ сыкъыболъагъу. Си дежкIэ уэ а розэхэм нэхърэ унэхъ гуакIуэщ, дахэщ, IэфIщ. Данэ, сынолъэIу незгъэуа иужь телефо-

ныр къытех, къызгуроIуэ, сэ схуэдэ куэд уи ужь иту къыщIэкIынщ уэ, ауэ итIани сынолъэIу».

Иджы хыхьат епэрымэр сигуми, силъми, си Iэпкъ-лъэпкъми. Зэи си гугъэнтэкъым апхуэдизу щIэхыу лъагъуныгъэм си гур итхьэкъуну. Мэ мыцIыху гуакIуэм сепэмри, абы нэхъри нэхъ ситхьэкъуауэ къысщыхъуащ. Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу Алим къэпсалъэщ телефонкIи, си Iуэху зытет псор, пцIы лъэпкъ хэмылъу, хуэсIуэтащ. ЖысIынур зэрызухыу, телефоныр тридзэжащ. Къызгу-рыIуащ икIи згъэкъуэншакъым: хэтыт хъыджэбз нэф хуейр?! Псоми ара хъунт ящIэнур, ауэ сэ си кIуэцIыр мафIэм ес, лъагъуныгъэ мафIэм. СфIэфIу сызэпэма мэм иджы сыкъесыж, сыздэкIуэнур сымыщIэу. Тхьэма-хуэкIэ сисащ сэ а мафIэм, сымышхэу икIи семыфэу. Пщыхьэщхьэ гуэрым телефоныр къеуэри, къытесхати, къэпсэлъам зыри жимыIэу трилъхьэжащ. Пщыхьэщ-хьэр нэхъ хэкIуатэу, мамэ къыщымыкIуэжым, сыдэ-кIауэ куэбжэпэм сыщыту, розэмэр зэуэ къысIурыуащ. Ауэ, къысщыхъуа хъунщ, жысIэри, зыфIэзгъэIуэхуа-къым. ТIэкIу дэкIауэ, – Дауэ ущыт, Данэ, – жиIэри, зы-гуэрым си Iэр къиубыдащ. Ар Алимт. Абы къысIэщIелъ-хьэ мэм я нэхъ IэфIыр, лъагъуныгъэм и мэр къызыпих розэ Iэрамэ. Къэхъухэр къызгурымыIуэу, сэ сыщытщ сымыбауэу икIи зызмыгъэхъейуэ. – Данэ, – кърегъажьэ Алим – Къысхуэгъэгъу, сыделащ. Сэ сщIакъым уэ уи Iуэху зытетыр, ауэ, къэсщIами, зыми зихъуэжынукъым, сэ уэращ фIыуэ слъагъур, атIэ уи нэхэм ялъагъуракъым. Алыхьым цIыхум зы гъащIэщ къритри, а зы гъащIэм насыпыфIэу, езыр зыхуейм и гъусэу псэун хуейщ. Сэ ар къызгурыIуащи, сыт жамыIами, си псэр пытыху, фIыуэ услъагъунущ, дэ тIур дызэгъусэнущ.

ИужькIэ мызэ-мытIэу Алимрэ сэрэ дызэхуэзащ. КIуэтэху дэ нэхъри дызэсэрт, ди гур зэкIэрыпщIэрт. Алим къэкIуэгъуэ къэс розэ Iэрамэшхуэ къысхуихьырт, ахэр зэи си пэшым щIэмыту къэхъуртэкъым. Зыгуэ-рым сигъэнэщхъеямэ, розэхэм сащхьэщылъадэурэ, се-пэмырти, дунейр сэркIэ зэуэ къэщIэрэщIэжырт, нэху къэхъужырт. Псори сщигъэгъупщат кIуэцIыкIыщIэм итIысхьа лъагъуныгъэм. Уеблэмэ иджы си нитIыр къы-зэрымыплъэм сринэщхъеижыртэкъым. Делагъэтэкъэ ар, ауэ Алим си гъусэмэ, абыхэм сахуэмеиххэуи слъытэ хъуат. Нэ схуэхъуа сфIэщIырт щIалэр. Си нэ, си псэ, си нэху. Апхуэдизрэ гу къыплъатэнтэкъэ, дыдейхэм Iуэхур зыIутыр къащIащ, ауэ зыри жаIакъым. Иныкъуэхэм деж, яфIэгуэныхь сыхъуу къысщыхъурти, сызэгуэ-пырт. Апхуэдэурэ, зэманыр кIуэрт, Алим и къэшэным ар

зейхэм трагъэчыныхьщыхъум, си гугъу и анэм хуещI!

– Адыдыд, Алыхьым жимыIэкIэ, нысэ нэфт иджы дэ къытхуэтыр, къуажэми жылэми яфIэтелъыджэу. Абы къуэрылъху нэф къысхуилъхум-щэ? Iух адэ, абы фIэкIа умыгъуэтауэ ара, ар си пщIантIэ къыдэпшэмэ, узикъуэжкъым! – анэм и псалъэр пиупщIат.

Ауэ абы щхьэкIэ къэдгъанэртэкъым дэ дызэхуэзэн. Тлъагъунуи зэхэтхынуи дызыхуейр дызэщIэзыIулIа лъагъуныгъэм и закъуэт. Махуэ гуэрым Марянхэ сыкIуэу, Iейуэ сыхэгупсысыхьауэ гъуэгум сыщызэпрыкIым, машинэ Iэуэлъауэ инрэ кIий макърэ къызэхэсхщ, си лъакъуитIыр зы къару лъэщ гуэрым щIиудри, сыджэлащ. СыздэщыIэхэри, сыздэкIуэхэри къызгурымыIуэу, гъунэ зимыIэ щIыпIэ Iэджэм сыкIуэцIрыжащ, мэз куум сыкIуэцIрыжу фIэкIа умыщIэну. ИкIэм-икIэжым, зи щIыб къэгъэза лIы гуэр си пащхьэм къихутащ. ЗыкъригъэзэкIмэ – си адэращ. Солъагъу псори IупщIу. ИгъащIэм си нэ зытемыплъа си адэр, мыпсалъэ щIыкIэ, къэсцIыхуащ!

– Папэ, сыздэшэ, мы дунеягъэм сащыфIэныкъуэдыкъуэщ, цIыху нэсу сыкъыщалъытэркъым, схуэхьыжыркъым адэкIэ!

– Хьэуэ, хьэуэ. Уэ иджыри пасэщ мыбы укъэкIуэну, умыпIащIэ. Апхуэдэу куэдрэ кIуэнукъым, уэ уифI Iэджэ иджыри цIыхухэм екIынущ, зытIэкIунитIэ зыхуэгъэшэчыж! – си адэр мэкIуэдыж, сэри, сыщтарэ бэуэкIэщI сыкъэхъуауэ, сыкъызэщоу.

– Мэбауэ, мэбауэ! – псалъэмакъ, бжэ едзылIэ Iэуэлъауэ гуэрхэр зэхызох. КъызбгъэдолъадэIа, си Iэм къоIусэ.

– Сызэхэпхрэ, – жаIэурэ, си напэм IэгукIэ къоуэ.

– Фызэхызох, сыпсэущ, – а псалъитIым къигъэгуфIэжащ цIыхуу къысщхьэщытыр. Псори щIэкIыжа иужь, мамэ къызжиIащ, машинэм сриудауэ мазэ лъандэрэ жьыкIэ сагъэбауэу, сымыпсэу-сымылIауэ сымаджэщым сыщIэлъу.

– Дауэ мазэ зэрыхъур, сэ ар си зы жэщ пщIыхьэпIэ къудейщ! – жызоIэ.

ИтIанэ, папэ сэ сифI Iэджэ иджыри цIыхухэм екIыну зэрыжиIар сигу къокIыжри, гупсысэм сыхохуэ. Дунейм, ситкIэ сэбэп хъуфыну хъыджэбз нэфыр, жысIэу зызгъэкIэрахъуэу сыхэлъщ. Пщэдджыжьым Марян къэкIуащ. Абы и нитIым сыщIэмыплъэфми, сэ къызгурыIуащ зыгуэр къызэрыхъуар.

– Марян, сыт къэхъуар, – жысIэу сыщеупщIым, кърыгъэжьащ:

– Тхьэмахуэ и пэ, уэ сымаджэщым ущIэлъу, Алим къыхуашащ... езым и Iуэху лъэпкъ хэмылъу, и анэм къыхуригъэшащ. Сыхуейкъым сэ абы, жиIати, зызукIыжынурэ, уи напэр тесхынущ, жиIэри шынагъэкIэ иригъэдащ.

– Хэт къиишар?

– Я пэмыжыжьэу щыс хъыджэбз гуэр.

Iэдэбу зысIыгъащ сэ, Марян щIэкIыжыху, итIанэ сигуми, си псэми къыдэкIыу сыгъащ, сызыхэлъ пIэр псыфыпс хъуху. Тобэ ирехъу, си нитIыр къаплъэу щытами, нэ къуэпсыр апхуэдиз нэпс шыугъэжьым игъэгъужынт. ЩIэслъхьэжащ сэ си япэ лъагъуныгъэр, лъагъуныгъэу щыIэм я нэхъ гуакIуэр, гуащIэр, IэфIыр, гум имыхужыр. ЗыкIи згъэкъуэншакъым сэ Алим, щхьэи сыщыгугъыхат!

Схухуэгъэгъунт сэ абы псори, къигъэзэжамэ, ауэ ар зэфIэкIа Iуэхут, къэгъазэ иIэжынутэкъым.

Сыкъелын, сикIыфын си гугъакъым сэ а зэман Iейм. СызэщIэгупсысыжурэ, си щхьэ мыгъуагъэ щыхуэсхыж Iэджэрэ къэхъуащ. СылIэмэ, нэхъ къыщысщтэ зэмани къысхуихуащ. Ауэ, адэм къызжиIахэр сигу къэзгъэкIыжым, гъащIэм гу хуэсщIыжурэ, сыкъелащ.

Илъэс дэкIауэ, махуэ гуэрым Марян и макъыр кIэзызу си деж къыщIыхьащ, зыкъомрэ зыIынауэ щыта нэужь, абы кърigъэжьащ:

– Данэ, Алим къуэ къыхуалъхуащ!

– НтIэ, ар фIыкъэ, псэ бydэ цIыкIу тхьэм яхуищI, апхуэдэм деж угуфIэн хуейуэ аращ, уэ ущIэкIэзызыр сыт?

– Данэ, а цIыкIум и нитIри нэфу къыщIэкIащ!

Си щхьэм Iэджэ щызожэ, зыри схужыIэркъым. Сэ къысфIощI а къэхъуар Алим и анэм и ягъэу, «нэф» псалъэр абы щыгъуэ и жьэм къызэрыжьэдэкIа къудейм къиишауэ. Сабийм сигу щIогъу, сыт и лажьэт а тхьэмыщкIэм?!

– Данэ, – жиIэри, гъуэгыу зыкъызидзащи, Марян IэплIэ къысхуещI. Гурыщхъуэ сщIащ нэхъеиж гуэри къэхъуауэ. Марян зызэтреубыдэж, зызэпелъэщIыхьыжри, жеIэ:

– Ар щилъагъум, Алим, тхьэм ещIэ абы и щхьэм къиихьари, къыщыхъуари, зиукIыжащ!

– Алим зиукIыжауи?!

– НтIэ!

Си лъакъуитIыр щIощIэри, соджалэ. Си фIэщ хъуркъым сэр фIэкIа дунейм цIыху тету, зы цIыхум хуиIэ лъагъуныгъэр тIэу щIилъхьэжауэ. Сыт, тIури зытэкъэ

ар, псэуми мыпсэуми, нэгъуэщI цIыхубз и щхьэгъусэу щыщыткIэ, жыфIэнщ. Ауэ лъагъуныгъэ зыхуувиIэ цIыхур псэумэ, гугъэ кIапэ гуэри щыIэщ, гъащIэр нэхъ гъэкIуэгъуафIэ мэхъу.

Лажьэ лъэпкъ сызэримыIэр гурыIуэгъуэми, зыгуэркIэ сагъэкъуэншэнкIэ сышынэри, сыкIуакъым хьэдэр щыдах махуэм. Ауэ, тхьэмахуэ дэкIа иужь, Марян зезгъэшащ кхъэм. СщIымыгъуху си гъащIэм и къекIуэкIыкIам, си лъагъуныгъэ насыпыншэм и гугъу хуэсщIащ сын хуагъэувыжам, Iэ дэслъэурэ. ИужькIи сэ мызэ-мытIэу сыкъэкIуащ си гъащIэ кIыфIыжьым хэта нэху кIапэм и деж.

Зэман докIри, къысщыщIхэри сымыщIэу, кIуэрыкIуэм тету сыкъэмэх къэзублащ. Си лажьэр къахуэмыщIэу, дохутыр Iэджэм сашащ, ауэ къахуэщIакъым. Щымыхъужыххэм, хамэ къуажэ дэс Iэзэшхуэ гуэр къызагъэплъ. Абы, Iэзэ хъуну аращ, мис мы псыхэм евгъафэ, жиIэщ, зэхэщIа гуэрхэр къыдитри, дыкъиутIыпщыжащ. ЯпэщIыкIэ, сэ ар си фIэщ хъуакъым, хьэкъыу щыспхрыкIар пщэдджыжь гуэрым си нэм нэху къыщIидзэу сыкъигъэуша нэужьщ. ЯпэщIыкIэ зыри къызгурыIуакъым, ауэ... си нитIыр... цIыху псоми хуэдэу, си нитIыр къаплъэ хъуат! ЗызгъэнщIакъым тхьэмахуэкIи, тхьэмахуитIкIи дуней къэплъыхьынкIэ. Тобэ, сыту дахащэу къигъэщIа Алыхьым мы дунейр!..

Куэд дэмыкIыу къызгурыIуащ си адэм и псалъэхэм я мыхьэнэр. ЦIыху сымаджэм и лажьэр къысхуэщIэу, ар нэкIэ схуэгъэхъужу Алыхьым сищIат! Ар япэкIэ къэзгъэщIа гъащIэ кIыфIыжьым и уасэу арагъэнт. ЦIыху куэд згъэхъужащ сэ ди къуажэуи нэгъуэщI къуажэхэуи. «Нэхунэ» цIэри къысфIащыжащ, нэкIэ сызэрыIэзэм щхьэкIэ.

Махуэ гуэрым си деж цIыхубз мыцIыху къыщIыхьащ. Ар Алим и анэрат, апхуэдизу сызэзымыпэсу псэлъар, си гъащIэри и къуэм и гъащIэри зыкъутар! Зэ IуплъэгъуэкIэ гурыIуэгъуэт ар Iэмалыншагъэм си деж къызэрихуар. И узыншагъэм къигъэгузэвати, псори щыгъупщэжауэ, къэкIуат. ХущIегъуэжауи къыщIэкIынт ар. Пэжуи, сэ абы сыхузэгуэпырт, ауэ нэкIэ зыкъомрэ сеIэзэри, си Iэпэр зыхэлъа псы ирифын хуейуэ естати, дзыхь къысхуимыщI-къысхуимыщIурэ, щIэкIыжащ. Ауэ абыи и фIэщ сыхъуащ, и узыр щхьэщыкIри. Сытыт сыщIемыIэзэнур, и акъылыншагъэм къыхэкIыу ищIа щыуагъэхэр езым ипшыныжынущ, щIидзауэ епшыныж, абы и мащэ сэ сралъхьэнукъым…

Уа, абы я щIалэ нэф цIыкIур си пIэкIэ дунейм къы-

техьауэ пӀэрэ? Ар къалъхури, си нэр къэплъэжащ. Абы и нэм и нэху мы дунейр зэрыслъагъужар?! Сэ си Ӏэзагъи си Ӏэмали есхьэлӀэнщ, къэзгъэплъэжынщ и нэр. Сэ ар схузэфӀэкӀынщ. Уеблэмэ арагъэнкӀэ хъунщ сэ Алыхьым Ӏэзэ сыщӀищӀари...

## *ЖЭНЭТБЗУ*

Пщэдджыжьым, дунейр нэхутхьэху къызэрыхъуу, Ӏэсят пщӀыхьэпӀэ 1ейм къызэщигъэуащ. Къэтэджыну щыхуежьэм, узым зэщӀищта Ӏэпкълъэпкъыр къыхуэмыӀэту, ехуэхыжащ. И щхьэгъусэм дежкӀэ еплъэкӀри, жейрти, къигъэушакъым. Махуэм жэщ хъуху си ужьым иту дэтщ, гуэныхьщ, жиӀэри. Езыр гупсысэ хьэлъэм хыхьащ. Абы и нэгу къыщӀыхьэжащ и гъащӀэ псор, гуфӀэгъуэуи гузэвэгъуэуи: мы пщӀантӀэм къызэрыдашар, япэ быныр зэригъуэтар, иужьрейр къилъхуу, сымаджэ зэрыхъуар, мыхъужыну къыщищӀа махуэр... нэгъуэщӀ Ӏэджи. ИтӀанэ ныжэбэ зэпщӀыхьа дыгъурыгъуум и деж и гупсысэхэм къагъэзэжащ. Жэщым нэху щыху кърихуэкӀащ абы а псэущхьэ лъагъугъуейр, я пщӀантӀэ къыдимыгъэхьэн и гугъэу, ауэ къыфӀыдыхьащ. Я унагъуэм исхэр къыщӀэкӀауэ магъ, дыгъурыгъуум зыгуэрхэр ираутӀыпщ, ягъэщтэн я гугъэу, ауэ езым зигъэхъейркъым...

Ауэрэ, и щхьэгъусэри къэушри, къэтэджащ.

– ЛӀо, дауэ ущыт, дауэрэ нэху укъекӀа, – жиӀащ, кърагыжыну жэуапыр зыхуэдэр ищӀэми.

– СынэхъыфӀщ, щӀыбымкӀэ си гур щыӀэщ. КхъыӀэ, сыщӀэш.

– Уэлэхьи, ущӀэсшынмэ – жиӀэри, Мурат Ӏэбащ, Ӏэсят и Ӏэблэ иубыдыну. ИгъащӀэм и гугъэнтэкъым, цӀыхубз дахэшхуэр зэгуэр апхуэдэу хъуну. И Ӏэблэхэр псыгъуабзэ хъуащ, и Ӏэхэр зэлъащ, вындыкӀэу фӀыцӀэу щыта щхьэцыр хужьу тхъуащ. Ешх уз бзаджэм. Ауэ, и нэгум ущиплъэкӀэ, уэри уимыгъэнэщхъеин щхьэкӀэ, тӀэкӀу погуфӀыкӀ, къызэрехьэлъэкӀыр плъагъуу.

Муратрэ Ӏэсятрэ унэм къыщыщӀэкӀам махуэм зиужьат. Дыгъэр уэгум итт, и махуэ гъуэгуанэм фӀыуэ хигъэщӀауэ. Мурат, и Ӏэпэхэр бжэӀупэм къыщыгъэгъа розэхэмкӀэ ишийри, жиӀащ:

– Зэман кӀэщӀкӀэ уэри мис мопхуэдэу укъэгъэгъэжынущ, еплъыт!

Ӏэсят и Ӏупэ пӀащӀэхэр зэтежащ, и нэпсми къызэпижыхьащ. ЛӀым, ар удз гъэгъам бгъэдишэри, иригъэ-

пэмащ, Іэсят и Іэ щабэ къарууншэ цІыкІухэмкІэ розэм едэхэщІащ.

– КъыпызупщІынщи, уи пІэм деж уигъэгуфІэу низгъэувэнщ, – щыжиІэм, Іэсят идакъым.

Псэуну щІэзыдза къудейм, апхуэдэу и дахэгъуэу, и щІэращІэгъуэу и гъащІэр ІэщІэпх хъурэ! Дыгъэпсым щхьэгъусэр тІэкІурэ хигъэсыжри, унэм къыщІишэжащ, езы Мурати и лэжьыгъэм пэрыувэжащ.

Аргуэру и закъуэ блын джабиплІым къахуэнащ фыз тхьэмыщкІэр. Абы ипхъу нэхъыжьыр школым кІуэрт, курытыр сабий садым щыІэт, мыдрейр, я нэхъыщІэ цІыкІур, зыми зыри химыщІыкІыу, ІэфІу жейрт. Іэсят, и щхьэр щхьэнтэм тригъэщІауэ, егупсысырт:

«НэхъыфІ сыкъэхъуащ, сымыхъужыну дохутырхэм жаІами. ПщІэнукъым, ахэр щыщыуи къохъу, Алыхьым и къарур инщ, гущІэгъу къысхуищІауэ пІэрэ?.. Сыпсэуну сызэреІэр илъагъуу, фІэгуэныхь сыхъуауэ ара? Мы дунейм зы узыфэ теткъым хущхъуэгъуэ гуэр имыІэу, сысейр дэнэ щыІэ?»

Абыхэм здегупсысым, Іэсят къекІуа и нэпсыр хуэмыІыгъыу, къыфІежэхащ, сабийр къэушауэ, и деж къыщыщІыхьэ дыдэм ирихьэлІэу.

– КъакІуэ мыдэ, си псэр зэзгъэшхын, – щыжиІэм, Линэ, иІыгъыу хъуар хыфІидзэри, и анэм кІэщІэгъуэлъхьащ, и Іэ цІыкІухэмкІэ, ар узми ажалми щихъумэну хэт нэхъей, зрикъузылІэу...

Мурат щыщІыхьэжам диижа цІыхубзым и бгъафэм щІэлъ сабийр жейрт. Псоми зэрахуэарэзыр къажриІэну хэт хуэдэ, и жьэр зэтехат, и дзэ хужьыбзэхэр къыщІэщу. Сабийр анэбгъэ щІыІэм къыщІахыжыну щыІэбэм, Линэ имыдэу, зихъунщІащ, – щІыІэ хъуами, ар абы и дежкІэ псом нэхърэ нэхъ хуабэт, нэхъ гуапэт, нэхъ ІэфІт. ТхьэмыщкІэ цІыкІум къыгурыІуэ хуэдэт мы дунейм нэхъ гъунэгъу дыдэу щиІэ цІыхур зэрыфІэкІуэдар, абы къызэримыгъэзэжынур.

Пщыхьэщхьэм цІыхур пщІантІэм дэз къэхъуащ, псоми я щхьэм ирижащ зи псэугъуэ, зи дуней тетыгъуэ цІыхубз дахэшхуэр дунейм зэрехыжар. Мурат илъагъуІаркъым – къыбгъэдыхьи бгъэдэкІыжи. ЛІыгъэ зыхигъэлъщ, зиІыгъщ, зешыІэ. И нэпсхэри, ерыщ екІуауэ, нэм къытолъадэ, ауэ лІым хузэфІокІ мо зэхуэса цІыху къомым къахэмыгъэну. Мазэ хъуауэ къэкІуэжыну зыпэплъэ и къуэшри нобэрей махуэ гухэщІым кърихьэлІащ. Къэхъуаи къэщІаи зымыщІэ щІалэр куэбжэ Іухам, цІыху куэдым игъэщтащ. ИтІанэ, Іуэхур зыІутыр къыжраІа нэужь, Мурат бгъэдыхьащ. Мыбдежым Мурат

и нэпсыр къыфIежэхащ. Сыту шыугъэ икIи гуащIэ а нэпсыр!

Къуэшым IэплIэ къыхуищIри, нэхъыщIэми, Мурат къеущие щIыкIэу, къыжриIащ;

– ЗыIыгъ, си къуэш, Алыхьым пхуэмышэчын къыптрилъхьэркъым, лIыгъэ зыхэгъэлъ, Iэсят щымыIэжми, и фэеплъу къыпхуигъэнащ уи бынищыр, абыхэм я хьэтыркIэ упсэун хуейщ.

ИгъэпщкIу и гугъэж нэпсым и нэкIущхьэм щыхиша лъагъуэр бэлътокукIэ илъэщIыжыну зыщигъазэм, Мурат гу лъитащ нышэдибэ гъэгъауэ ялъэгъуа розэр къызэрелIыхам. ИтIанэ игу къэкIыжащ ар Iэсят хисауэ зэрыщытар. Ар дауэ, щхьэ апхуэдэу хъуа? Е къэхъуа нэщхъеягъуэр зыхищIауэ ара хьэмэрэ сыхэзыщIар, сыкъэзыгъэкIар дунейм щытемытыжкIэ, жиIэу, гъужа? ГъэщIэгъуэнщ мы гъащIэм къыщыхъухэр!

ТхьэмахуитI-щы дэкIа нэужь, Мурат игъэзэжащ лэжьапIэм. Пщыхьэщхьэ гуэрым, ар лэжьакIуэ къикIыжауэ, ипхъу курыт цIыкIуу Ланэ щхьэц баринэм, къыбгъэдэлъадэри, къыжриIащ:

– Папэ, хэхъуэ диIэщ.

– Сыт хэхъуэ,– къэуIэбжьауэ щIэупщIащ Мурат.

– Мес, Iей, плъагъуркъэ мо бзу цIыкIур? МахуитI-щы лъандэрэ къокIуэ, сэри шхын тIэкIу изот. Дахэ цIыкIущ, пэжкъэ? Сыт апхуэдэ бзухэм зереджэр, папэ?

Мурат заулкIэ бзу цIыкIум еплъащ.

– Зэреджэри? Апхуэдэхэм щхьэкIэ жэнэтбзу жаIэ. Алыхьым нэхъыфIу илъагъу, мы ди гъащIэм гуэныхь къыщызымыхьа цIыху дунейм ехыжа нэужь, Жэнэтбзууэ къегъэзэж, – жиIэщ, и щхьэм хужиIэж хуэдэуи, унэм щIыхьэжащ. А махуэм къыщыщIэдзауэ унагъуэм исхэр щэхуу кIэлъыплъырт а бзу дахащэм. Зым адрейм жримыIами, псоми я фIэщ хъурт ар зэры-Iэсятыр. ЛIар лIат, сыт пщIэнт, ауэрэ, къэнахэм, зэрыхъукIэ, псэун щIадзэжащ. Мурат унагъуэмрэ лэжьапIэмрэ я зэхуакум дэтт. КъыщехьэлъэкIыпи къэхъурт, ауэ, сыт Iэмалт, псэун, бынищыр къызэфIигъэувэн хуейт. И шыпхъури унагъуэмкIэ хъарзынэу къадэIэпыкъурт: яхуэжьыщIэрт, яхуэлъасэрт. Ауэ абы и дежкIи тынштэкъым унагъуитIри зэдэхьыныр. Абыи гу лъимытэу къэнакъым Жэнэтбзум. Махуэ гуэрым унэбжэр Iухауэ къагъэнати, ар щIэлъатэщ, унэр куэдрэ къилъэтыхьщ-къилъэтыхьри, Iэсят зэрылъа гъуэлъыпIэм и натIэм тетIысхьэри, зыкъомрэ тесащ. ИтIанэ, Мурат къыщIыхьэжауэ щилъагъум, къызэрыщIыхьа дыдэмкIэ щIэлъэтыжащ. Бзум епIэщIэкIыу кIэлъыщIэкIри, гъужа розэм деж щыIущIащ. И нитIым-

кӀэ илъагъур и фӀэщ хъуртэкъым Мурат. Бзум дежкӀэ зишийри жиӀащ: «Мы си нитӀым сыкъамыгъапцӀэрэ хьэдрыхэ зы хабзэ гуэр щыӀэмэ, уэ у-Ӏэсятщ!» Бзур абы арэзы техъуа хуэдэ, уэрэд игъэӀуащ. Мурат и псалъэхэм пещэ: «Е сэ си тхьэмыщкӀэ цӀыкӀу, утыншыжа, зыри къоузыжыркъэ? А уздэкӀуар нэхъыфӀ?»

Аргуэру и уэрэдыр къришри, бзур уафэгум икӀуэдэжащ.

А махуэм къыщыщӀэдзауэ бзум и шхынрэ псырэ щхьэхуэу ирату къаублащ. Бзуми ишхырт, «хьэуэ» къыхимыгъэкӀыу.

Махуэ гуэрым Мурат и къуэш нэхъыщӀэмрэ и шыпхъумрэ къакӀуэри, хуабжьу къытракъузащ «зыгуэр къэшэжын» Ӏуэхур.

Бынхэм я хьэтыркӀэ, ахэр зыхуей хуэзэн папщӀэ, жаӀэурэ, и щхьэр ирагъэужэгъури, «хъунщ», жрагъэӀащ. КъызэрыщӀэкӀымкӀэ, къыхуашэжынри хьэзырт. Езы тӀури зэхуагъэзащ, зэрагъэпсэлъащ, кӀуэуэ, къэшэн фӀэкӀа зыри хэмылъу. ЛъэпкъитӀри зэгурыӀуэри, щэбэт махуэм фызышэр траухуащ. Къэсащ а махуэри, адрейхэм ещхьу, хуэму, зрилъэфыхьу. Фызышэр пщӀантӀэм щыдыхьам цӀыхур къызэхуэсауэ зэхэтт. Мы екӀуэкӀ псом и Ӏуэху хилъхьэну хуэмей хуэдэ, дыгъэри уафэгум итт, зимыгъэхъейуэ. ПщӀантӀэм къыдэӀукӀ макъамэм гур етхьэкъу, Ӏэпкълъэпкъыр зэщӀеубыдэ. ХьэщӀэхэр зырызэ ирагъафэщ, къагъэфэжри, нысащӀэр къыщӀашыну унэмкӀэ щаунэтӀым, Мурат нэбгъузкӀэ зыгуэр къиубыдащ. Еплъыпэмэ – Жэнэтбзу цӀыкӀурат! Ар нысащӀэр къызыщӀашыну унэм и кӀарниз кӀапэм къытетӀысхьауэ къаплъэрт. Хэт къуалэбзум и нэгум ирилъэгъуаӀа игъащӀэм, ауэ Мурат къыфӀэщӀащ ар нэщхъейуэ, къыщиуду гъын хьэзыру. Бзу хабзэу, пкъымызагъэу, пкӀатэлъатэу щыттэкъым ар. Щыст зимыгъэхъейуэ, и нитӀыр къытриубыдауэ, цӀыхум хуэдэу, къеплъу.

– Ӏэсят! – къыхэкӀийкӀащ лӀыр, дэпым хуэдэу къызэщӀэнауэ. – Мес си Ӏэсят!

Пшынауэм пшынэр Ӏэпыхуащ, я Ӏэхэр яфӀехуэхыжащ Ӏэгуауэхэм, бжэщхьэӀум къашэса нысащӀэм и лъэр щӀэхури, къэзыӀыгъхэм я ӀэплӀэм ихуащ... псом я нэгу илъ нэщхъыфӀагъри икӀуэдыкӀащ, къэӀэбэу зыгуэрым ирилъэщӀыкӀа нэхъей.

– Си Ӏэсят къыскӀэлъижыхьу си ужьым иту, сыт мы сэ сщӀэр зищӀысыр! – жиӀэри, Мурат дигъэзыкӀыжащ. Мыдрейхэми, сыт ящӀэнт, абы и ужьым иуващ, я щхьэр къыфӀэхуауэ...

## *ДЫГЪУЖЬЫМ ИМЫГЪЭГЪУАР*

Я унагъуэм къихъуа гуфIэгъуэм триIэтыкIырт дыгъужь анэри, дыгъужь адэри – шыр цIыкIуищ зэуэ яIэ хъуат! Абыхэм я кIий макъым я гур фIы ищIырт. Дыгъужь адэр апхуэдизкIэ гуфIэщати, дыгъужь анэм и гур нэхъри зэрыхигъэхъуэнур имыщIэу, жэщ, мыжыжьащэу щыхъуакIуэ мэл хъушэм къыхиудщ зы щынэ пшэр цIыкIуи, къахуихьащ. Дыгъужь анэм ар ишхри, лъыр шыр цIыкIухэм я пэм, я Iупэм щихуэжащ – ерыскъыгъуэу къахуигъэщIам я хъыфIым и мэр абыхэм егъэцIыхун хуейт.

Пщэдджыжьым жьыIуэу мэзышхуэм хыхьауэ дыгъэм егуэш гуапагъэрэ хуабагъэрэ, гъуэ куум исхэм – гуныкъуэгъуэ лъэпкъ зимыIэ анэми абы и бгъафэм щIэлъхэми ар зыхащIэ. Иджы я адэр, ежьауэ, щIэтщ мэз хуитышхуэм, мэмэжалIэ, и гур пихыу щIидзэмэ, удз тIэкIу ешх, жыг пхъафэр третхъри, хьэпIацIэ къыдех. Зы дзыгъуэ къиубыдащи, егъэтIыгъуэ. Щосхь, быныр зыгъэшхэн хуей анэм хуихьынущи. Апхуэдэурэ, тхьэмахуэ-тхьэмахуитI дэкIа нэужь, шыр цIыкIухэр къожэпхъ, гъуэ кIыфIым изэшыхьу хуожьэ. Махуэ гуэрым мэлыхъуэхэм абыхэм гу къылъатэри, я хьэхэр къраушт, шыр цIыкIуитIыр къатхьэлэ. Ещанэр яIэщIокI. МахуищкIэ, абы и гурыгъузым ихьурэ, шхакъым унагъуэр.

Къэна дыгъужь шырыр адрейхэм емыщхьу угъурсызт, къридзэртэкъым и ади и ани, щхьэхуещэжь хъужауэ. Хьэлэчуи ныбаблэт. Езыри иджы къыдэкIуэтеяти, анэ быдзышэр ирикъуртэкъым. Мыпхуэдэ ныбжьым нэсамэ, дыгъужьым езым и щхьэр зэрипIыжыным хэтын, хъуакIуэщакIуэу щIидзэн хуейт. Ауэ мыбы гугъу зригъэхьынутэкъым, къэзылъхуахэм щыгугъыу щыст. Мыдрейхэри я псэ дыдэм еблэжыртэкъым, ар зыми щымыщIэн щхьэкIэ. Езыхэр лIэми ядэрт, къахуэнэжа я бын закъуэм зыхуейр игъуэтмэ. Ауэ езым гугъу лъэпкъ зригъэхьыртэкъым. Апхуэдэурэ, щагъэкIат. Адэр хуейт и къуэ закъуэр сытми хуэIэзэу щытыну, жьыщхьэхъумэ къыхуэхъуу, ипIыжыну. Зэтэкъым ар гъащIэм хуигъэсэну и ужь зэрихьари, зыри къикIыртэкъым. Зэ зы дзыгъуэ къыхуиубыдри IэщIилъхьати, аркъудейр, илIу хуэмышхыу, зыIэщIигъэкIыжащ! Дауэ щымытами, быныр бынт. Дыгъужь адэр йожьэ зэуэса мэл гуартэм хэуэну. МакIуэ, къуацэми чыцэми кIуэцIрыпщу, зыблэкIхэри щIы зытеувэри и нэм имылъагъуу. Къуацэ щылъым щыхэбакъуэм егъэпщIэу – къапхъэным лъакъуэр диубыдат!

Мэкъугъ гуузу. Мы къыщыщIар зи ягъэ и быныр зэригъэсэхъуам папщIэ и щхьэр фIеудыж. Абы и къугъ макъыр зэхихащи дыгъужь анэр мэгузавэ, и шыр цIыкIум зыкъримыгъащIэу, къокIукI-нокIукI. ИтIанэ и щхьэгъусэр къыщыкъугъ лъэныкъуэмкIэ макIуэ. Мэлыхъуэ пщыIэм носри, зеплъыхь, зыри илъагъуркъым. Абы ирихьэлIэу, мэлыхъуэхэм гу лъатэ дыгъужь къугъым. Нэхъ гъунэгъуу щыIэ щхьэгъусэм нэхъ Iеижу докъугъуейри зреч, закърегъащIэри, къэпхъэным зи лъакъуэр диубыдам щхьэщеш мэлыхъуэхэр. АрщхьэкIэ, куэд уагъэкIунт, дыгъужь къызэраубыд зэпэплIимэшхуэ гъущI хъарым ираубыдэ. АпщIондэху мыдрейм, къапхъэным дэлъ и лъэтхьэмпэр, дзэкIэ пешхыкIыжри хуит зыкъещIыж.

– СынокIуэ сэ, тIэкIу зыхуэгъэшэчыж, дэнэкIэ уздэщыIэр, цIыху куэд щыт абыкIэ? – йокIий и щхьэгъусэм.

– УкъэмыкIуэ, сынолъэIу, къытхуэна ди сабий закъуэм и хьэтыркIэ, мыхэр куэд мэхъу, Iэщи яIыгъщ. КIуэж, сэри, жэщ зэрыхъуу, зыгуэрурэ сынэкIуэжынщ, саныIэщIэкIынщи.

Лъы къызыпыж и лъакъуэр елъэфыжри мэкIуэж дыгъужь адэр.

Анэр здэщыIэмкIэ шырыр щIэупщIа щхьэкIэ, абы жэуап иритакъым. И уIэгъэм ебзейщ, лъыр зэрыхъукIэ игъэувыIэри, пщэдей и щхьэгъусэр къызэрыригъэлынум егупсысу гъуэлъыжащ. Нэху къыщекIам махуэр нэщхъейт. Алыхьым дуней псор дыгъужьым дигъэнэщхъей хуэдэт. IэфIу жей и шырыр гъуэм къринэри, езыр аргуэру ежьащ, ещIэкъуауэу. Къапхъэнхэм хуабжьу яхуэсакъыу макIуэ. Нэсрэ плъэмэ – гуIэгъуэт! Дыгъужь анэр ягъэIэсэну, унэхьэ ящIыну гъущI кIапсэкIэ ирапхауэ кIэрытщ. Тепщэч гуэрым лы тIэкIуи илъу къыбгъэдэтщ. Арат дыгъужь анэр псом нэхърэ нэхъ зыщышынэри, къэхъуат. ИрикIуат гур зэрыгъум дыгъур! ЙотIысэхри, щабэрыкIуэу абы бгъэдопщхьэ, зэрепха кIапсэжьыр зэпишхыкIыну хэтщ, ауэ, бетэмал, быдэIуэщи, пэлъэщыркъым.

– Си псэфылъэм къеIи, си псэр зэуэ хэх! – мэлъаIуэ дыгъужь анэр.

– А уэ уи пIэм итын хуеяр сэращ, сэращ а псор зи лажьэр сыIукIынукъым, укъезмыгъэутIыпщауэ, хуейми сраукI!

Абы хэту мэлыхъуэхэр къыщIокI.

– КIуэж, псынщIэу закъыумыгъэлъагъу!

– СыIукIынукъым, сраукI!

– Нэхъеижыракъэ, тIури даукIмэ, ди бын закъуэрщэ? Мис мы тепщэчкIэ къагъэува лыр сэ щIэзмышхар аращ, абы хуэхьи егъэшх, лIэ хъунщ ар шхын щхьэкIэ.

Дыгъужь адэр мэз Iувым холъэдэж, адрейри абы кIэлъоплъ, и нэпсыр къыщIэжу. Йохъуапсэ абы и щхьэхуитыныгъэм, ар здэкIуэж я къуэм деж езыри кIуэжыну, абы телъэщIыхьу, дэджэгуну хуейщ, ауэ и пщэр фIитхъыу гъущI хьэлъэжьыр илъщи, екъумэ, итхьэлэу щIедзэри, къыжьэдекъуэж. Гу лъимытэурэ, жэщ хъуащ. Сыт, жэщащ абы и махуитI кIэрыпхауэ зэрыщытахэри. Абы ещIэ цIыхухэм я мурадыр – ягъэIэсэу езым хуэдэхэм пагъэувыжыну аращ. УлIэмэ, нэхъыфIщ, абы нэхърэ! Псори зэпишэчщ, зэпилъытри, лIэныгъэм нэхъ хэкIыпIэфI щимыгъуэтым, дыгъужь анэм зэрепха кIапсэмкIэ зитхьэлэжащ. Пщэдджыжьым къакIуэу ар зылъэгъуа и щхьэгъусэ дыгъужьым сытри хуэщIэнт, ауэ къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр езыр арауэ зэрыщытыр къыгурыIуэжри, ину, мэз псор къигъэпсалъэу дэкъугъеящ.

Махуэ гуэрым дыгъужьыр хъуакIуэщакIуэ ежьащ, IущIащ и унагъуэр зытекIуэда а мэл хъушэ дыдэми. Зыми еIусакъым. Ауэ, къызыхэкIари имыщIэу, и гур къикIэзызыкIащ. И гум щIыIэ-щIыIэу къэкIащ: гугъуехь лъэпкъ хэмылъу шхэн зыфIэфI и къуэр мэлыхъуэ губзыгъэ-бзаджэхэм лыкIэ къыдахьэхыу, езыхэр зыхуейм хуагъэзэнкIэ, ягъасэу, дыгъужь лъэпкъым пагъэувыжынкIэ хъунущ!

А узыщцышынэращ сыт щыгъуи къыпщыщIыр, жаIэ. Дыгъужьыкъуэр и пэм ишащ мэл щагъавэ пщыIэм икIи яубыдащ. ЯпэщIыкIэ къаIэщIэкIыжын мурад иIащ, ауэ мэлылкIэ къагъашхэу щыщIадзэм, цIыхухэм ныбжьэгъу яхуэхъуащ.

Махуэ зыбжанэкIэ къилъыхъуащ адэм и къуэр, адэкIэ хуэмыхьыжу, и лъакъуэр щIэщIэу зэретIысэхыу, абы игу къэкIыжащ мэлыхъуэ пщыIэр. Къарууэ иIэр къызэщIекъуэжри, абы макIуэ. Нэсрэ плъэмэ – арат. И къуэр кIапсэ кIыхькIэ епхауэ кIэрытт, арэзыпсрэ цIыху къыбгъэдыхьэ, къедэхащIэхэм ядэджэгуу. Адэм ар шэуэ къытехуащ.

– Мы пщIэ хьэдэгъуэдахэр сыт зищIысыр, – жиIащ абы, цIыхур зэтеуа нэужь, бгъэдэлъадэри. – Узэрепха мы кIапсэр сэ схузэпышхыкIынущ, накIуэ, псынщIэу!

– Гугъу зумыгъэхь, ди адэ, сэ мыбы сыщотынш, пщэдей сыт сшхыну, жысIэркъым, псори си хьэзырщ.

– УкIэрыпхауэ узэрыкIэрытыр-щэ? Дэ дыдыгъужьщ, хьэ дыхъуакъым, дэ щхьэхуитыныгъэращ дыкъызы-

хуигъэщIар. Уи анэм зыщIиукIыжар мыращ, ари псэуфынут, уэ зэрыжыпIэм хуэдэу тхъэжу. Уэ уи анэри уи къуэшхэри зыукIа ди бийм ухуэлэжьэнущ... уепцIыжакIуэщ! Уи анэм апхуэдэу щытыну хуэмейуэ аращ зыщIиукIыжар!

– Си анэр делэт. Ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ, жаIэу зэхэпха уэ! Уэ махуэ псом къэбджэдыхьрэ зы дзыгъуэ фIэкI умыгъуэту, ара гъащIэр? СкIэрыкI, сэ мыбы сыщыIэнущ!

А псалъэхэр зэрызэхихыу, дыгъужьыр Iэл къохъу, къызокIуэкI. Щынэ, мэз бжэнхэр зэриукIым хуэдэу, и псэфылъэм йоIэ. И къуэ закъуэр еукIыж. Абы и кIий макъым мэлыхъуэхэр къегъэпхъэр, фочхэр яIыгъыу къызэрыщIох, дыгъужьым къоуэ. Шэпхъхэр къытощащэ, ауэ и къуэм и псэфылъэр иутIыпщыркъым, и псэр хихыху. ИтIанэщ ещIэкъуауэу и щхьэр Iуихыну и ужь щихьэр.

– ФымыгъакIуэ, феуэ! – мэкIий цIыхухэр, я фочхэм шэуэ илъыр къытраунащIэ.

– Сыпсэуууи сылIауи сэ фэ зыфIэрызгъэхьэнкъым! – жеIэри зэ къахуоплъэкIыж, ину мэкъугъ, имыIэж и унагъуэм захригъэхыну хэт нэхъей. ИтIанэ бгым йолъэри, псым хопкIэ, ауэ есыркъым. Нэри пэри ихьу еукIуреих къуршыпс уэрышхуэм зыхедзэж... СыткIэ хуеижынт иджы гъащIэ?

Ирехьэх псы уэрым дыгъужьым и хьэдэр!

# КIАРЭ АЛЬБИНЭ



*КIарэ Альбинэ Аслъэн и пхъум (1981, Шэджэм Езанэ къу., иджы Шэджэм къалэ, Шэджэм р-н) КъБКъУ-м и юридическэ факультетыр къиухащ. Альбинэ и рассказхэм ди тхылъеджэхэр фIыуэ щыгъуазэщ, ахэр куэдым ягу ирохь.*

## *ЕЩАНЭ ХЪУЭПСАПIЭ*

Дыгъэ бзий пIащIэхэр щхьэгъубжэмкIэ къыдэпсырт. Ахэр жей IэфIым хэт хъыджэбзым едэхащIэрт, къэуш, махуэщIэм уи гур хузэIухи, езыри къыпхуэгуфIэжынщ, жаIэ фIэкIа умыщIэу.

Ауэ, пщащэм зигъэхъейтэкъым. Нэ цIыкIуитIыр зэрызэтепIат. Iупэр мащIэу гуфIэ хуэдэт. ПщIыхь дахэм дихьэха хъунти, пэжыжьэт дунеишхуэм. Сыту пIэрэт абы илъагъур апхуэдизу, къэушыну хуэмеижу?

Бзий цIыкIухэр, гъуджэм кIэридзэрэ къигъэлъеижмэ, мо жейм тепсэжу, джэгухэт, макъ щабэкIэ Iущащэ хуэдэт: «Къэуш!»

Бзухэми ерыщу я уэрэд жьгъырухэм зрагъэшэщIт. КъыпфIэщIырт ахэр зэпеуэу – хэт нэхъ дахэу, нэхъ ину уэрэд жимыIэрэ?!

А псор къыпэлъэща хъунт, Заирэ, къехьэлъэкIыпэурэ, жей IэфIым ерагъкIэ къыхэкIри, зыхишащ. Iэпэ гъурхэмкIэ и нэм щIэIуэтыхьурэ, гъуджэмкIэ зигъэзащ. Абы къеплъыжащ хъыджэбз нэ къуэлэныр, уафэгум вагъуэу исыр зыщIэкIуэдауэ къыпфIэщIыр. А цIыкIур нэгу зэхэхат, IэпкълъэпкЪ зэкIужт. Щхьэц сырыху кIыхьышхуэр егугъуу зэщIикъуат, ауэ нэхъ жыIэмыдаIуэ зы налъэ цIыкIу нэIум къихуэжащ. ПыгуфIыкIыжащ, абы епщэри. Хъуапсэ фIэкIа умыщIэу, нитIыр зэтрипIэри, гупсысэ гуэрым хэхуащ. Мыщэ щабэ хужь цIыкIу шкафым тесыр къипхъуатэри, IэплIэ хуабэ хуищIурэ, зигъэкIэрэхъуащ. И гум къэкIыж и пщIыхь дахэм щыгуфIыкIырт ар. И хъыджэбз гъащIэ щымым зыгуэркIэ къылъэIэсыну щIэхъуэпс хъунт. Ауэ... Дауэт апхуэдэу? ГъащIэр гъащIэщ, зэпIэзэрыту упсэун хуейщ. Таурыхъым хуэдэу дахэкъым, насыпыфIэкъым. ГуфIэгъуэм гуауэр къыкIэлъокIуэ, а тIум я IитIыр быдэу зэрыIыгъщ. Нэпс гуащIэр щалъэщIыр куэдщ.

ЩыIэу пIэрэ лъагъуныгъэ цIыхум дамэ къытезыгъакIэ, бэшэч, гуфIэрей зыщIыр? Дунеишхуэм тет апхуэдэ гурыщIэ дахэ? Хьэмэрэ я зэш трагъэун папщIэ, ауэ къагупсысауэ ара цIыху цIыкIум?..

Хъыджэбзыгур куэдым нэсырт. Зэи и гъащIэ зэшыгъуэм егупсысырт. Асыхьэтым псори фIэмыхьэнэншэ хъуат. Зыми хуэмеижу, зэхъуапсэхэр къылъымысыным къыщцымынэжу, хъуэпсэну хуимыту къыщцыхъуат. И IитIыр иридзыхыжри, къехъулIэнIам гугъэр хихыжауэ, куэд щIауэ псэурт ар. Унэ, еджапIэ – а тIум я зэхуакум

итт. Арат илъагъури ищІэри. Хъыджэбзыр и шыпхъу нэхъыжьым и гъусэу къалэм щыпсэурт. Къуажэм адэ-анэр, дэлъху нэхъыжьыр, абы и унагъуэр щызэгъусэт. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм адэ-анэм ябгъэдэст зэшыпхъуитІри. Ноби, къапщтэмэ, зыщигъэпсэху махуэт, ауэ къуажэм игъэзэжыныр къехъулІакъым – зэджэн хуей куэд зэтрихьат, унэ зыщІэсри зэщІикъуэн хуейт.

Заирэ фІыуэ зыхишри, анэм зэригъэсам хуэдэу, псынщІэ-псынщІэурэ Іэбэу щІидзащ. Езым зигъэкъабзэри, шхэн, пщэфІэным нэмыс щІыкІэ, ихъуреягъкІэ зэлъыІухыным пэрыуващ. Уэрэд къеуэм езыри дежьуужурэ, щхьэгъубжэр Іуихащ. Хьэуа къабзэмкІэ ІэпкълъэпкъьІр игъатхъэу, кууэ бауэрт ар. Сабэ тІысыпІэу хъуар сыхьэт зыбжанэкІэ илъэщІри, удз гъэгъахэми псы ящІикІэжащ... Мис иджы къабзэмэр къыщІех, щыжиІэм, и жып телефоныр къеуащ. Шыпхъу нэхъыжьыр къэпсалъэу арат.

– Заирэ, зыгъэпскІыпІэм псы ижыпІэ къутар зыщІыжынур нобэ нызэрыкІуэнур пщІэжрэ?

– НытІэ!

– Губзыгъэ цІыкІуу егъэщІыжи, уасэ хуищІыр ет.

– Хъунщ! Умыгузавэ. УнагъуэмкІэ псори тэмэм?

– НытІэ. Сыт, укъэуша къудейуэра?

– Моуэ, сыкъэбгъэушауэращ!

– Уэри уэ, узышэм укъригъэкІыжыни а махуэ дыдэм!

– Уэ зэрыжыпІэщ! – пыгуфІыкІащ ар.

– ЗумыгъэмэжалІэ!

– Хъунщ.

Телефоныр ирипІытІэжри, пщэфІапІэмкІэ щІыхьащ. Сэлат зэхилъхьащ, шеи игъэващ. ЩІакхъуэ, ІэфІыкІэ дыщІигъужри, Іэнэр игъэхьэзыращ. Іейуэ зэгугъуу зэхилъхьахэм еплъыжри, фІэмащІэ хъужащ. «Си щхьэ щхьэкІэкъэ дунейм сыщІытетыр!» – егупсысри, лы гъэжьари щІигъужащ.

«Мис, иджы зыхузогъэфэщэж си Іэнэр!» – и гур къиипсэлъыкІырт, кІэпхыныр щызэІуихыжым. Шэнтым щетІысэх дыдэм, машинэ къагъэкІиям и макъыр ицІыхуу къыфІэщІати, щхьэгъубжэм бгъэдыхьащ. Щыуатэкъым! И еджэгъу хъыджэбз цІыкІур зыгъэпсэхуакІуэ ежьауэ арат, зэпсалъэ щІалэм и гъусэу. Ехъуэпсащ. Сыт ухъуапсэкІэ... апхуэдэ дэнэ къыщыхъунт абы и гъащІэм?

«Сэ сызыхурокъуж, зыми зыкІи сыхуейкъым, дуней дахэшхуэм зыри сыщыхуейкъым!» – жиІэурэ, нэпс къехахэр ирилъэщІэкІыжри, шхэну етІысэхащ. Гуахъуэ

къищтэри, и пIэм ижыхьащ. НитIыр тедиихьри, гупсысэ мышыум хэхуащ.

Дауэ къэхъуа, мы дунейм зыри сыщыхуэмеижу? Ар зи инагъ, зи телъыджагъ, нэми гуми фIэхьэлэмэтыр щыкуэдрэ пэт, сэ зыри дунейм сыщыхуеижкъым. Iуащхьэмахуэ, бгышхуэ сурэткIэ фIэкIа сымылъэгъуахэр зэрыдэгъуэ! Абы гъэмахуэми щIымахуэми уэсыр щыкуэду жаIэ. Шэджэм псы къелъэхэр-щэ? Абыхэм увыIэпIэ зэи яIэкъым! Апхуэдиз псыр дэнэ къикIыу пIэрэ? ЩIымахуэм-щэ? Мылым зэщIибларэ дыгъэм пэлыдыжу! Гуэл щхъуантIэр, жылэм зыщагъэпсэхури дахагъэкIэ зыри зыпэмыхъунщ! Абы и кууагъым хужаIэ таурыхъхэр зэрызэмыщхь! Гур щыбгъатхъэу, псэр щыбгъэфIэжыныр уасэ зимыIэщ мы ди адэжь щIыналъэм... Ауэ, сыт сэ къысщыщIар? Абыхэм слъэгъуа яхэмытми, я хъыбар зэхэсхащи, тхьэ сыхущIэмыкъурэ слъагъуну? Сыхъуэпсэн къудейр схузэфIэмыкI щIэхъуар сыт?.. Дэнэ щыкIуэда фIым хущIэкъу гукъыдэжыр?

Япэм дауэ щытми, сфIэгъэщIэгъуэнт, апхуэдизу яхуэмыIуатэу зытепсэлъыхь бгыхэр. Апхуэдиз уэрэд зыхуауса Iуащхьэмахуэр зэрыжаIэм хуэдэу лъагэу, и щхьэ пэнцIывым уэсыр тезу пIэрэ? Хьэмэрэ гуэл щхъуантIэр-щэ! Пэж дыдэу щхъуантIэ ар?..

Заирэ гуахъуэмкIэ лым еIусащ. Аргуэру нэр фIэдиижащ. МащIэрэ куэдрэ щысами имыщIэу, бжэм къытеуIуам зыкъригъэщIэжащ. Гур гузавэу къеуащ, зыгуэрым щышына фIэкIа умыщIэу. Хъыджэбзым къыщыщIар къыхуэщIэртэкъым. И нэгум псы щIыIэ щIикIэщ, илъэщIыжри, бжэмкIэ кIуащ. И шыпхъум жыхуиIар къэкIуа къыфIэщIри, хэтми щIэмыупщIэу, Iуихащ. Абы и гупэ къитт игъащIэм имылъэгъуарэ имыцIыху щIалэ. Ар лъагэт, лIы Iэпкълъэпкъ зэкIужт. Илъэс тIощIрэ тхум зэрыфIэкIа щыIэнтэкъым.

Зэуэ, тIури Iэнкун хъуауэ, зэплъыжащ. Зэ Iуплъэгъуэм и щыпэлъагъу фIэщIа щхьэкIэ, кIэлъыплъыжри, нэхъ япэIуэкIи зэ хуэзауэ къыфIэщIыжащ. Дакъикъэ зыбжанэкIэ нэр тедиихьат, гур лъыхъуэт, къищIэжыну – дэнэт ар япэу щилъэгъуар?

«Дэнэ щыслъэгъуат? – и щхьэ йоупщIыж. – Уарэ, Аслъэн! Аращ!» – ерагъкIэ къегубзыгъыж и дэлъху нэхъыжьым армэм къыдыщыIауэ щыта щIалэр. Ар зэтэкъым зэригъэхьэщIар. Я унэми щыхамэтэкъым. ЗэрищIэмкIэ, унагъуэ бей къыхэкIат. Къэрал еджапIэри къиухыжри, лэжьапIэ лъыхъуэу ежьащ. Ауэ зэхъуапсэр къылъыстэкъыми, дзэм хыхьащ, зауэлI хъуащ. Хамэ щIыпIэм адыгэ щIалитIыр зэныбжьэгъу щызэрыщIат.

Армэ нэужьми я ныбжьэгъугъэр, хэхъуа фIэкIа, нэхъ мащIэ хъуакъым. ЦIыхухэр хамэщIым зэрыIыгъ ещI, ара хъунт а тIури зэрыхъуар. Дауи, тынштэкъым умыцIыху, умыщIэхэм уахэтыну. Къохъу, зы щIыпIэ къикIахэр зы унагъуэ къыхэкIам хуэдэу щызэдекIуэкI.

Хъыджэбзым зэуэ и нэгум къыщIыхьэжащ ар хьэщIэу къэкIуауэ щыщытар. Езыр гужьеяуэ Iэнэр тригъэувэу, къижыхьу зэрыдэтахэр. ИужькIэ, дэлъху нэхъыжьми зэрыжиIэжамкIэ, щэхуу гу къылъитат. Езыми и нэм къыфIэнат, ауэ я Iуэхур зыщIыпIи нэмысу къызэтеувыIэжащ. Мор лэжьэным дихьэхащ, езыри еджэрт. Сыт ищIэнт? ЗыкIэрищIэну и гум идакъым пщащэм. Мынэхъыбэмэ, илъэс зыщыплI кIуа хъунт зэрызэрымылъагъурэ. Зэрыщытауэ щIалэхэр зыкIэлъыкIуэрт, ауэ Заирэ абыхэм я зэхуэзэхэм ярихьэлIэртэкъым.

Асыхьэту хъыджэбзым игу къокIыж мор къыщIэкIуар. Уарэ! Апхуэдизу зэхъуапсэу, гугъуехь куэдым щIыхэта IэщIагъэр ихъуэжауэра? Еууей! КъызэримыцIыхужам щхьэкIэ, тIэкIуи зэгуэпыжауэ, къэпсэлъащ хъыджэбзыр:

– Сэ си цIэр Заирэщ! Сэра узыхуейр?

ЩIалэр, и щхьэр ищIри, къэгуфIащ. Ари екIупст! Япэ дыдэу зэрилъагъурэ фIэфIыпст и дзэ хужьхэр къыщIэщу ар щыпыгуфIыкIыр.

Заирэ бжэр ину Iуихащ, «къеблагъэ» жыхуиIэу. Гъатхэр къэса щхьэкIэ, иджыри щIыIэт. ЩIалэм щиха курткэ щIыIутелъ хуабэр щыгъын фIэдзапIэм фIидзащ. Абы дыхумэ дахэ къыкIэрихым Зэирэ и щхьэр игъэунэзат. ЗыгъэпскIыпIэм къыщIинахэр лъэныкъуэ иригъэзыху, пщэфIапIэмкIэ щIишащ.

– ЕтIысэх. Шей уефэн?

Зыми егупсысыфыртэкъым ар. Иджыпсту цIыху куэд щыIэщ бзаджэу, ягу Iей фIэкIа имылъу, дыгъуэгъуакIуэхэу. Ауэ пщащэм и гу щабэр а псом нэсакъым. Езы щIалэм къимыцIыхужа щхьэкIэ, зэрыцIыхухэрти, шынэтэкъым.

– НытIэ, – куэд щIауэ зэхимыхыжауэ щыта макъыр къызэхех.

Iэнэм телъахэр псынщIэ-псынщIэу трихыжри, шей къызэхищIащ.

ЩIалэм хъыджэбз мыцIыхум и нитIыр тедият. Сыт имыщIами, нэр къыхутегъэкIыртэкъым, Iэпкълъэпкъ дахэм дихьэхати. Гури щIигъапхъуэрт. ЩIалэми къыфIэщIырт ар зэгуэр илъэгъуауэ, ауэ дапщэщми ищIэжыртэкъым.

Заирэ и Iэпэхэр кIэзызт. «Псы къижыпIэр ищIыжмэ, ахъшэ естынурэ, слъагъужынукъым!» – егупсыст.

– Ефэ шейм, сэ сыкъыщIыхьэжынщ иджыпсту.

ЗыгъэпскIыпIэм щIэлъахэр щIихри, хъыджэбзым къигъэзэжащ.

– Зы Iуэху гуэр фхузиIэщ. – хъыджэбзыр къызэрилъагъуу, кърригъэжьащ хьэщIэм.

– ПхузиIэщ, жыпIэмэщ щыпэжыр! – зэрыщыуар хуидакъым, – уадыгэмэ, уи бзэр щIэж!

– Мыхьэнэшхуэ зиIэ зы Iуэху пхузиIэщ!

«Уарэ, псы къижыпIэр пщIыжыныр – мыхьэнэшхуэ зиIэу сщIэххакъым!» – егупсысат, ауэ къыхудэшеякъым.

ТIури щэхут.

– Уи хъуэпсапIэу щы пхуэзгъэзэщIэну сыхуейщ!

ЩIалэм къуэлъу гу зылъитэ къарум мащIэу игъэгузэващ хъыджэбзыр. Абы жиIахэри хузэхыхьэжри, Iэнкун хъуат. Нэр тенауэ щытащ дакъикъэ зытIущкIэ, фошыгъур изу лошкIэ иIыгъар зэриIыгъыу.

– Сыт щхьэкIэ?

И гум къэкIар зыщ: щхьэм сэкъат иIэщ! ЖаIэ, армэм къикIыжхэм иныкъуэхэм я щхьэр тIэкIу зэIыхьэу. «Ситу фIыуэ си дэлъху закъуэр Тхьэшхуэм къытхуихъума!» – егусысырт ар.

– Дауэ жысIэнуми сщIэркъым. – Аргуэру щэху хъуащ.

– Зэрыщытым хуэдэу жыIи, къызгурыIуэнущ.

– Хъунщ. Зэныбжьэгъухэр дызэпеуэри, къысфIахьащ. Иджы, си псалъэр сIыгъыжын хуейщ.

– Ар къызгурыIуащ. Ауэ, сэ ситкIэ сыхэхуа а Iуэхум? Сэракъым баз узыпихьар! – зэхихам игукIэ щыдыхьэшх Заирэ зыфIэгубзыгъэIейуэ къыщыхъужт.

– Пэжщ уэ жыпIэр. Си ныбжьэгъухэм баз сапихьат зы Iуэху гуэркIэ. КъызыфIахьым япэу къыхуэзэм и хъуэпсапIэу щы хуищIэн хуейт.

– Уарэ! Укъысщыдыхьэшхыура? Уэ псы къижыпIэр зэбгъэпэщыжыну укъэкIуащ! – лIы мыцIыхум и псалъэхэр и фIэщ хъуртэкъым.

– Сыт псы! БжызоIэри си Iуэхур зыIутыр. КIуэрыкIуэм тету сызытеуIуа бжэм къыщIэкIар, япэу сызыхуэзар уэращ.

Иджыпстут Заирэ гу щылъитар, щIалэм Iэмэпсымэ лъэпкъ зэримыIыгъым, ауэ жиIахэр пэжу пIэрэ?

– СыкъыумыгъапцIэ, удыгъуакIуэ-хъунщIакIуэмэ, ущыуащ. Мыбы щIэлъ щыIэкъым. Сэ сыеджакIуэ къудейщ! – шынэ къищтауэ, и макъ щабэр кIэзызт.

«Мыбы сыкъимыщIэжрэ, зы бэлыхь лажьэ, зэи хуэзмыгъэфэщэн гуэр къэхъумэ, сыт сщIэжыну! ЖесIэмэ, нэхъыфIщ, сытыфэ къызиплъар?!» – гупсысэр щхьэм пхрыжауэ, пищащ:

– НытIэ, япэу узыхуэзар зи ныбжь хэкIуэта гуэру щытатэмэ, е цIыхухъутэмэ, абы щыгъуэми хуэбгъэзэщIэнут и хъуэпсапIищ?

– НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым!

– Иджы къызгурыIуащ.

– Умышынэ, сынодыгъуэнукъым икIи усхъунщIэнукъым. Ауэ, къызгурыIуэркъым, дауэ умыцIыху щIалэр мыпхуэдэу занщIэу къыщIэбгъэхьэфа?

– Си зыгъэпскIыпIэр зэзыгъэпэщыжынур къэкIуа си гугъащ. ИтIанэ, укъэсцIыхужащ. Уэ сыхэтми къызэрумыщIэжари си жагъуэ хъуащ. Дапщэрэ узгъэхьэщIат? Си дэлъхум уриныбжьэгъуфIи хуэдэт.

Пэжт къыжриIари, укIытэжауэ, и напIэр ирихьэхащ.

– Уа! Уэллэхьи, ущыслъэгъуар къысхуэмыщIэжуратэм! Къысхуэгъэгъу!

– Сыт сщIэн, къыпхуэгъуащ, – и жагъуэ хъуащ: «Сынэхъ дахэIуэу, нэхъ гукъинэжу сыщытамэ, цIыхухэр нэхъ дэсхьэхыфтэмэ, зэи сыщыгъупщэжынтэкъым».

– НытIэ, Заирэ, къызжеIэ уи хъуэпсапIэхэр! – зимыIэжьэу занщIэу пищащ.

Хъыджэбзым гу лъитат зыкъригъэцIыхужа нэужь, щIалэм и нэгум зызэрихъуэжар, ауэ зыри жриIакъым.

– Таурыхъ гуэрым сыхэхуауэ къысфIыбогъэщI! Пэжу жыпIэрэ си хъуэпсапIищым теухуауэ?

– НытIэ, – нэ фIыцIитIыр къэгуфIащ.

– НытIэ, сэ уэ Пушкиным и дыщэ бдзэжьей цIыкIур сигу къэбгъэкIыжащ... аращ сынызэроджэнури – дыщэ бдзэжьей цIыкIущ, – жиIэри, дыхьэшхыжащ хъыджэбзыр.

ЩIалэри хуэгуфIэжащ.

– НытIэ, бдзэжьей цIыкIу, къызэдаIуэ. Мы дунеижьыр инщ, узэхъуэпсэн куэди тетщ, ауэ сэ а псом щыщу си хъуэпсапIэр зыгуэр сыхуейуэ сыхъунуращи, уэ абыкIэ зыри къысхуэпщIэнукъым. Си бжэм япэу укъытеуIуами, ущыуащ, ущыуащ цIыхукIи. Пэжыр пэжу щрет, си гуапэ хъуащ узэрыслъэгъуар, дызэрызэрыцIыхужар. Иджы сэ седжэн хуейщ, – «щIэкIыж» жыхуиIэу, бжэмкIэ плъащ. АрщхьэкIэ щIалэм зигъэхъейртэкъым.

– Егупсыс иджыри!

– Сэ сызыхуейр зыщ, зыгуэрым сыщIэхъуэпсу щытащэрэт, жызоIэ, ауэ хъуркъым! КъыбгурыIуэрэ?

Аслъэн щэхут.

«Сытхэр нэхъ си хъуэпсапIэ?..» – Заирэ хэгупсысыхьащ.

Пэшым щIэз хъуат щIалэм и дыхумэр. Ар хъыджэбзым еплъырт дихьэхауэ, и теплъэкIэ апхуэдэу фIэмыдэхами. КъыфIэщIт абы и гум мафIэ цIыкIу иту, ари ныкъуэункIыфIу. Абы пипхыкIа и шхьэц кIыхьышхуэм щыщ налъэ закъуэ жыIэмыдаIуэр нэIум зэрилът. «Моуэ мащIэу къысщIехьэ» жыпIэфын къудейуэ, дыхумэ IэфI тэкIу къыкIэрихырт. И зыхуэпэкIэм Iэпкълъэпкъыр дахэ щIэхъукIырт. И унэри къабзэлъабзэт, нури къыщIихырти, псэм зыщигъафIэрт.

Заирэ игукIэ зэхилъхьэурэ зэхихыжырт и гупсысэр нэхъ зэтахэр: ахъшэ куэд жесIэн, хьэмэрэ, скIэрыкI, жесIэн?.. Е...

– КъэсщIащ! – Дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ, хъыджэбзым и макъыр тегушхуауэ къэIуащ.

– Сыт?

– Сыт хуэдэми хъуну?

– ЦIыхум хузэфIэкIын къудеймэ, аращ.

– МылъкукIэ-щэ?

– Апхуэдабзэщ.

– НытIэ, сэ си хъуэпсапIэр мыращ – Гуэл щхъуантIэхэр слъагъуну си нэ къыхуокI! Ар си япэ хъуэпсапIэщ.

Аслъэн сыхьэтым еплъащ.

– Нэхъ тынш щыIэ хъункъым! Зыгъэхьэзыр.

– Хьэуэ, зэт! – зэуэ къызэтеувыIащ. – А уи ныбжьэгъу си дэлъхум къиищIэмэ, сыIэщIэкIуэдэни!

– Абы сэ езыр сыгурыIуэжынщ.

– ЯпэщIыкIэ гурыIуи, идэмэ, докIуэ.

– Хъунщ.

Жып телефоныр кърихри, псэлъащ.

– Сэлам алейкум!

– Уалейкум сэлам! Дауэ ущыт си ныбжьэгъужьыр?

– Уэли, Аслъэн, хъарзынэм! Уэ-щэ?

– Сэри сымыIей хуэдэщ.

КIыхьу кърагъажьэри, псэлъащ зэныбжьэгъуитIыр. Я Iуэхухэр зэрыхъум, унагъуэкIэ зыхэти сыти псори зэжраIащ. ЙужькIэ, Iуэхур зытетыр кIэщIу гуригъэIуащ Аслъэн.

– Етыт езым телефоныр! – губжь тIэкIуи хэлъу жыпIэфынут и макъым.

– Адыдыд! Иджыпсту къысщIэкIиенущ! Ар къы-

щысхуэмыарэзым нэхъ си жагъуэ щыIэкъым! – и гур дзапэкIэ иIыгъыу, Iэбащ Заирэ телефоным.

– Сыт ар?

– Си напэр тумых. Губзыгъэ цIыкIуу кIуэи, къэкIуэж. Ар щIалэ хъарзынэщ.

– Хъунщ!..

Псори зэхуэхъуати, Заирэ зыкъихуапэщ, зыхуеинухэри къищтэри, къэувыжащ.

– Сыхьэзырщ!

ЕкIупс щыгъыным нэхъри дэгъуэ щIэхъукIати, щIалэм и нэр хъыджэбзым хутегъэкIыртэкъым.

– Дожьэ-тIэ!

– Зэт, къэувыIэт!

– Къэхъуар сыт? – Аслъэн зыри къыгурыIуэртэкъым.

– Псыр-щэ? Ар нобэ ямыщIыжым, гугъу ехьыжынур сэращ!

– Уей, сэ абы хэсщIыкIыр мащIэм, ауэ накIуэ, деплъынщ...

ЩIалэр щIыхьа-щIэмыхьа жыпIэу, къыщIэкIыжащ.

– Винтыр къэлэлати, арат къыщIыдэжыр. КIуэи еплъыт иджы!

ЗэрыхъукIэ псынщIэу зэпиплъыхьри, и гур зэгъауэ къыщIэкIыжащ.

– Упсэу! Тэмэмщ.

– Ар уи хъуэпсапIэрауэ дыбжын, хьэмэрэ?..

– Хьэмэрэщ! Абы уэрат хуеяр, сэ къыстумылъхьэт, – зэпиудащ псалъэр.

– Сыту?

– Уэ сэбэп укъысхуэхъуну ухуеяти, аращ щIэпщIыжар! Пэжкъэ?

– Догуэ, уэ ухуеятэкъэ абы?

Я зэдауэр кIыхь зэрыхъунур зыхищIати, Аслъэн абы къыфIимыгъэкIыу, щIэкIащ. Заири абы зыкъыкIэримыгъэхуу бжэ-щхьэгъубжэр къригъэбыдэкIри, кIэлъыкIуащ.

Хъыджэбзыр машинэм итIысхьа нэужь, бжэр дыхуищIыжри, щIалэри рулым дэтIысхьащ. Ар нэ гъэпщкIуакIэ кIэлъыплъырт къыбгъурысым. Пщащэр нэжэгужэу щхьэгъубжэмкIэ дэплъырт. КъэутIыпща щхьэц баринэр жьым зэрихьэрт. Япэу щилъэгъуам, нэщхъейуэ къыщыхъуар иджыпсту къилыдыкIыу гуфIэрт. ФIыуэ зэрызихъуэжар илъагъурт. Хъыджэбзыр нэхъ дахэ хъуат. ИгъащIэ лъандэрэ ицIыху гуэр къыбгъэдэсу

фIэкIа къыфIэщIыртэкъым... Езы цIыкIури гъащIэм хуэгушхуэурэ, щэхуу къыбгъэдэсым хуеплъэкIырт. Иджыпсту зыхищIэхэр зэригуапэр, зэриIэтыр жиIэну хуейт. Ауэ, япэм зыщыгъуазэу щымыта зы гурыщIэ гуэр къытекIуэри, къыхудэшеякъым. Гур пIейтейт, зыгуэр къиIуэтэну хуей фIэкIа умыщIэу.

Гъуэгу кIыхьыр зэпачырт тIури псалъэншэу, зыр адрейм щэхуу хуеплъэкIыу. Зы дакъикъэ гуэрым, зэрымыщIэххэу, я нитIыр зэтехуащ. Нэр нэм, гур гум... ЗэхуэгуфIэхэри, укIытэжахэщ. Аслъэн и нэр гъуэгум триубыдэжащ. Заирэ щхьэгъубжэмкIэ еплъэкIыжащ, пыгуфIыкIыурэ.

Гъуэгум и зэхуэдитIыр щакIуам, щIалэм и гупсысэхэм езыр игъэгужьеижт. «А бетэмал, мы гъэщIэгъуэнхэр сыт?!» – зыбгъэдихуну хуейт зыхуэмыныкъуэу и нэгу къыщIыхьэхэр. Абы щыхьэщIэ лъапIэт хъыджэбзыр. И нысащIэрэ я бын цIыкIур куэщIым исыжу. И акъылым здезауэм, зыхуэмыIыгъыжу хъыджэбзым аргуэру щыхуеплъэкIам ар жей IэфIым хэтт. И Iэ цIыкIуитIыр зэтрилъхьэщ, и щхьэ щIагъым щIилъхьэжри, тIысыпIэм бгъукIэ зыкIэригъэщIэжат. Аслъэн машинэр къигъэувыIэри, нэгъуэщI зыри хуэмеижу, еплъыну щхьэщытIысхьэжащ. КъыхуэщIэртэкъым къыщыщIар.

И гупэмкIэ щыIуплъэрти, и нэгум хуиту иплъэрт. ЦIыплъ къэхъуат ар. Хъыджэбзым и нэ цIыкIуитIыр мащIэу тхытхырт – зы телъыджэ гуэрхэр и нэгу щIэкI хъунт!.. Сыту пIэрэ? Къэушмэ, жригъэIэжынкъэ!

Куэд дэмыкIыу нэсахэщ, жейнэд шырри къызэщыуащ.

ПэIущIэ гуэлышхуэр ихъуреягъкIэ къызэхикIухьри, сурэтхэр трихыу увыжащ, гуфIэжу. Зэуэ нэжэгужэ зэрыхъуар фIэхьэлэмэту, щIалэри кIэлъыкIуэрт. Япэу щилъэгъуам ар цIыху хьэлъэу къыфIэщIами, иджы апхуэдэу къыщыхъужыртэкъым. ЗэрызищIхэри хуабжьу фIэгъэщIэгъуэнт. НэщхъыфIэу къыбгъэдэтIысхьауэ щыуэршэрым, вагъуэ цIууэ къыщыхъут, апхуэдизкIэ зэщIэлыдэти. Игу мафIэ цIыкIур къэлыдат...

Зи къухьэжыгъуэ нэса дыгъэм иджыри игъафIэрт зызыгъэпсэхухэр. НыбжьыщIитIыр псым бгъэдэтт.

– Бдзэжьей цIыкIу, сэ псым мывэ хэздзэнущ.

Аслъэн псалъэ жиIэну зыхуейхэр зэригъэпэщыху, мобы и IэгуитIми мывэ из ищIри, къэувыжащ. Зырызыххэурэ хидзэуи щIидзащ. Ар зэми щыуауэ къыщыхъурт, мыбы и гъусэу гъуэгу зэрытеувамкIэ, зэми щыгуфIыкIыжт.

– Уэй, си Iэлъыныр хэхуащ! – къэгужьеяуэ, псымкIэ плъащ Заирэ.

– Ухыхьэ хъунукъым, мыбы уитхьэлэнущ занщIэу! – щIалэм щтэIэщтаблэу хъыджэбзыр иубыдащ.

– Зэи сымылъэгъуа щхьэкIэ, сощIэ! – зигъэгусэн и гугъат, ауэ, мобы и нитIым щыIуплъэм, теужащ.

– Мыбы и кууагъыр пщIэрэ? Мо бгышхуэм и дахагъэр плъагъурэ? Сыту сыхуейт абы сыдэкIыну! ДыдэкIрэтIэ?

– Уа, мо жыгыжхуэм еплъыт! Дахэкъэ ар? НакIуэт, стехыт абы сыбгъэдэту сурэт!

– Мо щIыхьэпIэ цIыкIумкIэ дыщIыхьэну? Сэ сыхуейщ сыщIыхьэну! Кхъа, а зым дыщIэгъэхьэ! И кIуэцIыр зэрыщытыр слъагъунурат. Псалъэ узот, занщIэу дыкъыщIэкIыжынкIэ!

– Мы цIыкIур мывэкъэ?

– Ар Тхьэ апхуэдэу щыт?

– Мор сыт зиIысыр?

Аслъэн мыгурыIуэгъуэу гуфIэурэ, нэгъуджэ фIыцIэм къыщIэплъырт, пщащэ дахэм и упщIэу хъуам жэуап губзыгъэхэр яриту. Къэхъу псомкIи арэзыт, фIэфI хъуат я зэхуэзэри, иджыпсту зэманыр зэрагъакIуэри.

– Сыту усабииIуэ уэ иджыри!

– Ар Iей? – мывэ псым хидзэу здэщысым, зэпигъэури худэплъеящ къыбгъэдэтым.

– Хьэуэ, ар фIы дыдэщ!

– НытIэ, сыщIэбгъэгузавэр сыт?! – аргуэру мывэ идзащ. Мывэр псым телъэ хуэдэу хъури, щIэтысыкIащ. Абы кIэлъыплъурэ, хъыджэбзым пищащ. – Бдзэжьей цIыкIу, уэ ухэт?

– Сэ сыцIыхущ!

– Пэжуи? ЖумыIамэ, убдзэжьей дыдэ си гугъати! Сэ къэсщIэну сызыхуейр узэрыцIыхуратэкъым, ухэт? – къыкIэрыкIыртэкъым.

– Дэтхэнэми хуэдэу, сопсэу, солажьэ! Уэ уощIэ ахэр псори!

– Псори таурыхъым хуэдэу хъуаи! Нобэ сегупсыса къудейт гъащIэм, абы и гугъуагъым, таурыхъым зэрыхуэмыдэм. Иджы, укъысхуэзэри, псори пкъутэжащ!

– Сымыкъутам нэхъыфIт? – бгъэдотIысхьэ.

– Хьэуэ.

ТIури зэуэ щэху хъуарэ зэплъыжу щыст.

– Нобэ, седжэн си гугъат махуэ псом, ауэ зы тхылъ къызэIусхакъым. Краным щхьэкIэ къэкIуэн хуей щIалэри, дауэ хъуами сщIэркъым! – «Ауэ, Iуэхукъым ахэр!

Нэхъапэр си щхьэращ! – гукIэ пищащ. – А псомкIи сызэрымыгузавэр согъэщIагъуэ».

– Еджэныр пфIэфI?

– Пэжыр жысIэнщи, сфIэфIщ. Бдзэжьей цIыкIу, дыгъэр къуохьэж! Месыр, плъагъурэ?

– Солъагъу! А дыгъэм и къухьэжыгъуэм зэгъусэу дызэреплъыр уи етIуанэ хъуэпсапIэ?

– Хьэуэ! Ари уэращ зейр. Уэращ абы ехъуэпсар! Сэ ар зэрыдахэр бжесIа къудейщ!

Аслъэн жиIэн игъуэтакъым – пэжт! Пщащэ бзаджэ цIыкIур гум хэпщIэрт, хуэмурэ.

– Япэу слъагъуурращ сэ мыпхуэдэ дахагъэ. Упсэу, Дыщэ бдзэжьей, куэдIейрэ упсэу!

ЩIалэм а псалъэхэр хъыджэбзым и гум пэж дыдэу къызэрикIым шэч лъэпкъ къытрихьатэкъым. И щхьэр ищIурэ хуэгуфIэжри, Iэр иубыдащ. Заирэ и псэр къэкIэзызри, гур къыихуным хуэдэу къеуэу хъуащ.

– Бдзэжьей цIыкIу, уэ пщIэрэ насыпыр къыздикIыр?

– Хьэуэ.

– Сытыт фызэрызэпеуар, зэрыпфIахьар лIо? – а тIур хуэмурэ кIуэцIрыкIыжт, машинэм хуэкIуэу.

– Хуэсакъ! – здэкIуэм, хъыджэбзыр лъэпэрэпати, къиубыдыжащ. – А дыщIызэдэуам уэркIэ мыхьэнэ гуэр иIэу ара?

– Хьэуэ, ауэ сфIэгъэщIэгъуэнщ.

– Сэ сыхущIегъуэжыххакъым ар зэрысфIахьам.

– КъызжепIэнукъэ?

– МашинэкIэ дызэдэжати, къыстежащ.

Рулым куэд щIауэ дэсу, къэжыхьыкIэ фIыуэ зыщIэм, дауи, и жагъуэт а къэхъуар.

– НытIэ, ар зэрыпфIахьар зыуи къыпщымыхъуауэ жыпIэнура?

– Дауэ мыхъуами, зыкIи сыхущIегъуэжакъым.

– ЖыпIэнщ иджы!

Машинэм гъунэгъу хуэхъуахэщ.

– Сыту фIыуэ зызгъэпсэхуа! – жи Заирэ.

– Уи гуапэмэ, аращ! – бжэр дыхуещIыж.

– И, бдзэжьей цIыкIу, сытыт узэгупсысар, япэ дыдэу сыкъыщыплъэгъуам? – и псалъэхэм ириукIытэжати, и щхьэр ирихьэхащ.

– СщIэркъым… Унэщхъейуэ къысщыхъуащ.

– Пэжт ар.

Удз гъэгъа дахэ зэхуихьэсахэр Заирэ зэхих–зэхилъхьэжу щыст.

– Пэж зэхэпхыну ухуеймэ, – быдэу зэпиплъыхьри,

гъуэгум и нэр триубыдэжурэ, пищащ, – уэ, утхьэIухуд цIыкIущ!

– Иджыпсту фIэкIа гу лъумытауэ ара? Уэри уэ!

– Уа...

– КъызгурыIуащ, сыбдоджэгу. Уэри цIыхухэр дыбохьэхыф! Ухэплъапэм, уеблэмэ зы дахагъэ гуэрхэри щолъагъу, – и нэр щIригъэлъафэурэ хуэгуфIащ ар.

КIыфI хъу дунейм хэплъэурэ, щхьэгъубжэм здыIусым, Заирэ къэгуфIащ.

– Си етIуанэ хъуэпсапIэр пщIэрэ?!

– СынодаIуэри! ЩIэхыу жыIэт!

– Iуащхьэмахуэ, бгы лъагэшхуэхэр слъэгъуащэрэт, жызоIэ!

– Пщэдджыжь... жьыуэ зыбгъэхьэзырауэ къыспэплъэ!

– Уарэ, пщIэдджыжь еджапIэм сыкIуэн хуейщ сэ.

– НытIэ, ущыдэсын махуэ гуэр къызжеIи, дыкIуэнщ.

– Бэзэр махуэкIэращ сыщыдэсыр.

– НытIэ, дызэгурыIуащ. Уи зыгъэпсэхугъуэ махуэм, пщэдджыжьым сыкъэсынущ. Уэри хьэзыру щыс.

– Хъунщ! –къэгуфIэжри, бжэр Iуихыну Iэбащ.

– Сэ уи щIыхьэпIэ дыдэм нэс усшэжынущ! ПщIэркъым къэхъуну псор!

– Мис иджы сыаразыщ. Уи жэщ фIыуэ! – жиIащ, унэм щыщIэбэкъуэжым.

– Уэри нэхъыфIыжу.

Аслъэн и щIыбыр къызэригъазэу, Заирэ и гур къызэфIэнащ.

– Дыщэ бдзэжьей!

– Сыт ар?

– И, Дыщэ бдзэжьей цIыкIу, бжэм нэс тхьэ сыкъэпшэжа? Апхуэдэу тхьэ укъыстешыныхьрэ?

– Уэ зыгуэр къыпщыщIым, хэт сэ зи хъуэпсапIэхэр зыхуэзгъэзэщIэжынур?!

– А, аркъудей укъыщIысхуейр?

– НытIэ! – зыри къыгурыIуэртэкъым щIалэм.

– Хъунщ–тIэ, фIыкIэ.

– ФIыкIэ.

«Еууей! Сытыт узэгупысари, узыщыгугъари?» – зэхихар узу гум къыщыIужт.

Заирэ, нэкIэ тхылъым ирижэн щIидзат, ауэ сатыр къэс Аслъэн и нэ фIыцIитIыр илъагъурт. И щхьэм зыри ихьэртэкъым. Сыт ищIэнт, зэджэр къызэремыхъулIэнур къыгурыIуати, тхылъыр IуигъэкIуэтри, гъуэлъы-

жыну зигъэхьэзыращ. ШхыIэн хуабэм щIэпщхьэжри, махуэ псор и нэгу къыщIигъэхьэжащ. «Сыту махуэ дахащэт!» – Iущащэт Iупэ пIырыпIыр. ФIэхьэлэмэтт къуажэм щызэхуэмызэу, къалэм зэрыщызэIущIар. Уеблэмэ дыхьэшхэну жыпIэфынут къэхъуахэр. Ауэ а псом апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, и гум хыхьат.

Аслъэн тутын щIигъэнащ. КъыгурыIуэт, ныжэбэ зэрымыжеифынур, пщащэ цIыкIум и дежкIэ и гур щыIэт. Махуэм зыхэтахэми къахухэкIыртэкъым и гупсысэр, гум къэкIыжырт дакъикъэ лъапIэхэр.

«Уа, сыту акъылкIи гукъэкIкIи утхьэмыщкIэIуэ! – зэуэ гупсысэ папцIэм фIэуащ псэр. – Дауэ пхужыIа, и хъуэпсапIищыр къебгъэхъулIэхукIэ узыншэу псэумэ, адэкIэ сыт хуейми къыщрещI, жыпIэу?! Апхуэдэ дыдэу жумыIами, аращ абы къикIар!» – жимыIэпхъэ жиIахэр хузэгъэзэхуэжтэкъым.

Зэригугъам хуэдэуи, жэщым емызэгъыу, пщащэ цIыкIум и деж и гури и акъылри щыIэу нэху щащ. Хуейт бгъэдэсыну, нэ къуэлэнхэм щIэплъэну.

КъыгурыIуат, къэгъазэ имыIэу, хъыджэбзым зэрыдихьэхар. Япэми игу ирихьырт, ауэ нобэ итхьэкъупат. Жып телефоным къина сурэт закъуэм еплът.

Тхьэмахуэ псор бэлыхьт ныбжьыщIитIми я дежкIэ. Заирэ еджэным, Аслъэн – лэжьыгъэм зратырт. Ауэ, хъуртэкъым. ЩIалэм хуэмышэчу, хъыджэбзым и дэлъху и ныбжьэгъум и деж телефонымкIэ мэпсалъэ, и гум илъхэри хуеIуатэ.

– Уей, сэ сыкъапщтэмэ, сыгуфIэн фIэкIа нэгъуэщI зыри къысхуэмынэж. Си шыпхъур фIыуэ солъагъу, уэри сэркIэ улъапIэщ. Зэблагъэ дыхъумэ, си гуапэщ. Ауэ и жагъуэ пщIыуэ здэнукъым, сыкъыщхьэщыжынущ, ар гурыIуэгъуэщ, дауи. Къыпхуэмейуэ укIэрыхъыжьи хъунукъым. Фи Iуэху зэхуэхъурэ, фи насыпыр зы фщIымэ, ди лъэныкъуэкIэ зэран щыIэн хуейкъым. ФымыпIащIэу, феплъ зэрыхъум, – арат къыжриIауэ щытари.

ГурыщIэ къабзэм гур къикъутэу, ежьэт щызэгурыIуа махуэр къыхуэмыгъэсу. Адрейри пэплъэрт аргуэру ар щилъагъунум.

Зэманри, кIыхьлIыхьми, хуэмурэ къэсащ. ЗэрызэгурыIуам хуэдэуи, пщэдджыжьым а тIур зэхуэзащ.

– Тэмаму зыбгъэхьэзырауэ пIэрэ? ЩIыIэ пхыхьэнщ, абыкIэ дыгъэ къыщепсым узэригъэхуабэ щыIэкъым.

– НытIэ, умыгузавэ, хъуэпсапIэр лей хъункъым!

– Уей, абы щхьэкIэ сыкъимыкIуэт. Уи лъакъуэмкIэ хуабэ?

– БжызоIэри, хуабэщ! – Заирэ тIэкIу укIытэри, къыздищта псор жиIакъым.

ЗдэкIуэм зэрынэсу, зэи имылъэгъуа дуней хьэлэмэтыщэм къытехутащ – щIэщыгъуэт ихъуреягъкIэ щилъагъур. Япэрей махуэм зыкIи къыщхьэщымыкIыу гум къинэжыну щыгугъыырт нобэрейри. НыбжьыщIитIыр зэхуэгуфIэжхэу зэпсалъэрт. Аслъэн, фIыуэ ицIыхут мы щIыпIэхэри, нэхъ фIэтелъыджэу, нэхъ фIэдахэу щыIэр иригъэлъагъуэрт. Махуэшхуэ кIыхьыр кIэщIыщэт, Iуащхьэмахуэм и дахагъэм зыщыбгъэнщIынкIэ. Ауэ яIэр арати, зрагъэкъун хуейт.

– И, Дыщэ бдзэжьей... – зыгуэр жиIэну кърригъэжьат, ауэ, лъэпэрапэри, джэлащ. ЩIалэр пхъуэри къиубыдыжащ.

– Сехуэхырти, уэр мыхъуамэ!

– Зуплъыхьурэ, зекIуэ, дапщэрэ зэрыбжесIэнур? – гузэващэри, щIалэм и макъым губжь къыщIэуват.

– Уарэ. Сэратэкъэ ехуэхыныр? Сэратэкъэ зи лъакъуэ IушитIыр зыкъутэжыныр? – гум жагъуэ щыхъуа псалъэм нэпсхэр къыщIагъэхуащ напIэм. – А, къызгурыIуащ уэ ущIэгубжьыр. Аргуэру щIэрыщIэу къэплъыхъуэн хуейуэ къыпхудэкIынут зи хъуэпсапIэхэр бгъэзэщIэн!

Аслъэн зыгуэрхэр иджыри жиIэрт, ауэ Заирэ едаIуэртэкъым. Iуащхьэмахуэ джабэм дэкI-къехыж гъуущI кIапсэ гъуэгум и шэнтым итIысхьэри, къэгъащ, и Iэр и нэкIум IуипIауэ.

– Сыт иджы къэхъуар?

– ПщIэркъэ? Зэи зыщумыгъэгъупщэ, псалъэхэр мывэм нэхърэ нэхъ къару зэрыхъуфыр. НакIуэ, дегъэжьэж.

– УкъыщIытехьаращ сымыщIэр. Уи щхьэ схъумэ си гугъэжу ныбжесIа хъуауэращ.

– А жыпIа псалъэ дыдэхэр нэхъ щабэу жыпIэ хъунутэкъэ? Хьэуэ, укIиин хуейт, гур ирихыу!

ЩIалэм зы псалъэ жиIакъым, лъабжьэм къэсыжыху. ИтIанэ, машинэ лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ, ежьащ. Хъыджэбзыр абы и ужьым итт. ЦIутI жаIэртэкъым тIуми.

– НэкIэ сыбукIаи!

– Уэ – псалъэкIэ!

– А жыхуэпIэм дызэрыукIыжащ, дызэрымыцIыху щIыкIэ! – я нэхэр зэтехуат а псалъэхэм я гъусэу. Гу жыIэмыдаIуэм и фIыгъэкIэ, пщащэр хуэгуфIащ щIалэм. Зэман тIэкIу дэкIа нэужь, здэуэршэррэ зэдэдыхьэшхыжу щIадзэжащ аргуэру…

Сэлам щызэрахыжым, Аслъэн Заирэ еупщIащ и ещанэ хъуэпсапIэмкIэ.

– Къэбгупсыса ещанэр?

Хъыджэбзым, гуфIэжурэ, и щхьэр ищIащ.

– Мыр нэхъ гугъуу къысщохъу, упэмылъэщыххэнкIи хъунщ.

– Гугъум сыщышынэркъым сэ.

ЩIалэм и къарум шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым.

– МазиплI дэкIмэ, сыкъыщалъхуа махуэщ. Ар зэи сщымыгъупщэжын схуэпщIыну си хъуэпсапIэ ещанэщ. ПхузэфIэкIыну?

–УкъимыкIуэт! ТщIынщ псори, фIым и фIыж зэрыхъунум хуэдэу, – щIалэм фIэгъэщIэгъуэнт, цIыхум и гур IэфI хуэпщIын щхьэкIэ зы мащIэ дыдэ фIэкIа узэрыхуэмейр. – Дапщэщми жыIэ къудей.

ПсалъэкIэ жиIэмэ, щыгъупщэнкIэ шынэри, тхылъымпIэ кIапэм тетхауэ хуиширящ.

Апхуэдэу зэбгъэдэкIыжахэщ. Махуэхэм хуэму, зэщхьыркъабзэу екIуэкIыу щIадзэжащ. Псэр зыгъэгужьей гукъэкIыжхэм хэлыдыкI Аслъэн хуэзэшт хъыджэбзыр. Ауэ щIалэм и зэхэзекIуэ лъэпкъ щыIэтэкъым. Тхьэмахуэшхуэр дэкIами, зэшыр хэпкIатэкъым, нэхъ кууу хъуа фIэкIа. КIуэдар зэрыкIуэдауэ, аргуэру зы мазэ дэкIыжащ. Пщащэ цIыкIур гугъу ехьырт. ЩIалэр фIыуэ илъэгъуауэ, и лъагъуныгъэр здихьынур ищIэртэкъым. Сыту Iейуэ хуейт аргуэру зэхуэзэжыну! Ауэ... псэр хуэныкъуэт гум. Хуейт зэхихыну макъ щабэр, нэ фIыцIитIым зэзакъуэ щIэплъэжыну. Ауэ... гъащIэ гущIэгъуншэм зэблишат я гъуэгухэр.

Нэхъ гугъу дыдэу гум илъ упщIэр зыт – сыщымыгъупщэжауэ пIэрэ сэ абы?! Уз къезыхуэкIымкIэ зибзыщIу, жэщкIэ щэхуурэ гъырт.... Иныкъуэхэми къыфIэщIырт хьэуауэ мы дунейм тетыр фIэмащIэу, хуримыкъурэ ирмыбэуэфу. ЖэщкIэ, мазэ закъуэм здеплъым, къыщыхъут ар нэхъ лыд хъуауэ. Вагъуэ цIыкIухэм, нэр щафIытедиихьым, щIалэм и нэгур къахигъуатэрт. Гур къеуэху, «Аслъэн!» – жиIэрт. Уэшх къешхыху, а тIур зэхуэзыша лъагъуэр ирилъэсэхыу къыщыхъурти, зыхуэмыIыгъыу гъырт. Ауэ...

Жып телефоным зы махуэ, зы сыхьэт, зы дэкъикъэ къэмынэу щхьэщыст, къэтхэну, къэпсэлъэну хуейт. Гугъэрт, мыувыIэу. Щыгугъырт хиутIыпщхьэжа и «Дыщэ бдзэжьей цIыкIур» къигъэзэжыну, и ещанэ хъуэпсапIэр – псом нэхърэ нэхъ лъапIэу къилъытэр – къыхуищIэну.

Ауэрэ, къыщалъхуа махуэри къэсащ. Махуэр япэ-

рейхэм зыкIи къыщхьэщымыкIыу щIидзащ. Заирэ къоуш, гупсысэу иIэр Аслъэн и дежкIэ щыIэу. «ПщIыхьэпIэу ара сызыхэтар, сытуи IэфIыщэт ар! – гъуджэм бгъэдэст и щхьэцыр ирижьэкIыу. – Дауэ, тIэкIунитIэ, ауэ зытIэкIунитIэ къудейкIэ уигу срихьу щымытыххауи? Е, зы фэ Iей гуэр къызуплъу, укIуэдыжауэра?!»

Бжэм къытоуIуэIа. Шыпхъу нэхъыжьым Iуех. Зыри щыIэтэкъым, бжэщхьэIум къытет мыщэ хужьыбзэм фIэкIа. Абы и пщэм лентI плъыжьыбзэ илът, тхылъымпIэ кIапэ кIэрыщIэжауэ. Шыпхъу нэхъыжьым ар хуешииж. Хъыджэбзым и нэпсхэр къызэпижыхьауэ, мыщэр къипхъуатэри, IэплIэ хуищIащ. ЗэщIэкIэзызэурэ, тхылъымпIэ кIапэм тетми къеджащ: «Усщыгъупща уи мыгугъэ, махуэр щIидза къудейщ!»

Пщащэр, нэжэгужэ къэхъужарэ гуфIэжу, еджапIэм кIуащ. И еджэныр иухри, къыщIэкIыжащ. Ауэрэ, махуэри кIуащ, къыхэнэжа щымыIэу. Зыми зыкIи щымыгугъыжрэ аргуэру нэщхъей къэхъужауэ здэкIуэм, къызэхех:

– Заирэ, махуэр зэи пщымыгъупщэн хъуну уи хъуэпсапIэ ещанэу жыпIати!

КъызэплъэкIмэ – иджыри къэс зэжьа щIалэр, удз гъэгъа Iэрамэшхуэ иIыгъыу щытщ, пыгуфIыкIыжу. ИтIанэ къыIэщIелъхьэ.

– Мэ...НакIуэ!

Аслъэн, а махуэм Заирэ иригъэлъагъуну зыхуеяхэр, иригъэлъагъущ, и нэгу фIыуэ зригъэужьри, ишэжащ.

– Упсэу, Аслъэн!

– Уарэзымэ, аращ!

– Сыаразыщ, ауэ, моуэ, зыгуэр къыхуэтIауэ къысщохъу.

– Сыту?

– СщIэркъым…

АдэкIэ зыри жиIэн хузэфIэкIакъым. ТIури щымт. ЗыжраIэнухэри яуха, псори зэфIэкIа хуэдэт. Иджыпсту, сэлам зэрахыжу, зэфIэкIуэдыжынкIэ хъунут тIури. Ауэ ягухэр арэзытэкъым абыкIэ. Заирэ машинэбжэм и къумкIэ Iэбат.

– КъэсщIащ сэ дэ тIум къытхуэтыр! – жиIэщ щIалэми, машинэм зричащ...

Бостей хужьыбзэр зэкIупс нысащIэ нэмысыфIэм ехъуэхъуащ щхьэ тепхъуэр тезыIэтыкIыу щIэплъа нанэр...

## *КЪУЛЕЙ СЫХЪУНУ СЫХУЕЙЩ!*

ЩIымахуэр уает. Масква уэсым зэрихьэрт. Сыту дахащэт абы и теплъэр. КъыпхуэIуэтэнтэкъым унэ лъагэхэм, лъэмыж бгъуэшхуэхэм узэрыдахьэхыр. Псом хуэмыдэу – жэщым телъыджэт. СощIэж, щхьэгъубжэмкIэ сызэрыкIэлъыплъу щытар. Зы уэрам къэмынэу, сэ фIы дыдэу сцIыхуу си гугъэжт мы къалэшхуэр. Дауэ мыхъуми, си гъащIэм и илъэситхур щысхьат мыбы. ГуфIэгъуэри, гугъуехьри, гъащIэм и дерс нэхъ гуащIэ дыдэу къыхэсхари епхат. Сызэрыс Автобус кIыхьышхуэм и щхьэгъубжэм сыкIэрыгъуэлъхьауэ, нэпсхэр къысфIехырт. Гум къэкIыжт, сызыблаш уэрамхэм япэм сыгуфIэу къызэрыщыскIухьар. Гугъэ куэд хузиIэу еджапIэ сыкъэкIуат. Абы зэман мымащIи тезгъэкIуэдауэ, къызэхъулIаи щымыIэу згъэзэжат. СызыщIэхъуэпсхэр скъутэу, си гъащIэр зэрысчэтхъэжам си гур къэчэным хуэдэу къагъэузт. Уа Алыхьышхуэ! Сыту гъащIэ дыджыщэт си натIэм къиптхар, жысIэу, къэсщIэжырт мы хамэ къалэм сыхуэзыша гъуэгухэр.

Дэтхэнэ цIыхуми хуэдэу, сэри сыщIэхъуэпсырт, школыр къэзухыу, еджапIэфI сыщIэтIысхьэну. Ар къэзухыу, сылэжьэну, си унагъуэм зэрызысщIэж лъандэрэ и мащIэ ахъшэм сыщымыщIэу сыпсэун щхьэкIэ. Арат еджэным нэхъри ерыщу зыщIестар. Си насып къикIри, ди къэралым и къалащхьэм дэт еджапIэм сыщIэтIысхьэфат. Си адэ-анэри сэри дригуфIат абы. Гугъущэ дыди семыхьу сыщеджэфын си гугъэу, къысхуэмыгъэсу сыпэплъэрт сыщежьэн хуей махуэм. Дызэримыгугъам хуэдэу, псэупIэри тыншу къэдгъуэтащ. Апхуэдэу щыхъум, си адэми арэзыуэ игъэзэжащ. Си закъуэу сыкъэнат. ТелевизоркIэ фIэкIа сымылъэгъуа къалэшхуэм къысщыхъурт тыншу сыщыпсэуну, еджэныр сухым лэжьапIэ нахъыфI дыдэр къыслъысыну. Си жыпыр нэщIщ жыпIэфыну сыкъежьами, изу ахъшэр згъэзэжыну сыхуейт. Сыхуейт ахъши, шхыни, щыгъыни сыщымыщIэну. Къысщыхъурт Москвам и нэхъыфIыр си Iыхьэу, си хъуэпсапIэ псори си Iэрылъхьэу. Ауэ сызыщыгугъыу, сызыщIэхъуэпсу щыта гъащIэ дахэм и лъэужьи къэмынэу гум псынщIэу икIуэдыкIыжащ: сщIакъым сэ апхуэдизу а къалэр лъапIэу. Хэхъуэр мащIэт, хэщIыр куэдт. Абы къыхэкIкIэ гугъу сехьырт. Сэ си мызыкъуэу, адэ-анэми бэлыхьыр ятелът. Ар сщIэрти, къысхуагъэхь ахъшэм срикъуу жысIэрт, сымэжалIэми. Дауэ мыхъуми, сыкъикIуэтыжыну си щхьэм теслъхьэртэкъым. Ауэ, сыт сымыщIами, къыздеджэхэм еджэнкIэ фIэкIа, нэгъуэщIкIэ сахэзэгъакъым. Сэ адыгэ

унагъуэ сыкъыхэкIат. Си Iуэхумрэ абыхэм я Iуэхумрэ зэтехуэртэкъым. Зэтэкъым гъащIэм сыкъыкIэрыхуу къызэрызжаIар, ари къысщыдыхьэшхыу. Тутын сефэртэкъым, фадэ зыIуслъхьэртэкъым, нэху щыху къэскIухьыртэкъым, щIалэ Iуэхуи зесхуэну сыхуейтэкъым. Еджэн закъуэмкIэ псом япэ сызэритырат ныбжьэгъу, мащIэми, сыщIиIэр. Сэ икIи садэIэпыкъурт а си еджэгъухэм. Ауэрэ, си псэукIэр схуэмышэчыжу, гъэпщкIуауэ, адэ-анэм къезмыгъащIэу, сылэжьэну мурад сощI. Ар къысхуадэнутэкъым. Си мурадхэр къызэхъулIэн щхьэкIэ, кIэзет кIапэр скъузу бэлыхьыр стелът – лэжьапIэ къэслъыхъуэрт. Абы зэман куэд сфIихьырт. СфIихьыр сыт, згъуэтыххэртэкъым. Щымыхъужыххэм, сытогушхуэри, ахъшэ джэгупIэм, казином, лэжьапIэ соув. ЗгъэзэщIэну си пщэ къыдэхуэ Iуэхухэм сыхагъэгъуазэщ зы мазэ нэхъ дэмыкIыуи, лэжьэн щIэздзащ. Тхьэмахуэм жэщищ сылажьэрт, си еджэнми зэран зэрыхуэхъу щыIэтэкъым. Ахъшэ мымащIи къэзлэжьу, сызыхуей згъуэтыжу, адэ-анэм зыгуэрхэри яхуезгъэхьыфу щIэх сыхъуат. Ахэр щIэупщIэрт ахъшэр къыздисхым. Ауэ сэ къэзгъапцIэрт, си стипендиер хэхъуауэ жысIэрти. Сытыт нэгъуэщI жысIэнур?

ЖэщкIэ сызэрылажьэр ядэххэнутэкъым. Ауэрэ, илъэсри кIуащ. Япэм ещхьу, унэм згъэзэжакъым гъэмахуэми. Си лэжьапIэр кIуэдынкIэ сышынати. Практикэ сиIэщ, жысIэри, аргуэру пцIы супсащ. Ауэ нэгъуэщIуи хъунутэкъым.

Еджэным щIэздзэжауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым ныбжь зиIэ щIалэ къызбгъэдохьэ. И щыгъын къыщылыдыкIымкIэ къапщIэрт зэрыбейр. Нэгур мащIэу зэлъат, щхьэцхэр хэтхъукIат. Езыр лъагэрэ плIабгъуэу. Нэ фIыцIитIыр мащIэу гуфIэрт.

– ТхьэIухудыр тхьэ унэщхъей? – жиIащ абы щабэу.

Сэ, Iейуэ сешати, зыри схужыIакъым.

– Сыт уи цIэр?

– Сэ сыхуиткъым сынопсэлъэну...

– А-а, къызгурыIуащ, мы лэжьапIэр апхуэдэщ, гурыщхъуэ гуэрхэр ящIынкIэ мэхъу.

Сэ си гугъащ ди зэрыцIыхун Iуэхур абдеж щиухауэ. Ауэ сыщыуат. Лэжьыгъэр сухыху къызэжьэщ сымыщIэххэуи, унэм нэси сишэжащ.

Абыи къыщигъэнакъым, етIуанэ махуэми си еджапIэм нэкIуащ, удз дахэхэр нихьри.

Зы махуэ къэмынэу дызыхуэзэт. ИкIи псынщIэ дыдэу ар фIыуэ слъэгъуащ. Езыми игу Iей къысхуилъ хуэдэтэкъым. Лъагъуныгъэм и мызакъуэу мылъкушхуэ къыстригъэкIуадэмкIи ситхьэкъуат. Сытми, афIэкIа нэгъуэщIым сыхуэмеижу сищIащ пIалъэ кIэщIым.

Унагъуэу дыгъэпсэу, жери зэ къызжеIэ. Сэ сызыщIапIыкIам, гъэсэныгъэ къысхалъхьам техуэтэкъым ар, мынэчыхьрэ мынэгъуэщIу, сыт хуэдизкIэ фIыуэ сымылъэгъуами, абы сыкIуэу сыдэпсэуну. Сэ къэслъытащ хуабжьу сигъэпудауэ – сытыфэ къызиплъар! Абдеж Iейуэ дызэфIэнэри, дызэбгъэдэкIыжащ.

Си гугъащ ди Iуэхум къэгъазэ имыIэу. Зы тхьэмахуэ дэкIатэкъым къыщытригъэзам. Сэри екIуэкIа псом сыхущIегъуэжауэ сыщыст, сщIэнур сымыщIэу. Сишэну щыжиIэм, апхуэдизкIэ сыгуфIати, адэ-анэм зыри яжезмыIэу, сыдэкIуащ.

ЩIалэм си гъащIэр дахэу зэридзэкIащ. Япэм сызыщIэхъуэпсыну сышынэхэр зэрыжысIэу къигъэсыфынут, апхуэдизкIэ бейт, фIыуи сыкъилъагъуырти. Си гъащIэр фом сыхэсу схьын щIэздзащ. Хуэмури сесащ сэ къулеягъэм. Сызэримыгугъауэ ахъшэр спхъыфу къыщIэкIащ. ЦIыху мэжалIэ слъагъумэ, сфIэауант, сфIэдыхьэшхэнт, сэ езыр сыкъызыхэкIар сщыгъупщауэ. Ахъшэ куэдым делэ сащIат. Пэжыр жысIэнти, еджэнми сыхуэмеижу къысщыхъурт, ауэ нэзгъэсати, сытми, хыфIэздзэжыфынутэкъым. Тезубыдат, къэзухыу, лэжьыгъэ тэмэм къэзгъуэтыну. Си щхьэгъусэми ар фIэфIт.

Ауэ... ФIыуэ слъагъуу, нэхъыфI щымыIэу къэслъытэ а си щхьэгъусэм зы хьэл Iей хэлът. АхъшэкIэ джэгун фIэфIт. Зы махуэ къэмынэу, а дыщызэрыцIыхуа унэм кIуэрт. Япэм слъагъуырт хилъхьэри хихыжри. Куэд щыхэщIым дежи зэрыхъукIэ къэзгъэувыIэжырт. Иджы сыкъыIуишыжат, сыщылэжьэжыртэкъым абы. И чэзум къэзгъэувыIэну Iэмал сиIэжтэкъым. Езыри ерыщ екIуэ фIэкIа, къикIуэтыртэкъым. КъызгурыIуэрт джэгуным фIы зэрыхимыхынур, ауэ жесIэр кIуэдырт. Уз хуэхъуат ар абы. А зым нэхъ сригузавэрт.

Ауэрэ, пщыхьэщхьэ гуэрым, си щхьэгъусэр губжьарэ къытехьауэ къэсыжащ. И нитIыр сщигъэпщкIурт. Си псэм ищIат зыгуэр къызэрыхъуар. ЖысIэнуми сыхунэсакъым.

– Зыхуапэ, си гъусэу унэкIуэнущ!

– Къэхъуар сыт? – жейбащхъуэу сыщIэупщIащ.

– Куэзыр сызэрыджэгум уеплъынущ. ПсынщIэу зыхуапэ! – къэгуоуащ. Си жейри стеужарэ, сышынауэ зыкъэсхуапэри, дежьащ.

Унэ зэтет лъагэшхуэм дыIуолъадэ. Етхуанэ къатым дынэса нэужь, гъущIыбжэ дэгъуэ гуэрым деж лифтыр къыщыувыIащ. Бжэр езым и IункIыбзэкIэ къыIуихри, япэу сэ сыщIигъэхьащ.

Зы лъэбакъуэ щыщIэсчам, бжэр Iуигъэнэжу, къридзылIэжащ. «Къысхуэгъэгъу!» – и псалъэ закъуэ зэхэсхыжауэ аращ. Къэхъуар зыри къызгурыIуакъым. СымыцIыху унэ сыкъыщIинэу здэкIуар дэнэ?! ИужькIэщ къыщысщIар: и ахъшэм дэкIуэу, сэри сригъэхьэхуауэ арат!

«Апхуэдэ къызищIэнукъым! Ар хузэфIэкIынукъым абы!» – жысIэрт, итIани си фIэщ хъуртэкъым. Си нэпсхэр къежэхащ. Гур, зэгуэкIам хуэдэу, къэузащ.

ЕтIуанэ махуэм хуит сыкъащIыжащ. Хьэ хыфIадзэ фIэкIа умыщIэу, сыхахуащ щIымахуэ уаем, сщыгъи щымыIэу. Дыщэу скIэрылъаIами, си джэдыгу лъапIэри страхат. Псори сфIызэхэзэрыхьыжати, сыздэкIуэри сымыщIэу си лъакъуитIым сахьырт зыщIыпIэ, си дзэхэр зэтеуэу. Си щхьэцхэр зэхэтхъуауэ къеблэблэхырт. Чэф фIэкIа умыщIэу, сызекIунтIриеу срикIуэрт цIыхуншэ гъуэгум. Щхьэгъуси, уни, лъапси зыри къэмынэу кIуэдат. Си гур къикIэзызыкIырт.

Сыпсэунуи сыхуэмеижу, лъэмыжым сытеуващ. ПсымкIэ сыщеплъыхам, апхуэдизкIэ лъагащэти, си щхьэр къэунэзащ. ИтIани сыхэтт сепкIэну. Ауэ, зы дакъикъэм си адэ-анэр си нэгум къыщIэувэри, сыкъэувыIэжащ.

Псори зэпэсшэчри, унэм згъэзэжыну мурад сщIащ – си лIым хуэзгъэгъуфынутэкъыми а къызищIар. IэщIагъэ гуэр сиIэщ, зыгуэрурэ сыпсэунщ, жысIэрт. КъызгурыIуат сэ къыумылэжь ахъшэр зэрымыфIыр, абы къуищIэфынур зыхуэдизыр си нэгу щIэкIат. ИтIанэ адэ-анэм я псалъэм уфIэкIми, пцIы уупсами фIым ухуишэнукъым. Абыхэм зэхэсщIыхьхэр ящIатэмэ, сыкъагъэувыIэжынт, сыщамыгъауэу! Факъырэу, гъащIэри нэхъ къызгурыIуэ сыхъуауэ, согъэзэж си унэ, си къуажэ цIыкIум.

Адэ-анэм я цIэ лъапIэр згъэпудати, иджыпсту дыдэ Алыхьым и пащхьэ срагъэувамэ, къызэрысхуэмыгъунур сщIэжырт. Си псэукIар, акъылыншагъэр щIэсхъумэну, зыми къезмыгъэщIэну сыхуейт, сриукIытэжырти.

ЖаIэ цIыхум и щыуагъэхэм дерс хихын хуейуэ. ФIыуэ сыкъызэтенащ, си псэр делагъэкIэ сымыту. Ауэ, сигу имыхуауэ, иджыри сыщIохъуэпс къулеягъэм. Сыхуейщ ар къэзлэжьыну. Иджыри зэзгъэпэщынщ сэ ар!.. Си пщIэнтIэпскIэ!

Шэджагъуэ нэужьым сыкъэсыжащ ахъшэкIэ схъуэжа си къалэм. Уэс хужьыр мыбыи щыкуэдтт. Зы уни жыги къэмынэу, тезт ахэр. Моуэ, мафIэгум сыкъыщибэкъукIам, адэ-анэр гуфIэу, нэпсхэр иралъэщIэкIыу къыспежьащ. Ауэ абыхэм я нэпс, я IэплIэ къабзэлъабзэхэр схуэфащэт сэ?!

# КЪАНЫКЪУЭ АНФИСЭ



*Къаныкъуэ Анфисэ Хьэзрэталий и пхъум (1984, Къызбрун III къу., иджы Дыгулыбгъуей къу., Бахъсэн р-н) КъБКъУ-м и химие факультетым экологиемкӀэ и къудамэр 2006 гъэм, электрохимиемкӀэ и магистратурэр – 2008 гъэм къиухащ, «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Псынэ» журналымрэ я корреспондентщ.*

*Къаныкъуэр литературэм и жанр зыбжанэм жыджэру щолажьэ – усэхэр, рассказхэр, повестхэр, пьесэхэр етх.*

## *СИ НЭМ ИС*

НэгъуэщI къэралхэм адыгэ щыпсэууэ къызэрысщIэрэ си нэ къикIырт абыхэм ящыщ гуэр слъагъуну. СщIэртэкъым ахэр, минрэ адыгэми, моуэ зыгуэркIэ нэхъ лейуэ щытын хуейуэ къыщIысщыхъур. Си насып кърехьэкIри, Тыркум щыщ адыгэ хъыджэбз гуэр ди университетым мы гъэ щIымахуэм цIыхугъэ къыщысхуохъу. Дэ щIэх дыдэу дызэсащ, ныбжьэгъуи дызэхуэхъуащ. Абы дэслъагъу псори щIэщыгъуэ, хьэлэмэт къысщыхъурт, и цIэ къудей нэгъунэ: Синэмис.

– Ар сыту цIэ гъэщIэгъуэн, япэ дыдэу зэхэсхыу аращ, – жызоIэ, и пэшым къыдыщIэс хъыджэбз цIыкIухэр щыIэтэкъыми, зэ жэщгъуэлъ хуэдэу сишауэ дыздэщысым. – Уи закъуэ хъунщ апхуэдэ цIэ зезыхьэр, хьэмэ?..

– Хьэуэ, си закъуэкъым, ауэ куэдми фIащыркъым ар... ПщIэрэ, ар фэеплъщ. Зыгуэрым и фэеплъу къысфIащауэ аращ.

– Синэмис... «нэмыс» псалъэрагъэнщ ар къызытекIар.

– Хьэуэ, – нэщхъей–нэщхъейуэ къыпогуфIыкI си ныбжьэгъур. – Абы хъыбар иIэщ.

– ЖыIэт, кхъыIэ!

– КIыхьщ ар...

– Мы щIымахуэ жэщым нэхърэ нэхъ кIыхь? ЖыIэ уэ!

– Хъунщ-тIэ... Ар къыщыхъуар Кавказ зауэжьыр къэхъуу, адыгэр дунейм дыщытрипхъа зэман бзаджэм и пэкIэт.

Синэмис икъукIэ хъыбар хьэлэмэт сригъэдэIуащ. Пэжу, кIыхьт, ауэ сыдихьэхыу седэIуащ. Си гугъэщ фи дежкIи гъэщIэгъуэн хъуну, аращ щIэстхыжари.

* * *

Гупсэ етхуанэ мазэм иту уэндэгъуу, и щхьэгъусэр щхьэщыукIуриикIат. И гу лъабжьэм щIэлъым нэмыщI, бынищ иIэт абы, илъэс зырыз нэхъ я мызэхуакуу. И дыщыр къыдэIэпыкъуми, гъунэгъухэм зыкъыщIагъакъуэми, и бын цIыкIуищым тегужьеикIауэ IукIэ ипIырт Гупсэ. ЕплIанэу къыщIэхъуа сабийр хъыджэбз цIыкIути, Синэмис фIищат.

Езы Гупсэ икъукIэ цIыхубз зэкIужт, щхьэпэлъагэу, щхьэцыгъуэшхуэу, бгы псыгъуэу – уэркъ хъыджэбз нэс

жыхуаIэм хуэдэт. Япэ дыдэу ар Мэтджэрий щилъэгъуам, «Iэгъу, мы пщащэм и бгыр уэрдыхъум ижынущ!» – жиIауэ щытат. Гупсэ и щытыкIэ дахэм, и нэгу лъагъугъуафIэм, и Iущагъым дахьэхат щIалэр... Арати, Гупсэ къыIэрымыхьауэ увыIэ имыIэну мурад ищIащ абы. Езы Мэтджэрий лъхукъуэлIхэкIми, зыпэщIэувэмрэ къизэун хуеймрэ зищIысыр фIы дыдэу къыгурыIуэжырт. ХьэгъуэлIыгъуэ гуэрым Гупсэ къыщыдэуджри, зригъэцIыхуат. Абы и ужькIэ псалъэмакъ куэди хэтат ахэр, нэпс куэди щIигъэкIат пщащэм, жэщ куэди мыжейуэ ирихат Мэтджэрии. Сытми, Гупсэ, жэщ гуэрым щхьэгъубжэмкIэ дэкIри, Мэтджэрий дэкIуэсащ. «Хьэрэм утщIынущ, ди хьэдащхьэ укъытрагъэхьэу дыарэзыкъым», – жаIэурэ, я пхъур ягъэшынэну хэтат адэ-анэр, арщхьэкIэ псоми жаIар лей хъужри, унагъуэ зэдаухуащ ныбжьыщIитIым. Мэтджэрий и адэ-анэр имыIэжми, и адэ къуэшхэм хьэгъуэлIыгъуэ бэлыхь хуащIат. Хъийм икIа Гупсэ и адэанэри куэд дэмыкIыу арэзы техъуэжат я пхъум гъащIэ къыхихам.

Апхуэдэу, гугъу ехьу зэрыгъуэта пситIыр илъэсий къудей зэдэпсэуауэ арат, Мэтджэрий псэ хэмытыжу шыплIэм дэлъу шыр къыщекIуэлIэжам. Гупсэ и пщIыхьэпIэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэми апхуэдэ къыхэхуатэкъым зэи. Шыр пщIантIэм къыщыдыхьэжам, япэу зылъэгъуар щхьэ хъурей цIыкIу хъужарэ лъапцIэу пщIантIэм дэт, илъэсих зи ныбжь Гъуэтыжт. И адэм щыгъыну щыгъыр зэхэупщIэтауэ, и IитI къелэлэхым лъыр «тIыпI-тIыпI» жиIэу къыпыткIуу щилъэгъуам, ар, и пIэм ижыхьри, тэлайкIэ щытащ. Шыр ину щыпырхъым, зыкъищIэжри, щIалэ цIыкIур, «Нанэ!» жиIэу, кIийуэ унэм щIэлъэдащ. «Сыт мыгъуэр къэухъу?» – щтауэ къыщIэкIащ фызыр. ШыплIэм дэлъ и щхьэгъусэм и хьэдэр щилъагъум, и нэр щыункIыфIыкIри, бжэ блыпкъыр иIыгъыу хуэмурэ ещэтэхащ. Абы хэту, гъунэгъухэр къызэхуэсри, а махуэ дыдэм Мэтджэрий щIалъхьэжащ – хуабэт, хьэдэр щыбгъэлъ хъунутэкъым. Гъуэтыж гъуэгыу унэ къуагъым къуэтт. И къуэш нэхъыжь Жанхъуэт абы къыбгъэдыхьащ.

– Умыгъ, улIкъэ уэ? ПщIэжрэ, ди адэм жиIэу щытати, сыт къэхъуами, лIым нэпс щIигъэкIыныр емыкIуу! – жиIэри, и Iэр и къуэш цIыкIум и дамэм трилъхьащ абы.

– Дауэ сызэрымыгъынур, дадэ диIэжкъым. Дауэ дыхъужыну? – щигъэтыртэкъым сабийм.

– ДиIэжкъым, ауэ ин дыхъуу, ди адэм хуэдэлI къытхэкIмэ, дилъ тщIэжынщ, – къэкIуэнум хэплъэ хуэдэ, и нэр плъызурэ, жиIащ Жанхъуэт.

– НакIуэ, Айтэч жедгъэIэ ар.

МакIуэри, а псор я къуэш курытым хуаIуатэ...

ГъащIэр макIуэ, сабийхэри къыдокIуэтей. Гупсэ и щIалэгъуэ-дахэгъуэр блэкIами, и нитIыр вагъуэм хуэдэу мылыдыжми, къимыгуфIыкIыжми, и Iэ щабэ-Iу щабагъэмрэ и дуней тетыкIэ къабзэмрэ нэхъыбэ мыхъуамэ, нэхъ мащIэ зыкIи хъуатэкъым. ЩIы зытеувэр фIэгуэныхь хъу фIэкI пщIэнтэкъым, ар щызекIуэкIэ. Джэдум хуэдэу щабэу къикIухьырт, и пкъыр захуэу, и щхьэр лъагэу Iэтауэ. Сыт къэхъуами, уэркъыу къалъхуат, уэркъыуи псэун хуейт.

И бынипл Iыр хабзэм, нэмысым щIэту, хьэл-щэн дахэ яхэлъу ипIахэщ анэм. И къуищыр гуп яхыхьамэ, ягъэдахэт, напэ яIэу къахэкIыжырт. Ипхъу закъуэр пагэт, щэныфIэт, дахэкIейт, тхьэIухудт. И анэм сыткIи ещхьу къэхъурт. Жэщ къэс, Гупсэ щыгъуэлъыжкIэ, «Ди Тхьэ, си щхьэгъусэм къимыгъэщIар си къуищым къахупыщэ. Си пхъур сэ слъэгъуамрэ гъащIэм сIэщIихамрэ щыхъумэ!» – жиIэу, лъаIуэрт, и нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ.

Синэмис илъэс пщыкIубгъу щыхъуам, щIэупщIэшхуэ иIэт, ауэ зыми дэкIуэн идэртэкъым, псоми дагъуэ къахуигъуэтырт. Хъыджэбз нащхъуэр куэдым я гум дыхьэрт, абы и щхьэц дыщафэ Iувым я нэр тедият, Iэпкълъэпкъ зэкIужыр я хъуэпсапIэт, ауэ пщащэр пагащэт.

Махуэ гуэрым Синэмис, жьыщIэу Лабэ Iуфэ Iусу, къеплъIауэ къыщыхъуащ. И щIыфэм щIыIэ irижэри, и щхьэр хуэму къиIэтащ. И сэмэгурабгъумкIэ тIэкIу пэжыжьэу зы шу щытт. Хабзэм тету, щIалэр шым къепсыхащ. Синэмис укIытауэ, и щхьэр ирихьэхыжащ, псынщIэ-псынщIэу жьыщIыгъэр икъузу IукIыжын и мураду. АпхуэдизкIэ е гузэва, е укIыта, Тхьэм ещIэ, сытми, жьыщIыгъэр псым IэщIихри, кIэлъыпхъуэурэ ирихьэжьащ. Ар щилъагъум, щIалэм псым зыхидзэри къыхихыжащ Iэлъэщ I плъыжьыбзэр. Хуэм дыдэу къыбгъэдыхьэщ, псалъэ къыхимыгъэкIыу и чы матэм къридзэжщ, и щIыбагъ къигъазэри, IукIыжащ. Шэсыжщ, псыхъуэм къыдигъэзыкIыжри, мэз Iувым хэкIуэдэжащ щIалэр. Ар гъунэгъу къыщыхуэхъуам, Синэмис гу лъитат щIалэм и нэкIу лъэныкъуэм, и нэзэрыхэм къыщыщIэдзауэ и жьэпкъым нэсу, дыркъуэшхуэ зэрытелъым. Хъыджэбзыр абы зэ IуплъэгъуэкIэ игъэшынат. ЩIалэм и щIыбагъ къигъазэу щыIукIыжам, пщащэм и псэр псэхужат, хуиту бэуэжат, ауэ, иджыри зэ сыIуплъэжащэрэт, жиIэрт игукIэ. «А дыркъуэ шынагъуэр хэпхрэ уеплъыпэмэ, цIыху дахащэщ, пщащэм хуэдэу

дахэу пхужыIэнущ», – ахэр игукIэ жиIэм, щIалэм и теплъэр къигубзыгъыжурэ, пыгуфIыкIырт Синэмис. КъэувыIэри, и нэхэр зэтрипIащ, апхуэдизу дахагъэу хэлъыр къищIэжыну: «И нитIыр! Уи гущIэ лъапсэм къиплъэу фIэкIа къыпхуэщIэнукъым абы и нэ фIыцIитIыр. И нэщхъыр-щэ?! Зэхэлъу, уигъэшынэу, ауэ икIи удихьэхыу. Сыту гъэщIэгъуэн! Апхуэдэу зэмыкIу-зэмыщхь щытыкIэхэр дауэ щызэхэзагъэрэ абы и нэгум? И Iупэхэр, тIэкIу къэгубжьам хуэдэу, зэтекъузауэ... Сыту сыделэ сэ. Сызримыпэс-сызримыпэсу къызэрысхуеплъыхар-щэ?! Уафэгум щыуфэразэ бгъэр мэз джэдым къыхуеплъых хуэдэ, къызэплъащ, и напIэпщыр нэхъри хишу. Сыту зигугъэжрэ абы?!»

– Сыт, Синэмис, ущыту ужейрэ хьэмэ?.. – къахишыжащ гупсысэхэм Айтэч и макъым ар. И нэхэр зытрихмэ, пытхъ-сытхъ жиIэу, къыпыдыхьэшхыкIыу щытт и дэлъхур.

– Апхуэдэ Iэджи схузэфIокI сэ, Айтэч, сыщытуи сыжеифынущ. Сэ ауэ сыкъызэрыгуэкI хъыджэбзкъым, – дэгушыIэжащ пщащэр и дэлъхум.

– Уэи, пхузэфIэкIынум уэ ари! Ди анэр мэгузавэ, укъызэрыгувам щхьэкIэ...

И дэлъхур япэ иту Синэмис псыхъуэм къыдэкIыжащ. Псыхъуэм щилъэгъуа лIым теухуауэ зыми зыри жриIакъым пщащэм. Жэщым пщIыхьэпIэу елъагъу Синэмис щIалэ мыцIыхур: псым къыхихыжа IэлъэщIыр фIыцIэ хуэдэщ. Къыбгъэдохьэри, псыр къызэрыпыжу, хъыджэбзым и щхьэм къреубгъуэх, абы и ужькIэ щIалэм и гур, лъыр къыпыжу и бгъэм кърехри, иджыри къеуэу, Синэмис и Iэгум кърелъхьэ. И Iэгум илъ мо гу пщтырым и Iэр къису щыхуежьэм, хуэмышэчыжу, псым хедзэ. ЩIалэри абы хэту мэбзэхыж. Синэмис бауэкIэщI хъуарэ пщIэнтIэпсыр къыпыжу къыщолъэт...

ПщIыхьэпIэр зыхуихьынумрэ зэгупсысынумрэ имыщIэу, къэна жэщ ныкъуэм мыжеижыфу щысащ пщащэр. Пщэдджыжьым дунейр къытехьэлъэу, зэрыбауэ хьэуар фIэмащIэу, и лъэр тэмэму къыщIэмыувэу нэху къекIащ.

– Сыт, си нэху, зыгуэр къоузрэ, щхьэ унэщхъей? – къеупщIащ абы Гупсэ.

– Ныжэбэ пщIыхьэпIэ Iей слъэгъуащ, ди анэ, ауэ сщIэжыркъым. Дахэ-дахэу сыжеякъым, – пцIы иупсащ Синэмис. ПщIыхьэпIэр жиIэжамэ, дыгъуасэрей шум и гугъу хуищIыжын хуей хъунут.

– КIуэ-тIэ, тIэкIу зыгъэпсэху, махуэри хуабэщ, къохьэлъэкIынщ, – жиIэри, Гупсэ унэм щIигъэхьэжащ и пхъур.

ЩIалэхэр дэстэкъым, щакIуэ кIуат. Унэм щIыхьэжри, пщащэм зигъэукIуриящ икIи жэщ ныкъуэкIэ мыжеяр зэуэ Iурихащ. Аргуэру пщIыхьэпIэм щыпищэжым, щтэIэщтаблэу къызэщыужщ, къыщылъэтри, жыхафэр зэхикIухьу щIидзащ, зи акъылыр зыфIэкIуэдам хуэдэу. «Мыбы зыгуэр къокI, къикIри къэсщIэн хуейщ!» – зэпымыууэ къыIурыщэщырт пщащэм. «Дыжьын деж сыкIуэнщи, хуэсIуэтэнщ», – йогупсыс ар. Пщыхьэщхьэхуегъэзэк1 хъуауэ: «Ди анэ, Дыжьын деж сыкIуэнщи, тIэкIу сыщысынщ, зыгуэр къызжиIэжыну хуеят», – жиIэри, и ныбжьэгъу хъыджэбзым деж кIуащ Синэмис. ЗдэкIуам, хъыджэбз жьэрэIурэр къыпежьэри, и жьэр имыгъэувыIэу зыгуэрхэр жиIэурэ, унэм щIишащ. Дыжьынрэ Синэмисрэ я закъуэ пэшым къыщыщIэнэм, дыгъуасэ къэхъуари пщIыхьэпIэ илъэгъуари хуиIуэтэжащ. Псэлъэрейуэ щытми, уи щэху егъэз хъунут Дыжьын, ныбжьэгъу пэжт, къыбдэIэпыкъунут зэрыхузэфIэкIкIэ, езыри хъыджэбз лъагъугъуафIэ цIыкIут, бзум хуэдэу къилъэтыхьу, и пIэм имызагъэу. И ныбжьэгъум и Iуэхур зыIутыр къыщищIэм, зэуэ щым хъури, и нэ фIыцIитIыр къригъэжу, и набдзэхэр дришейурэ, жиIащ:

– Ей, Синэмис, а уи пщIыхьэпIэм зыгуэр къокI, ауэ сыту пIэрэ? Хурирэт деж дыгъакIуэ. Джэш едгъэдзынщ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, уи пщIыхьэпIэм къикIыр жедгъэIэнщ.

– Тхьэ, здэнтэм, ауэ дауэ, Iей? Дыкъалъагъумэ-щэ?

– Сыт, укъалъагъумэ? Хъыджэбзхэм я хабзэкъэ джэш ирагъэдзу? Хъунщ-тIэ, апхуэдизу ущышынэкIэ, фызыжь тхьэмыщкIэм дыдэIэпыкъуауэ жытIэнщ. Езыми зыри жиIэжынукъым, джэш щIэбдзари зыхуэбдзари пIуэтэжыным гуэныхь пылъу жаIэ.

– Хъунщ, дыгъакIуэ. Сошынэ, абы фIэкIмэ, сымыжеижыфу сыкъэнэнущ. Ныжэбэ гуэрым слъагъумэ-щэ?

Хъыджэбзитiыр зэщIыгъуу Хурирэт и бжыхьым щыIухьэм, епхауэ кIэрыт хьэ гъуабжэжьым банэу щIидзащ, пщащитIыр зэпкърихъыным хуэдэу. Абы хэту, Хурирэт къыщIэкIащ:

– А, си тхьэрыкъуэ цIыкIуитI, фыкъеблагъэ! Мы хьэжьыр дзакъэркъым, фымышынэ. Аращ абы и къалэныр – бэнэну. Моуэ фынысщIыхьэркъэ! – къапежьэри, унэм щIишахэщ.

Унэм зэрыщIэбакъуэу, хъыджэбзитIым мэ Iей гуэр къаIуроуэ. Зэплъыжри, Дыжьын, зэрихабзэу, и нитIыр кърригъэжащ. «ЗумыщI ауэрэ!» жыхуиIэу, Синэмис и ныбжьэгъум нэщхъ иригъэлъагъури, етIысэхащ. Бадзэмрэ аргъуеймрэ щIэзу щIэсу, хъумпIэцIэджыр Iэнэм

къытелъэлъу, хьэкум къикъуэлъыкIыу шыуан фIыцIэшхуэ тету, пэш закъуэ фIэкI мыхъу унэ Iушэжь цIыкIум щыри Iэнэм къыщетIысэкIауэ щыст. Зы гъуэлъыпIэжь закъуи щIэтт, тепIэнщIэлъыным и фэр сыт хуэдэми къыбгурымыIуэу фIейуэ.

– Сытым фыкъысхуихьа фэ удз гъэгъа цIыкIуитIыр? – щабэу къэпсэлъащ Хурирэт.

– Мыбы пщIыхьэпIэ гуэрхэр елъагъу... – къригъэжьащ Дыжьын.

Фызыжьыр нэщхъкIэ къеплъри, и жьэр зэтрипIэжащ.

– Езым жегъэIэ! Езыракъэ зылъэгъуар? – и нэхэр къытриубыдауэ къоплъ абы фызыжьыр.

– Езыращ! – и мыхабзэу, жыIэдаIуэу жэуап ет Дыжьын.

– НтIэ, езым жегъэIэ, – и нэхэр къыцIуукIыу хуеплъэкIащ ар Синэмис.

Синэмис и пщIыхьэпIэр жиIэжырт. Фызыжьым зэм и нэщхъыр зэхиукIэрт, зэм и нитIыр къижу къеплъырт, зэми и щхьэр игъэкIэрахъуэрт. ИтIанэ, и нэхэр зэтрипIэри, щэху дыдэу жиIащ: «Ди Тхьэ, мы пщащэм гущIэгъу къыхуэщI!»

– Сыт, нанэ, къикIыр? – тепыIэртэкъым Дыжьын.

– КъикIыращ, – къригъэжьащ Хурирэт, – абы щхьэкIи джэш здзынкъым, псори уэ уи нэгу щIэкIыжащ. А щIалэм уэ хьэдэ уигъэгъеинущ, нэпс гуащIэ щIыуигъэгъэкIынущ. Игури и псэри уэращ зейр. Уэ абы мыгувэу ухуэзэнущ, лъагъуныгъэ зэхуэфщIынущ, ауэ и ажалыр уи IэмыщIэ илъщ!

– Сэ абы сыIущIакIэщ... – къригъажьэри, псори зэрыщытам хуэдэу жриIащ фызыжьым.

– НтIэ, аращ, дахэ. Иджыри ухуэзэнущ. Тхьэм гущIэгъу къыпхуищI! Тхьэм укъихъумэ!

– Дауэ, нанэ? Зыри къызгурыIуэркъым: сыт сэ абы и гъащIэр си IэмыщIэ илъын щIыхуейр?

– Мис ар гъащIэм уигъэлъагъунщ, – жиIэщ, и хьэщIэхэр зэрыщысу къигъанэщ, гъуэлъри, щIэпырхъыхьыжу Iурихащ Хурирэт.

ХъыджэбзитIыр зэплъыжащ. Дыжьын, и пэр иубыдри, жиIащ:

– Мэм сумыгъэукIынумэ, ныщIэкI мыбы.

– Сыту узэгуэудыгъуэ уэ! – жиIэри, Синэмис зыкъиIэтыжащ.

– И шхыIэным хьэндыркъуакъуэрэ блэрэ къызэрыхэмыпщар згъэщIэгъуащ, – увыIэртэкъым Дыжьын.

– Тобэ, сыту угущIэгъуншэ уэ! Ар фызыжьщ, и за-

къуэщ, дэIэпыкъуэгъу иIэкъым, езыри зэтесыжыщэ хуэдэкъым. Пэжу, сэри си щхьэр игъэунэзащ а мэм. ТхьэмыщкIэ! Ди Тхьэ, апхуэдэ думыщI! – жиIащ Синэмис.

– Удщ, зо, ар. Плъэгъуакъэ абы и нитIыр? И дзэ закъуэ къыIупIиикIыр-щэ? И Iэпхъуамбэ зэщIэпIиехэрщэ? Уэдыдыд! – и щIыфэр тхытхащ Дыжьын.

– Хъунщ иджы, щыгъэтыж… Упсэу, си ныбжьэгъу. Еуэ-тIэ, сыкIуэжынщ сэ, ди анэр гузавэ хъунщ, – жери, зэбгъэдэкIыжащ.

Унэм щIыхьэжри, и анэм дэIэпыкъу сытурэ, кIыфI хъуащ.

– НакIуэ, дянэ, дыгъуэлъыжынщ, – жиIащ Синэмис.

– Уэ кIуэ, тIасэ, сэ иджыри тIэкIурэ сыщысынщ. ЗэкIэ си жеин къакIуэркъым, сыгъуэлъыжми, зызгъэкIэрахъуэу сыхэлъынущ, – идакъым Гупсэ.

– Хъунщ-тIэ, нэхулъэфI укъикI, – жери, Синэмис и пэшым щIыхьэжащ.

А жэщ гуэрым щIалэр пщIыхьэпIэу къыхуэкIуащ. Ауэ иджы ар уафэгум щыуфэразэ бгъэхэм шабзэкIэ яхэуэрт. Пщэдджыжьым къыщIэкIмэ, и анэр Iуэхум пэрыуауэ зыгуэрхэр ищIэу пщIантIэм дэтт. Синэмис зыри хищIыкIыртэкъым ар ныжэбэ зэрымыгъуэлъыжыххам. И пхъум зыри жриIэртэкъым, ауэ и псэр зыгуэрым зэрихуэрт, гузавэрт, жеифыртэкъым.

Пщэдджыжьышхэр зэфIэкIри, Синэмис псыхьэ кIуащ.

Ныджэм жьы къыщепщэр щIыIэтыIэт, Iэпкълъэпкъым едэхащIэрт, тIэкIуи уигъэпIыщIэрт, ауэ псэм фIэфIт. Жьы къабзэр зыжьэдишэурэ, и бгъэм щызу бауэу тэлайкIэ щыта нэужь, гуэгуэным псы иригъахъуэри, и дамэм тригъэувэжащ. Зыкъыщигъазэм, щтэри, щIыбкIэ икIуэтыжащ – пщIыхькIэ къыхуэкIуэ щIалэр и пащхьэм къитт. Зимыгъэхъейуэ щытщ щIалэр, къоплъри. Синэмиси и напIэр ехьэхауэ ищIэным йогупсыс.

– Зы псы Iубыгъуэ сегъафэт, дахэ! – жиIащ щIалэм макъыжь-макъыжьу. И макъым зримыгъэIэтыщами, узытебэкъукI мыхъун унафэ къыхуащIа хуэдэ, и дамэм тет гуэгуэныр кърихьэхыжри щIалэм хуишиящ. Модрейри къэIэбэщ, зэрыжиIам хуэдэу, зы Iубыгъуэ ищIщ, псыр ирикIутыжщ, щIэуэ къригъэхъуэжри, гуэгуэныр пщащэм иритыжащ:

– Псым хуэдэу уаулъагъу!

– Уи хьэлэлщ!

– ЕмыкIу сыкъыумыщI, дахэ, зыгуэр бжесIэнут, – и щхьэр Iэтарэ пагэу, хъыджэбзым къыхуеплъыхащ щIалэр.

Синэмис и щхьэр ищIащ, «жыIэ» жыхуиIэу.

– Вэсэмахуи ноби узгъэщта си гугъэщ сэ. Тхьэр си щыхьэтщ, сэ абы сыхуеякъым. А дыщызэIущIа махуэм бланищ сещэкIуати, тIур къэзукIыу зыр зэрысIэщIэкIам щхьэкIэ, гукъыдэж сиIэтэкъым. Нобэ гуэрым укъэзгъэщтащ.

Синэмис зыри жимыIэжыфу щытт, плъыжь хъуауэ.

– А псом нэмыщIыж, мы си нэкIум телъ дыркъуэм нэхъри уигъащтэу къысщохъу. СощIэ, дахэкъым, – жиIэри бгъукIэ уващ, а «шынагъуэр» игъэпщкIу щIыкIэу.

– ЦIыхум и гъащIэри и нэкIури уIэгъэ защIэу щытми, и псэм и дахагъэмрэ и псалъэм и гуапагъэмрэ захъуэжын хуейуэ къысщыхъуркъым. НэкIум телъ дыркъуэр тезылъхьар цIыхущ. Псэр плъагъунукъым, зыхэпщIэ мыхъумэ. Къозытар ди Тхьэрщ. КъызэрыслъытэмкIэ, псэр нэхъ лъапIэщ нэкIум телъым нэхърэ, – жиIащ Синэмис хуэму, зэхэщIыкIыгъуэу.

ЩIалэм апхуэдэ жэуап абы къритыжыну и гугъакъым. Зэхихар псэкIэ зэригъэзахуэу щыта нэужь, жеIэ:

– Упсэу, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн! Уи ныбжьым емылъытауэ угубзыгъэу къыщIэкIащ... Уи цIэр сыт, дахэ?

– Си цIэр Синэмисщ.

– Си нэм ис, си нэм и плъапIэ, си гум имыкI, жиIэу ара? – щIалэр пыгуфIыкIащ.

Апхуэдизу зыгъэщта нэщхъэр зэхэмылъу илъагъуну хуейуэ, и напIэр къиIэтащ Синэмис, мор пыгуфIыкIауэ къыщыщыхъум.

Хъыджэбзым и нащхъуитIыр гъунэгъуу зылъэгъуа щIалэр, гуфIэнри щигъэтыжарэ пщащэм и дахагъэм итхьэкъуауэ, къеплъырт, и нэхэр тримыгъэкIыу.

– Сэ си цIэр Мамыкъуэщ.

Синэмис и щхьэр ищIащ.

– Сыгуващ, сежьэжынщ, – жери пщащэр, и анэм ещхьу, щабэу щIым теувэурэ, псыхъуэм къыдэкIыжащ. Мамыкъуи абы пидзын жэуап игъуэтакъым.

Мамыкъуэ щIэгупсысурэ, сыт хуэдэ Iуэху пэрыувами, и кIэм нимыгъэсыфу, сыт къищтами, IэщIэхуу къэнат пщащэр. Хурирэт жиIахэри щыгъупщэжат, щIалэм и нэ фIыцIитIым зэрыщIэплъэу. И нэкIум телъ дыркъуэри екIупсу къилъытэрт иджы.

Гупсэ иригузавэрт и пхъум и щытыкIэ хъуам, ауэ нэхъри зыгъэгуIэр и псэр къезыхуэкIырат. «Си щIалищыр узыншэу къысхуэхьыж, ди Тхьэ!» – жэщи махуи

арат и щхьэм илъри къыжьэдэкIри. Зы гузэвэгъуэ гуэр къэхъуну къыщыхъурт, ауэ и пхъум абыкIэ зыкъригъащIэртэкъым, имыгъэгузэвэн щхьэкIэ.

Синэмис щIалэм зэрыхуэзар Дыжьын хуиIуэтэжащ, пщэдджыжь къэс псыхьэ къикIыжыху, «ухуэза, плъэгъуа?» жиIэурэ, къыкIэрыкIыртэкъыми. Тхьэмахуэ дэкIат абы лъандэрэ, ауэ пщащэр Мамыкъуэ а зэм фIэкIа IущIатэкъым. Гупсысэм иукIырт, лъагъуныгъэ зэрыхуищIыр псэкIэ зыхищIэрт.

* * *

Мамыкъуэ псыхъуэм къыдэкIыжщ, мэз лъапэм щилъэхъа и шым зридзри, жьыр къылъэщIэмыхьэ жыхуаIэм хуэдэрэ мэзым хэту махуэ ныкъуэкIэ жащ. Мэзыкум хэт пщыIэм щIыхьэри, пIэм хэлъ лIыжьым щхьэщыхьащ:

– Сыт ухуэдэ, ди адэ?

– Куэд схьыжыну къыщIэкIынукъым сэ. Зыри сэбэп къысхуэхъужыни хуэдэкъым. УмыкIуэ афIэкIа абы нэс хущхъуэхьэ. Уи Iуэху и ужь итыжи, нэхъыфIщ.

– Сэ си гугъэр хэсхыжакъым, ди адэ, Тхьэм жиIэмэ, ухъужынущ...

– Хьэуэ, бжесIакъэ сэ! – жиIэнур нримыгъэгъэсу, къэпсэлъащ къехьэлъэкIыурэ лIыжьыр. – Сэ си нитIыр зэтезмылъхьэ щIыкIэ, Мэтджэрий и лъапсэр игъущыкIыну сыхуейщ, и къуэ ещанэм и щхьэр къысхуумыхьмэ, сытIэулIэщ… – афIэкI хужымыIэу, и къарур мащIэ хъуати, и нэр зэтрипIэри, хьэлъэу къыхэбэукIыурэ, лIыжьыр Iурихащ.

– ЗэрыжыпIэщ, ди адэ! Гъуэтыж и щхьэр къыпхуэсхьыну пхузоIуэ тхьэ, – жиIэри, пщыIэм къыщIэкIыжащ...

– Зиусхьэн, Гъуэтыж и лъагъуэр тфIэкIуэдащ, ауэ уIэгъэ хьэлъэ хъуащи, жыжьэ кIуэфынукъым, – жеIэ къыIухьэжа щIалэ псыгъуэ кIыхьым.

– Зызумыгъэлъагъуу IукI мыбдеж, зы псалъэ къыфIумыгъэкIыу! – жиIэри и нэхэм хъуэпскI къыщIидзым хуэдэу еплъащ Мамыкъуэ абы. Мыдрейми зэуэ зигъэбзэхыжащ.

Мамыкъуэ зэрищIэжрэ мэзым щыпсэурт, и анэри илъэгъуауэ къыхуэгубзыгъыжыртэкъым. И адэм бгъурыту, балигъ зэрыхъурэ цIыхухэр яхъунщIэу, яхъунщIар яукIыу гъащIэр щахьырт дыгъэ бзийр хуиту къызыкIуэцIримыдз мэз Iувым. Гупыр цIыху тIощI хъурт, ауэ, зэшищым яIущIэу зэхэуа нэужь, пщыкIуплI къэ-

науэ арат, езыри зи псэм еджэу телъ и адэри хэту. И адэм и уIэгъэр хуигъэхъужын и гугъэу, Синэмис щыIущIа псыхъуэм махуэ къэс удз хущхъуэ кърихырт Мамыкъуэ. «Бланищым щыщу тIур сукIащ» жыхуиIари Синэмис и дэлъхухэрат. Ауэ ар абыхэм зэрашыпхъум зыри хищIыкIыртэкъым. ЗэшитIыр иукIакIэт, ауэ нэхъыщIэр яIэщIэкIри, и лъагъуэр яфIэкIуэдат. Арат Хьэсбий дадэ и гур щIэмызагъэри. Мамыкъуи псалъэ абы иритат Гъуэтыж и щхьэр къыхуихьыну. Арат и адэр зэрылIыкIыну уIэгъэ хьэлъэр къытезыдзар, абы ар игъэгъункIэ Iэмал зимыIэт. Гупым ящыщу Хьэсбий ныбжькIэ къыкIэлъыкIуэр Аслъэнджэрийт. Ар Мамыкъуэ и адэ етIуанэу ибжырт. ЗэрыцIыкIурэ хабзэм, нэмысым хущIигъэджыкIат, хьэл-щэн дахэу хэлъри къыхэзылъхьар арат. И адэм зэуэным, лIыукI Iуэхум хуигъэсами, адыгэлI нэсу къэзыгъэтэджар Аслъэнджэрийт. Абы къыхилъхьэмрэ и адэм зыхуригъасэ Iуэхумрэ хузэхуэмыгъэхъуу, щIалэм и гупсысэхэр куэдрэ зэпекъурт. Куэдри егупсысырт, ауэ здэкIуэну лъэныкъуэр къыхуэщIэртэкъым. Абы и бэлыхьым зэриукIыр Аслъэнджэрий жримыIэу афIэкI хуэшэчыжынутэкъым. ЗэхигъэкIын хуей Iуэхуу иджыри къэс зэрихьа къомым я жэуап къигъуэтын и гугъэу, Аслъэнджэрийм бгъэдыхьащ Мамыкъуэ:

– Аслъэнджэрий, иджыри къэс дыщIэзауэмкIи, дызэзауэмкIи, мэзым дыщIыщIэсымкIи сынывэупщIакъым. Ауэ иджы и пэжыпIэр сщIэну сыхуейщ. СынолъэIу, Тхьэм и хьэтыркIэ, пэжыр сщумыбзыщI!

– Уей, Мамыкъуэ, зызэман псалъэ быдэ уи адэм естауэ щытащ абы и пэжыпIэр бжезмыIэну, ауэ уэ иджы лIы ухъуащи, сыбзыщIыжкIи, лIо?

– ЖыIэ, жыIи, си гур гъэпыIэ.

– Мыпхуэдизылъ щIэдгъажэр дылIыукIщ, дыдыгъуакIуэщи аращ. Ар уэ фIы дыдэу къыбгуроIуэ. Ауэ игъащIэ лъандэрэ апхуэдэу дыкъэгъуэгурыкIуакъым дэ. Мис а зымахуэ дызэзэуа зэшищым я адэмрэ уи адэмрэщ мы псори къызытехъэеикIыжар.

– КъызгурыIуэркъым, нэхъ гурыIуэгъуэу жыIэт, Аслъэнджэрий, – мэлъаIуэ Мамыкъуэ.

– Уи адэмрэ абыхэм я адэ Мэтджэрийрэ зэныбжьэгъуу щытащ. ТIуми зы пщащэ фIыуэ ялъэгъуат. Пщащэу щыIэм я нэхъ лейт ар, сыту дахащэт! И цIэр Гупсэт. Гупсэм Мэтджэрийр фIыуэ илъэгъуати, уи адэм къепэгэкIащ. Ар фIэгъэнапIэ яхуэхъури, зэныбжьэгъуитIыр бий зэхуэхъуащ. Сытми, Гупсэр Мэтджэрийм дэкIуэсащ. Хьэсбий апхуэдизкIэ ефыгъуэт абыхэми, бампIэм зэгуиудырт. Мэтджэрий иукIыну, бын къащIэхъуэми,

псэууэ дунейм тримыгъэтыну тхьэ иIуат. Уи адэр иджыпсту къулейсызу мэзым щIэсми, уэркъщ. «ЛъхукъуэлIыр нэхъ къищтащ, уэркъым нэхърэ!» – жиIэурэ, делэ ирихъуным нэсат, апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуат Гупси. И бампIэр цIыхухэм ятрикъутэу щIидзащ. Махуэ гуэрым, и бампIэр фадэм иригъэтхьэлэн и гугъэу ефауэ, зы цIыхубз цIыкIу шыплIэм дидзэщ, мэзым ихьри, лей ирихащ. Пщащэм, лажьэ иIэу къыщищIэм, и унагъуэр ибгынащ. Фызыжь гуэрым екIуалIэри, абы деж щызэфIэкIащ. И хъыбар дунейм къытехьэри, Хьэсбий и деж нэсащ бын зэриIэр. ЗэрыщIалэ цIыкIур къыщищIэм, и анэр къигъуэтащ, сабийр къытрихыжыну хуежьэу, «Си хьэдэм уемыбэкъуауэ уэстынукъым!» щыжиIэм, цIыхубзыр иукIщ, укъищтэри, мэзым зыщигъэпщкIуащ, дэ дызэщIигъури… Къызэрыхуамыгъэгъунур ищIэрт… Аращ, Мамыкъуэ, Iуэхум и пэжыпIэр.

Мамыкъуэ, ину бэуэн шынэрэ зимыгъэхъейуэ, едаIуэрт зи жьакIэм тхъугъэ хидза лIым. Зэхиха псом ерагъкIэ къыхэкIыжри:

– Сыт-тIэ а щIалищым я Iуэхуу абы хэлъыр? Абыхэм лажьэ яIэтэкъым, сыт хуэдэу Iуэхур къекIуэкIами. Щхьэ дигъэукIа ахэр?

– БжызоIэри, и акъылыр зэкIуэкIат! А щIалэхэм якIэлъыплъурэ, зэрыпщIэщи, зыIэщIыдигъэлъхьащ тIур. Ещанэри, Тхьэм ещIэ, зыщIыпIэ къуэлъ хъунщ иджыпсту, и псэр хинауэ.

– ГурыIуэгъуэщ, Аслъэнджэрий. Тхьэр арэзы къыпхухъу, – жиIэри Мамыкъуэ пщыIэм щIыхьэжащ. И адэм щхьэщыхьэмэ, Хьэсбий и жьэр ущIарэ лIауэ щылът, и Iэ лъэныкъуэр пIэм къелэлэхыу. Мамыкъуэ абы и Iэр бгъурилъхьэжщ, «Тхьэм къыпхуигъэгъу, ди адэ!» – жиIэри, къыщIэкIыжащ.

Гупым я нэхъыщхьэр иджы Мамыкъуэти, унафэ ищIащ афIэкIа мыдыгъуэжынхэу, ямыукIIарэ цIыху хуэдэу псэунхэу. Псори абы арэзы техъуэри, Хьэсбий щIалъхьэжащ. Айтэчрэ Жанхъуэтрэ кхъащхьэ сын хухасэжащ, я хьэдащхьэм пщIэ, нэмыс хуащIу. Нэху къекIмэ, Лабэ Iуфэ Синэмис щыIущIэн и мураду, и пIэ изэгъэжащ Мамыкъуэ.

* * *

Пщэдджыжь къэс псыхьэ къакIуэ и хабзэт Синэмиси, мис, аргуэру къэкIуат псы Iуфэм. ЕтIысэхауэ псы къизыгъахъуэ хъыджэбзыр зэрилъагъуу, и гур нэхъ псын-

щIэу къеуащ Мамыкъуэ. И адэр дыгъуасэ щIилъхьэжами, щIэпхъаджагъэу зэрихьамрэ езыми къуаншагъэу иригъэлэжьамрэ хуигъэгъуфыну къыщIэкIынтэкъым зэи. И адэм ещхьу зы хьэли хэлътэкъым, зэрылIыукIым нэмыщI. И анэ тхьэмыщкIэр цIыхуфIу щытагъэнт, и хьэлкIэ абы ещхьу къыщIэкIынт. НэгъуэщI мыхъуми, и цIэр ищIатэмэ, сыт хъунт?

КъыхэпсчыкIыурэ, пщащэр къимыгъэщтэн щхьэкIэ, гъунэгъу хуохъу ар. Синэмиси щIалэр къилъэгъуащи, сабийм хуэдэу и гур къоуэ, щтэIэщтаблэ хъуами, мащIэу погуфIыкI, Мамыкъуэ къызэрыкIуар зэримыжагъуэр къригъащIэу.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, си нэм ис! – гуапэу жеIэ щIалэм. – Куэд щIауэ дызэрылъэгъуакъым!

– МахуипщI къудейщ, – гуфIэу жеIэ Синэмис.

– А махуипщIыр сэ илъэсипщIу къысщыхъуащ!

– Дауэ жыпIа? – и напIэхэр хигъэлъэтри, къыдэплъеящ пщащэр.

– Зэхэпхащ, ухуеймэ, иджыри зэ жысIэжыфынущ!

– Хьэуэ, хьэуэ, – укIытэжащ хъыджэбзыр.

Езым нэхърэ фIыуэ нэхъ лъагэ щIалэ гуакIуэм худоплъей пщащэр. Сыту дахащэ и нитIыр! Пэжщ жаIэр: цIыхум и нэм ущIэплъэмэ, и псэр уолъагъу. ЩIалэм и нитIым щIэплъэмэ, Синэмис абы и псэр илъагъу къыфIощI, и гур мафIэлыгъейм ес.

– Си нэм ис, си гур уэращ зейр, – зыхуэмышыIэжу къыжьэдэхуащ Мамыкъуэ. – Узыхуей дыдэр ещIэ!

А псалъэхэр щызэхихым, Хурирэт жиIахэр и гум къокIыж Синэмис, ауэ, ищIэр имыщIэжу, пщIыхьэпIэм зэрыхэтам хуэдэу, къэхь, жиIэри и Iэр ишиящ.

Абы хэту, «Синэмис!» жиIэурэ, къажэрт Дыжьын. Пщащэм зыкъищIэжри, псынщIэу и Iэхэр ирихьэхыжащ.

– Пщэдей дызэхуэзэну? – жиIащ Мамыкъуэ.

– СщIэркъым! – и дамэр дришеящ хъыджэбзым.

– Сэ сыножьэнущ пщэдджыжь иджы хуэдэм! – къыпыгуфIыкIри, Мамыкъуэ мэзымкIэ иунэтIащ.

Синэмис гуэгуэныр къищтэжри, и дамащхьэм тригъэуващ, ауэ, Дыжьын гъыуэ гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, игъэувыжащ. Ар абдеж къагъанэри, тIури щIэпхъуащ. Гуэгуэныр псыр зэриту псыхъуэм къыдэнащ. ПщIантIэм дэлъэдэжхэмэ, Гъуэтыж и шыр бжыхьым кIэрытщ, и щIыфэр зэрыщыту уIэгъэщ, лъыр кIэрыгъуэжауэ. Гъунэгъухэри пщIантIэм дэзщ. И лъакъуитIыр щIэкIэзызыхьу, жьыр хуримыкъуу, и нэр щыункIыфIыкIыурэ, унэм хуэм дыдэу щIохьэ Синэмис. ПIэм иукъуэдияуэ

илъ и дэлъхур зэ Iуплъэгъуэк1э къыхуэцIыхужакъым: и Iэпкълъэпкъыр зэщIэбэгат, уIэгъэм шын ирищIат, и нэкIу дахэми зы IэпапIэ хужьыгъэу хэлъыжтэкъым, ауэ иджыри бауэрт. Ар зылъэгъуа Синэмис лъэгуажьэмыщхьэу йотIысэхри, и жьэр IитIымкIи еубыдыж, мо зи псэм еджэу щылъым зэхихыу мыкIиин щхьэкIэ. И щхьэр зэрихьэурэ, хъыджэбзыр макъыншэу магъ, нэпсхэр къещэщэхыу, и анэр, и щIыб къэгъэзауэ, блыным кIэрытщ, и гущIэм къикI нэпс гуащIэхэр цIыхум ящегъэпщкIури.

– Ди анэ, Синэмис! – къаруиуэ хэлъыжыр зэщIекъуэри къыдрешей Гъуэтыж.

– Сыт, си псэр зыIухуэн? – зыкъегъазэ Гупсэ, и нитIыр плъыжь хъуарэ и макъыр кIэзызу.

– Синэмис! – и шыпхъум йоджэ аргуэру.

– Сымис, сымис, Гъуэтыж, – зыкъиищIэжауэ, и дэлъхумкIэ зедз хъыджэбзым и Iэр иубыдыну, арщхьэкIэ, згъэузмэ, жери зешыIэж. Ауэ Гъуэтыж куэд щIауэ уз зыхищIэжыртэкъым, иужьрей и псалъэхэр жиIэну зоныкъуэкъуж.

– Мэзыкум зы пщыIэ итщ, лIыукIхэр щыпсэууэ. Я нэхъыщхьэр ди адэр зыукIаращ, и цIэр Хьэсбийщ. «Фи адэжьым и лъапсэм псы изгъэжыхьыжынущ, си гъащIэр икъутащ! ФыкIэлъыкIуэ, къывожьэ. ФыкIэлъызутIыпщыну псалъэ естат!», – жиIэурэ, кIиийрт. Айтэчи Жанхъуэти лIы хуэдэу Iэщэ яIэщIэлъу лIащ. Мис, сэ сыхъужмэ, си унагъуэм илъ сщIэжынущ. Хьэсбий псэужкъым, ар сэ уIэгъэ ездзам къелынукъым, ауэ и къуэр... Мамыкъуэ... Аращ си къуэшхэр зыIэщIэкIуэдар... Мамыкъуэ...

«Мамыкъуэ» цIэр щызэхихым, и гъыныр щигъэтри, сыну жащ хъыджэбзыр. И нитIыр мыл кIанэхэм хуэдэу, и IитIыр едзыхауэ, лъэгуажьэмыщхьэу и дэлъхум бгъэдэсщ Синэмис. И анэри мэпыхьэри щысщ, и къуэм а жиIэхэр къызэремыхъулIэнур егъейри. КъыгурыIуат иджы Гупсэ и щхьэгъусэмрэ и къуищымрэ зыIэщIэкIуэдар, ауэ сыт и Iэмалт цIыхубзым? И къарум къихьыр нэпсыр арати, иутIыпщащ.

Абдежым Гъуэтыж Iуэщхъуу щIидзэри, жиIэр зэхыумыщIыкIыж хъуащ.

– Къысхуэвгъэгъу, къысхуэвгъэгъу! – жиIэу Iущащэурэ, ажалыр и Iэпкълъэпкъым хыхьауэ зэредзэ. Сабыр мэхъуж Гъуэтыж... Анэм зыхуэмышыIэжу хьэдэм зытреубгъуэ, «ШыплIэм фытелъу фыкъыдахьэжыныр фи натIэ мыгъуэти-тIэ», – жиIэурэ, егъей. Синэмис и нитIыр хьэдэм къытримыхыу щысщ, зы «Iым» жимыIэу.

Тхьэшхуэрат зыщIэр абы а дакъикъэм дунеягъэкIэ ишэч жыхьэнмэр. ЩIалэм и псалъэхэр зэхэзыха благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ гъуэгу теуващ, лъы ящIэжыну.

Зэрыбзылъхугъэри, гъыным къарууншэ ищIа и анэри щыгъупщауэ, Синэмис зегъэхьэзыр и дэлъхухэмрэ и адэмрэ ялъ ищIэжыну. И дэлъхухэм я щыгъынкIэ зыкъэхуапэ, и анэм Дыжьын къыбгъэденэ, шым мэшэсри, пщыхьэщхьэм дэкIа шу гупым и ужь йоувэ. Мамыкъуэ и гум хуилъа IэфIыр, гухэлъ зэрыхуищIар, ар апхуэдэ цIыхуу къызэрыщIидзыжар щхьэжэ щыхъуарэ и нэкIур къезыхулэкI чыхэмрэ жыг къудамэхэмрэ зыхимыщIэу, пхрокI мэзым. Нэхущым шухэм ящIохьэ, закъримыгъэлъагъуу къапекIухьри, мэзыкумкIэ еунэтI. Шыр зэрифIэщкIэ еутIыпщри, тхъурымбэм щIигъэнауэ, мэзыкум ит пщыIэм ирехулIэ. Шы лъэ макъыр зэхэзыха лIы гупыр къыщIокI. Псоми я ужь дыдэ итт Мамыкъуэ. Абы хэту Синэмис шым къолъэ, и нэм лъы къытелъэдауэ, къамэр кърепхъуэтри, щIалэм дежкIэ зедз. АрщхьэкIэ нэмысу лIитIым яубыд.

– СывутIыпщ! Фэракъэ жыхуэсIэр! СывгъэукI! Щхьэ ущыт, лIыукI? Ди лъапсэм псы ивгъэжыхьыжыну жыфIатэкъэ зэадэзэкъуэм?! – жыхьэнмэм къипсэлъыкI фIэкI умыщIэну кIийрт Синэмис.

– Iагъу, мыр бзылъхугъэ?! – жаIэу и пыIэр щхьэрахмэ, и щхьэцыгъуэшхуэр къыщIоху. И нитIым мафIэр къыщIихыу йоплъ пщащэр Мамыкъуэ. Мамыкъуи, «сывутIыпщ» псалъэр щызэхихым, къыгурыIуат ар зэрыцIыхубзыр, ауэ Синэмису и гущхьэ къэкIыххэртэкъым. Иджы, гъущI IунэкIэ кIэраукIам хуэдэу, жыгым кIэрытщ, псэм и щIасэу зыпищI щымыIэм йоплъри. Къыгуры Iуат иджы махуищкIэ зэжьа пщащэр псыхъуэм къыщIэмыкIуар.

– ЛIо, щхьэ ущыт? Мис, сыкъэкIуащ! Ди лъапсэр бгъэгъущыну аратэкъэ узыхуеяр? Си адэри си дэлъхуищри фIэщIэкIуэдащ. Сытыт къывацIар? Сытыт абыхэм фигу щIебгъар? – махуищкIэ ишыIа и нэпсхэмрэ къузауэ иIыгъа и макъымрэ абдежым иутIыпщащ Синэмис.

Абы хэту зэрыгъэкIийуэ къэсащ Синэмис и ужь ит шу гупыр. Макъыр щызэхахым, шу пщыкIутIыр япожьэри, зэхэуэр яублэ. Мамыкъуэ, зы псалъэ къыфIимыгъэкIыу, пщыIэм щIохьэж. Къаруушэ хъуа бзылъхугъэр, IэщIауда къамэр къещтэжри, кIэлъыщIохьэ щIалэм. И щIыбагъыр къэгъэзауэ Мамыкъуэ щытщ. Синэмис щабэрыкIуэу щIалэм и щIыбагъым къыдохьэ, и IитIымкIэ къамэр быдэу екъузри, зешэщI. Мамыкъуэ зэуэ зыкъегъазэри, жеIэ:

– Узыхуей дыдэр къызэщIэ, къэзлэжьащ, ауэ япэщIыкIэ зыгуэр бжесIэну сыхуейт!

– ЖыIэ!

– Сэ иджыпсту къызгурыIуауэ аращ, гуузу дукIа а щIалэхэр узэридэлъхухэр. Куэд щIакъым къызэрысщIэри ахэр бий тхуэхъуныр къызыхэкIар. Ауэ, дауэ щытами, мыр хьэкъ пщыхъуну сыхуейт: сэ уэ укъэслъыхъуакъым, гъащIэм дызэхуишауэ аращ, си кIуэдыжыкIэр нэхъ гуащIэ хъун щхьэкIэ. Си псэм удыхьат, си нэм ис, уи гъусэу гъащIэщIэ сыухуэну си гугъат. Си гъащIэм и дыгъэщIэу укъыкъуэкIат. Иджы, зэрыбжесIащи, си гур зейр уэращ, узыхуей дыдэр ещIэ!

– Си анэм и бынищыр егъеиж, щым щыщу а зым и хьэдэращ щIилъхьэжар, бзылъхугъэ зи фIыгъуэу фызабэ гъащIэр натIэ хуэфщIащ. Сэр дыдэр мы си щхьэ кърикIуам и ужькIэ сызэрыпсэужынур сщIэркъым! Сэри си гум щызгъафIэрт гугъэ къабзэхэр. Ауэ иджы лъыпсыр къапож а сиIа гугъапIэхэм!

– Сэ лIыукIыу сапIащ, хъунщIэным сыхуагъэсащ, нэгъуэщI гъащIэ слъэгъуакъым. Ди адэхэм я зыгурымыIуэныгъэкIэ... Нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, си адэм и къуаншагъэкIэ апхуэдиз лъы дгъэжащ. Къысхуэгъэгъу!

– Тхьэм къыпхуигъэгъу! – жиIэщ, къамэр ину къиIэтри, пщащэм зыхиIужащ.

– Синэмис! – ину кIиящ Мамыкъуэ. Пхъуэри, мыджалэ щIыкIэ, къиубыдащ... – Си нэм ис, – Iущащэрт щIалэр, хъыджэбзым и нэхэм щIэплъэурэ.

Синэмис и нэпс закъуэ къыщIэжащ.

– ДунеягъэкIэ ууей сыхъуну иухатэкъым. СутIыпщ, укъызэмыIусэ! – жиIэри, и нащхъуитIыр зэтрипIащ.

Мамыкъуэ къамэр къыхичыжри, хьэдэр зрикъузылIащ, уIэгъэм къиж лъы пщтырыр и щIыфэм телъадэу. Абы хэту, пщыIэм мафIэ кърадзри, напIэзыпIэм дрисеящ. Яжьэм хьэдэ къупщхьитI зэбгъурылъу къыхагъуэтэжауэ жаIэ, зым и Iэр адрейм IэщIэлъу. ХьэдитIым я зыр зэры-Синэмисыр къыщащIэм, шу гупым щыщу къелам я щхьэр къыфIэхуауэ къагъэзэжащ.

«Си унагъуэр сэ стекIуэдэжащ», – жиIэщ, ар удын хуэхъури, Гупси куэд ихьыжакъым.

## *ГЪАЩIЭМ И КIАПЭР КЪЭПIЭТМЭ*

Си ныбжьэгъум къыщалъхуа махуэр игъэлъапIэрти, куэд щIауэ къыхуэсщэхуауэ щылъ саугъэтыр згъэщIэращIэри, сыкIуащ я унэм. Бжэр Iузыхар и анэращ:

– Уа-а-рэ, мыбы къэкIуар... Къеблагъэ, къеблагъэ! КъыщIыхьэ, щхьэ ущыт абдеж, хамэ нэхъей?! – си Iэр иубыдауэ, сыукIытапэурэ, сыщIешэ Iэгъур-лъэгъур лъагъугъуафIэ фыз нэ фIыщIэм.

– Дауэ фыщыт, Людэ? Оксанэ сехъуэхъунщ, жысIэри сыкъыIухьауэ аращ, зэман куэди сиIэкъым, – физым Iейуэ сыщыукIытэрти, си напIэхэр ехьэхарэ, плъыжь сыхъужауэ, жызоIэ.

– Мыдэ, мыбы жиIэр! Сыт зэман?! Тхьэ, умыкIуэжыну-тIэ. Ауэ кIуэжи, еплъыт! Моуэ, хьэщIэщымкIэ ныщIыхьэ, Оксанэ тыкуэным ехащи, иджыпсту къэкIуэжынущ. Сэ тезгъэува лым сыкIэлъыплъынщ, уэ нанэ и гъусэу щIэс, фызэрымыгъэзэш! – погуфIыкI Людэ.

– Хэт, жыпIа? – щэхуу сыщIоупщIэ, Iэнкун сыхъуауэ.

– Си анэр къэтшауэ щыIэщ. УмыукIытэ уэ, ныщIыхьэ. НакIуэ, накIуэ! – Iэнэ кIыхьышхуэр щаухуа пэшым сыщIешэри, Людэ мэбзэхыж. Фызыжьым, сыкъызэрилъагъуу, къотэджри, IэплIэ къысхуещI, сэлам къызехри, шэнт къегъэув:

– ТIыс, дахэ цIыкIу.

СщIэнури, жысIэнури сымыщIэжу, сыщытщ, апхуэдиз ныбжь зиIэм пщIэ къысхуищIу, къызэрытэджам щхьэкIэ. Пэжщ, си гуапэ хъуат ар икъукIэ. Мис, ди зэманым кIуэдыж адыгагъэмрэ хабзэмрэ мы цIыхубз тIорысэм игуми и псэми хэлъщ иджыри. Дэ-щэ, щIалэгъуалэр?! Си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжауэ, сыщытщ.

– Уэ тIыс, нанэ, умыгузавэ. ТIысыж, кхъыIэ!

– ХьэщIэр щыту, хэгъэрейр тIыс хабзэкъым, дахэ. ТIыс уэ.

Зы псалъэ къыфIэзмыгъэкIыжыфу, делафэ къыстеуащ, жысIэу, сотIысэх. Нанэри мэтIысыж. ТэлайкIэ щэхуу дыщыса нэужь, къарууэ сиIэр зэхызолъхьэри, си напIэр къызоIэт, нанэм и узыншагъэм сыщIэупщIэну. Езыр, адрей фызыжьхэм ещхьу, шэнтжьейм игъэщIауэ истэкъым, атIэ, зыкIи къемыхьэлъэкIыу и щIыбыр захуэу, и щхьэр Iэтарэ и нэ нащхъуитIыр зыгуэрым теплъызауэ, зэфIэст. Ар зэрыслъагъуу, си бгыр тIэкIу къыдэшауэ сыщысти, зэуэ захуэу сытIысыжащ, сызэреупщIынури ескъухыжащ. Нэсып сиIэти, Оксанэ абы ирихьэлIэу къэсыжат, армыхъумэ, пщIэнтIэпсыр къызэкIуарэ, зэрызысщIынымрэ жысIэнымрэ сымыщIэу сыщысу арат. Пщы гуэрым и щхьэгъусэ къэтIысауэ фIэкI къысщыхъуртэкъым, апхуэдизкIэ нанэм пагэу зиIыгъти.

– Сыту фIыуэ укъэкIуа, Iей. Си гуапэ пщIащ, упсэуарэт уэ! – IэплIэ къысхуещI си ныбжьэгъум.

– Сынохъуэхъу, Оксанэ! – сыгуфIэжу, саугъэтыр IэщIызолъхьэри, и нэкIубгъум ба хузощI си ныбжьэгъум.

– Упсэу, тхьэ, ухэтын хуэмея мыбыхэми. УкъызэрыкIуа къудейр сыт и уасэ?! Куэд щIауэ дызэрылъэгъуатэкъым. НакIуэ-тIэ, модрей пэшым дыкIуэнщи, дыпсэлъэнщ, – си Iэр еубыдри, дыкъыщIокIыж хьэщIэщым.

Сэри фызыжьым и пащхьэм «зэрызыщызгъэхьэлыншам» нэхъри сроукIытэж. Оксанэ къыхуэсхьа данэ жэщ джанэр кърихауэ, йоплъ, зрегъапщэ, мэгуфIэ.

– Упсэу, упсэу, упсэу... – IэплIэ къысхуещI, и гуапэ хъуауэ.

– Хъунщ, кхъыIэ, иджы. АфIэкI пхуэфащэкъэ уэ?!

– ЗывмыгъэIейуэ нанэ уэрэ фыщысти, фызэрыцIыхуакIэ?

– Хьэуэ. Ихьи, сыту сыщыукIытат, зо. Сыту хабзэшхуэ хэлъ! Зэи слъэгъуакъым апхуэдэ цIыху зэтет. Сыт и цIэр фи нанэ?

– Сурэтхъан. ЛъэпкъкIэ шапсыгъщ. Абы нэс къикIри, дадэ мыгъуэм къыдэкIуат. «Интеллигент» жыхуаIэм хуэдэщ нанэ, егъэджакIуэу лэжьащ илъэс тхущIкIэ. Дади аращ и лэжьыгъэу щытар, тIуми адыгэбзэмкIэ ирагъаджэт. Нанэ Iэджэуи зикъутэт, дадэ къыдэкIуэн имыдэу, ауэ апхуэдэ щIалэ блэбгъэкI хъурэт?! ЩIалэ дахэу, гуакIуэу щытауэ жаIэ дадэ мыгъуэр.

Си жьэр Iурыхуауэ содаIуэ Оксанэ и хъыбар кIэщI цIыкIум. КIэщIми, лъабжьэшхуэ иIэу къысщохъу. НетIэ а фызыжь пагэм и нэхэм щIэслъэгъуат сэ зэш гуэр, и гур зыгъэпIейтей гупсысэ куу. Дауэ пIэрэ Сурэтхъан и блэкIар зэрыщытар, сыту пIэрэ, и гъащIэм и кIапэр къэпIэтмэ, къэпхутэнур?! А фызыжьыр нэхъ гъунэгъуу зэзгъэцIыхумэ, зы хьэлэмэт гуэр зэриIуэтэжынур сщIэти, етIуанэ махуэми тезгъэзащ Оксанэхэ. ГуфIэжу срагъэблэгъащ. Шей дефэу дыщысу, Сурэтхъан, жьы къабзэ тIэкIу зыщIезгъэхунщ, жиIэри, шордакъым ихьащ. Сэри, сыгузэвапэурэ, Людэ соупщI:

– Людэ, кхъыIэ, емыкIу сыкъыумыщI, ауэ фи нанэ нэхъ гъунэгъуу сцIыхуну сыхуейт. ИкъукIэ хабзэшхуэ зыхэлъ цIыхущ, губзыгъэщ. Сыдэплъеину, сигъэущиину сыхуейт. Къысхуидэмэ, щIэх–щIэхыурэ сыкъэкIуэнут.

– Алыхь, идэным-тIэ, сыт щIимыдэнур?! Езыри къыпщытхъуащ, псэлъэрейкъым, хъыджэбзыфI хуэдэщ, жиIащ. ТхьэмахуитI хуэдизкIэ щыIэнущи, къакIуэ уэ.

– Сыту фIыт, Iей.

– Пщэдджыжь жьыуэ къакIуэ. Мамэ сэрэ Псыхуабэ дыкIуэн хуейщ, папэ мэлажьэри, нанэ и закъуэ щIумыгъэсу къакIуэ. Фызэрымыгъэзэшу фыщIэсынщ. Тэмэмкъэ? – жеIэ, хьэкъущыкъур зытхьэщIу кIэрыт Оксанэ.

– Тэмэмщ, ауэ япэщIыкIэ езым жефIэ, – зыхузогъазэ Людэ.

– Иджыпсту, зэ! – Людэ щIокIри, куэд дэмыкIыу къегъэзэж. – Пщэдджыжь сыхьэтийм укъэкIуэфыну, тIасэ? ПфIэжьыIуэ?

– Хьэуэ, жьыкъым. СыкъэкIуэфынущ.

ТхьэмахуитIыр и кIэм нэсыху, зы махуэ къэзмыгъанэу, сыщыхьэщIащ Оксанэхэ. Сыкъэвужэгъуа хъунщ, жысIэху, тфIэфI дыдэщ, жаIэурэ, си гур фIы къысхуащIырт. Сэри щIэщыгъуэ гуэрхэр яхуэспщэфIурэ, згъатхъэхэрт. Абыхэ сызэрыщыIа зэманым хабзэ кIуэдыжа, цIыхум кIэлъызэрахьэу щыта нэмыс куэдым щыгъуазэ сищIащ Сурэтхъан, ауэ сэ сызыхуейр къыпкърысхыфыртэкъым. Мыбы и нэгум щIэтымрэ и гум илъымрэ сщIарэт! Пщэдей хуэдэм нанэ къуажэм яшэжыну, мыр къызжеIэ:

– Ныщхьэбэризэм къанэ, дахэ цIыкIу. Сэ пщэдей сыкIуэжынущ, Тхьэм ещIэ иджы дыщызэрылъагъуныр. Сыносащ, си быным хуэдэу фIыуэ услъэгъуащ уэ цIыкIур. Къанэ. Сэ иджыри бжезмыIэжа гуэрхэр щыIэщ.

– Сыту фIыуэ къэбгупсыса ар, нанэ! КхъыIэ, къанэ! – мэгуфIэ Оксанэ.

– СщIэркъым, ди дежкIэ ядэнуми…

– Сэ иджыпсту уи анэм сепсэлъэнщ телефонкIэ. Умыгузавэ уэ, ядэнщ, –Людэ къыщолъэтри телефонымкIэ мажэ.

– ЕмыкIущ, Iей, уи адэр щIэсынущ, – щэхуу зыхузогъазэ си ныбжьэгъум.

– Умыгузавэт уэ, ар ныжэбэ лэжьакIуэ кIуэнущ, щIэсынукъым.

Гъуэлъыжыгъуэр къыщысым, Оксанэ пIэр тхуещIыж, нэхулъэфI фыкъикI, жеIэри, щIокIыж. Сэри, «къызжиIэну гуэрым» сежьэу, пIэкум сыкъотIысхьэ. Сурэтхъан и ныбжьым емылъытауэ цIыху жант. И щхьэцыр тхъуами, пIащIэ хъуами, дахэу, егугъупэу еухуэнэхарэ и дамэмкIэ къыдэдзыжауэ щысщ, гъуэлъыпIэ натIэм кIэрыгъэщIауэ. ЩыщIалам дахагъэу бгъэдэлъар и нэхэм щIыболъагъуэ, и зыIыгъыкIэм хэлъщ.

– Тхьэ, дахэ, сэ бжесIэнур мы хъыбар кIэщI, уэздыгъэр щIэгъэнауэ дыщысмэ, ди нэхэр игъэузынщ. Абы

нэхърэ, мо къыдэгъэжыр къыдэгъэжи, шэху уэздыгъэ дэлъщи, ар пыгъанэ, нэху мащIэр нэхъыфIщ.

ЗэрыжиIам хуэдэу сощIри, пIэкум сотIысхьэж. ТIэкIурэ щыму дыщыса нэужь, Сурэтхъан и хъыбарым щIедзэ.

– Сэ шапсыгъым сыщалъхуащ, ар пщIэ хъунщ?! Быным сранэхъыщIэт, дэлъхуищ сиIэт. Ди дежкIэ езгъадэри, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм сыщIэтIысхьащ. Куэдым къайхъулIэртэкъым ари, икъукIэ сригуфIэрт апхуэдэ насып къызэрызэуэлIам.

Махуэ гуэрым си дэлъху нэхъыжьыр щIалэ мыцIыху и гъусэу къыдыхьэжащ. ЩIалэхэм псынщIэу унэмкIэ яунэтIри, мыгувэу си дэлъхур къызэджащ. Псы хуабэ тIэкIу хуейуэ арат, и гъусэ щIалэр зауэщ, абдж къутам щIыбкIэ хэхуэри, хьэлэчу зиуIэжат. ИтIанэми, дунейм теттэкъым зыгуэр къеузу, къехьэлъэкIыу къызэрыпщIэн, апхуэдизкIэ бэшэчт ари. МахуитI хуэдизкIэ щыIащ щIалэр ди деж. И цIэр Темыркъант. Сэ цIыхум сахыхьэрт, куэди слъагъут, ауэ абы хуэдэ щIалэ гуакIуэ зэи срихьэлIатэкъым. Лъагэу пхужыIэнутэкъым, ауэ фIыуэ зыIэщIэлът, къаруушхуэ зэрыхэлъри наIуэт. Хабзэ, нэмыскIи хъэрзынэу гъэсат, адыгэ нэст. Лейуэ зы псалъэ жиIэнутэкъым, къоплъынутэкъым. И набдзэ къурашэ фIыцIэр зэхиуфэрэ зыгуэрым еплъамэ – кIуэцIрисыкIыу къыпфIэщIырт, и Iупэ пIащIэхэр зэтежамэ – нурыр и нэгум къиищырт. КъызэрыбгурыIуагъэнщи, хьэщыкъ сыхуэхъуат Темыркъан. УIэгъэхэр хъужри, ежьэжащ. Мазих дэкIыжат абы лъандэрэ, ауэ щIэх-щIэхыурэ хьэщIапIэ къакIуэрт. Махуэ гуэрым Темыркъан ди хьэщIэу, си дэлъхум зыгуэр къеджэри, щIэкIащ. Мис абдеж Темыркъан зиумысащ – гухэлъ къысхуищIауэ, сэ щхьэкIэ апхуэдэу щIэхыурэ къызэрыкIуэр къызжиIащ. Апхуэдизу сызыщIэбэг щIалэм сэри фIыуэ сыкъилъагъуу къыщIэкIат! Абдеж ди гурылъ зэжетIэри, дызэхуэзэу щIэддзащ. Си дэлъхухэми ящIэ хуэдэт ди Iуэхур зытетыр, ауэ зы псалъэкIэ зыкъызагъэщIакъым. Мы дунейм си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым, нэгъуэщI щIалэ сыдэкIуэну...

Сурэтхъан и макъыр, нэхъ щэху хъуурэ тIысыпэри, щым хъуащ. И гур къызэфIэзэрыхьа хъунт.

– Псы тIэкIу уеIубын? – сыкъэгузэвэжауэ, соупщI.

– Хъунт, тхьэ.

Псы стэчан къыхуизгъэхъуар, Iэдэб дыдэу зэ йоIубри, къызетыж.

– Упсэу, дахэ.

Сэри, зы щытыкIэ дахэ иджыри дэслъэгъуащи, пщIэ

хуэсщIыр нэхъ лъагэж хъуауэ соплъ, и макъыр зэтрегъэувэжри, пещэж.

– Сытми, си мураду хъуар щэщэжащ, хэку зауэшхуэр къэхъейри. Къуажэм цIыхухъуу дэсыр зауэм дэкIащ, си дэлъхуищри си псэм и щIасэри яхэту. Темыркъан дыжьыным, дыщэм ирилажьэрти, хъурей пIащIэ цIыкIу хъужауэ, тIуми ди цIэхэр тету, си пщэм исщIэну дыжьынхэкI къызитат, зауэм щыдэкIым. Си гур зэгуэуду, си псэр питхъыу къызэхьэлъэкIыу ежьахэщ. Зауэр и кIэм нэсри, си дэлъху нэхъыжьым къигъэзэжащ, адреитIыр яукIат. Темыркъан хъыбарыншэу кIуэдахэм хабжащ. Си дэлъхуитIри фIыуэ слъагъури згъеижурэ, нэпсу сиIэр щIэзгъэкIат, си гуIэм гъунэ иIэжтэкъым. Зауэр щиухам илъэс тIощIрэ тIурэ сыхъурт, си дэкIуэгъуэти, лъыхъу куэд сиIэт. СыдэкIуэну сытегушхуэн дэнэ къэна, си напIэр къэсIэту цIыхухъу сеплъыфыртэкъым. Къуажэ еджапIэхэр къызэрагъэпэщыжа нэужь, егъэджакIуэу сыуващ. МахуэкIэ лэжьыгъэм сыдихьэхырт, сытригъэурт. Хым дыпэмыжыжьэу дыпсэурти, сыт хуэдизрэ, жэщым сыкъэтэджыжурэ, сыкIуэрэт?! Зыри зэран къысхуэмыхъуу, си макъыр сыутIыпщу сыгъыну, си гу бампIэр дэсхыну. Темыркъан здэкIуамрэ, къыщыщIамрэ сегупсысыну сыкIуэу арат хы Iуфэм. Псы Iэуэлъауэм си макъыр хэгъуащэрти, сешыху сыгът-сыгъти, нэхущым унэм секIуэлIэжу арат. Ауэрэ, зэманыр кIуэрт. Махуэ гуэрым си дэлъхум хадэмкIэ сришащ, къызэпсэлъэну.

– Сурэтхъан, уи ныбжьыр хокIуатэ, щхьэгъусэншэу укъэнэнущ, жызоIэри согузавэ, – жи, – удэкIуамэ, хъунт. СощIэ, уэ Темыркъан фIыуэ плъэгъуат, узэжьэри ара хъунщ, ауэ зауэр гуащIэу щытащ. Сэ, ар яукIащ, жысIэу аракъым, ауэ, псэу уи гугъэурэ, гъащIэр блумыгъэкI.

СыукIытэрт, си жьэ хуэзгъазэу зы псалъэ жесIэфакъым дэлъхум, си нэпсхэр къежэха мыхъумэ. Езыми, егупсыс, жиIэри, IукIыжащ.

Зэ псым зезгъэтхьэлэжыну хым сыхыхьат, ауэ Алыхьым, си анэ сымаджэм, си дэлъхум дежкIэ сыплъэри сыхущIегъуэжат. Ауэ кууэ сыхыхьати, сыпэмылъэщурэ, сымэхащ. Толъкъуным хы Iуфэм сыкъытридзэжауэ сыкъагъуэтыжащ. Абы и ужькIэ си дэлъхум дэкIуэ жиIэжакъым зэи.

Сежьэрт. Сежьэрт Темыркъан. Си бостейр жьыбгъэм зэрихьэу, си бэлътокур нэпсым псыф ищIауэ, куэдрэ хы Iуфэм сыIутащ, уафэм сыдэплъейрэ, сызэхих си гугъэу, Тхьэм селъэIуу.

ЕгъэджакӀуэ зэхыхьэм сагъэкӀуат. Абы Людэ сымэ я адэм сыщыхуэзащ. Алимт и цӀэр. ИлъэситӀкӀэ си ужь къитащ ар. Сэ си гум илъыр нэгъуэщӀт, си напӀэ къэсӀэту сыкъеплъыртэкъыми, сепэгэкӀ, зэзмыпэс я гугъэт псоми. Пэжщ, езыр цӀыху гуакӀуэт, гъэсат, бжьыфӀэт, ауэ сыдэкӀуэну сыхуейтэкъым. Зыми. Къэбэрдейм къикӀыурэ шапсыгъым нэс накӀуэрт. Езыр къулейти, мылъкукӀэ сыдихьэхыну хэтт, ауэ къехъулӀэртэкъым. Си дэлъхур къыкӀэлъыплъщ-ныкӀэлъыплъри, щӀалэ хъарзынэ хуэдэщ, укъыдэнэжауэ къыплъохъу итӀани, жиӀэщ, бзаджагъэкӀэ Алим и машинэм срагъэтӀысхьэри, сыдэкӀуа хъуащ. ИкъукӀэ унагъуэфӀ сыхэхуат, сызыхуей сыщагъащӀэртэкъым, лэжьапӀи сагъэувыжат, ауэ си щхьэгъусэр фӀыуэ схуэлъагъуртэкъым. ПщӀэшхуэ хуэсщӀырт, нэмыс кӀэлъызесхьэрт, ауэ си гур кӀэрыпщӀэртэкъым. Алим быниплӀ дэзгъуэтами, сытым дежи си гум илъар Темыркъанщ. Зы цӀыхум укъамыщӀэу, зыми уи гу бампӀэр хуумыӀуатэу, упсэуну сыту гугъущэ, дахэ! Уэр фӀэкӀ зы цӀыхум хуэсӀуэтакъым мы хъыбарыр.

Сурэтхъан и нитӀым къытелъэда нэпсыр къыщӀимыгъэжыну и ужь ит хуэдэт, сэ сыщысу мыгъын папщӀэ, ауэ уэздыгъэм и нэху мащӀэр тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ и нэхэм нэхъ къиищ, къицӀуукӀ щыхъум, си щхьэр есхьэхащ, и нэгум къыфӀытелъэда нэпсыр «сымылъагъуу» илъэщӀыжыху.

– НтӀэ, иджыри къэс Темыркъан и хъыбар зыхэпхакъэ? – си щхьэр къызоӀэтыжри, соупщӀ.

– ИлъэсипщӀ и пэкӀэ Тыркум ди благъэ къикӀыжат, тхуэхьэщӀэну. Ди лъэпкъэгъухэм сыт я псэукӀэ, жысӀэу сыщеупщӀым, мыбы мыр и ӀэщӀагъэщ, мобы мор и ӀэнатӀэщ, жиӀэурэ къысхутепсэлъыхьащ. Темыркъан и цӀэ-унэцӀэри къриӀуащ! Тыркум зыгуэрурэ, гъащӀэмрэ зауэмрэ ядзат. СыукӀытэри, сыщӀэупщӀэжакъым, сцӀыхуу зыкъезгъэщӀэххакъым. ЗэрыжиӀамкӀэ, Анкара дэсщ. ГъащӀэм дызэкӀэщӀичами, нэсыпыфӀэ хъуауэ, гугъу емыхьауэ сыщогугъ. Иныкъуэхэм лъагъуныгъэ щымыӀэу жаӀэ. ЩыӀэщ! ЩыӀэщ, дахэ цӀыкӀу! Сэ сӀэщӀэкӀа лъагъуныгъэм и пӀэкӀэ гъащӀэ тынш Алыхьым къызитат, ауэ сригуфӀэфакъым.

Сэ къызгурыӀуат мы фызыжьыр япэу щыслъэгъуам и нэр игъэплъызурэ, зэгупсысар.

– Темыркъан тыгъэ къыпхуищӀар зепхьэрэ иджыри?

– Тхьэ, зызохьэм. Мис! – жеӀэри, дыуэ цӀыкӀу и пщэм кърех.

– Мыр дыуэщ.

– Унагъуэ сыщихьам, фэм кIуэцIыздэри, дыуэ хуэдэу си пщэм ислъхьэжащ. Сыт къэмыхъуами, иджыри къэс къисхакъым зэ! Си гум и гъунэгъуу илъщ. Иджы къисхыжыну сыхуейщ. Модэ мо лэныстэр къызэт, кхъыIэ!

Лэныстэр IэщIэслъхьа щхьэкIэ, тIэкIурэ мэгупсысэри, къызетыж, дыуэри щIыгъуу:

– Уэ тIэпIи, къыкIуэцIых, – жи.

Сэри, зи гур къызэфIэзэрыхьа Сурэтхъан сфIэгуэныхь хъури, стIэпIащ дыуэр, сыхуэсакъыпэурэ. Дыжьыныр къыкIуэцIысхащ, ауэ тIууэ зэгуэщIыкIат!

– Ан-на! ЗыпыщIыкIащ, дауэ къыпщыхъурэ?! Ярэби, сыту пIэрэ есщIа мыгъуэр?! Сыхуэсакъыпэу зесхьэ си гугъэжти... Хьэмэрэ зыгуэрым и нэщэнэ?! – зэлъа и Iэпэ псыгъуэхэр кIэзызу къоIэбэри, сIэщIех.

Сурэтхъан и гур зэрыхэщIам щхьэкIэ, схуэмышэчыжу си нэм нэпсхэр къыщIоувэ.

– Еплъыт! – къызетыж дыжьын IыхьитIыр.

Сеплъмэ, зы лъэныкъуэм «Сурэтхъан», адрейм «Темыркъан», жиIэу тетт. ЗэхуэдитIыпсу зэпыщIыкIат, ди щхьэщыгум итым езы тIур зэрызэкIэщIичам хуэдэу.

Зыкъомрэ щыму дыщыса нэужь:

– Упсэу, укъызэрызэдэIуам папщIэ! – жеIэри, си IитIыр щабэу къещтэри, екъуз. – Уэ ухъыджэбз губзыгъэщ, си хъыбарым дерс гуэр къыхэх! Алыхьым нэсыпыфIэ дыдэ уищI, уи мурадхэр тхьэм къуигъэхъулIэ!

Пщэдджыжьым жьыуэ сыкъэушри, сыкъызэфIэтIысхьащ. Сурэтхъан и дыуэр зэкIуэцIидэжу щыст.

– АIей, укъэзгъэуша?! – жи.

– Хьэуэ, нанэ, умыгузавэ. Езыр сыкъэушауэ аращ.

Зыдохуапэри, дыкъыщIокI. Людэ пщэдджыжьышхэм и Iуэху зэрихуэу пщэфIапIэмкIэ щIэтт.

Сурэтхъан, яшэжыну, машинэм щитIысхьэжым, Iэ къысхуищIри, сызэбгъэдишащ. Сэлам къыщызихыжым, зыгуэр си Iэгум кърилъхэри, гуапэу си нэм къыщIэплъащ. Сэри ди унэм сыкъэсыжа нэужьщ ундэрэбжьа си Iэгур щызэтесхар. «Сурэтхъан» жиIэу зытет дыжьын Iыхьэр къысIэщIилъхьауэ арат, адрейр дыуэм ирилъхьэжри.

МазитI нэхъ дэмыкIыу, Сурэтхъан дунейм ехыжащ. Уэсят ищIри, дыуэр и пщэм зэрилъу щIалъхьащ. Ар щызэхэсхам, Iейуэ сыгъауэ щытащ, си гум щIыхьэри. Сурэтхъан и фэеплъу къысхуэнар, си пщэм исщIэри, илъэсищкIэ зесхьащ.

Тыркум сыкIуат, абы дэс ди благъэхэр слъагъуну, сахуэхьэщIэну. Тхьэмахуэ сыщыIауэ, мыпхуэдэ цIыхур дауэ къэзгъуэтыну, жызоIэри, Темыркъан сыщIоупщIэ.

Тхьэм щхьэкӀэ, упщӀэ лей къыхамыгъэкӀыу, къэдгъуэтынкъэ, жаӀэри и ужь ихьащ. МахуитӀкӀэ къалъыхъуауэ, Темыркъан илъэсиплӀ и пэкӀэ дунейм ехыжауэ къахутэ. И кхъащхьэ слъэгъуамэ арат, нэгъуэщӀ мыхъуми, щыжысӀэм, ари къысхуащӀэ – кхъэм сашэри, Темыркъан и кхъащхьэр къыдогъуэт. Сыхэгупсысыхьауэ сыщалъагъум, си гъусэхэр ӀуокӀуэт. Сэри лъэгуажьэмыщхьэ зызогъауэри, сын лъабжьэм кумб цӀыкӀу къызотӀыкӀ, си Ӏэбжьанэхэм ятӀэр дэз хъуауэ. Си пщэм илъ дыжьын Ӏыхьэр къызох, кумбым изолъхьэри, щӀыр тызотхъуэж, Тхьэм дунеягъэкӀэ зы фимыщӀами, ахърэткӀэ фызэригъэгъуэтыж, жызоӀэри, кхъэм сыкъокӀыж.

# НАРТОКЪУЭ АНЖЕЛЭ



*Нартокъуэ Анжелэ Руслан и пхъум (1984, Къызбрун III къу., иджы Дыгулыбгъуей къу., Бахъсэн р-н) егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр колледжыр къиухащ, уси прози етх.*

*Нартокъуэ Анжелэ 2003 гъэм Ростов къалэм щекIуэкIа Урысейм и Ипщэ щIыналъэм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэIущIэм хэтащ.*

## *ГЪАЩIЭМ И ПЦIЫМРЭ И ПЭЖЫМРЭ*

Мэжидрэ Зинэрэ хъыджэбзищ зэдаIэт – Каринэ, Ланэ, Маринэ. Щыри балигъ хъуат. Дауи, тынштэкъым ахэр зыхуей хуэбгъэзэну, а зыхуейри мащIэфащIэу щыщымыткIэ: псоми я нэ къыхуикIырт дунеяплъэ къакIухьыну, зэпымыууэ я нэгу зрагъэужьыну. Ауэ ар къатехьэлъэртэкъым зэщхьэгъусэхэм – хэIэтыкIауэ псэухэрт, иджы къулеижь къэунэхуахэм хуэдэт. Хъыджэбзхэм нэхъ ета – яхэтыр анэракъэ, езы Зинэ фIэфIт къитхъутхъукIыу псэун, ешхэ-ефэ тIэкIур зыхилъхьэ щыIэтэкъым, къыдихырт, щхьэусыгъуэ игъуэтыху.

Нобэ щыIэт щхьэусыгъуэ. Хъыджэбзхэр, нэгузегъэужьакIуэ нэгъуэщI къэрал щыIауэ, къекIуэлIэжат. ЩIэщыгъуэт, гуфIэгъуэт ежьэу къекIуэлIэжахэми мыдрей къызыхуэкIуэжахэми я дежкIэ – зэхуэзэшахэт. Адрей и шыпхъухэми хуэдэжтэкъым Каринэ. Нэхъыбэт зыхуэзэшари езым къыхуэзэшахэри. Иджыпсту и тхьэкIумэм итт гъуэгуанэ щытехьэм Сарэ щэхуу зыкъыхуигъазэу къыжриIар: «Уэр щхьэкIэ согузавэ, си хъыджэбз цIыкIу, укъэсыжыхуи си псэр тыншынукъым». Сарэ лэжьакIуэу унагъуэм яIыгъщ. И шыпхъухэр абы зэреджэр унэIутщ. Ауэ Каринэ апхуэдэу зэи абы еджэркъым, игу щIогъу а цIыхубз къулейсызым, щIыщIэгъури, нэхъ лейуэ щIилъагъури къыхуэмыщIэу...

МыдэкIэ, Аслъэн-щэ, къыпылъ щIалэр? Ар илъэс хъуауэ къылъохъу. Ауэ Каринэ дэкIуэн Iуэху зэрихуэркъым... Аслъэнрэ Каринэрэ зэрыцIыкIурэ зэрыцIыхурт, зэныбжьэгъут.

Аслъэн и жагъуэ хъуат Каринэ щежьам. Тридзэу кIэлъыкIуэным тIэкIущ иIэжар. Ауэ щIегъуэжат, зэ къыжриIауэ щытар игу къэкIыжри: «Уэрэ сэрэ дызэныбжьэгъу къудейуэ аращ, нэхъыбэкъым. Куэд щIауэ дызэроцIыху, дызэсащи, къыпщохъу фIыуэ сыкъэплъагъуу. Ар лъагъуныгъэкъым, иджыри ухуэзэнщ уэ уи лъагъуныгъэм».

Апхуэдэу къэнат Аслъэн нэгъуэщI къэрал щыIэ Каринэ кIэлъымыкIуэу.

Зинэ хъыджэбзхэр къызэрыкIуэжам щхьэкIэ Iэнэ игъэуващ икIи шыпхъум хуэдэу илъагъу и ныбжьэгъум – Радимэ – еджащ.

Радимэ и щхьэгъусэмрэ и пхъуитIымрэ щIыгъуу къэкIуащ. Ауэ и къуэр къэкIуакъым. Каринэ ар и жагъуэ хъуащ. ТIэкIуи укIытэу, Радимэ йоупщI:

– Аслъэн щхьэ къэмыкIуарэ?

– Ар гукъыдэмыжщ, и щхьэр мэуз, – жиIащ Радимэ.

ЕтIуанэ махуэм ар щIалэм деж кIуащ. Аслъэн, хъыджэбзыр зэрилъагъуу, гуфIащ, ауэ зыкъригъэщIакъым. Каринэ шэнтжьейм итIысхьащ, щIалэри ауэ щыт шэнтым тетIысхьащ.

– Дауэ къыпщыхъуа-тIэ Франциер?

Каринэ жэуап къимытыжу, хэгупсысыхьауэ зытэлайкIэ щысащ. ИужькIэ щIалэм зыхуегъазэ:

– Дыгъуасэ сыт унырщIэмыкIуар?

– Си дзэр узащ.

Каринэ, мащIэу пыгуфIыкIри, жиIащ:

– Щхьэ сыкъэбгъапцIэрэ? Сыт, зэанэзэкъуэм дзэ узымрэ щхьэ узымрэ зэхэвмыцIыхукIыу ара? Дыгъуасэ уи анэм уэ уи щхьэр узу къызжиIащ. Сыт укъэмыкIуэн щхьэкIэ ахэр къыщIэбгупсысыр?

– Аращ, къэпщIащ.

– ЛIо, сыплъагъуну ухуэмейуэ, укъысхуэмызэшауэ ара?

– Сыт жыпIэр зищIысыр? Дауи, сэ уэ сыпхуэзэшат икIи сыхуейт услъагъуну. Уеблэмэ сэ тIэкIущ иIэжар а уздэщыIам сыныпкIэлъыкIуэным. Ауэ, уэ къызжепIауэ щыта гуэрхэр сигу къэкIыжри, сыкъэувыIэжащ.

– Сэ куэд жызоIэ.

– ЖыпIат дызэныбжьэгъу къудейуэ...

Ахэр зытэлайкIэ щыму щыса нэужь, щIалэр къопсалъэ:

– Сыхуейт уэ псэуэгъу укъысхуэхъуну, ауэ...

– Аслъэн, сэ уэ жагъуэу услъагъуркъым. Дыкъызэдэхъуащ, дызэныбжьэгъуфIщ, сигу урохь, ауэ лъагъуныгъэ пхузиIэкъым. Сигу урихь къудейкIэ дауэ сызэрыбдэкIуэнур?

– Каринэ, си лъагъуныгъэм тIури дрикъунущ.

– Аслъэн, сыту угъэщIэгъуэн. А жыпIэр дыхьэшхэнщ.

– Уигу сыщыдыхьэкIэ, дыщызэрыцIыхукIэ, дыщызэкIэлъыкIуэкIэ...

– Пэжщ, дызэблагъэм хуэдэу дызэхущытщ, – зэпеуд ар Каринэ. – Сыносащ, усфIэщIалэфIщ. Дыдейхэм уэ сыбдэкIуэмэ нэхъ къащтэ, псоми ягу урохь. Дауи, гуапэщ зыгуэр уи ужьым итыну, псалъэ гуапэхэмкIэ уигъафIэну. Ауэ сэ лъагъуныгъэр зиIысыр сщIэркъым. КъызгурыIуэркъым, дауэ, си унагъуэм сыкъыхэкIыу, нэгъуэщI унагъуэ сызэрихьэнур. Сэ абы сигу щысхуэгъэтIылъыну? Адэ-анэм сапэIэщIэу сыпсэуфыну?!

– Каринэ, мис иджы уэращ си дыхьэшхын къэзыгъакIуэр. УмыгушыIэ. Дэ дысабииж къым, ди ныбжь нэсащ зы унагъуэ дыхъуну. Уигу цIыху дыхьэмэ, абы

ухуэзэшмэ, аракъэ лъагъуныгъэ хъужыр. Лъагъуныгъэ псори зэщхьекъым. ЩыIэщ лъагъуныгъэ нэщыпхъуэ узыщI, Iэпкълъэпкъыр зыгъэжан, уеблэмэ гуажэ узыщIи къахокI. Уэ зэи уемыгупсысауэ жыпIэну ара уи къэкIуэнум?

– Дауи, сэ сыхуейщ зыгуэр фIыуэ слъагъуу, абы сыдэкIуэну. Си хьэгъуэлIыгъуэр таурыхъым ещхьу екIуэкIыну. Фызышэу яшэхэм сохъуапсэ. Апхуэдэ гухэлъ IэфIхэр гум щикъухьащ. Согупсыс, сожьэ, ауэ ар иджыпсту пщIыхь IэфI къудейщ.

ЩIалэр абы гугъэн-дыгъэну иIыгъщ. Лъагъуныгъэ хуимыщIами, Аслъэн епсэлъылIэу зэманыр игъэкIуэну фIэфIт хъыджэбзым. Зэман куэди дэмыкIыу, щIалэм дэкIуэну, хъыджэбзыр я дей трагъэгушхуэ.

Аслъэнрэ Каринэрэ щызэрышэну махуэмкIэ зэгуроIуэ...

Каринэ бостей хужьышхуэ зэщIэбаринэр щыгът, нэхъри нэхъ гуакIуэж щIэхъукIыу. Я пщIантIэм макъамэ дахэ къыщеуэрт, Iэгуауэхэр ину къыдэIукIырт. Къэсат Аслъэн и Iыхьлыхэр, хъыджэбзхэр зэрашэнум хуэдэу. Ахэр ирагъэблэгъащ, гуфIэ-гушхуэу Iэнэм сыхьэт зытIу щысахэщ. Ежьэжыгъуэр къэблэгъат. Каринэ и Iэблэр яубыд, машинэм ирагъэтIысхьэри, щIалэгъуалэм загсым яунэтIащ. Абы нэгъуэщI зы гупышхуи къэкIуат, нэчыхь ирагъэтхыну. Нэчыхьыр зытхынур къэсатэкъыми, ахэр псори абы ежьэрт.

Каринэ и Iэблэр зыIыгъ цIыхубзитIым язым жеIэ:

– Мыр сыт, нобэ зэтрихьаи…

– Уа, модэ плъэт, Азимэ яхэти абыхэм, – жи адрейми.

– ДаIэ, Iи, щхьэ сымылъагъурэ?

– Мес мо цIыхубзитIым я щIыб къыдэти, нысащIэм йопсалъэри.

– А, тхьэ, ар дыдэрамэ. Куэд щIауэ слъэгъуакъым ди нысэ хъу пэтар.

Абдежым Аслъэнхэ я гъунэгъу нысащIэ гуэрым абыхэм я псалъэмакъыр щызэхихым, къахедзэ:

– Тхьэ, а тIум я кум лъагъуныгъэшхуэ дэлъауэ жаIэжым. Псоми ягъэщIагъуэ, апхуэдизу фIыуэ зэрылъагъуу щытахэр щIызэпыкIынкIэ хъуар.

– Алыхьым иухати, апхуэдэу хъуащ, ар фIыуэ илъагъуу щыташ ди Аслъэн. Ауэ щIалэхэм зыгуэрым епсэлъэху, арауэ къащохъу фIыуэ ялъагъур, я насып зыхэлъыр. Абыхэм я гупсысэхэм куэдрэ захъуэж.

– Хьэуэ, Аслъэн фIыуэ илъагъур къиишакIэщ, фэ жыфIэ псори лейщ, – жеIэ щауэм и шыпхъу Аринэ. – Ар абы и блэкIа лъагъуныгъэщ. Абы щыгъуэ си дэлъхум,

и акъылыр тIысатэкъыми, ущIалэху– уделэщ, уделэху уотхъэ, жыхуиIэрати, хъыджэбз куэд зэрихъуэкIырт.

Абыхэм жаIар Каринэ зэрызэхихрэ нэщхъей къэхъуат. Аслъэни Азимэ гу лъитати, къэуIэбжьауэ, абы еплъырт, езы хъыджэбзми щIалэм и нэр тригъэкIыртэкъым. Азимэ зэрилъагъуу, Аслъэн нэщхъей зэрыхъуам Каринэ гу лъитат. Ар егупсысырт ахэр зэпыкIын щIэхъуам. И гум жиIэрт: «Зэран уахуэмыхъу, фIыуэ зэрылъагъухэр зэхуэзэжащи... сыдэкIуапэми, насыпыфIэ сыдэхъуну сэ Аслъэн? Щхьэ седэIуат ди дей я жыIэм?!»

Аслъэн и ныбжьэгъухэм къауфэрэзыхьауэ щытт, зэхъуцацэу. Каринэ къыгурыIуат щIалэр Iэнкун зэрыхъуар. Хъыджэбзыр IукIыну щыхуежьэм, фызхэм ящыщ зыр щIоупщIэ:

– Сыт, Каринэ, къэхъуар, дэнэ уздэкIуэр?

– Иджыпсту сыкъэкIуэжынущ, зыри фыкъыскIэлъымыкIуэ, – жиIэри, ар хуэмурэ Азимэ бгъэдыхьащ.

– Азимэ, зы дакъикъэкIэ сыпхуейщи, зыми гу зылъумыгъатэу си ужьым къыиуви, накIуэ, – жиIэри, Каринэ кIэлындор бгъуэзэ гуэрымкIэ иунэтIащ.

Азимэ, тIэкIурэ щытри, Каринэ деж кIуащ. Ахэм сэлам зэраха нэужь, Азимэ жеIэ:

– Дэнэ сыкъыщыпцIыхур?

– Мыбдеж сыщытыху укъэсцIыхуащ, – жи Каринэ.

– Аслъэнрэ уэрэ фи якум лъагъуныгъэ дэлъауэ зэхэсхатират.

– Сэ си гугъакъым Аслъэн нобэ мыбы сыщыхуэзэну. Ауэ, сымыбзыщIу жысIэнщи, гуауэ сщыхъуащ къызэришэр. Дэ дызэрышэну дызэгурыIуат. АрщхьэкIэ ди я кум зы щIалэ къыдыхьэри, ди насыпыр икъутащ. Аслъэн сызэрепсалъэр ищIэ пэтми, а щIалэр ерыщу си ужьым итт. Зы пшыхь гуэрым дэ псори дыщызэхуэзат. Къэфэн тIэкIур си жагъуэтэкъым, хэт сыкъыдишми, сыкъэфэнут. Абы щыгъуэ а щIалэм танго сыкъыдэфат. Макъамэр щиух дакъикъэм, абы, бидэу сызэщIиубыдэри, ба къысхуищIащ. Ар, дауи, Аслъэн илъэгъуащ. Аслъэн абы къригубжьат, ауэ зыри къызжимыIэу, кIуэжыну щыхуежьэм, сыкIэлъыджащ, арщхьэкIэ къысхуэувыIакъым. Илъэс мэхъу зэпэIэщIэ дызэрыхъурэ, зэрыщIакъым ди хъыбари. Аслъэн къыщымэхашэм, сэри схужыIаIакъым. Сэ сегупсысырт абы фIыуэ сыкъимылъагъуу... Сэри куэд щIакъым адэ-анэм щIыгъуу Германием сызэрыIэпхъуэжрэ. Абы дэт еджапIэ нэхъыщхьэм сыщIэтIысхьащ. Бзэ зыщыплI содж. Иджыпсту зыгъэпсэхуакIуэ си анэшыпхъум деж сыкъэкIуауэ арщ... Сэ

нэпс куэд щIэзгъэкIащ, ар зыщызгъэгъупщэну сыхэтащ, ауэ зы махуи сигу схуигъэхуакъым.

– Азимэ, щауэр тэмэму къафэмэ, къызыдэфэн хуейр зы пщащэщ. Сэ сылейщ, уэращ нэхъапэ фIыуэ илъэгъуауэ щытар. Ухуитщ Аслъэн удэкIуэну. Сэ щхьэкIэ умыгузавэ, быдэу щIы уи фIэщ, зэран сыфхуэхъунукъым.

– Каринэ, сэ абы фэ къызиплъыжыркъым...

– Азимэ, лъагъуныгъэр къабзэмэ, ар зэи ужьыхыжынукъым. Нобэ гъащIэм аргуэру фыщызэхуигъэзакIэ, ар ауэ къэхъуа Iуэхукъым. Сэ жысIэну сызыхуейращи, лъагъуныгъэр зэбгъэгъуэтыжыну емыкIу илъкъым. Уэ къуаншагъэ ущыбгъэдэмылъкIэ, ар абы къызэрыгурыбгъэIуэн, и фIэщ зэрыпщIын и ужь ит.

– Каринэ, уэ-щэ? Уэ фIыуэ укъимылъагъуу щытамэ, абы укъиншэну хэтынутэкъым.

– Сэ абы и нэм щIэслъэгъуащ уэ нэхъыфIу укъызэрилъагъур.

Каринэ, адэкIэ къыпимыщэфу, нэщхъей къэхъуащ. Абы Азимэ гу щылъитэм, жеIэ:

– Каринэ, ар блэкIа Iуэхущ!

– Азимэ, блэкIар къыщызэплъэкIыж къохъу...

Каринэ загсым къыщIэжри, бзэхащ. ХьэщIэхэм къэхъуар къагурыIуэртэкъым.

– Зывмыгъэгувэу, ныбжьыщIэхэр фыкъыщIыхьэ, – къэIуащ зы макъ гуэр.

Псори Iэнкун хъуат. КъагурыIуэртэкъым къэхъуар. Хъыджэбзыр ягъуэтыжыртэкъым.

Каринэ унэм кIуэжауэ щIэст. Я дейхэм яжриIащ Аслъэн дэкIуэну зэрыхуэмейр. ЩIыщIегъуэжам и щхьэусыгъуэри къагуригъэIуащ.

ЩIалэгъуалэм къахэкIри, мафIэ зэщIэгъэнауэ, Аслъэн Каринэхэ къэкIуащ.

– Сыт, Каринэ, къэхъуар? Щхьэ укъыщIэпхъуэжа?

– Аслъэн, сэ фIыуэ зэрылъагъухэм я кум сыдыхьэну сыхуейкъым.

– Сыт зи гугъу пщIыр?

– Зи гугъу сщIыр хыфIэбдзэну узыхэт уи лъагъуныгъэрщ. НэгъуэщI къапшэкIэ, ар уэ пхузыщыгъэгъупщэнукъым. Уи гум сыт щыгъуи илъынущ. Сэ сощIэ Азимэ фIыуэ зэрыплъагъур.

– Каринэ, ар блэкIа Iуэхущ.

– БлумыгъэкI. Азимэ гурыщIэ къабзэщ къыпхуиIэр, абы уемылъэпауэ.

– Каринэ, уэ абы зыри хэпщIыкIыркъым.

– Сызэпумыуд. Аслъэн, сэ уэ фIыуэ услъагъуркъым, уэри аращ. Азимэ фи лъагъуныгъэм епцIыжакъым. Сэ

уэ сыбдэкIуэнукъым. Къапшэнумэ, Азимэ къашэ. ФIыуэ плъагъурщ насыпыфIэ узыдэхъунур...

Абы лъандэрэ мазэ дэкIащ. Каринэ Аслъэн дэкIуэну идэжыртэкъым. Абы жриIэрт Аслъэн Азимэ зыхуигъазэу, Iуэхум и пэжыпIэр къищIэн хуейуэ. ЩIалэм, Каринэ къызэрыдэмыкIуэнур хьэкъыу щыпхыкIым, тогушхуэри, Азимэ зыхуегъазэ.

– Уэр мыхъуамэ, Каринэ къыздэкIуэнут. Сыт абы жепIахэр?

– Аслъэн, езы Каринэщ къызбгъэдыхьэу къызэпсэлъылIэн щIэзыдзар, езырщ сызэзыгъэцIыхуар.

– Хъунщ, сыт жепIар?

– ЖесIащ ди Iуэхур къызэрекIуэкIар, уэ лъагъуныгъэм и мафIэр ужьыхыжа уи гугъэми, абы иджыри дэп зэрыхэлъыр, зэрызэхэмыкIыжар. Сыт сымыщIами, сигу узэрысхуимыгъэхур.

– Азимэ, сэ зыри сщыгъупщакъым. А пшыхьыр нобэми-ныжэбэми си нэгум щIэтщ.

– Аслъэн, сыкъуаншэмэ, къысхуэгъэгъу, ауэ сэ сыт щыгъуи фIыуэ слъэгъуар уэ зырщ. А щIалэр...

– Сыхуейкъым, и гугъу къысхуумыщI абы.

– Дэ дыщIэхъуэпсат зэпсэгъу дыхъуну, ауэ а щIалэм и ба мышыум ди зэхуакум мывэ блын къыдищIыхьащ. Ар си ужь итащ, ауэ сэ зэи здакъым. Уэрэ сэрэ дызэпигъэкIыну хуейти, къехъулIащ. Уэ а псор уи фIэщ пщIащ. Ар пэжрэ пцIырэ зэхэбгъэкIакъым. Лъагъуныгъэм епцIыжар уэращ.

– Къэгъанэ...

– Аслъэн, сэ сыщIэпсалъэр си лъагъуныгъэрщ. Ауэ сыт сыпсалъэкIи сымыпсалъэкIи, уэ укъысхуейкъым.

Азимэ и нэпсхэр хуэмышыIэу къыфIыщIэкIырт. Аслъэн ар зрикъузылIауэ:

– Къысхуэгъэгъу, сыкъуэншащ, – жи. – Каринэ мыхъуамэ, си щыуагъэм гу лъыстэжыну къыщIэкIынтэкъым.

А пщыхьэщхьэм акъужь мащIэ къыкъуэуар ныбжьыщIитIым щабэу къедэхащIэрт. Аслъэн и IэхэмкIэ Азимэ и нэпсыр хуилъэщIри, Iупэ дыхьэрэнхэм ба хуищIащ. Хуэмурэ щIидзэри, уэшхыр нэхъ ин хъуат. Гъэмахуэ уэшхым щIыгъуу пшэхэм къахэIукIырт Iэуэлъауэ ин.

– Уэй, сыту ину уафэр гъуагъуэрэ, – къыхэщтыкIырт Азимэ.

– Умышынэ, суригъусэщ, – жиIэурэ, щIалэр IэплIэшэкIауэ къыбгъэдэтт.

– Азимэ, пщIэрэ, мы уэшх къешхым нэхърэ нетIэ щIэбгъэкIа лъагъуныгъэм и нэпсыр зэрынэхъ къабзэр?!

– Аслъэн, сэ куэд мыщІэу еджапІэм сокІуэж. Дауэ адэкІэ дызэрызэхуэзэнур?

– Азимэ, сэ узутІыпщынукъым.

– Нэху щыху мыпхуэдэу дыщытыну?..

– Азимэ, сэ аракъым зи гугъу сщІыр, – жи щІалэм, дыхьэшхыурэ. – Ауэ ари хъарзынэщ. НтІэ, сыт, дыщытыфкъэ!

ТІури уэшхым иуфэнщІат.

– Азимэ, мы пщыхьэщхьэр зэи сщыгъупщэнукъым. Ди Іуэхур тэмэм зэрыхъужам щхьэкІэ, дэ иджыпсту фадэ дефэфынукъыми, дунейр къызэщІищІауэ аращ щІыр псы щІригъафэр...

Аслъэн Азимэ къиишащ. Ауэ хьэгъуэлІыгъуэр хэІэтыкІауэ ящІакъым. Нэчыхь тІэкІур псынщІэу ирагъэтхри, ныбжьыщІитІыр Германием кІуащ. Хъыджэбзым еджэн щІидзэжынути, арат ахэм епІэщІэкІыу Іуэхур щІыдахар...

– Зыгуэрым фІыуэ сыкъилъагъуу къыщызжиІэм, тэлайкІэ си гум кърилъхьэрт мыл кІанэ, – жеІэ Каринэ. – Къысщыхъурт сэ абы нэгъуэщІ пщащэм сыхигъэгъуащэу. Куэдрэ схуэщІатэкъым абы къысхуиІэу жыхуиІа лъагъуныгъэр си фІэщ. ФІэщмыхъуныгъэр арагъэнщ зэтезыкъутар си насыпыр. Насып къутахуэхэр зы пхуэщІыжрэт.

– Каринэ, уэ уи щІалэгъуэщ, уи насып къэкІуэгъуэщ, – жи Зинэ.

– КъызгурыІуэркъым, алъандэрэ щымыІа гурыщІэр дэнэ къыздикІар? Щхьэ си псэм уз зыхищІа, щхьэ сыхуей зэман блэкІам къезгъэгъэзэжыну, Аслъэн сепсэлъылІэу махуэхэр згъэкІуэну?.. Сэ си гугъакъым, си гупсыси къыхэхуатэкъым ар апхуэдизу фІыуэ схуэлъагъуну. Ар пэІэщІэ щысхуэхъу дакъикъэрщ къыщызгурыІуар.

– Каринэ, уэ а зырщ щІалэу узэпсэлъар, тэмэму уи ужь итар...

– Тэмэму... тэмэму щытамэ, нэгъуэщІ зыщигъэгъупщэн щхьэкІэ, сэ сыкъигъэсэбэпынтэкъым. Хъунщ, мамэ, дытумыгъэпсэлъыхь абы. Уи жыІауэ, сэ ар фІыуэ слъагъуу къыщІысщыхъур абы фІэкІ нэгъуэщІым сызэремыпсэлъарауэ къыщІэкІынщ...

Абы лъандэрэ мазищ дэкІащ.

Зэ Мэжидхэ я унэм зы лІы гуэр къыщІыхьауэ кІийрт:

– Дэнэ щыІэ ар, даІэ си пхъур?

Унэм къыщІэІукІыр псалъэмакъ гуэр. Зинэ и пхъур и гъусэу ику ит пэшым къыщІыхьауэ зиплъыхьырт. Зинэ, а лІыр къызэрилъагъуу, жеІэ:

– Сыт укIийуэ укъыщIытхэлъэдар?

– Сыт сыщIэмыкIиинур, фэ си пхъур къэвдыгъуащ. ДаIэ ар езыр?!

Мэжид абы жреIэ щIэкIыжу и унэ кIуэжмэ, зэрынэхъыфIыр. Ауэ лIым идэртэкъым:

– Зы лъэбакъуэ щIэсшиикIынукъым, си пхъур здэщыIэр къызжевмыIауэ. Мыбыхэм яхэт ар?

Зэшыпхъухэр, зыри къагурымыIуэу, зэплъыжырт.

– Илъэс тIощIкIэ узэIэбыкIыжмэ, къэхъуауэ щыта Iуэхур жыIэжын щыхуей зэманыр къэсащ, – жеIэ Зинэ. – Дэ къыткIэщIадзауэ щытащ зы сабий. Дэ бын диIэтэкъыми, дыдейм хуэдэу тпIащ, зыхуей хуэдмыгъэныкъуэу. Къэтлъхуам хуэдэу тлъытэрт, фIыуи тлъагъурт. ИужькIэ дэри зэдэдгъуэтащ хъыджэбз цIыкIуитI. Ахэр зэгурыIуэу, зыр адрейм къыщхьэщыжу, фIыуэ зэрылъагъурт.

А сабийр илъэсипщI щрикъум, абы и анэр ди деж къэкIуат, и пхъур тIихыжыну. Ауэ дэ, апхуэдизкIэ сабийм десати, делъэIуащ къытIимыхыжыну. Дэ ди мызакъуэу, ди цIыкIухэри абы есат. Анэр, и пхъур насыпыфIэу щилъагъум, арэзы хъуащ, ар ди деж къыщыхъуну. Къилъытащ и пхъур зыхуей нэхъ игъуэту псэуну. Ар щIэкIыжри, абы лъандэрэ къигъэзэжакъым. ИужькIэ мис мы лIыр къэкIуат и пхъум щхьэкIэ. Ауэ ар къэдгъэпцIащ, сабийр и анэм щIишыжауэ жытIэри. Дэ апхуэдэу щIэтщIар хъыджэбз цIыкIур фIыуэ зэрытлъагъум и закъуэтэкъым, атIэ абы и анэр къыдэлъэIуауэ щытащ ар зыми едмытыну, уеблэмэ и адэ дыдэми.

Зинэ а лIым зыхуегъазэ:

– Мы щым языр уипхъущ…

– Мамэ, хэт ар, сэра? – жеIэ Ланэ.

– Мамэ, – къопсалъэ Маринэ, нэщхъейуэ, – дэ тщыщу хэт абы и пхъур?

Зэщхьэгъусэхэр тэлайкIэ зэплъыжащ. ИужькIэ нэщхъейуэ Каринэ къыхуеплъэкIахэщ. Каринэ псори къыгурыIуат, икIи, нэпсхэр хуэмыIыгъыжу, къэпсэлъащ:

– Хьэуэ, зыри жывмыIэ, сэ зыри сыхуейкъым зэхэсхыну. Сыт щыгъуи, къыдэвмышей щIыкIэ жыфIэнур псалъэншэу къызгурыIуэрт. Ауэ сэ иджыпсту сыхуейкъым фыкъызгурыIуэну. Сэращ нэхъыжьыр. Сэ илъэс тIощI сохъу. Дауи, сэращ, илъэс тIощIкIэ узэIэбэкIыжмэ, фэ къыфкIэщIадзауэ къикIыр. Ауэ сыхуейкъым ар си фIэщ сщIыну. Пэжкъым, хьэуэ, ар пэжкъым!

Каринэ зэщыджэу гъыуэ и пэшым щIыхьэжащ. Ар хуейт хъыбар зэхихар пцIыуэ къыщIэкIыну…

– Мыра си хъыджэбзыр? – жи и адэ дыдэм, – Iэуес.

– Аращ, – жеIэ Мэжид.

Iэуес и пхъур зыщIэс пэшымкIэ иунэтIат, ауэ Мэжид игъэкIуакъым.

– Нобэ и гугъу умыщI. Ирегупсыс. Зэман дэкIмэ, хэт ищIэн, къыфхуигъэгъункIи мэхъу. Ар хъыджэбзыфIщ икIи губзыгъэ цIыкIущ.

Мэжид а псалъэхэр тыншу жиIа хъуа къыпфIэщIми, и гур зыхищIэу къигъыкIырт – хъыджэбзыр абы фIыуэ илъагъурт, ипхъу дыдэу фIэкIаи къилъытэртэкъым.

– Нобэ абы и гугъу умыщIым нэхъыфIщ, – жеIэ Зини. – Ди бжэр фэркIэ зэIухащ, ауэ...

– Хъунщ, фызахуэщ, – къопсалъэ Iэуес. – Берычэт бесын, вжызоIэ, къытхуэфщIа псом щхьэкIи. Сэ пщэдей сыкъэкIуэнщ... Сыщогугъ си пхъум сэрэ зыгуэрурэ дызэгурыIуэну.

Iэуес, абыхэм сэлам ярихыжри, щIэкIыжащ. Каринэ и шыпхъухэм ябгъэдэст. Абыхэм, хъыджэбзым и гур нэхъыфI хуащIын я мураду, жаIэ:

– Каринэ, уэ сыт щыгъуи ди шыпхъуу ущытащ икIи ущытынущ.

– ГъащIэм и щIыбыр къыпхуигъазэмэ, япэщIыкIэ уи дзэр Iуиуду щIедзэ, – жеIэ Каринэ. – ИужькIэ ар уи гум мэIэбэ.

– Каринэ, апхуэдэу жумыIэ, кхъыIэ...

– Мы гъащIэм и щIыбыр куэд щIащ къызэрысхуигъазэрэ. Си гъащIэ псор уеблэмэ пцIыуэ щытащ, сэ абы гу лъызмытэурэ къекIуэкIами, иджыщ лъыстэу щыщIэздзар. ЯпэщIыкIэ Аслъэн сфIэкIуэдащ, щхьэгъусэ схуэхъуным куэд имыIэжу. НэпцIу къыщIидзыжащ и лъагъуныгъэр. ИужькIэ къыщIэщащ си адэ-анэр зыкIи къызгуэмыхьэу, си шыпхъухэр къыздамылъхуауэ. Си гъащIэ псор пцIы IэфIкIэ щIэхъумат. Сыкъэзылъхуа си адэ-анэ дыдэхэри къысхуэпэжакъым. Сэ иджыпсту къысщохъу си закъуэ дыдэу. ЗыхызощIэ щIыIагъэ гуэр!

– Сыт мы жыпIэр, дэ дуригъусэщ!

– Си гъащIэр пщIыхьэпIэу къыщIидзыжащ. Ди тхьэ, пщIыхьэпIэ мы сызыхэт къомыр, си дунейр, езы си псэ дыдэр?! Хьэмэрэ театру екIуэкIыу ара?

ЕтIуанэ махуэм Iэуес къэкIуащ. Каринэ абы хуэзащ.

– Си пхъум IэплIэ къысхуищIынукъэ адэм! – жи Iэуес.

– Зэманыр зэрыбгъэкIуэдыр лейщ, – жи хъыджэбзым. – Сэ зызгъэхьэзыркъым уэ IэплIэ пхуэсщIыну, сысабий цIынэу сыхыфIэбдзащ.

– Дауи, сэ щыуагъэ злэжьащ, – бзэ IэфIкIэ къопсалъэ Iэуес. – Ауэ ар згъэзэкIуэжыну си мурадщ. Сэ уэ фIыуэ узолъагъу.

– Бын лъагъуныгъэр зыщIэм зэи хыфIидзэн хузэфIэкIынукъым и сабийр. Сэ сщIэркъым, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ щыIами. СщIэркъым уэрэ сыкъэзылъхуа анэмрэ абы фезыхулIар. Ауэ сыхуейщ уэ пщIэну, сыт щыгъуи си адэ-анэу щытар икIи щытынур сызыпIахэрщ. Сэ схуэдэм семыхъуапсэу сыкъагъэхъуащ. Абы и мызакъуэу, къызатат я лъагъуныгъэр. Фэри къызэфтат гъащIэ, ауэ ар сIэщIэфхыжа пэлъытэщ. Сэ фэ фысцIыхуркъым, фысцIыхунуи сыхуейкъым... Фэ къывбгъэдэкIыу зыри сыхуейкъым!..

– Уэ ухуитщ апхуэдэу жыпIэну. Ауэ сыт ущIыхуэмейр дэ дыкъэпцIыхуну, – и макъым зрегъэIэт Iэуес. – Ухуейухуэмейми, сэ уэ узипхъущ. СощIэ, пэж псори гурыхькъым. Ауэ а пэжым зэтырыуигъапIэркъым уи напIэр, игъэкIуэдыжыркъым щыIар. Сэ уэ зырщ быну сиIэр!

– Апхуэдэу умыкIий, сэ сыдэгукъым, фIы дыдэу зэхызох.

– Сэ сыхуейщ мы дуней псом дэнэкIи къыщащIэну пхъу сызэриIэр. Ухуей-ухуэмейми, уэ си гъусэу упсэунущ.

– Ар зэи къэмыхъун Iуэхущ.

– Сэ уэ узипхъущ икIи сыхуитщ узэсшэлIэжыну.

– Сэ илъэс тIощI сохъу, сыбалигъщ... Сэ си фIэщ хъуххэркъым уэ узиадэу. СиIэщ сэ адэ, ар Мэжидщ, нэгъуэщI адэ сэ сыхуейкъым.

– ЖыпIэ телъыджэр сыт? Сэращ уэ уи адэр!

– Уэ сэ узиадэкъым, зэи укъысщхьэщытакъыми.

– Сыту урещхьыIуэ уи анэм. Ерыщщ, шыдым хуэдэу! Тхьэм ещIэ, езым ещхь делэ гуэрым дэкIуэжагъэнщ ари. Ар губзыгъэу щытакъым.

Мы псалъэмакъым унагъуэм ис псори къэрихьэлIат.

– Утемыпсэлъыхь си пхъум IейкIэ, – жеIэ я лэжьакIуэ фызым. – Ар зэи мыгубзыгъэу щытакъым. Губзыгъагъэм хуэчэмыр уэращ. Сэ си пхъум и сабийр фIыуэ илъагъурт. Ауэ иIакъым Iэмал абы анэ хуэдэу хущытыну. Ар къулейсызт икIи сымаджэт...

– Сарэ, сыт уэргуэрым мы жыпIэр? – Каринэ ар зэпеуд. – Хэт уи пхъур?!

– Уи анэр!

– Дауэ? Дэнэ къикIыу? Уэр гуэрыр пцIыкIэ укъызбгъэдэтауэ къыщIедзыж... Ар пэжкъым, жумыIэ!

– Пэжщ ар, си хъыджэбз цIыкIу, – жеIэ Сарэ. – Сэ уэ узипхъурылъхущ. Ар бжесIакъым, сышынащ сызэрыунэIутым щхьэкIэ... Уэ абы уигъэулъиинут.

– Хьэуэ, Iуэхур зэрыщытыр къызжепIэфынут, ауэ уэ пэжыр сщубзыщIащ!

– Сэ схузэфIэкIауэ щытамэ, ар сщIэнт, ауэ схужыIакъым. Къапщтэмэ, сэри нэхъапэхэм сщIакъым уэ узипхъурылъхуу. Ауэ илъэсипщI ухъуауэ, уи анэр къэкIуат. Абы щыгъуэщ сэ пэжыр къыщысщIар. Дауи, уи жагъуэ хъунут, уэ ар бжесIамэ. Уэ укъулеипхъут, зэрыпщIэмкIэ, абыи урипагэрт. Сэ дауэт?..

Каринэ, и нэпсыр къыфIекIуауэ, жеIэ:

– Уэ дэ удилэжьакIуэу щытами, сыт щыгъуи узбжырт узианэшхуэу, фIыуи услъагъурт. Уэри фIыуэ укъысхущытащ, зэи си жагъуэ къэпщIакъым. Сыкъэзылъхуа си анэм къызимытыфа лъагъуныгъэмрэ хуабагъэмрэ уи деж щыслъэгъуащ, сыт щыгъуи узигъунэгъущ. Сэ уэ фIы дыдэу узолъагъур, си нанэ!

Каринэ я унэм лэжьакIуэу Iутым – и анэшхуэм – IэплIэ хуищIащ. ИтIанэ и адэ дыдэм зыхуигъэзащ:

– Къыспумыубыд уэ адэкIэ сыноджэну. Сыхуейкъым адэ-анэ тIуащIэ. Ауэ пэжыр пэжщ, сиIэщ тIуащIэу, зым сыкъалъхуащ, адрейм – сапIащ, сагъэсащ. Ауэ иджы сэ мы екIуэкI псом пIалъэкIэ сахэкIын хуейщ, къэхъуар си щхьэм къитIэса, тэмэму сегупсыса хъун щхьэкIэ. Согугъэ фэ сыкъывгурыIуэну, зэрани фыкъысхуэмыхъуну.

– Каринэ, – жеIэ Мэжид. – Ди унэр уэри уи унэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, сыт ущIыщIэкIынур?

Зэшыпхъухэри Каринэ къелъэIурт унэр къызэримынэкIыну. Ауэ ар ерыщт, игу ирилъхьам ебэкъуэн и мурадтэкъым. Арати, Каринэ и хьэпшыпхэр зэрилъхьэжащ. БжэщхьэIум тетт Сарэ.

– Каринэ, сэ уэ сыпхуэзэшынущ, – жеIэ абы. – Сэри, си хьэпшып тIэкIур зэщIэскъуэу, уи гъусэу сынэкIуэн сфIощI.

– Хьэуэ, апхуэдэу умыщIэ. Сэ Iэмал имыIэу къэзгъэзэжынущ, ауэ иджыпсту си закъуэ, сыкъыщамыцIыху щIыпIэ сыщыIэмэ, нэхъыфIу къызолъытэ.

Каринэ Сари, зыпIа адэ-анэми, и шыпхъухэми IэплIэ яхуищIыжащ.

Хъыджэбзым щIэкIыну зыщигъэхьэзырым, и адэ дыдэр къыпэуващ.

– Сыт, уэ иджыпсту уежьэу ара?

– Сыт? Нобэ мыхъуну ара зыщIыпIи сыкIуэ?

– Хьэуэ, ауэ мынобэмэ, нэхъыфIт.

– Сыт, иджыпстумэ?

– БжэIупэм журналист гуп къыщытщ, уэ къыпхуэзэну хуейуэ.

– ЛIо сызэращIынур?

– Абыхэм фIэфIщ унагъуэ хэIэтыкIахэм къыщыхъур зэрагъэщIэну, ятхыжыну, – къопсалъэ Мэжид. – Иджы мы ди хъыбарыр я тхьэкIумэм ицырхъамэ... Абыхэм , дапщэщми, укъаубыдынущ, пкIэрыкIынукъым. ЗащIыщыбгъэпщкIуни щыIэкъым. ЛIо абы?..

– Дыкъызыхуэтыр ахэр арати, – и гуапэкъым Зинэ.

Каринэ унэм къызэрыщIэкIыу, журналистхэр къыбгъэдыхьэри къеупщIу щIадзащ:

– Уи адэ-анэу плъытэр зыкIи къыбгуэмыхьэу, укъэзылъхуахэр къулейсызу, IэщIыби уащIауэ къыщыпщIам дауэ зыхэпщIа?

– Дауи, апхуэдэ пэж ткIыбжь зэхэпхыныр тыншкъым. Ар си дежкIэ гуауэт. Сэ езым къызгурымыIуэжу зы щытыкIэ гуэрым сихуат. Ауэ гъащIэр апхуэдэщ, щыгъэпщкIуащ, IэфIыгъэм и мызакъуэу, дыджыгъэри.

– АтIэ узэрымыкъулейр къыщыпщIам, а Iуэхум дауэ узэреплъар?

– Къулеигъэракъым насыпкIэ узэджэнур, атIэ цIыхугъэрщ, лъагъуныгъэрщ, зэгурыIуэныгъэрщ. Аращ насыпу сэ къэслъытэр.

– ЯпэщIыкIэ пфIэкIуэдащ щхьэгъусэ пхуэхъун хуея щIалэр, иужькIэ укъызыхэкIауэ уи гугъа унагъуэр. Дэ къыдгуроIуэ уэ уи гум щыщIэр. Ауэ сыт уэ адэкIэ пщIэнур?

– ГъащIэм куэдым ущрихьэлIэнкIи мэхъу. Сэ къысщыщIар ямылейуи къыщIэкIынкъым, зыгуэрурэ сыпсэунщ.

– Каринэ, укъэзылъхуа адэ-нэм узэрашэлIэжыну зыгуэркIэ жаIэмэ...

– Сэ сыцIыху балигъщ, сыхуэмейуэ зыми къарукIэ сызыришэлIэфынукъым. Ауэ сэ абыхэм зэгуэр сызэрыхыфIадзар яхуэзгъэгъуфыну къысщохъу. Сэ а псоми сегупсысыну сыхуейщ, гупсэхуу.

Журналистхэм сэлам гуапэ кърахыжри, IукIыжащ. Карини гъуэгуанэ теуващ.

Каринэ и Iуэхур Азимэ и адэ-анэм я дежи нэсащ. И анэр, Верэ, гъырт.

– Арат иджы къытхуэтыжыр, – жеIэ абы и щхьэгъусэ СулътIан. – Пэжыр, иджыри къэс убзыщIар, къыщIэщащ. Сыт адэкIэ дэ тщIэнур? Уэ, дауи, пцIы хэмылъу, ухуей къыщIэкIынщ ар пхъууэ плъагъуну. Ауэ абы къыпхуигъэгъуну пIэрэ? Уэ тIэу къытепхащ абы и адэр!

Азимэрэ Аслъэнрэ зэхахат а псалъэмакъри, Азимэ и упщIэр япэ иту щIыхьащ.


10 Заказ №73

– Сыт зи гугъу фщIыр?

– Зыри жытIэркъым, – къопсалъэ СулътIан. – Уи Iуэху хэлъкъым уэ абы.

– Фэ фи Iуэху зыхэлъым сысеи хэлъщ. Сэ къызгурыIуащ, си анэм сэр нэмыщI пхъу зэриIэр. Сэ сыхуейщ ар здэщыIэр сщIэну.

Аслъэн къыгурыIуащ Азимэрэ Каринэрэ зы анэм къызэрилъхуар. Азимэ Верэ жриIащ Каринэ абы зэрипхъур. ЦIыкIуу щIыхыфIидзауэ щытар езыр зэрысымаджэр арт.

Азимэ и анэм куэдрэ еупщIащ, пкъырыта узыр зищIысымкIэ. Верэ зыкъомрэ идакъым абы тепсэлъыхьын. Ауэ иужьым зиумысыжащ:

– Фадэм сыдихьэхауэ щытащ...

Каринэ ищIэртэкъым мы къыздэкIуа щIыпIэм къыдалъхуа и шыпхъури, къэзылъхуа и анэри, щхьэгъусэ хуэхъу пэтари зэрыщыпсэур.

Махуэ гуэрым Азимэ и адэ напIэсыр и ныбжьэгъухэм я гъусэу къалэ уэрамым Каринэ къыщелъагъури, бгъэдохьэ.

– Каринэ, дауэ ущыт?

Каринэ абы и сэламыр Iихри, щIэупщIащ:

– Дэ дызэрыцIыхурэ-тIэ?

– Хьэуэ... атIэ.

– Дауэ зэры «хьэуэ, атIэр?» АтIэ хьэмэрэ хьэуэ?

– Хьэуэ, дызэрыцIыхуркъым, ауэ пэжыр жысIэнщи, сэ уэ узоцIыху.

– КъызгурыIуэркъым.

– Псалъэ лей хэмыту, кхъыIэ, си гъусэу накIуэ, зыгуэр узгъэлъагъунущи.

– Сыт сыбгъэлъагъунур?

Хъыджэбзым къыгурыIуэркъым абы жиIэну зыхуейр. ЛIым зыхуегъазэ:

– Къысхуэбгъэгъунщ, ауэ сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым сымыцIыхум и гъусэу.

– Каринэ, сэ уи адэ сриныбжьщ. Сэбэп сыпхуэхъуну сыхуейуэ аркъудейщ. Сыхуейщ зы цIыху гуэр уэзгъэлъагъуну.

– КъызгурыIуэкъым, хэт сыбгъэлъагъунур?

– Хъунщ, занщIэу жысIэнщ. Уэзгъэлъагъуну сызыхэтыр уи анэрщ. Ар уэ къыпхуэзэшащ. ГъащIэм фызэIэщIичауэ щытами, езы гъащIэ дыдэм физэхуигъэзэжауэ къысщохъу.

СулътIан ар унэм ишащ. Каринэ къыгурыIуэртэкъым – апхуэдэу псынщIэу дауэ къыкIэлъыса и анэр?! Абы ар къилъыхъуэху, СулътIан и щхьэгъусэм еджэри, Верэ

къыщIыхьащ пэшым. Илъэс тIощI и пэкIэ унагъуэ хэIэтыкIауэ псэум якIэщIидзауэ щыта сабийм, балигъыпIэ иувауэ и пащхьэм къитым, еплъырт ар, и нэпсыр къекIуауэ.

– Сипхъу цIыкIу, – жеIэ и нэпсхэр щIилъэщIыкIыурэ. – ГъащIэм пэIэщIэ дызэхуищIри, аргуэру дызэхуигъэзэжащ. Укъитщ си пащхьэ. Сэ си нэр къикIырт услъагъуну.

– Сыт жыхуэпIэр? Къысхуэгъэгъу, ауэ щхьэ «сипхъу цIыкIу» жыпIэрэ? Зыгуэрым сыхэбгъэгъуащэу къыщIэкIынщ.

– Анэм и бынып къимыцIыхужыфын уи гугъэу ара?

– Сыт щхьэкIэ, уи анэм и деж узошэ, жыпIэри сыкъэпшакъэ, – къэуIэбжьащ. – Къысхуэгъэгъу, ауэ сэ зыри къызгурыIуэркъым.

– Мыр укъэзылъхуа уи анэращ, уи анэ дыдэрщ, – къэпсэлъащ СулътIан. – Уи сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ, иджыри къэс зи хуабагъэ къозмытыфарщ. Ауэ ар сымаджагъэкIэ дэхуэхауэ щытащ. Аращ уипIыжыну щIыхузэфIэмыкIари.

– Хьэуэ, дауэ?.. – хузэхуэгъэхъуртэкъым хъыджэбзым. СулътIан и псалъэм пещэж:

– Пэжщ, мыр уи анэщ. Абы езым и анэр, уи анэшхуэр, илъэс куэд щIауэ унэIуту фи деж щолажьэ. Сарэщ абы и цIэр.

Каринэ итIанэ шэч къытрихьэжакъым и анэр зэрыВерэм.

– Дауэ пхузэфIэкIа сыхыфIэбдзэну! – жиIэрт гъыурэ хъыджэбзым.

– Си хъыджэбз цIыкIу, – жи Верэ, – сэ сысымаджэу сыдэхуэхауэ щытащ, усхуэпIынутэкъым, усфIэлIэжынут. Сэрэ уи адэмрэ дызэгурыIуэу щытакъым. Ар хуеятэкъым уэ укъалъхуну.

– Сыт-тIэ, сыкъыщIумышэжар илъэсипщI срикъуауэ унищыкIуам?

– Сэ щIэслъэгъуат уи нэм насып, гуфIэгъуэ. Уэ мылъкум ухэст, узыхуей ущымыщIэу абыхэм узэрапIыфынур къызгурыIуат, шэч къытезмыхьэжу. Сэ си деж уэ ахэр зэи щыбгъуэтынутэкъым. Сэ мыхьэнэншэм, факъырэм узэрызипхъури бжесIэн схузэфIэкIынутэкъым.

– Сыти жыIи, Iуэхум и пэжыпIэр нэхъ пасэу къэсщIатэмэ, нэхъыфIт. КъысфIощI нэхъ мащIэу зыхэсщIэну щытауэ. Уи анэ Сарэ сэ сыт щыгъуи си гъунэгъуу щытащ, уэ къызумытыфа лъагъуныгъэр абы и деж щызгъуэтащ. ИкIи узгъэкъуаншэркъым. Ауэ анэкIи сыноджэфыну си фIэщ хъуркъым. Сэ си блэкIам си щIыб хуэзгъазэ

си гугъэжу, сыкъэкIуат мыбы. Ауэ гъащIэм къысхуидакъым. Абы дызэIэпэщIихами, дызэхуишэжащ.

Куэд мыщIэу Аслъэнрэ Азимэрэ къыщIыхьэжащ, бэзэрым къикIыжри. Каринэ, ахэр щилъагъум, щIоупщIэ:

– Фэри сыт мыбы щыфщIэр?

– Сыту фIыт, Каринэ, а дакъикъэр къызэрысар, – жеIэ Азимэ, гуфIэу. – Сэ сыхуейт уи нэм сыщIэплъэу, бжесIэну сызэрынасыпыфIэр, шыпхъу сызэриIэм щхьэкIэ.

– Сыт жыпIэр зищIысыр?

– Каринэ, – жи Верэ. – Адрей уи шыпхъуитIыр къэбгъэнами, мыбыи зы шыпхъу къыщыпхуэзащ. Мо къэбгъэнахэр уэ уи шыпхъу дыдэтэкъым, Азимэ уи анэ къилъхуауэ уи шыпхъущ.

– Дауэ, Азимэ сэ си шыпхъууи?!

– Дызэшыпхъущ, Каринэ, – жеIэ Азимэ. – Сэри сщIакъым ар. КъыщысщIар иужькIэщ.

– Сыту гъэщIэгъуэн мы дунейр. Иджы, мызу, унагъуитIым сарейщ. Сэ си гъащIэр пцIы защIэу екIуэкIами, насыпыншэу сыкъыщIэкIакъым... Иджыпсту сэ сызыщIэс фэтэрым сыкIуэжынщи, тIэкIу зызгъэпсэхунщ.

Каринэ къыхуей хъумэ, къыщагъуэтынур яжриIэри, щIэкIыжащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Верэ Каринэ деж кIуащ. Хъыджэбзым и анэр зэрилъагъуу, псэкIэ гуфIат, ауэ зыкъригъэщIакъым. Абыхэм сэлам гуапэ зэрахащ. Хъыджэбзым и анэр игъэхьэщIащ. ТIэкIурэ щыму щыса нэужь, Верэ и пхъум зыхуигъэзащ:

– Хъуну мыпхуэдэу сыкъакIуэурэ услъагъу?

– Ущыхуей дыдэм къакIуэ. Ауэ схузэфIэмыкIынур къыспумыубыд закъуэ.

– Уэ зи гугъу пщIыр анэкIэ укъызэрызэмыджэфынур ара?

– Сэ иджыпсту ар схуэщIэнукъым, ауэ, хэт ищIэрэ, зэман гуэр дэкIмэ...

– Сэ сынасыпыфIэу зыслъытэнщ, уэ анэкIэ укъызэджамэ!

Абы лъандэрэ илъэс ныкъуэ дэкIащ. Зинэрэ Мэжидрэ зэшыпхъухэу Ланэрэ Маринэри, я лэжьакIуэ Сари, Iэуеси яхуэзэшат Каринэ. Езы Карини игу къэкIат ахэр, и адэ дыдэ, зи гур занщIэу зыбгъэдэмыхьари абыхэм яхэтыжу.

Каринэ и шыпхъу дыдэр сымаджэщым щIэлът – Аслъэнрэ Азимэрэ ягъуэтат хъыджэбз цIыкIу. Аслъэн гуфIэрт сабий дыгъэм щхьэкIэ, ауэ и щхьэгъусэм те-

гузэвыхьырт. Азимэ хьэлъэт. Ар къауфэрэзыхьу самаджэщым щIэтт и адэ-нэри и щхьэгъусэри. Ауэ езым къыгурыIуэжырт мы дунейм щыпсэуну куэд къызэрыхуэмынэжар, дохутырхэм ар къыщабзыщIми.

Дохутырхэм щыщ гуэрым, хъыджэбзыр зейхэм ягуригъэIуат ар хущхъуэкIэ куэдрэ зэрамыIыгъыжыфынур. Азимэ и анэм елъэIуащ и шыпхъур къриджэну. Абы жиIэрт ар икIэщIыпIэкIэ илъагъуну хуейуэ.

Верэ, гъыуэрэ, Каринэ телефонкIэ епсэлъащ. Хъыджэбзым а хъыбарыр щызэхихым, и Iэпкълъэпкъым щIыIагъэ гуэр ирижауэ къыфIэщIащ. Ар гъырнэIуу самаджэщым псынщIэу нэсащ. Каринэ яхуэзащ СулътIани, Аслъэни, и анэми, и шыпхъур зыщIэлъымкIэ щIыхьэну щежьэм, дохутырым къигъэувыIащ:

– Хъунукъым ущIыхьэ. Ауэ и унагъуэм ущыщмэ...

– Сыщыщщ, сришыпхъущ, – жиIэри блэкIащ Каринэ.

Азимэ Каринэ къыщыгуфIыкIащ:

– Сэ сынасыпыфIэщ, шыпхъу сызэриIэмкIэ!

– Сэри сынасыпыфIэщ, – жеIэ Каринэ, – уэ пхуэдэ шыпхъуфI сызэриIэмкIэ.

– Каринэ, сынолъэIу, кхъыIэ, си сабийм хуэсакъ...

– Хъунщ, Азимэ, ди нэIэ тедгъэтынщ, уэ нэхъыфI укъэхъужыху...

– Хьэуэ, Каринэ. Сэ нэхъыфI сыкъэхъужынукъым, уэ ар уощIэ. Ауэ сэ сынасыпыфIэщ, си унагъуэр, къэт щымыIэу, си гъусэщ, къысщхьэщытщи.

– Азимэ, кхъыIэ, апхуэдэу жумыIэ.

– Каринэ, сэ насыпыфIэу сыщытащ Аслъэн сыщригъуса илъэсхэм. Сэ сощIэ, уэ ар иджыри къыздэсым фIыуэ зэрыплъагъур. Сэ зэрыслъагъум хуэдэу, уэри уолъагъу. Езыми укъелъагъу, сэ сыкъызэрилъагъум хуэдэу. Уеблэмэ нэхъыфIыжу укъилъагъункIи мэхъу. Сыкъэгъэгугъэ уэ абы удэкIуэжыну. Сэ сыхуейщ си сабийр фэ тIум зэдэфпIыну...

– Сыт жыпIэр зищIысыр?!

– Сэ зэман сиIэжкъым, Каринэ... Сэ сылIэнущ...

– Азимэ, уэ улIэнукъым, си шыпхъу цIыкIу... Къысхуэгъэгъу, гуващэ шыпхъукIэ сызэроджэр. Ауэ сыхуейщ сэ уэ фIы дыдэу узэрыслъагъур пщIэну!

– СощIэ, сэри фIыуэ узолъагъу, ауэ уэ сыкъэбгъэгугъакъым. Сыкъэгъэгугъэ Аслъэн удэкIуэжыну, си пхъум анэ ухуэхъуну!

– Хъунщ, укъызогъэгугъэ, – жеIэ Каринэ, и нэпсхэр къекIуауэ, – узыхуей дыдэм хуэдэу сщIынщ, ауэ уэ ахэр уигу къыумыгъэкI! Уэ иджыри...

Абдежым Азимэ и адэ-анэмрэ и щхьэгъусэмрэ къыщIыхьащ. Азимэ аргуэру Аслъэнрэ Каринэрэ лъэIукIэ захуигъэзащ, ахэр зэгъусэу зэдэпсэуну, сабийм адэ-анэу ящхьэщытыну.

– Азимэ, апхуэдэу жумыIэ...

– Аслъэн, уэ Каринэ нэхърэ нэхъ щхьэгъусэфI бгъуэтынукъым.

– Уэращ сэ си щхьэгъусэр, уэращ нэхъыфIри.

– Хъунщ, ауэ сэ си ужькIэ Каринэщ...

Азимэ и щхьэгъусэм мащIэу хуэгуфIэу, къытригъэзэжурэ, елъэIурт абыкIэ. ИтIанэ Аслъэни ар къигъэгугъащ и лъэIур хуищIэну.

ИужькIэ, сабийр къыхуахьри, къыбгъэдалъхьащ. Азимэ, и пхъум ба хуищIурэ, жиIэрт:

– Си псэ закъуэ, сэ сыт щыгъуи уи гъунэгъуу сыщытынущ, укъызэрыхъум сыкIэлъыплъу. Уэ адэ-анэ къыпщхьэщытын уиIэщ!..

Махуэ псом Азимэ бгъэдэсащ и унагъуэр. Жэщым хэкIуэтауэ абы и нэр зэтрипIащ, и гъащIэ псокIэ зэтримыхыжыну.

Абы и анэр зэщыджэу гъырт. СулътIанрэ Аслъэнри яхуэIыгъыртэкъым я нэпсыр. Каринэ гъуэгыу хьэдэм щхьэщыхьауэ кIийрт:

– Хьэуэ, хьэуэ, уэ улIэ хъунукъым. Зэтех мы уи нэр. Уэракъым, сэращ ехыжын хуейр дунейм, сэ бын сиIэкъым. Ди Тхьэ, сэ сыарэзыщ си псэр абы еймкIэ схъуэжыну!..

СулътIани, Верэ и гуауэр диIыгъыу, абы и Iэр быдэу икъузащ. Псоми Каринэ и псалъэхэр зэхахат, ауэ зыри жаIэфыртэкъым. Аслъэн Каринэ бгъэдыхьэри, и бгъэм ирикъузылIащ. Ахэр гъырт, гурымхэрт, гуIэгъуэр я псэм телъу.

* * *

Абы лъандэрэ илъэс дэкIащ. Аслъэнрэ Каринэрэ Азимэ и лъэIур ягъэзэщIащ. Абыхэм я хьэгъуэлIыгъуэр хэмыIэтыкIауэ, Iэуэлъауэншэу дахащ.

Арати, зэдэпсэурт Каринэрэ Аслъэнрэ, я сабий дыгъэри зэдапIу. Зэгуэрым Каринэ уафэмкIэ дэплъейурэ жиIэрт, и шыпхъум ар зэхихым хуэдэу:

– Уи пхъур дыщэ кIанэщ, сабий дыгъэщ... Азимэ, къысхуэгъэгъу, зыгуэркIэ сынокъуэншэкIамэ, къысхуэгъэгъу апхуэдэу зэриухар. Сэ уи сабийр фIы дыдэу солъагъу икIи сыт щыгъуи солъытэ сысейм хуэдэу. Сэ

абы и жагъуэ къезгъэщIынукъым икIи схузэфIэкI лъэпкъ къэзгъэнэнукъым ар зыми емыхъуапсэу къэхъун папщIэ. ГъащIэм къызидзащ сэ удын гъущэ куэд. Сэ къысщыхъужырт си гъащIэ псокIэ насып сымыгъуэтыжыну. Ауэ сэ сынасыпыфIэщ, ар зи фIыщIэри уэращ. Азимэ, берычэт бесын. Сэ уэ фIы дыдэу узолъагъу, си шыпхъу цIыкIу!

Каринэ пэмыжыжьэу щытт къэзылъхуа и анэр, сабийр иIыгъыу. Ахэр къыщилъагъум, джащ, мамэ, жиIэри. Верэ, ар щызэхихым, гуфIащ. Каринэ абыхэм ябгъэдыхьащ. И анэм IэплIэ иришэкIри, сабийми ба хуищIащ. Верэ абы къоупщI:

– Уэ къысхуэбгъэгъуа?

– Сыт щIыпхуэзмыгъэгъунур, уэ узианэщ, фIыуи узолъагъу.

– ЩIэрыщIэу сыкъалъхуауэ къысщохъу, – жеIэ Верэ. – Сэри фIы дыдэу узолъагъу, Каринэ. ТхьэмыщкIэ, Азимэ цIыкIу мыгъуэм иджыпсту дыкъилъэгъуамэ, гуфIэнт.

Каринэ, уафэмкIэ дэплъейурэ, жеIэ:

– Абы дыкъелъагъу икIи и псэр мэгуфIэ дэр щхьэкIэ!

## *ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И КЪАРУР*

Сыту гугъу зыгуэрым ущыпэплъэр. Гур пIейтейуэ, зэманыр пхуэмыгъакIуэу, а дакъикъэр щIэх къэмысыну къыпщохъу. Сыхьэтыр хым сыкIуэнщ, жиIащ. Дакъикъэ тIощIрэ тхурэщ иIэжыр. Алъандэрэ Iуэху сщIэми, кино сеплъми, зыгуэрурэ махуэр кIуат. Иджы а дакъикъэ бжыгъэхэр схуэгъакIуэркъым. Къысщохъу махуэ тIощIрэ тхууэ. Сыхьэтри и пIэм ина нэхъей, сыту хуэмыхущэ. Щхьэ къездзыхыу сымыкъутэрэ?! Хьэ банэ макъ зэхызохри, нэхъ жьыуэ къэкIуауэ пIэрэ? Хьэуэ, къэкIуакъым. Зыри къэкIуакъым.

НтIэ, мы хьэжьым сэ сымылъагъуу илъагъур лIо? ЩIымахуэм сыту псынщIэу жэщ хъурэ. Уэсыр Iуву телъщ, мазэри изщи, дунейр нэхущ. ЩIыIэми сыкъисащ. Щхьэ щIыбым ар къэкIуэху сыдэтын хуей?! Шей тIэкIу сефэнщ, зыкъэзгъэхуэбэжынщ. АпщIондэху, къэкIуэнумэ, къэкIуэнщ. Мис нэсыпащ зэманри. Дакъикъэ зытIущцыр кIуэжмэ, сыхьэтих хъунущ. Аргуэру хьэ банэ макъ зэхызох. СыкъигъапцIэу пIэрэ мы ди хьэжь цIыкIум? Хьэуэ, къэкIуа хуэдэщ. И «Волга» хужьышхуэмкIэ къэкIуащ.

Лидэ щIалэм хуэзэри, хъарзынэу зэбгъэдэтахэщ. Къыдыхьэжа нэужь, мыарэзыныгъэр и нэгум къищу, Ритэ и пхъум зыкъыхуегъазэ:

– Сыту псынщIэ а щIалэр. ЩIы фIыцIэм щIихуэн си гугъащ машинэр. Апхуэдизу щIебгъэтхъу хъун? Машинэм тет сыринэжьри сыт и уасэ, къазыхъу макъыжь хуэдэ. Сигу ирихьыркъым ар.

– Сэ си гуи си пси дохьэ.

– Тобэ, ярэби, абы фIэкI щIалэ щыIэкъэ?! Сыт Мухьэмэд и лажьэр? ЩIалэ хъарзынэщ, къалэм дохутыру щолажьэ. Апхуэдэщ ямыгъуэту зылъыхъуэр. Сыт, зыри жыпIэркъыми, лIо дэбгъуэр?

– Зыри дэзгъуэркъым, ауэ сэ абы сыхуейкъым.

– Дауи, уэ узыхуейр милицэ щIалэрщ. Ауэ укъигъэпэжыркъым. Укъигъэпэжу щытамэ, тэмэму уи ужьым итынт. Щыхуейм къокIуэри, укъегъуэт, щыхуейм зегъэкIуэд. Бзаджагъэ хэлъу фIэкIи къопсалъэркъым. ФIыуэ укъилъагъуу жиIэурэ, нэгъуэщIым епхъуати...

– Епхъуами, къишакъым.

– Къишакъым, къыдэкIуатэкъыми.

– Абы теухуауэ дызэпсэлъащ.

– НтIэ, сыт къыбжиIар?

– ТIэкIу ефати, ныбжьэгъухэм трагъэгушхуэри, делагъэкIэ епхъуащ, армыхъумэ...

– Щхьэр егъэуз. Хуэмейуэ щытамэ, ныбжьэгъухэм щхьэкIэ ищIэнтэкъым.

– Абыхэм папщIэ ищIакъым, атIэ чэф хъуати аращ.

– Чэф хъуати, жи. ЛIо, ефамэ, и акъылыр ирифыжа уи гугъэрэ? ЦIыхум и гум илъ псор къэпщIэну ухуеймэ, фадэр хуэший. Абы цIыхум и гум илъыр къызэрырихум, зыхуей дыдэр зэрыжригъэIэм, хьэмэрэ иригъащIэм сыт хэпщIыкIрэ? Зыри хэпщIыкIыркъым. Уи милицэм хъыджэбзыр игу ирихьырти, къишэн и гугъащ. Ауэ къратакъым е езым къызэрипэсакъым, губжьуэ уи дежкIэ зыкъыщIигъэзэжар аращ... ЦIыхухъурэ хьэрэ жыхуиIэращ, уи дзыхь иумыгъэз. Къыпщыдыхьэшхыу ежьэжынри Iуэхум хэлъщ.

Анэм жиIэм едаIуэ фIэкI, Лидэ зыри пидзыжыртэкъым. Абы ар игу щыдэмыхьэкIэ, сэ зыри схуэщIэнукъым, жиIэрт. КъысхугурыгъэIуэнукъым ар зэрыщIалэфIыр. ФIыщ, сигу ирохьри, псэм хэлъщи, схухэхынукъым.

Пщыхьэщхьэ щIагъуэ къэмынэу, Рэмэзан Лидэхэ къакIуэрт. Машинэр игъэкIийуэ, хьэр игъэбанэу куэбжэпэм щытт. Хъыджэбзри гуфIэжу дэжырти, гуапэу сэлам ирихырт. ЩыгуфIыкIыу бгъэдэтт. Хуэгуапэрт,

а кърищIам щхьэкIэ къимыгъанэу. НэгъуэщIым и ужь ихьами, къишакъым, си деж къыщыкIуэкIэ, сэращ зыхуейр, жиIэурэ, Лидэ и гур игъэфIырт. А хъыбарым зэи къытригъэзэжу тепсэлъыхьыртэкъым, Рэмэзан жиIэ псори и фIэщ хъурт.

ЩIалэм зэзэмызэ шхапIэхэм, кинохэм ишэрт, ауэ хъыджэбзыр зэи и закъуэ яутIыпщыртэкъым. Масирэт и дэсыгъуэм ирихьэлIэут хуит щащIыр.

Апхудэурэ, илъэс дэкIащ. Пщыхьэщхьэ гуэрым Рэмэзан Лидэхэ кIуат, тIэкIу еIубауэ. Куэдрэ жиIэрт Лидэ фIыуэ илъагъуу, абы фIэкI зыми хуэмейуэ. А пщыхьэщхьэм фIэкI ар зэи хъыджэбзым елъэIуатэкъым, къыздэкIуэ, жиIэу. Лидэ ар, дауи, и гуапэ хъуащ, ауэ пIалъэ иритащ:

– Мазищ нэхъ мыхъуми, дэгъэкI. ЦIыхур унэм щIэзыубыдэ щIымахуэ щIыIэм сыхуейкъым. Гъатхэм нэхъыфIщ. Бжэндэхъу, пцIащхъуэ цIыкIухэр къэлъэтэжауэ, джэдхэр къакъэу, удз щхъуантIэ цIыкIухэр къыхэжауэ...

А пщыхьэщхэм лъандэрэ Лидэ щIалэр илъэгъуакъым. КъыкъуэкIыртэкъыми, зэгуэпырт, ауэ Лидэ гугъэрт ар мыгувэу къыкъуэкIыну.

Махуэ гуэрым телефоныр къозу. Рэмэзан къэпсалъэ и гугъэу, Лидэ, гуфIэу къытрех.

– Лидэ, дауэ ущыт? Масирэтщ нэпсалъэр.

– Хъарзынэщ, Масирэт. Уэ сыт ухуэдэ?

– Сэри сыхъарзынэщ, экзамен дагъэтати, «тху» къэсхьауэ, согуфIэ. Иджыри тIу къэнэжащ.

– Ахэри Тхьэм ехъулIэныгъэкIэ уигъэт.

– Упсэу, Лидэ. Си жагъуэ хъуащ абы къуищIар. Сыту напэншэу къыщIэкIа.

– Сыт зи гугъу пщIыр? Хэт жыхуэпIэр?

– Рэмэзанщ сызытепсэлъыхьыр. Къишауэ зэхэсхащи, аракъэ сыщIызэгуэпыр. Уэр фIэкI зыми хуэмейуэ жиIэурэ, иужьым нэгъуэщI къишэу.

– Масирэт, сыт жыпIэр зищIысыр? Абы къишауи? Зэи къэмыхъунурат, дэ пIалъэ зэттащ, мазищ дэкIмэ, жытIэри.

– Лидэ, Тхьэм щхьэкIэ, пщIэртэкъэ? Алыхьым щхьэкIэ къысхуэгъэгъу, сэ ар уэ зэхэпха си гугъащ, Iуэхум хэпщIыкIыу фIэкI сщIакъым.

– Масирэт, угушыIэрэ уэ хьэмэрэ, пэжу, къиша?

– Лидэ, сэ япэу хъыбарыр бжесIауэ ара-тIэ?

– ЖыIэ пэжыр.

– Пэжыр жысIакIэщ.

– Си фIэщ хъуркъым, дауэ?

– Сыт хуэдиз хъуа уи деж къызэрымыкIуэрэ?

– Мазэм щIигъуащ.

– НтIэ, абы лъандэрэ ущыгъупщэжащ, зэман зытригъэкIуэдэни къигъуэтащ. Лидэ, уемылIалIэ абы. Адрей дохутырыр нэхъ гурыхьщ. Сэ зэи Рэмэзан пхуэзгъэфащэртэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэ уцIыху щабэщ, ар щыкIауэ гурбиян гуэрти... Лидэ, зыри жыпIэркъыми, щхьэ щэху ухъуа? Угъыу жумыIэ закъуэ. Уи нэпси уи лъагъуныгъи хуэфащэкъым абы. Щэбэтым сынэкIуэжмэ, дызэхуэзэнщ. Узыншэу ущыт!

Лидэ ищIэртэкъым и фIэщ ищIынур: фIылъагъуныгъэ зыхуиIэра хьэмэрэ шыпхъум хуэдэу илъагъу и ныбжьэгъура? «Дауэ Рэмэзан сэ апхуэдэу къызищIэн? Си фIэщ хъуркъым! Хьэмэрэ къызищIэфыну пIэрэ? Дауэ си ныбжьэгъум сыкъызэригъэпцIэнур, хьэмэрэ си щIалэр езым игу ирихьмэ, сэ си гур щигъэкIын папщIэ жиIауэ пIэрэ? Хьэуэ, апхуэдэ хьэл абы хэлъкъым. ЩIалэ хуеймэ, игъуэтыркъэ. Масирэт ар игу зэрыримыхьыр дапщэрэ къызжиIа. СщIэркъым, хэт жиIэра пэжыр? Рэмэзан фIыуэ сыкъилъагъуу, сэр фIэкI зыми хуэмейуэ жиIащ. Сишэнуи жиIат, ауэ ар щыжиIам ефат. Сыт щхьэкIэ, мамэ жиIатэкъэ цIыхум и гум илъыр фадэм кърихуу. Емыфауэ щхьэ зэи къызжимыIарэ? УкIытамэ-щэ жиIэн? Хьэуэ, укIытэ жыхуаIэр абы ищIэххэркъым.

Гупсысэ къомым, зэригъэзахуэурэ, Лидэ и щхьэр хэунэзыхьат. Абы и ужьым Мухьэмэд къитт. Ауэ ар махуэ къэс къакIуэртэкъым, тхьэмахуэм зэ къыкъуэкIыу арат.

«Куэдрэ къэкIуэрейри щIагъуэкъым, – жиIэрт анэм, – уигъэхьэулеину аращ зыхуейр». Ахуэдэт милицэ щIалэр. Зы пщыхьэщхьэ къэмынэу жыхуаIэм хуэдэу къакIуэурэ, зэуэ пичырти, зэман дигъэкIырт, аргуэрым щIидзэжырти, зыкъомрэ къакIуэрт. Иджы къишащ!

Щэбэт махуэм Масирэт, зэрыжиIати, Лидэхэ къэкIуащ. Масирэтрэ Ритэрэ я гупсысэхэр зэтехуэрти, Лидэ абы иризэгуэпырт. Ахэм зыжьэу жаIэрт Рэмэзан зыри мыхъуну. Лидэ а псор гущIэлъэсыкI щыхъурт.

– Хъарзынэу хъуащ, уи ужьым икIамэ, аращ, – жи анэм.– Си гуи си пси дыхьэртэкъым, щIалэ псынщIэ щыкIа гуэрти. А мыхъунур уи гъуэгум трех, нэхъыфIыр къэнарщи, тэмэму уэ езыр хущыт. Мухьэмэд цIыху тэмэмщ, цIыху бгъэдыхьэкIэ, бгъэдэтыкIэ ещIэ, хъэрахъэкъым. Махуэ къэси къакIуэркъым, псоми чэзу зэраIэр къыгуроIуэ.

– Тхьэ, мис ар щIалэфIтэмэ, – къопсалъэ Масирэт. – КъыздэкIуэ, жиIэмэ, ухэмыгупсысыхьу дэкIуэ. Апхуэдэ

щIалэ благъэкIыркъым. Уи Iэпэр иIыгъыу укърищэкIынущ, узыхуей псори къыпхуищIэнущ.

«Сыт мыгъуэр хащIыкIрэ абыхэм а Iуэхум. Езыхэр зыхуейра, хьэмэрэ сэ сызыхуейра? Iыхьлыи, ныбжьэгъуи, псори зы хъуауэ, щхьэ сагъэбампIэрэ? Хъарзынэщ къишамэ, аращ фIыуэ слъагъур. Сыт абыхэм мы си гум иращIэфынур? Адрей щIалэм нэхъыбэрэ къысхутепсэлъыхьмэ, къысхущытхъумэ, нэхъыфIу схуэлъагъуну къафIэщIрэ? Си гум гуныкъуэгъуэ иIэми нэхъыфIщ, фIыуэ сымылъагъум сыдэкIуэ нэхърэ. Абы сыдэкIуэкIэ ар насыпыфIэ схуэщIыну, хьэмэрэ сэ нэфIэгуфIэу сыщытыфыну? Си фIэщ хъуркъым. Нысэ нэщхъыцэ зыри хуейкъым. Аращи, гугъу иремыхь, «умыгузавэ, сэ, тхьэ, щIалэфI дыдэ къыпхуэзгъуэтыным, нобэ уезгъэшэнмэ, мыбы уезгъэлъэгъунмэ» къызжезыIэхэр. Ахэр къызжаIэу, щхьэ нэхъри сызэгуагъэпрэ? Езыхэр зыхуейм сэ сыдэкIуэн нэхъей. Сыкъыдэнэжауэ, зыми сызэримыпэс хуэдэ. Си Iуэху къызэрырамахуэ, сызэрыхуейуэ срагъэпсэу».

Махуэ гуэрым, Лидэ и закъуэт унэм щIэсри, тогушхуэри, Рэмэзанхэ мэпсалъэ. Телефоныр цIыхубз гуэрым къытрихащ:

– СынодаIуэ.

Лидэ цIыхухъу макъ зыкъещIри:

– Дауэ фыщытхэ, – жи. – Рэмэзан щIэс?

– Хьэуэ, лэжьапIэм щыIэщ.

– Хъунщ-тIэ, фи махуэ фIы ухъу!

– НэхъыфIыжу.

Апхуэдэу куэдрэ псалъэрт, нэхъыбэми щIэсу игъуэтыртэкъым.

Зэзэмызэт езым къыщытрихыр. Ауэ абы щыгъуэми Лидэ зыри хужымыIэу щым хъурт. Модрейми губжьыр хэлъу: «Емынэм щхьэкIэ телефонным укъеуэрэ ущымыпсэлъэнум, уэр фIэкI Iуэху сиIэкъэ?» – жиIэрти, тридзэжырт. Арати, аргуэру Лидэ нэпс щIигъэкIырт. И лъагъуныгъэр гум щиIыгъыу, гуныкъуэгъуэ иIэр игъэпщкIуу, гупсысэм хэмыкIыу, бампIэр гъусэ къыхуэхъуауэ, ауэ итIани ар пщIыхьэпIэ къудейуэ къызэфIигъэщIу, щыгугъырт фIыуэ илъагъур иджыри зэ къыхузэплъэкIыжыну.

Щэбэт пщыхьэщхьэм Мухьэмэд Лидэ деж къэкIуащ.

– Сымаджэщым дауэ ущылажьэрэ, уезэгърэ лэжьыгъэм? – щIоупщIэ хъыджээбзыр.

– Хъарзынэщ, псори иджыпсту тэмэму йокIуэкI. ЗэкIэ зыми дагъуэ къысхуищIакъым.

– Уэ пхудэу щIалэ куэд щылажьэрэ?

– Сэ схуэди сэр нэхърэ нэхъыфIыжи щолажьэ, – жи щIалэм, пыгуфIыкIыурэ.

– Сэ аракъым жыхуэсIэр, зи гугъу сщIыр ныбжькIэ щIалэу...

– Щолажьэ, си псэ.

«Си псэти, си фоти, жиIэурэ сегъэукIытэ. Сыту гугъу мыбы уепсалъэу убгъэдэтыну», – жеIэ игукIэ Лидэ.

– Уехъуапсэрэ апхуэдэу уэри улэжьэну?

– Хьэуэ, Алыхьым жимыIэкIэ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Сыт-тIэ, зэрысщIынур. Хэт сымаджэ хъууэ къашэн, хэт хущхъуэкIэ ткудэн, хэт...

– Аращ-тIэ, си псэ, сыт сщIэн, си лэжьыгъэщ, – жиIащ Мухьэмэд, мащIэу псчэуIури.

– Къысхуэгъэгъу, сэ уи жагъуэ сщIыну сыхэтакъым. Уэ, дауи, фIыуэ улажьэу къыщIэкIынщ. Ауэ сэ ар схузэфIэкIынукъым, жысIэну арат. ИтIанэ, сфIэфIкъым сымаджэщым сыщIэтын, хущхъуэмэхэр схуэхьыркъым.

– Умыгузавэ, си фо цIыкIу, псори тэмэмщ. Уэ узэреплъыр жыпIауэ аращ. НтIэ, сыт абы щхьэкIэ?

Лидэ укIытат, хущIегъуэжат и псалъэхэми, щым хъуауэ щытт.

– Сыт, Лидэ, зыри жыпIэркъыми. Си псэ, умынэщхъей. Моуэ тIэкIу пыгуфIыкI, япэ дыдэу узэрыслъэгъуам хуэдэу. Абы щыгъуэм сыту удахащэт. Хьэуэ, иджыпсту уIейщ, жысIэу аракъым. Ауэ абы щыгъуэ уи нитIым насыпыр щIэплъагъуэм хуэдэт, унэфIэгуфIэт. Иджы сщIэркъым ущIэнэщхъейр. ЗыгуэркIэ уи жагъуэ сщIауэ пIэрэ, хьэмэрэ усымаджэу ара?

– Хьэуэ, псори тэмэмщ. Си жагъуэ уэр фIэкI къэзымыщI яхэткъым, умыгузавэ.

– Сэ сызахуэщ, дауэ щымытми, къэсщIащ зыгуэрым уи жагъуэ къызэрищIар. Хэт къэзыщIар, си псэ, къызжеIэт.

– Хэт зыщIынур, зыми ищIакъым.

– АтIэ, щхьэ унэщхъей?

– СщIэркъым, нышэдибэ гъуэлъыпIэм лъакъуэ сэмэгукIэ сыкъеувэхамэ, арагъэнщ.

– Аркъудеймэ, Iуэхукъым, нэгъуэщI гуэру щымытмэ... Лидэ, укъыздэкIуэн?

– Ы-ы?!

– Сыт, си упщIэм уигъэшынауэ ара?

– Хьэуэ, сыт сыщIэшынэнур?

– Лидэ, сэ уэр фIэкI зыми сыхуейкъым. ПэжкIэ уи ужьым ситщ. Абы шэч лъэпкъ къытумыхьэ.

– ЩӀалэхэр псори сыту фызэщхьыщэ. Зэщхьыркъабзэу дахэу фопсалъэ, ауэ...

– Ауи щхьэуи Ӏуэхум къыхэкӀынукъым. ЩыӀэщ зи псалъэ зымыгъэпэж, щхьэхуещагъэкӀэ хъыджэбзым и ужь ит. Ауэ сэ сыапхуэдэкъым.

– Узэрымыапхуэдэр уи натӀэм тедзакъым. Псори ипэхэм деж фӀы дыдэщ, иужькӀэщ щызэӀыхьэр.

– Лидэ, ар апхуэдэу щыжыпӀэкӀэ, щӀалэ псори къызэдэпщтэу ущытепсэлъыхькӀэ, уэ зыгуэрым, дауи, уи гур къиуӀащ. Армыхъуамэ, апхуэдэу уегупсысынтэкъым.

– Дапхуэдэу сызэрегупсысыр?

– Иджыпсту жыпӀа къудейщ, псори фӀыуэ къежьэу, иужькӀэ зэӀыхьэу. Апхуэдэу щыщыткӀэ, уэ уигъэпэжакъым уи щӀалэм. СощӀэ узэрепсалъэу щытар милицэ гуэрым. Уеблэмэ сцӀыхуу жыпӀэ хъунущ ар. Си ныбжьэгъу гуэрым долажьэ. Зэрэ-тӀэурэ дызэхуэзэн хуей хъуащ, си ныбжьэгъум деж сыкӀуауэ. И теплъэкӀэ Ӏейкъым, зыӀэщӀэлъу, щӀалэ къамылыфэ лъагъугъуафӀэщ. Ауэ цӀыхум щӀыӀэ-щӀыӀэущ зэрепсалъэр, тӀэкӀуи щхьэпрех, псынщӀэщ, жыхуэсӀэщ.

– Сыт а къомыр сэ къыщӀызжепӀэр?

– Сыт, Лидэ, ар фӀыуэ плъагъурэ? Уи жагъуэ къэзыщӀыр арамэ, сэ абы псалъитӀ зэхезгъэхынщ.

– Хьэуэ, си жагъуэ къищӀакъым, и Ӏуэхуи зумыхуэ.

– Хъунщ, ауэ адрей упщӀэми и жэуапыр къызэт.

– Сыт хуэдэ упщӀэ?

– Ар фӀыуэ плъагъурэ?

– Хьэуэ, слъагъуркъым.

– ИкӀи щытакъэ плъагъуу?

– Уэ узэпсалъэу щыта псори фӀыуэ плъагъурэт, абыхэм щыщ зыгуэр уи гум къина?

– Лидэ, си псэ, си фо цӀыкӀу, уэр фӀэкӀ сэ зыри фӀыуэ слъагъуркъым. Уи япэ, уэ иджыри ущызмыцӀыхум, сепсэлъащ, сахуэзэуи щытащ зыгуэрхэм. Ауэ ар нэгъуэщӀщ, лъагъуныгъэтэкъым.

– НтӀэ, сыт зищӀысыр?

– Си зэман щызгъакӀуэрт. УщищӀалэгъуэкӀэ, уи делэгъуэщ, жыхуиӀэращи, хьэрэмыгъэ сигу къызыхуэкӀа гуэрхэри яхэтащ.

– НтӀэ, сыт нетӀэ жысӀам пцӀыуэ хэлъыр? Псори щӀалэхэр фызэщхьщ. Фи щхьэм илъыр зыщ, а зи гугъу пщӀа хьэрэмыгъэрщ. Лъагъуныгъэ жыхуаӀэр къыффӀэӀуэхукъым. А хъыджэбзхэм ящыщ гуэр гурэ псэкӀэ къывбгъэдэту щытми, фызыхуейр къыпыфхамэ, хыфӀэвдзэнурэ, фыщыдыхьэшхыу фежьэжынущ. Абы и гухэлъхэр зыри зыхэвмыщӀэу, гуныкъуэгъуэ ефту.

– Апхуэдэ гуэри Iуэхум къыхэкIынкIи мэхъу. Ауэ лъагъуныгъэ пэжкIэ узыбгъэдэтым зэи и жагъуэ пхуэщIынукъым. Езым уи жагъуэ къищIыпэми, абы щхьэкIэ нэхъыкIэу ухущытынукъым. Ауэ, дауи, фIыуэ укъэзылъагъу псори уэ пхуэлъагъунукъым.

– Пэжщ, лъагъуныгъэ Iуэхур гугъущ.

– Лъагъуныгъэр IэфIщ, ауэ икIи гуащIэщ. Ухуэсакъын хуейщ, и гуащIапIэр къигъазэу уи гур къимыуIэн папщIэ.

– Ар дауэ зэрытщIынур?

– СщIэркъым, си псэ, а упщIэм и жэуапыр уэстыфынукъым... Лидэ, сэ сщIэн сымыгъуэту, си зэш уи деж щытезгъэун си гугъэу аракъым сыкъыщIэкIуэр. Лъагъуныгъэ къабзэщ пхузиIэр, пэжуи сыббгъэдэтщ. Си гухэлъхэм ущыгъуазэщ, сызэрыпхущытри мызэ-мытIэу бжесIащ. ПщIэжрэ?

– НтIэ.

– АтIэ, уи фIэщ хъуркъэ си псалъэхэр хьэмэрэ шэч къытепхьэрэ иджыри?

– Хьэуэ, си фIэщ мэхъу.

– Си псэ, зы упщIэ уэстынщи, жэуапыр, тэмэму егупсыси, псынщIэу къызэтыж.

– СынодаIуэ.

– Иджыпсту усхьмэ, укъэнэн си деж?

– Хьэуэ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Сыпхьын и пэ, сэ здэн хуейщ...

– НтIэ, дызэгурыгъаIуэ. Дапхуэдэу тщIымэ, нэхъыфI? Сэ сызэрегупсысыр япэ жысIэнщи, итIанэ ууейм дедаIуэнщ. Уарэзы апхуэдэу?

– НтIэ.

– Укъысхуэмеймэ, абы залымыгъэ илъкъым. Ауэ къызолъытэр и чэзу нэсауэ, дызэрышэнуми. Уэ дауэ уеплърэ?

– Сэ иджыпсту сыдэкIуэну сыхуейкъым. Сыхуэхьэзыркъым.

– Ахъшэ-бохъшэ Iуэхум теухуауэ?

– Хьэуэ, сэ езырщ мыхьэзырыр. ИтIанэ фи дейхэм ягу срихьынукъым, си хьэлым гурымыхь куэд хэлъщи.

– Дыдейхэракъым уэ узышэр, сэ си гум урихьмэ, нэгъуэщIым зыми и Iуэху хэлъкъым.

– Ар жыIэгъуафIэщ, ауэ ягу сримыхьмэ, саубу щIадзэмэ, уэ абыхэм уакъыдэмыщIу, сэ укъыздэщIыххэнукъым.

– Си псэ, сыту жыжьэ уIэбэрэ. Щхьэ ягу уримыхьын хуейрэ, абыхэм щхьэ уегупсысрэ? Сэ сфIэфыр, тэмэму

къысхущцытыр, сызыгъэгуфIэр, насыпыфIэ сызыщIыр абыхэм фIыуэ ялъагъунущ.

– Мис аращ сызылъыхъуэ псалъэр. «НасыпыфIэ», сэ апхуэдэу узмыщIыфмэ-щэ?

– Псэуэгъу укъысхуэхъумэ, сыпщIа хьэзырщ.

– СщIэркъым.

– Си псэ, ар жэуапкъым. Е «нтIэ», е «хьэуэ», а тIум язщ къызжепIэнур.

– Хьэуэ.

Ар жиIэри, хъыджэбзым гу лъитэжащ и гум илъыр зэрынэгъуэщIым. Хуейкъым ар абы иутIыпщыну, Рэмэзан щымыхъуакIэ. ЩIалэр нэщхъей– нэщхъейуэ и нэ фIыцIитIымкIэ хъыджэбзым къеплъырт.

– Лидэ, – къеджащ Мухьэмэд.

Хъыджэбзыр къыдоплъей.

– Лидэ, къызэпта жэуапыр сэ къасщтэркъым, зэхэзмыха нэпцI зызощI. Махуэ зыбжанэ дэкIмэ, сыкъэкIуэнщ, дапщэщми жысIэркъым. Зэман уиIэн хуейщ, гупсэхуу уегупсысын папщIэ. Уи блэкIа лъагъуныгъэм, уэшх блэкIам щIакIуэ зэрыкIэлъумыщтэжым хуэдэу, къимыкIынуIамэ, ущымыгугъ. Сэ фIыуэ сыкъыумылъагъуми, зыгуэркIэ уигу сыдыхьэмэ, укъыздэпсэуфыну къыпщыхъумэ, къызжеIэ. Сытми егупсыс, сэ укъэзгъапцIэркъым. Иджыри дызэхуэзэнщ. Узыншэу ущыт!

Мухьэмэд къызэрымыкIуэрэ тхьэмахуитI дэкIат. Лидэ и япэ лъагъуныгъэр и гум ихуртэкъым, ауэ Мухьэмэди и хьэл-щэныр фIэдахэт. Абы и псалъэ гуапэхэм игъэукIытэми, хуэзэшат. Лидэ гукIэ зэригъэзахуэрт: «Абы сыдэкIуэмэ, Рэмэзан зыщызмыгъэгъупщэжыфыну пIэрэ?»

Мухьэмэдрэ Лидэрэ зэрызэрыцIыхурэ илъэс хъуат. Ахэр япэ дыдэу щызэрылъэгъуар нобэ хуэдэ махуэт, мартым и пщыкIуийм хьэгъуэлIыгъуэ Iэнэ зэдыпэрысахэт... ЩIалэр а махуэм къэкIуат.

«Сыт гъэщIэгъуэн, нобэ щэбэткъым, и мыхабзэу сыту къэкIуа, махуитI и пэ дызэрылъэгъуащ», – жи игукIэ Лидэ.

– Лидэ, нобэ сыт хуэдэ махуэ?

– Гъубжщ.

– Хьэуэ, аракъым жыхуэсIэр.

– А-а, мартым и пщыкIуийщ.

– НтIэ, зыри уи гум къигъэкIыжыркъэ?

– СщIэркъым, сыт къигъэкIыжынур?

– Си жагъуэ умыщI, егупсысыт.

– Сыщымыуэмэ, нобэ хуэдэ махуэщ дыщызэрыцIыхуар.

– Ущыуэркъым, си псэ. Нобэ илъэс ирокъу дызэрызэрыцIыхурэ. А махуэр сэ зэи сщыгъупщэнукъым икIи згъэлъэпIэнущ. Лидэ, мы Iэлъыныр тыгъэ пхузощI, си цIэкIэ зехьэ.

– Хьэуэ, Мухьэмэд.

– Лидэ, си жагъуэ умыщI. Къыумыщтэу здэнукъым, си лъагъуныгъэм и фэеплъу зехьэ. Iэлъыным зыри иIыгъкъым, укъысхуэмеймэ.

– Мухьэмэд, сэ укъэзгъэпцIэну сыхуейкъым, лъагъуныгъэ пхузиIэу схужыIэнукъым. Ауэ сигу ирохьыр уи хьэл-щэныр. СфIэфIщ сынопсэлъылIэу сыббгъэдэсыну. Уэ пхуэдэ щIалэщ псори зыщIэхъуэпсыр. Утэмакъ-кIыхьщ, ущIалэфIщ. ЦIыхур къызэрыбгурыIуэн и ужь уитщ. СхуэбзыщIынукъым уи япэ нэгъуэщIым сыхуэзэу зэрыщытар. Ар гум щызгъафIэрт, ауэ езым...

– Лидэ, сощIэ, сэ ар псори къызгуроIуэ. Япэ лъагъуныгъэр, дауи, гугъущ зыщыбгъэгъупщэну.

– Пэжщ, гугъущ. Ауэ зэрыжаIэщи, къыпхуэмейр уи ужьым итынущ.

– Лидэ, сызэреплъымкIэ, уэ иджыри ухьэзыркъым жэуапыр къызэптыну. Уи гур зэхэзехуэн хъуащ, уи щхьэр хэунэзыхьащ. Дауэ сщIымэ, нэхъыфIу пIэрэ, жыпIэ къыщIэкIынщ. Уэри тэмэму егупсыс.

Алыхьым ищIэнщ зэрыхъуар, хъыджэбзым и гум щекIуэкIа псор сыткIэ пщIэн, къопсалъэ.

– Мухьэмэд, сэ сыхуейкъым уэ усфIэкIуэдыну. Япэ лъагъуныгъэр сIэщIэкIами, сэ самыгъэпэжами, уэ уи лъагъуныгъэр си фIэщ мэхъу. Сэ сыарэзыщ уэ сыбдэкIуэну. Си гум ущыдыхьэкIэ, хэт ищIэрэ, хуэм-хуэмурэ дызэдэпсэуурэ езы лъагъуныгъэри пхуэсщIыфынкIи мэхъу. ДызэгурыIуэу, дызэхуэпэжу щытмэ, псори тэмэм хъунщ.

Мухьэмэд абы дамэ къытригъэкIат.

– Си псэ, сыту фIыщэу услъагъурэ, – жеIэ абы. – Нобэ хуэдэ махуэр си дежкIэ махуэшхуэщ. Си лъагъуныгъэм и махуэщ!

– НтIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, илъэс пIалъэу узотыр.

– Ар сыту куэд... Хъунщ, си псэ, сыножьэнщ. Си лъагъуныгъэм и махуэм ди унагъуэм уесхьэлIэнщ.

Мухьэмэд, и хабзэм зэрытету, тхьэмахуэм зэ къыкъуэкIырт. Иужьу къыщыкIуам и ныбжьэгъу щIалэ щIыгъут.

– Уа, мы хъыджэбзыр зэ шхапIэ, концерт, кино, сэ сщIэрэ, зыщIыпIэ щхьэ умышэрэ? – жи ныбжьэгъу щIалэм.

– Хьэуэ, иджыпсту хъунукъым.

– НтIэ, дапщэщ?

– Сыхуиткъым хъыджэбзыр и бжэIупэ Iусшыну. КъезгъэкIуркъым, сэ си унагъуэ щIэскъым, иджыпсту си Iуэху хэлъкъым.

– Лидэ, мы си ныбжьэгъуур тIэкIу делэщ. ГъащIэм къыкIэроху, и гупсысэкIэхэр къызгурыIуэркъым.

– Хьэуэ, ар щIалэ хъарзынэщ. и гупсысэкIэри тэмэмщ.

– Хъунщ, зыри жысIэркъым. Фэ тIур зы фыхъумэ, сэ къыздэщIын щыткъым...

Ауэрэ, гъатхэри кIуащ, гъэмахуэри кIэлъыкIуащ. Бжьыхьэ уэтIпсытIыр къэсат. Дунейр щIыIэт. Пщыхьэщхьэ гуэрым уэшхыр къежэхыу Рэмэзан Лидэхэ къокIуэ. Ар тIэкIу еIубати, иджыри фIыуэ илъагъуу къыжриIэрт.

– Уэ жыпIэхэр зыри си фIэщ хъужыркъым. Сыбгъэпэжакъым. Укъысщыдыхьэшхри, уежьэжащ.

– Лидэ, сэ уэр фIэкI зыми сыхуейкъым.

– Ар пэжу щытамэ, нэгъуэщI къэпшэнтэкъым. Илъэс хъуакъым къызэрыпшэрэ, тэмэму щыт... Сыт си дежи укъыщIэкIуар?

– Мазэ хъуащ зэрикIыжрэ. Дызэзэгъыртэкъым, дызэгурыIуэртэкъым. Псом нэхъыщхьэрати, лъагъуныгъэр щыIэтэкъым.

– НтIэ, щхьэ къэпшат?

– Къысхуэгъэгъу, щыуагъэу сIэщIэкIат. Пэжу жысIэнщи, ар щIэсщIар уэ фIыуэ сыкъыумылъагъуу си гугъати, аращ. Зы щIалэ гуэрым ухуэзэу, сэ зыкIи укъысхуэмейуэ зэхэсхат.

– Сэ апхуэдэ лъэпкъ зэи бжесIакъым.

– Хьэуэ, уэракъым жызыIар. Ауэ цIыхухэм я жьэр пхуэубыдынукъым. Иджыпсту уэ укъызэрысхущытыр тэмэмщ. Уи жагъуэ сщIащи, узэгуоп. Сэр дыдэр, плъагъуркъэ, нэгъуэщI ухуэзэу зэрызэхэсхыу, сыкъэгубжьри, къэсшащ. Ар пэжрэ пцIырэ зэхэзгъэкIыну сыхэтакъым. Апхуэдэурэщ насыпыр зэрыкъутэр, къысхуэгъэгъу...

– СщIэркъым бжесIэнур. ПхуэзгъэгъункIэ пхуэзгъэгъунщ, ауэ сщыгъупщэнукъым. Пэжщ, итщ си ужьым зы щIалэ. Ар цIыху хъарзынэщ, тэмэму къысхущытщ, си жагъуэ зэи къищIакъым. Дэ пIалъэ зэттащ, мыгувэу дызэрышэнущ. Уэ пхузиIа лъагъуныгъэр, сыбзыщIынкъыми, иджыри кIуэдакъым. Ауэ согугъэр ар псынщIэу сщыгъупщэжыну, адрей щIалэр фIыуэ схуэлъагъуну.

– Лидэ, сэ уэ фIыуэ узолъагъу. Уэ ухуитщ ухэдэу,

узыхуейр къыхэпхыну. ФIыуэ егупсыс. ИгъащIэкIэ узыхущIегъуэжын Iуэху умылэжь. Чэнджэщу уэстынур зыщ: зыми жиIэм уемыдаIуэу, уи гум жиIэм тет. Жэуапыр абы къыбжиIэнщ. Сэ сыкъыплъыгъуазэнщ.

Лидэ и гурыщIэр мафIэу гум илът. Зым жиIэр зэхихыртэкъым, и лъагъуныгъэр къызэплъэкIыжати. Рэмэзан дэкIуэн щызогъэтри, зэрыхуэзэ къудейр и насыпт Лидэ. «Зыри си унафэщIкъым. Си гъащIэм сэ езыр сыхуитыжщ, сызэрыхуейуэ есхьэкIынщ!» – жиIэрт абы игукIэ.

Мухьэмэд къыщыкIуам Лидэ абы и гум еуащ:

– Сэ уэ фIыуэ услъагъуркъым. Сегупсысыжащи, сыбдэкIуэкIи насыпыфIэ сыхъунукъым. УсхуэщIынукъым насыпыфIэ уэри. ПщIэншэу уи зэманыр си деж щумыгъэкIуэд. Уэри унагъуэ ухъун хуейщ, сэ укъызэмылIалIэу, нэгъуэщI къашэ. Сэ сызыхуейр Рэмэзанщ. Абы сыдэкIуэнущ, зыми жиIэм седэIуэнукъым...

Iыхьлыи ныбжьэгъуи мыарэзыуэ, Лидэ Рэмэзан докIуэ.

... Абы лъандэрэ илъэситI дэкIат. Лидэрэ Рэмэзанрэ зы къуэ зэдагъуэтащ. Рэмэзан жэщкIэ къэтырт, нэхъыбэм ефауэт къызэрыкIуэжыр. Лидэ абы ирибампIэу псалъэрт. Рэмэзан нэхъ Iей хъурт:

– Си унафэ уи пщэ къыдэхуа?! – жиIэрт.

– Сыщыуащ уэ сыкъыщыбдэкIуа махуэм, – жиIащ зэгуэрым, хуэмышэчыжу, Лидэ. – Зэзмыпэса щIалэр куэдкIэ нэхъыфIт.

Ар щыжиIэм, Рэмэзан къытекIияащ. Абыи къыщынакъым. Ефауэ къэкIуэжыху, а псалъэхэр игу къэкIыжырти, и щхьэгъусэм фIэнэрт. Лиди абы пэпсэлъэжыртэкъым, модрейми ар имыдэу бэлыхь зэрыхэгъэтырт.

Махуэ гуэрым Рэмэзан и щхьэгъусэмрэ и сабиймрэ дыщым ишэжат, тIэкIу щигъэIэну. Лидэ и анэм хуэтхьэусыхащ:

– СегъэбампIэ, сыщыхуейм сыкъэкIуэжыну сыхуиткъым. Адэ-анэр сымылъагъуу хъунукъым, жысIэмэ, къогубжь. ТэмакъкIэщI хъуащ, ар Рэмэзану зэрыпщIэжын щыIэкъым. Сабийм токIие. И жэщ къэтынымрэ и ефэнымрэ зэпыуркъым.

– Зым и жыIи уемыдаIуэу, удэкIуащ, фIыуэ плъагъуу жыпIэри. НтIэ, фIыуэ щыплъагъукIэ, унагъуэм ущихьакIэ, псори пшэчын хуейщ. Зыми къыбжиIакъым удэкIуэмэ, нэхъ утхъэну. Ухуэзэнущ гугъуехь гуэрхэми, уигу иримыхьын куэди къыбжаIэнущ, ауэ умышэчуи хъунукъым. Пшэчынущ уи сабийм папщIэ, уи лъагъуныгъэм щхьэкIэ. Сэ укъикIыжыну сыхуейкъым. Укъи-

кIыжмэ, сабийр пщIыгъуу хэт уи гугъэрэ узышэжынур? ФIым къимышэ Iейм къиишэркъым. Псалъэ гуапэ жыпIэурэ, къызэрыбгъэпцIэн и ужь ит, нэхъ утыншыну ухуеймэ.

– Сэ абы сеубзэу сыщIэсыфынукъым. ДызэрызэфIэнэу дэкIынщи, нэху щыху къэтынщ е ефэнщи псалъэмакъыр нэхъ куу ищIынщ. Нэхъыбэм, схуэмышэчу, согъ. Махуи жэщи Iуэху сщIэмэ, нэхъ къызощтэ, ар слъагъу нэхърэ. КIуэ пэтми, си гур нэхъ бгъэдэкI хъуащ.

– Е тхьэмыщкIэ, мис аращ, анэм жиIэм уемыдаIуэмэ... УщыдэкIуакIэ, зегъэзэгъ, укъемыплъэкI. Уэри тэмэму ущытмэ, езыми и хьэлыр фIыкIэ ихъуэжынщ.

Лидэ и нэпсхэр, хуэмышыIэу, къыфIыщIэжырт.

– Хъунщ, умыгъ. Сабийм уи нэпсхэр иумыгъэлъагъу... Махуэ дапщэкIэ ущагъэIыну укъаутIыпща?

– Пщэдей пщыхьэщхьэ пщIондэ.

– Ар ыту мащIэ дыдэ.

– Тхьэ, имыдэ. Езым жиIэм уедэIуэн хуейщ, армырамэ, псалъэмакъ ещI.

– ЦIыху тэмакъкIэщIщ, ауэ уи щхьэгъусэщ. Уезэгъыну ухуеймэ, жиIэм едаIуэ. УкъимыгъэкIуэжми, содэ, уи Iуэху зэрытэмэмыр сщIэмэ, фызэгурыIуэмэ.

Рэмэзан а и хьэл-щэным текIыртэкъым. И щхьэгъусэр игъэбампIэрт, пщIантIэм къыдэкIыну хуиттэкъым. И ныбжьэгъухэр къыщIыхьамэ, Лидэ щыгуфIыкIыу сэлам ярихырт, гуапэу игъэхьэщIэхэрт. Ахэр зэрыщIэкIыжу, Рэмэзан жиIэрт:

– БгъэхьэщIэри содэ, тэмэмщ, ауэ къэхьпэ хуэдэ, хамэ цIыхухъухэм уащымыгуфIыкI.

Апхуэдэурэ екIуэкIырт. Рэмэзан и хьэлым фIы илъэныкъуэкIэ зихъуэжыртэкъыми, икIэм-икIэжым, Лидэ сабийр дэщIыгъуу и щхьэр дихри дэкIыжащ. Ар икIыжауэ щызэхихым, Мухьэмэд гугъэ гуэрхэр ищIыжащ. Зэман дигъэкIри, Лидэ деж кIуэуэ щIидзэжащ. Рэмэзани къакIуэрт, къелъэIурт игъэзэжыну. Ауэ цIыхубзым абы гужьгъэжь хуищIати, игъэзэжын и мурадтэкъым.

– Лидэ, удэкIуэжынумэ, уи щхьэгъусэм дэкIуэжи, сабийр дэпIыж. ЩIалэ фызкъэмышэм дауэ узэрыдэкIуэнур, – жиIэрт анэм.– НэгъуэщIым и сабийр абы илъагъунукъым. Дауи, ар Рэмэзан нэхърэ куэдкIэ нэхъ щIалэфIт. Ауэ уэ къыхэпхынур къыхэпхащ. ЦIыхухэр зыхуумыгъэпсалъэ...

Мухьэмэд, япэм хуэдэу, къэкIуэн щIидзэжат.

– Сэ къыздэкIуэж, пхузиIэ лъагъуныгъэр иджыри къыздэсым кIуэдакъым,– жиIэрт щIалэм, и нэ фIыцIэхэмкIэ гуапэу къеплъурэ. УщыдэкIуам, апхуэдизкIэ

си жагъуэ хъуати, гур, бгъэм имызагъэу, къилъэтыным хуэдэт. Сыхуейт узыщызгъэгъупщэну, ауэ къызэхъулIэртэкъым. Нэхъри нэхъ куу, нэхъ мафIэ хъурт си лъагъуныгъэр.

– Мухьэмэд, сэ сыбдэкIуэ хъунукъым. Уэ ущIалэ фызкъэмышэщ.

– Лидэ, абы щхьэкIэ зыри уэстыркъым. Уэ узилъагъуныгъэщ. Сыхуеймэ, нэгъуэщI къэсшэфыртэкъэ, уэ нобэр къыздэсым си гум усхуихуртэкъым. Уэ укъыздэмыкIуэжмэ, сэ къэсшэххэнукъым. Зыми сыхуейкъым, уэр фIэкI.

– Мухьэмэд, уэ пхуэдэ щIалэфI си гъащIэм срихьэлIакъым. Уи лъагъуныгъэм селъэпэуат, Алыхьым сигъэкIуакъым.

– Лидэ, псори тэмэмщ. БжесIауэ щыта псор уигу къэгъэкIыж. Абы щыгъуэм сызэрыпхущыта дыдэущ иджыри сызэрыпхущытыр. Уи къуэ цIыкIур сысейм хуэдэу слъагъунщ, ухуеймэ, си унэцIэри естынщ. Абы щхьэкIэ къэзгъэнэнкъым фIыуэ услъагъун. КъыздэкIуэ.

– Мухьэмэд, сэ зэман сыхуейщ. Рэмэзан щIэх-щIэхыурэ, къыкъуокI, сишэжын и мураду. Сызэрыхуэмейр жесIа пэтми, ерыщу къызолъэIури, си ужьым итщ. Сэ абы деж згъэзэжынукъым, ауэ икIи пэзубыдыркъым, хуеймэ, къуэр ирелъагъу. Сабийм и адэ и унэцIэр зэрихьэмэ, нэхъыфIщ, сыхуейкъым абы и лъэпкъыр фIэкIуэдыну.

Ауэрэ илъэс дэкIащ. Гугъэн-дыгъэну щIалитIыр Лидэ и ужьым итщ. Рэмэзан сабийр, кIэнфет, тыгъэ цIыкIу гуэрхэр къыхуихьурэ, игъэгуфIэрт. И адэр къакIуэу зэрилъагъуу, пежьэрти, и IэплIэм итIысхьэрт. Рэмэзан унэм ишэну щыжриIэкIэ, щIалэ цIыкIум къыжриIэрт:

– Мамэ нэкIуэжмэщ сыныщыкIуэнур.

ЩIалэ цIыкIур къытехьэрт, и анэм къемыдаIуэу игъэбампIэрт. Лидэ абы щIэкIиямэ, езы цIыкIури, зигъэгусэрти, къебийрт, «си папэщ нэхъыфIу слъагъур», – жиIэрт.

«Сыт сщIэнур, лIитIым я кум сыдокIуадэ. Хьэуэ, сэращ бэлыхь ятезыгъэлъыр абыхэм. Сэ зырщ къуаншэр. Си къуэ дыдэми къызжеIэ сэ сызэрымыщIагъуэр. Iыхьлыи, ныбжьэгъуи, жэрэгъуи, псоми сагъэкъуаншэ. Си лъагъуныгъэр ахэм яфIэауанщ. Хэт апхуэдэ зи фIэщ хъунур? Япэ лъагъуныгъэ, етIуанэ, ещанэри къыкъуэкIынкIэ мэхъу. Пэжу, сыщхьэгъавэу къыщIэкIынщ. Сыщхьэгъавэ къудейкъым, сыкъуаншэ егъэлеящ: абыхэм я гъащIэр скъутащ. Псоми гукъанэ къысхуащI. Сыт сыпсэукIи сымыпсэукIи? Си бын закъуэми сы-

къилъагъуну хуейкъым, зыкъысщедзей. Рэмэзан деж схуэгъэзэжынукъым. Абы хузиIа лъагъуныгъэр мафIэм ещхьу щытами, ужьыхыжащ.

Мухьэмэд, си гур нэхъ щIыIэу сызыхущытам, и хьэл-щэным си псэр сфIихьэхуащ. Сыкъыдахьэхащ и тэмакъкIыхьагъым, и цIыхуфIагъым. Пэжщ, тIури си ужьым иджыри итщ, сэ сыхэдэу къыхэсхыфынущ. Ауэ дауэ ар зэрысщIынур? Рэмэзан хузиIа гурыщIэр щыIэжкъым, схуэшэчыжыркъым абы и хьэлыр, и щытыкIэр. Иджы сызыхуейр Мухьэмэдщ. Ауэ дауэ а сщIа псом и ужь абы сызэрыбгъэдыхьэнур? Хэт ищIэрэ ар нэхъыфIу къысхущIидзыжыну? ФIыуэ къысхущытрэ, иужьым тэмакъкIэщI хъурэ, мыхьыр сигъэхьмэ-щэ? Схуэфащэщ, схуэфащэ дыдэщ, апхуэдэу щесщIакIэ. Лъагъуныгъэ IэфIым себакъуэри, гуащIэр къыхэсхащ. Мухьэмэд сыдэкIуэжмэ, си щIалэ цIыкIум игъащIэкIэ къысхуигъэгъунукъым. Иджыпсту щыщIэдзауэ абы фIэкI шэрей зимыIэ цIыкIум нэмыплъ къызет. НтIэ, сыт уи гугъар? Пэжу къысхущытщ. Адэмрэ анэмрэ зэщIыгъуу япIыжыну ар къудейщ ар зыхуейр. АтIэ, а сабийр захуэкъэ? Захуэщ. Ауэ сэ къару сиIэкъым абы и адэм сыдэпсэуну. Си гур зэщыуащ. Сужэгъуащ псалъэмакъыр. ХэкIыпIэу зыщ Iуэхум хэслъагъуэр. Мы дунейм гугъу сыщехьу сыпсэукIэ, мыхьэнэ иIэкъым...»

Унэм хущхъуэу щIэлъыр зэхуетхъус, стэчаным псы тIэкIу иту къещтэри йофэ. Куэд мыщIэу цIыхубзыр къытохуэ. Пэшым къыщIыхьа сабийм анэр щылъу елъагъури, ину къогъ. Абдежым унэм щIэсхэр сабий гъы макъым пэшым къыщIешэ. Лидэ сымаджэщым псынщIэу нагъэс. А махуэм Мухьэмэд и лэжьэгъуэ дыдэу ирохьэлIэ. Абы Лидэ и давленэр гужьеяуэ къепщ, и гум йодаIуэ. ЦIыхубзым и Iэхэр мылым хуэдэт, и Iупэхэр IурыщхъуэнтIыкIыу хуежьат, бэуэкIэщIт. Мухьэмэд тэмэму йоIэзэ, и псэ закъуэр ажалым къыIэщIех.

Лидэ и нэхэр зэтрех. Ар щилъагъум, Мухьэмэд бгъэдолъадэ.

– Си псэ, сытыт пщIар, дыбгъэунэхъурти!

– Сэ уэ фIыуэ узолъагъу.

– Лидэ, си псэ, сэри фIыуэ узолъагъу. Псори тэмэм хъунущ, умыгузавэ.

– Щхьэ сыкъебгъэла? СыбгъэлIэн хуеящ.

– Си псэ, сыт жыпIэр зищIысыр?

– Мыхьэмэд, сэ схуэдэр фIыуэ ялъагъуркъым!

– Си псэ, уэр фIэкI зыми сыхуейкъым. Уэращ си дунейр, си гъащIэр. Уэрыншэу дауэ сызэрыпсэунур, абы щхьэ уемыгупсысрэ? Узэрыхъужын и ужь ит, жысIэ

псори гъэзащIэ. Уэ уи гъащIэр уужэгъужа щхьэкIэ, сэ сужэгъужакъым, сумыгъэунэхъу!

ЩIалэр щIож, удз гъэгъа Iэрамэ къещэху, псым хегъэувэри Лидэ бгъэдохьэ:

– Уэ хущхъуэмэ уфIэфIкъым, мыбыхэм я мэр нэхъ гурыхьщ, – жи, пыгуфIыкIыурэ.

Мухьэмэд залымыгъэкIэ егъашхэ, псалъэ гуапэ, IэфIкIэ игъафIэу, кIэлъыплъу махуэри жэщри и Лидэ трегъэкIуадэ.

Хуэм-хуэмурэ, цIыхубзыр къохъуж, и узыншагъэри зэтоувэж. Мухьэмэд абы и Iэхэм ба хуищIурэ, зэрыхъуар имыщIэу, къыжьэдоху:

– Лидэ, къыздэкIуэ, иджыпсту укъэсшэнущ!

– СщIэркъым, – жи Лидэ, и нэ фIыцIэхэр къихурэ зэрыхуейри хуэмыбзыщIу.

– Си удз гъэгъа, си гупсэ, псысэ.

Уэ куэдрэ, куэдрэ уогупсысэ,

Уэ сынолъэIу, къысхуэхъу щхьэгъусэ,

Дыгъэхь ди гъащIэр дызэгъусэу!

– Мыр сыт, сыдохутырщ жыпIэурэ, иужьым усакIуэ ухъужауэ ара?

– Хьэуэ, сэ сыусакIуэкъым икIи сыхъуну къыщIэкIынкъым, ауэ си гухэлъхэр апхуэдизкIэ удз гъэгъам хуэдэу къызэрытIэпIыкIати, гум дахэу псалъэхэр зэригъэкIуауэ ар къудейщ. НтIэ, иджыпсту жэуапыр къызэптыжрэ хьэмэрэ иджыри сыножьэн хуей?

– Уи гъащIэр укъызэжьэу уохь...

– Дауэ жыпIа?!

– Хьэуэ, жэуапыр згъэгувэнкъым.

ИкIи игъэгувакъым... Мухьэмэд зэрыщIалэфIым ещхьу, лIыфIуи къыщIэкIащ. Сабийр Лидэ и адэ-анэм япIырт. Адэ-анэри сабийри илъагъуну Мухьэмэд и щхьэгъусэм зэи пиубыдыртэкъым. Уеблэмэ езыр машинэкIэ кIуэурэ, ахэр Лидэ къыхуишэрт.

Рэмэзани унагъуэт – япэу иIа фызыр къишэжат. Ари, къакIуэурэ, щыхуейм и къуэр илъагъурт.

Лидэ и адэ-анэм я гур псэхужат, япхъу закъуэм и Iуэхур унагъуэкIэ тэмэм хъужати. Абыхэм я малъхъэр къуэм хуэдэу фIыуэ ялъагъурт.

– Iей мыхъу фIы хъужыркъым, – жиIэрт анэм гуфIэу. – Еплъ ар къызэрекIуэкIами зыхуэкIуэжами!

Я пхъурылъху цIыкIур я гурыфIыгъуэт. Зыхуей хуэзэу япIырт, езыми адэшхуэ-анэшхуэм пищIын щыIэтэкъым.

Мухьэмэд и шхьэгъусэр унэм дэубыдауэ дигъэсын идэртэкъым.

– Жьы ухъумэ, урикъуху удэсынщ, иджыпсту уи щIалэгъуэщи, IэщIагъэ, щIэныгъэ уиIэн хуейщ. Адрейхэм нэхърэ унэхъыкIэ? – жиIэрт.

Лидэ, хуэмеищэми, еджапIэ нэхъыщхьэм, и щхьэгъусэм едаIуэри, щIэтIысхьащ. Абы щIэсурэ, ахэм зы къуэ зэдагъуэтащ. ЕджапIэр къиухщ, сабийхэри къэжэпхъри, Лидэ и щхьэгъусэм дэщIыгъуу лэжьэн щIидзащ. Дэнэ кIуэми, зэщIыгъут. Я щIалэгъуэ дахэ фIэкI пщIэнтэкъым, зэщхьэгъусэхэр зэщыгуфIыкIыу паркым щитхэм деж. Абыхэм я лэжьэгъухэр къехъуапсэрт:

– Зи насып, сыту фIыщэу фызэрылъагъурэ! – жаIэурэ, ягъэщIагъуэрт. Ауэ абы гъэщIэгъуэн хэлъкъым: инщ лъагъуныгъэм и къарур. Ар зи гум емытIыркъам къыгурыIуэнукъым.

## ПСАЛЪАЩХЬЭ

Псалъэпэ. *Хьэх Сэфарбий* . . . . . . . . . . . . . . 5

УСЭХЭР

**КъуэщIысокъуэ Марьянэ**

ИлъэсыщIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
«Щхьэгъубжэ абджым…» . . . . . . . . . . . . . . . 10
«Жыгыщхьэм, жьы зэпепщэм…» . . . . . . . . . . . 11
«Нэху сыкъекIащ пэш щIыIэр…» . . . . . . . . . . 11
«ЕбэкIауэ мазэ пцIанэ…» . . . . . . . . . . . . . . . 11
«КъэпцIыхужа?..» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
СыкъэзымыцIыхум и деж . . . . . . . . . . . . . . . 12
«Пхуэслъэгъуащ ныжэбэ пщIыхь..» . . . . . . . . 12
Балигъыгъуэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
«ПхуэсIуэтэн слъэкIынкъым, бжьыхьэ…». . . . . 13
Сыщхьэхыпэу…» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Си макъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
«КъэувыIащ езэшри сыхьэтыр…». . . . . . . . . . . 15
«НыкъуэзэлъыIухыу къэзгъэнащ…» . . . . . . . . 15
«Уэс щIагъуэ иджы…» . . . . . . . . . . . . . . . . . 15

**Къуэныкъуей Альберт**

«Нэхутхьэхущ щIымахуэр...» . . . . . . . . . . . . 18
«ЩIолъэт зэманыр...» . . . . . . . . . . . . . . . 18
ЩIымахуэ жэщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
«Балигъ ухъухукIэ...» . . . . . . . . . . . . . . 19
«ДофIакIуэ» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Насып . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
«КъызжеIэ си псэм...» . . . . . . . . . . . . . . 20

**Хъуэжэ Жаннэ**

«Сентябрь мазэр къызэрысу...» . . . . . . . . . . 22
«Къожэх аргуэру уэшх...» . . . . . . . . . . . . . 22
«Дэнэ лъэныкъуэкIэ...». . . . . . . . . . . . . . 23
Щхьэхьу солъыхъуэ . . . . . . . . . . . . . . . . 24
«Псы уэру нэпсым...» . . . . . . . . . . . . . . . 24
«ЦIыху лъагъуныгъэм...» . . . . . . . . . . . . . 24
«Вагъуэ цIухэм...». . . . . . . . . . . . . . . . 25
ПщэдджыжькIэ напIэр . . . . . . . . . . . . . . 25

**Гугъуэт Заремэ**

«КъыщымыкIуэми щIымахуэр...» . . . . . . . . . . 28
«Жьэдызошэ хьэуа къабзэ...» . . . . . . . . . . . 28
«Уэсым дунейр зэпеплъыхьри...» . . . . . . . . . 28
«Бжьыхьэ мэзыр...» . . . . . . . . . . . . . . . 28
«Нэщхъейуэ сыдоплъейри...» . . . . . . . . . . . 29
«Гъатхэм зыхуегъафIэ...» . . . . . . . . . . . . 29
«Плъагъурэ жыгхэр зэрыгъагъэр?..» . . . . . . . 29
«Магъ дунейр...» . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Сабиигъуэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
«Насыпыр сщIыгъут...» . . . . . . . . . . . . . . 30
Ажэгъуэмэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
ПщIэрэ? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Дунейр сфIэцIыкIущ . . . . . . . . . . . . . . . 31
«Бжьыхьэ, сыту унэщхъей...» . . . . . . . . . . . 32

«Мэлъатэ бзур...» . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
«СолъэIу гъэмахуэм...» . . . . . . . . . . . . . . . 32
ЗыкъэщIэж . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Гум и лъахэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Мамэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
«Къызэуати зыкъишэщIри...» . . . . . . . . . . . . 34
Адыгэбзэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34

**Бэрбэч Аслъэнджэрий**

Ланэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Мэзым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
«Хъуащ жэщ...» . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Лацэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37

**Къэзан (Гъыдэ) ФатIимэт**

Бжьыхьэ жэщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
МакIуэ гъащIэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Хамэ щIыпIэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
«Къреху зыщIыпIэкIэ жьы...» . . . . . . . . . . . 41
Сабиигъуэм къыщцына гурыщIэхэр . . . . . . . . 41

РАССКАЗХЭР

**Жамбэч Рабия**

Дзыгъуэ цIыкIу . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
НэщIэбжьэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Бдзэжьеящэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Ди гъунэгъум я жэмыжьыр . . . . . . . . . . . . 58
Сыхьэтым зэманыр пебжыкI . . . . . . . . . . . 59
Унагъуэ дахэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
УпIащIэмэ, уогувэ . . . . . . . . . . . . . . . . . 64

**Щомахуэ Залинэ**

Нэхунэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70

Жэнэтбзу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Дыгъужьым имыгъэгъуар . . . . . . . . . . . . . 83

**КIарэ Альбинэ**

ЕщанэхъуэпсапIэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Къулей сыхъуну сыхуейщ! . . . . . . . . . . . . 104

**Къаныкъуэ Анфисэ**

Си нэм ис . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 110
ГъащIэм и кIапэр къэпIэтмэ . . . . . . . . . . . 124

**Нартокъуэ Анжелэ**

ГъащIэм и пцIымрэ и пэжымрэ . . . . . . . . . . 134
Лъагъуныгъэм и къарур . . . . . . . . . . . . . . 151

*Литературно-художественное издание*

*Кочесокова Марьяна Мухамедовна,*
*Конукоев Альберт Хусенович,*
*Ходжаева Жанна Хасановна и др.*

*МОЛОДАЯ ВЕТВЬ*

*СТИХИ*
*РАССКАЗЫ*

*На кабардинском языке*

*Заведующий редакцией А. Х. Мукожев*
*Редактор П. М. Хатуев*
*Художник-редактор Ю. М. Алиев*
*Технический редактор Н. М. Мокаева*
*Корректор Г. Ш. Урусмамбетова*
*Компьютерная верстка А. Х. Ольмезовой*

*Подписано к печати 28.04.09. Формат 84х108 1/32. Бумага офсетная № 1. Гарнитура школьная. Печать офсетная. Усл. печ. л.9,24. Уч.-изд.л.8,26. Тираж 1000 экз. Заказ № 73*

*ГП КБР «Издательство «Эльбрус»*
*Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6*

*ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат*
*им. Революции 1905 года»*
*Министерства культуры*
*и информационных коммуникаций КБР*
*Нальчик, пр. Ленина, 33*

М 754

**Молодая** ветвь: Стихи и рассказы / М. М. Кочесокова, А. Х. Конукоев, Ж. Х. Ходжаева и др. – Нальчик: Эльбрус, 2009. – 176 с.

ISBN 978-5-7680-2232-7

**УДК 821.352.3**
**ББК 84(2р-Каба)**

*ТХЫЛЪЕДЖЭХЭ!*

*Ди гуапэ хъунт ди лъэпкъ литературэм къыхыхьэну мурад зыщIа щIалэгъуалэм я япэ IэдакъэщIэкIхэр зэрыт мы тхылъыр къызэрыфщыхъуамкIэ хъыбар дывгъащIэтэмэ мы адресымкIэ:*

***Налшык къалэ, Адмирал Головко и цIэкIэ щыIэ уэрам, 6, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ.***

ISBN 978-5-7680-2232-7
9 785768 022327